



- 1 (Jayèngrêmi, Jayèngraga sarabinipun saking Wanataka)  
Lampahipun Jayèngrêmi, Jayèngraga sarabinipun saking Wanataka dhatêng  
Wanamarta ginarubyug para mitra kulawangsa, mampir-mampir ing  
dalêmipun para Kyai mitranipun Ki Bayi Panurta, nyipêng lajêng nêrusakên  
lampah. Para Kyai sami tumut, badhe sowan Ki Bayi Panurta saengga  
rombonganipun tambah-tambah ngantos dados tiyang salangkung.  
Dumugi ing Ngardipala ing dalêmipun Sèh Malangarsa rombongan  
kinurmatan lan sinugata. Dalunipun sasampuning dhahar kêmbul, lajêng  
têrbangan, singiran, emprak, ojrak, dipundhulêngi para èstri. Ni Pêlangi  
bojonipun Sèh Modang wasis andhulêng, gandrung dhatêng Jayèngraga.  
Rarasati, rabinipun Sèh Amongraga, mangêrtos lan tansah ngulatakên. Sèh  
Amongraga lan Ni Selangbrangti rawuh kadhèrèkakên Ragarêsmi, ngimami  
salat, tumut narêbang lan paring piwulang sawatawis. Sèh Amongraga  
sapandhèrèk musna. Bakda Subuh rombongan nglajêngakên lampah. Sèh  
Malangarsa kalayu badhe sowan Ki Bayi Panurta.  
Kaca 01 - 24.

Jilid 12 - Kaca : 1

## SÊRAT CÊNTHINI XII

### 691 Asmaradana

1. Kae Sèh Malangarsèki |  
mijil paregolaniira |  
pangguh lan para tamune |  
gupuh dènnya uluk-salam |  
pan samya sinauran |  
ngalaèkumu salamu |  
laju ngancaran kewala ||
2. Sadaya samya umiring |  
kerit marang wismanira |  
ngaturan lunggyèng salune |  
atata dènnira lênggah |  
anèng paningratira |  
sira Sèh Malangarsèku |  
gupuh dènnya jawat-tangan ||
3. Kae Sèh Mangunarsèki |  
gêpah rahab sasalaman |  
gantya-gantya sadayane |  
myang para rubiyahira |  
samya aturkên salam |

- kang kulawangsa tan kantun |  
samyã ngabêkti tur salam ||
4. Binagya wau kang prapta |  
alon mangsuli wacana |  
raharjèng palakramane |  
Sèh Malangarsa anabda |  
mring pawong èstrinira |  
sira timbalana gupuh |  
nyainira maring ngarsa ||
5. Kang liningan mentar nuli |  
tan adangu nulya prapta |  
Malangrêsmi ing ngarsane |  
ngling sira sasalamana |  
lan para arinira |  
iku kang asring sun-tutur |  
Sèh Mangunarsa Wanantaka ||
6. Sèh Gungrimang kang taruni |  
kalawan rubiyahira |  
Jèngraga Jayèngrêsmine |  
kang kinèn anulya gèpah |  
dènnira sasalaman |  
sarya panêmbramanipun |  
pambagya mring tamunira ||
7. Agupuh tur salam sami |  
mangsuli kramaning sabda |  
katêmbyan rèh basukine |  
Nikèn Malangrêsmi mulat |  
marang para rubiyah |  
jinawab kumpula lungguh |  
waela tri rinakêtan ||
8. Langkung sih siniyanèki |  
Nikèn lan para waela |  
saking tyas samya katêmbèn |  
Malangrêsmi anambroma |  
yayi katêlu pisan |  
sami kantuna alungguh |  
sakêdhap ingong babêthak ||
9. Mariksani kang sasaji |  
waela tri tur sumangga |  
saryarsa nut mring pa-awon |  
samya datan sinung lunga |  
Malarêsmi gya mentar |  
anjênêngi kang angukus |  
angrukti karya sugata ||
10. Sèh Malangarsa nging aris |  
yayi saking Wanantaka |  
wanci punapa angkate |

- punapi nananggêl lampah |  
 tuwin maruput enjang |  
 Sèh Mangunarsa nor wuwus |  
 inggih awalipun enjang ||
11. Radi karêmbênên dening |  
 rewang pidak lan rubiyah |  
 ing lampah sapakantuke |  
 jalwèstri samya sumêdya |  
 panggya paduka kakang |  
 ngiras nguntap lampahipun |  
 Jayèngrêsmi Jayèngraga ||
12. Kalihnya samya amulih |  
 mring karajan Wanamarta |  
 wus antara ing lamine |  
 kapisah ing yayah-rena |  
 dungkaping têng mangsa |  
 saking têbih parêkipun |  
 sangating nis panca warsa ||
13. Malangarsa mèsêm angling |  
 e yayi Alhamdulillah |  
 andhatêngakên pamule |  
 pamitra têng sudarma |  
 yayi yèn makatêna |  
 manira mèlu tumutur |  
 singgih marang Wanamarta ||
14. Yun papanggya (n)Jêng Kiyai |  
 guru Ke Bayi Panurta |  
 wulangun manira rêke |  
 sadaya suka nor-raga |  
 myarsa ing wuwusira |  
 Kae Sèh Malangarsèku |  
 tumutur inguntap lampah ||
15. Tan dangu wau kang prapti |  
 para mitranira papat |  
 Pariminta Mongsarine |  
 Trêsnaraga lan Sèh Modang |  
 tan srènti dènnya prapta |  
 sarta mêngakakên pintu |  
 sarêngan dènnya luk-salam ||
16. Gupuh kang sinungan angling |  
 nauri panjawabira |  
 samya angingsêr linggihe |  
 anèng ing bale watangan |  
 têngêse bale dawa |  
 amèpèt dènnira lungguh |  
 Sèh Malangarsa ris nabda ||
17. Kang samya rahab tur taklim |  
 ing tatamu jalma tama |

kang sabên sun-pajarake |  
kang sinung ujar agêpah |  
dènnya anjawat-tangan |  
marang Sèh Mangunarsèku |  
miwah Ki Sèh Anggungrimang ||

18. Tuwin maring Jayèngrêsmi |  
kalawan Ki Jayèngraga |  
saha bagya wulangune |  
winangsulan karaharjan |  
wus tata lungguhira |  
myang para rubiyahipun |  
Sèh Pariminta Sèh Modang ||

19. Anunggil lênggah samyèstri |  
pan samya salam-salaman |  
kupu samya waelane |  
kalangkung rakêtanira |  
katêmbyan rèh papanggya |  
arahab rarasane ngèlmu |  
padha wadon liliryan ||

20. Sèh Malangarsa ngling aris |  
mring pangulu Basariman |  
priksanên nyaimu kae |  
yèn wus samya asasajwa |  
kon-naoskên ing ngarsa |  
kang liningan mentar gupuh |  
matur mring Malangrêsmi ka ||

Jilid 12 - Kaca : 3

21. Kinèn sasaji ing ngarsi |  
Ni Malangrêsmi agêpah |  
anuduh mring pawongane |  
Ulangan sigra angatak |  
mring rowang nampa dhulang |  
wus samya kerit mangayun |  
prapta rampadan tinata ||

22. Bucu mêngana kêbuli |  
pulên wuduk liwêt tambra |  
sêmoa lam-ulamane |  
opor bèbèk pindhang banyak |  
agya ti susujènan |  
yêm mênjangan lan bêtutu |  
bêlbêt surung basngèk ayam ||

23. Lombok kêncêng lawan pêtis |  
dhèndhèng nganjèn lan masrènan |  
myang palimpuk duduh koyor |  
abon êmpal kisi lidhah |  
rambak sayadan rêmpah |  
bon rêmus karupuk têtung |  
tim dara gècok-gênêman ||

24. Gorèngan kathik gulathik |  
 sangkêp saliring lawuhan |  
 sambêl lan lalabane |  
 wusnya dènnira atata |  
 Kae Sèh Malangarsa |  
 aris pangancaranipun |  
 wawi samya wawantingan ||
25. Sumapala cadhang bukti |  
 karana Allah kewala |  
 ing sawontênipun rêke |  
 agêpah ingkang liningan |  
 angrabbi ing pasojar |  
 sadaya sarêng tuturuh |  
 (n)dan lêkas samya anadhah ||
26. Akêmbul jalu lan èstri |  
 kapang nêng salu paningrat |  
 sami ambêng dhewe-dhewe |  
 miwah lêlawuhanira |  
 pan rinampad priyanga |  
 pra waela sadayèku |  
 pikantuk dènnira nadhah ||
27. Pra priya samya tan pati |  
 ngathahakên ing anadhah |  
 wus lantèh pariyalate |  
 mangkana dènnira nadhah |  
 antara dangunira |  
 luwaran samya tuturuh |  
 ambêng nuli cinarikan ||
28. Ulangan lawan Cênthini |  
 anglorodakên rampadan |  
 sinungkên kulawangsane |  
 samya tinadhah akapang |  
 warata pawongira |  
 jalu èstri samya nutuk |  
 tuwuk tan ana kang kurang ||
29. Sèh Malangarsa ngling aris |  
 nyarakkên dhaharanira |  
 sumangga sami ginape |  
 pangusaping amisan |  
 punapa kang kinarsan |  
 gêpah ingkang sinung wuwus |  
 angalap sasênêngira ||
30. Nyamikan kang manis-manis |  
 pamangsêg sasênêngira |  
 pra waela suka tyase |  
 rahab dènnya rarakêtan |  
 apan tawa-tinawa |  
 samya gantya asung sinung |

Jilid 12 - Kaca : 4

rubiyahira Sèh Modang ||

31. Kang nom sira (m)bok Pêlangi |  
sadangunira lungguhan |  
paliringira pan wèngwèng |  
mung mên-dir mring Jayèngraga |  
iriban lan kang lanang |  
liringe tan pati pagut |  
Pêlangi ciptaning driya ||
32. Dingarènne wong asigid |  
tan ngugêr pancêring tingal |  
êman bae wong abancèr |  
angowahi paliringan |  
anyuda prayèng naya |  
smakèyan kang wuwuh bagus |  
awiwing kaya arjuna ||
33. Cahyane ambusanani |  
liringe gawe wigêna |  
paran baya darunane |  
nora kaya biyèn ika |  
akarya lara branta |  
sasolahe awèh wuyung |  
kae bagus Jayèngraga ||
34. Mêngko iki angoncati |  
asangkrib pangèksinira |  
tan karsa ningali mring ngong |  
ya ta lah nora kaya-a |  
baguse Jayèngraga |  
cinadhang lèlèjêmipun |  
tan pisan anglawanana ||
35. Solahe nimbok Pêlangi |  
dènyya anênancang tingal |  
mring Jayèngraga ulate |  
lêlewane kawistara |  
angambil nyanyamikan |  
kumlawe mlaku kadulu |  
marang Kae Jayèngraga ||
36. Sing anyamikan dèn-ambil |  
pan ginigit uga ora |  
mung pijêr amandêng bae |  
Jayèngraga ciptèng driya |  
dene nora kaya-a |  
iku setan (ng)ggawa dhadung |  
ngudha-udha dhêdhèwèkan ||
37. Mèncêngis bêlis maringis |  
anggonjak bèdruning driya |  
iku wong tan na sêbute |  
Rarasati wruhing cipta |  
kalamun ingkang raka |

kinandhang dening pandulu |  
sasmita asêmu prana ||

38. Mring Turida dènnya angling |  
netra kang datan kumêdhap |  
botên walang-walang bae |  
sanadyan êpring lan ula |  
tuwin ulam êlohan |  
nadyan jalma kadhangipun |  
wontên tan bisa kumêdhap ||
39. Mlolo kewala mucicil |  
Turida nauri sabda |  
ngêndi ana wong tan kêdhèp |  
Rarasati mèsêm mojar |  
riri anjawil pada |  
puniku tiyang andulu |  
mring arinta Jayèngraga ||
40. Turida mulat ngrêngoni |  
supaya aywa kadawa |  
Pêlangi sumêdhot tyase |  
kawangun liringira |  
apucêt netyanira |  
ketang wirang jroning kalbu |  
mring waela Rarasatya ||
41. Susumèh aminta kapti |  
rumakêt anor wicara |  
amanohara wuwuse |  
wus kasaman rahabira |  
tan mantra ing sanitya |  
kapundhuan rakêtipun |  
tan dangu rênguning driya ||
42. Sèh Malangarsa nging aris |  
jêbèng Kae Mangunarsa |  
mênggah ing rarasan rêke |  
kang lapal kulu sae-an |  
aliunna wajitah |  
kadipunêndi puniku |  
mahadabipun kang purna ||
43. (n)Dungkapipun ing kajatin |  
yayi yogya madhangêna |  
rungsiting ngèlmu ijmahe |  
kiniyas lawan ngain-nya |  
kususing kanyata-an |  
Sèh Mangunarsa nor wuwus |  
singgih kakang Malangarsa ||
44. Kang lapal kulusae-in |  
aliun wahjatah punika |  
kang ingucap sawijine |

Jilid 12 - Kaca : 5

- samadaya kengang rusak |  
makluk sagala donya |  
sejirim mungkin mabau |  
wus pinasthi gantung rusak ||
45. Dening Hyang Kang Maha Sukci |  
amung sawijining kila |  
kawulaning Hyang Kang Mansoh |  
suhul anèng pangayunan |  
ngupamakkên punika |  
mukanipun Hyang Maha Gung |  
saèstu tan kenging rusak ||
46. Sujalma kang wus sinung sih |  
marang ing sira Pangeran |  
dino saking pasiksane |  
bab ingkang puniku kakang |  
tan kenging ginagampang |  
kang sinung upami wau |  
minangka mukaning Sukma ||
47. Punika jatining jalmi |  
wus man ing dalêm ngagêsang |  
kang sampun sagêd anungge |  
subranta maring Pangeran |  
tan ana lyan kaèksan |  
kalawan pribadinipun |  
sumangga (n)dungkaping cipta ||
48. Sadaya mèsêm miyarsi |  
rèh sampun sami kaduga |  
tan ana waon-winaon |  
rèh sampun atunggal tingal |  
tan pae pangartinya |  
kasaman kupu ing kalbu |  
anranggoni lèjêmira ||
49. Sèh Malangarsa ngling aris |  
yayi puputing rarasan |  
pênède sunat sêsambèn |  
wawi sami tarêbangan |  
salawat pujining Hyang |  
yayi ing riki wus têngtu |  
adate ing Ngardipala ||
50. Kang dados pangatêr dikir |  
ing ngriki mung kakêntrungan |  
lawêding ngèlmu-rasane |  
alambar suluk Panamar |  
sêmuning rasa jatya |  
bungkaking kanênganipun |  
pangojratira Hyang Sukma ||

Jilid 12 - Kaca : 6



51. Sèh Mangunarsa ngling aris |  
 inggih utawi kinarsan |  
 jalar palaling Hyang rêke |  
 mèsêm Ki Sèh Malangarsa |  
 anging marang Sèh Modang |  
 lah konên ngambil kêntrungku |  
 Bin-uwah kalawan têrbang ||
52. Wasisan tarêbang mami |  
 Basariman dèn a-enggal |  
 yèn ana tarêbang manèh |  
 têka ro êngkas kewala |  
 agupuh ingkang liningan |  
 angambil tarêbangipun |  
 tan dangu prapta ing ngarsa ||
53. Katur ing Malangarsèki |  
 tinampan nulya sinêntak |  
 Sèh Modang nêntak têrbange |  
 si Sontri sampun ginêmbrang |  
 Mongsari kêntrungira |  
 Tisnaraga nêrbang wau |  
 miwah Ki Sèh Pariminta ||
54. Kae Sèh Malangarsèki |  
 tarêbange si Kumandhang |  
 wong lima mangku têrbange |  
 Sèh Malangarsa ris mojar |  
 lah payo pra wadonan |  
 myang yayi sadayanipun |  
 prayogi sunat salawat ||
55. Sumangga turira sami |  
 Sèh Modang lan Pariminta |  
 katêlu Amongsarine |  
 kang abawa singirira |  
 (n)dan lêkas asalawat |  
 la ilaha ilolahu |  
 Mukamadun Rasullolah ||
56. Gya sadaya naurani |  
 èstri priya barung swara |  
 arampak arum swarane |  
 kalangkung asri kapyarsa |  
 agobyog panêrbangnya |  
 abêbanggèn pong-trung-pong-trung |  
 thung-plêg thung-plêg dhêng thung-thung brang ||
57. Kathah lèlambanirèki |  
 ukur bêbanggèn kewala |  
 narêbang bêsus-bêsuse |  
 tutuk sèlèhing sauran |  
 tinampan singirira |  
 anglik singir tan kantu |

58. Sajak saukêle sami |  
cengkoke nora sulaya |  
apan wus kakancuhane |  
sèlèh singir sinauran |  
jalu èstri araras |  
ramya sru swara karungu |  
tangga parêpating desa ||
59. Gumriwis akèh kang prapti |  
dhasar têrang padhang bulan |  
tuwa anom lanang wadon |  
samy marang Ngardipala |  
suka nonton tarêbang |  
saking lor kidul adulur |  
sami prapta ing pandhapa ||
60. Kang uwus duwe pangarti |  
Ke Malangkarsa tamuwan |  
wong bagus ro biyèn kae |  
Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
ing mêngko malih prapta |  
ngong-tutukne wor pandulu |  
bêngi yèn branta maring wang ||
61. Samya mangkana ciptèki |  
rara randha nom walanjar |  
angayu-ayu abraèn |  
sabisane wong adesa |  
rêrêsik matut sandhang |  
amamangi nginang arum |  
myang sêkar gajah-olangan ||
62. Mangkana dènnira singir |  
dènnya talu sarambahan |  
suwuk maca salawate |  
Ke Malangkarsa ris mojar |  
mring kaum Basariman |  
lan Ulangan pawongipun |  
kinèn nyaoskên sugata ||
63. Kang liningan sandika glis |  
Ni Ulangan Basariman |  
anuduh pawong mitrane |  
yata wau ingkang prapta |  
Sèh Adi Amongraga |  
lagya nèng palataripun |  
santri Monthèl tinimbangan ||
64. Praptèng ngayun angabêkti |  
nulya kinèn sung uninga |  
tur sandika santri Monthèl |  
matur mring Sèh Malangkarsa |

lamun Sèh Amongraga |  
nèng palatar tèmbe rawuh |  
agupuh sadayanira ||

65. Ngudhuni kang wau prapti |  
sigra Ki Sèh Malangarsa |  
tur salam atur sêmbahe |  
miwah pra ari mitranya |  
tur bêkti samadaya |  
nulya ingaturan laju |  
anèng sajroning kang wisma ||

66. Anging Mongraga tan apti |  
akarsa anèng pandhapa |  
gya tinata gèlarane |  
nulya samya parêng lênggah |  
lan garwane keringira |  
Cênthini marêk ing pungkur |  
lan Monthèl tan kêna têbah ||

Jilid 12 - Kaca : 8

67. Sadaya ingkang ningali |  
mring Sèh Adi Amongraga |  
langkung sumunu cahyane |  
kabèh tan kawawa mulat |  
sanginggil patênggêkan |  
samya amêpês tumungkul |  
langkung jrih pagutan netra ||

68. Sèh Malangarsa ngling aris |  
maring ing rubiyahira |  
sira babêktiya age |  
marang sang Sèh Adimulya |  
tuwin marang sang Waela |  
ingkang tinuduh ing kakung |  
Malangrêsmi gya mangarsa ||

69. Tur bêkti marang sang yogi |  
sumêmbah angaras pada |  
nulya ngabêkti mring Nikèn |  
saha panêmbamanira |  
pambagya karaharjan |  
winangsulan sabda ayu |  
gantya pra ari rubiyah ||

70. Sira Nikèn Rancangkapti |  
Turida lan Rarasatya |  
miwah pra rubiyah kabèh |  
kumarubut tur pranata |  
warata sadayanya |  
lungguh pra èstri akumpul |  
tata dènnya lulungguhan ||

71. Sèh Mongraga ngandika ris |  
yayi Kae Malangarsa |

- lagya punapi kayune |  
tingale asusunatan |  
matur Sèh Malangarsa |  
singgih mawi awon nganggur |  
samyã sunat k  k  ntrungan ||
72. S  h Amongraga nauri |  
lah yayi mara tutugna |  
sunat dadi pamujine |  
samyã kak  ntrungan ojrat |  
utama dhinul  ngan |  
anjujunun ing Hyang Agung |  
apupuji linagonan ||
73. Kae S  h Malangars  ki |  
m  s  m d  nnira wacana |  
yayi S  h Modang ing kono |  
kinarsan kin  n angojrat |  
sapa kang andhul  nga |  
S  h Modang m  s  m umatur |  
anjawi rayi paduka ||
74. Apan inggih pun P  langi |  
kang dhul  ng singir aojrat |  
tan wont  n liyane man  h |  
kang sag  d andhul  ng ojrat |  
swaranipun prayoga |  
paw  stri sawawratipun |  
sarwa pikantuk kewala ||
75. Swara sulukipun wasis |  
pandhul  nge awiraga |  
Malangarsa m  s  m linge |  
lah ya ta mara Bismillah |  
prandene wus kalilan |  
nulya S  h Modang anuduh |  
marang ing rubiyahira ||
76. Anulya Nimbok P  langi |  
sumandhing ing priyanira |  
nulya al  kas bawane |  
lagon S  kar Gadhung m  mbat |  
la ilah haillah |  
Mukamadun kabibbuhu |  
padakammad salalaha ||
77. Tinampan k  h naurani |  
swara jalw  stri araras |  
ar  mp  g tan na sar  nt  n |  
k  ntrung tar  bang barungan |  
gum  r ramya kapyarsa |  
pong-brung pong-p  g pong-brung |  
thung-pl  g thung-pl  g dhung pungpung brang ||

Jilid 12 - Kaca : 9

78. Sang Kae Sèh Amongraga |  
 amundhut kêntrung tinabah |  
 animbangi tanduk rêke |  
 sajake akêtipungan |  
 lèlamban lèliriyen |  
 dadya sadaya asêngkut |  
 dèna abarung silawat ||
79. Sèlèhing sauranèki |  
 Ni Pèlangi (n)dan amênayat |  
 andhulêngi mong kêmbe |  
 sarwi nglik swara lantah |  
 amêrit wuluh irat |  
 gêtas rênyah manis arum |  
 sêmbada parikanira ||
80. Wontên wanita sinung-sih |  
 ing priya pandhitotama |  
 purwa duksina dêlinge |  
 wadon wajib (ng)guguruwa |  
 mring priya kang utama |  
 lah takokna dèn-aparlu |  
 masalah wolung prakarsa ||
81. Ingkang dhingin bab maskawin |  
 Allah kalawan Mukamad |  
 ping ro Ngaras lan Kursine |  
 kaping tri maskawinnira |  
 dalu kalawan siyang |  
 ping pat lintang lawan ngèlmu |  
 ping lima èstri lan priya ||
82. Ping nêr surya lawan sasi |  
 miwah bantala akasa |  
 swarga nraka maskawine |  
 aywa katungkul nèng donya |  
 sayogya gurokèna |  
 ywa pijêr ulah cacênthung |  
 ujare kang asung cipta ||
83. Maskawin kawula Gusti |  
 pan patêmoning nurrollah |  
 kalawan uripe rêke |  
 maskawin Ngaras Kursinya |  
 sapatêmoning rasa |  
 lan wahya kajatènipun |  
 maskawin èstri lan priya ||
84. Têmuning roh lan jasmani |  
 maskawin ngèlmu lan lintang |  
 aib mustahar tênggêse |  
 têtuning atingal cipta |  
 sanyata osikira |  
 anèng jinêming jajantung |

maskawin kasa bantala ||

85. Têmuning murah lan asih |  
nyatèng utêk lan sirrolah |  
maskawin siyang ratrine |  
têmuning arip lan netra |  
rasaning kanugrahan |  
tan ana karasèng kalbu |  
turu dununging supêna ||

86. Wêkasane kang maskawin |  
kang swarga lawan naraka |  
patêmoning nêpsu rêke |  
singgih lawan budinira |  
panunggaling dhirinya |  
nyatèng ala bêcikipun |  
kang wruh pisah kumpulira ||

Jilid 12 - Kaca : 10

87. Puniku dipun kaèksi |  
sakèh maujud sadaya |  
[...] |  
ingkang bangsa ati puas |  
mungguh sira Pangeran |  
nyata tinggal jiwa wujud |  
maujuding dhawakira ||

88. Samya karênan kang mèksi |  
mring kang andhulêng aojrat |  
yèn wus tênggèng sèlèhane |  
tinampan bawa sauran |  
ngalêtêr akalangan |  
abêsus saangga gambyung |  
sisirig munyêt tingtingan ||

89. Kadya tinutus kang liring |  
kapara pat-mara lima |  
dununge branta wirage |  
dhat marang Sèh Amongraga |  
liringe tan-tumama |  
[...] |  
mring Jèngraga tan kapadhan ||

90. Mring Gungrimang nabêt liring |  
liringe kadhang linawan |  
myang mring Piturun kasamèn |  
Gungrimang mèsêm ing nala |  
ya ta lah tan kaya-a |  
yèn ta kadiya rumuhun |  
lir tan kongsi sapênginang ||

91. Miwah maratani liring |  
mring wong lanang kang nêningal |  
hoyêg samya mèsêm bae |  
sêmune kèh kang kedanan |

nging wêdi mring kang lanang |  
ana kang cipta marucul |  
katungkula bae kêna ||

92. Ni Pêlangi lamun wêngi |  
bedhang-bedhangane gampang |  
kêtara ing polatane |  
ulate ulat gêlêman |  
sakèhing pra lanangan |  
samyang ngincim-incim wuyung |  
yang-uyung winèyan ulat ||
93. Wong wadon kang aningali |  
uyêg ngangsgêg rêbut ngarsa |  
mrih parêk Jayèngragane |  
samyang ngugêr-ugêr tingal |  
mring Kae Jayèngraga |  
samyang mrih-amrih kadulu |  
lêlewa suprih katara ||
94. Yèn nuju kacèkoh wuri |  
wong kang ngadhang-adhang tingal |  
pating kalêsêt polahe |  
ambênakkên kêmbênira |  
ngatokkên kêmbang kinang |  
kang kirab ngewahi gêlung |  
mêmasang paguting tingal ||
95. Jèngraga micarèng ati |  
dubilah dene anjirab |  
para ulat ting dèlèrèng |  
thèthèkan setan bènthètan |  
amanjêr cadhang tingal |  
nora kêna wong aidu |  
dèn-dalih andhêmênana ||
96. Dèn-kongsi pècè mucicil |  
angènthêr kêri maring wang |  
biyèn-biyèn mêngko-mêngko |  
Jayèngraga ajatmika |  
ing solah tan amunya |  
yata ingkang dhulêng kêntung |  
anampani singirira ||
97. Anglêg bênging kumalinthing |  
suluk adat kang kinarya |  
lir pendah suling sasêlèn |  
amlas-asih piniyarsa |  
cêtha kalimahira |  
mangkana parikanipun |  
adate wong doyan nendra ||
98. Sungkanaan tur tan saririh |  
sarta doh daulatira |

Jilid 12 - Kaca : 11

- adate wong mumah-mumoh |  
doyan mangan tan watara |  
tan duwe pangupaya |  
ing têtlung prakara têtmtu |  
yèn uwong doyan amangan ||
99. Linyok kêbluking akardi |  
angêsèt nora andêlan |  
anggadêbus dhêmên goroh |  
juwèh ngrècèh angrurucah |  
marang padhaning janma |  
doh budine kang rahayu |  
saujare ngayawara ||
100. Ginawe ngidung rêrêpi |  
wong doyan turu lan mangan |  
kêthul tyas lalèn lan wangkot |  
tan kaya janma kang karsa |  
ngurangi nadhah nendra |  
tan pati nendra yèn dalu |  
tan pati nadhah yèn siyang ||
101. Adate wong kurang guling |  
wong angungurangi mangan |  
sinung padhang jroning tyase |  
abêning panyiptanira |  
gampang sakèhing sêdya |  
sinung akal kang rahayu |  
dening Hyang Kang Maha Mulya ||
102. Kabuka paningal sidik |  
winêngan aibing ilham |  
pan wus jangjining Hyang Manon |  
sing sapa acêgah mangan |  
lan sarta cêgah nendra |  
sinung kamulyaning kalbu |  
gampang kang sinêdya prapta ||
103. Sarta amanggih kamuktin |  
sinung warêg tanpa mangan |  
winèh bungah tan manganggo |  
sayêkti Kang Maha Mulya |  
marêkakên walêsan |  
yèn wong suka manggih bêndu |  
yèn wong duka manggih suka ||
104. Saking adiling Hyang Widdhi |  
siji winalês sadasa |  
sadina ing rialate |  
winalês sadasa dina |  
sing sapa prihatinan |  
winalês suka rahayu |  
angêt-angêting agêsang ||



105. Duk cilik tumêkèng kaki |  
tan ana prihatinira |  
dadya malarat sajêge |  
datan sinung pangawikan |  
tan kadya wong nastapa |  
trus tingal sidiking wuwus |  
sabab kirang turu mangan ||

Jilid 12 - Kaca : 12

106. Anrawang kalbunirèki |  
waspada ing kira-kira |  
lambar saking nêstapane |  
angungun sakèh kang myarsa |  
kajaiting wardaya |  
sasurasanirèng suluk |  
mituhyèng tyas anastapa ||

107. Antara dangunirèki |  
Ni Palangi dènnya ojrat |  
wus têtèng sauranane |  
anêsêg trêbang barungan |  
ngandhêlong sinalahan |  
amaca salawat suwuk |  
bêng bêng bêng bêng sèlèh trêbang ||

108. Samya ngaso ngaring-arang |  
gya kaum Ki Basariman |  
naoskên pasugatane |  
pêpanganan wedang kinang |  
sangkêp awarna-warna |  
pan pininta sadaya wus |  
Cênthini lawan Ulangan ||

109. Anglaldèni ing ngarsi |  
mring sang Sèh Adi Mongraga |  
miwah mring para arine |  
myang marang para waela |  
wus samya sinakmêtan |  
Sèh Mongraga ngandika rum |  
wus payo akêndhurènan ||

110. Agumuh ingkang sinung ngling |  
(n)dan samya ngalap nyamikan |  
sasênêngira anggape |  
wusira aso dhadharan |  
Kae Sèh Amongraga |  
ngandika mring arinipun |  
miwah marang siswanira ||

111. Yayi Kae Jayèngrêsmi |  
kalawan Ki Jayèngraga |  
Gungrimang Ragasmarane |  
lan Piturun wong lilima |  
padha sira nrêbanga |  
abarung sasingiripun |

Mangunarsa angrawiya ||

112. Nulya Ki Mangunarsèki |  
ambukak nuskah Ruwiya |  
anggalêndêm suwarane |  
ulêm tan pati rêkasa |  
apelag sajak Arab |  
swara ngalêp manis arum |  
wus tamat pamacanira ||
113. Salawat barung kaping tri |  
Jayèngraga (n)dan abawa |  
sajak Arab lêlagone |  
angêlik kang swara raras |  
laila lailalah |  
Mukamad Rasulullolahu |  
Mukamadun kabibolah ||
114. Tinampèn Sèh sauraning |  
sarta tarêbang gênturan |  
samyâ bêsus panrêbange |  
[...] |  
pong-pyêg pong-têg tung pung brang |  
pêg-pêg bah-bah-bah bur-bah-bur |  
tong-ting-tong brung plak-blang plak-blang ||
115. Gumuruh swaranira tri |  
jalwèstri angantêp swara |  
miwah kang para santri kèh |  
tan etang èrak gondhangnya |  
sru saking rahapira |  
sèlèhing sauranipun |  
kang singir ngêlik barungan ||
116. Ragasmara Jayèngragi |  
atarung loro kewala |  
lir pathêt nyamlêng ênême |  
swaranya santak tan sumbang |  
êmbat ukêle padha |  
tan salaya wilêtipun |  
akancuh ilon-ilonnya ||
117. Anyamlêng kênyaming singir |  
tan na kal tubias sêla |  
bi arbabe saodate |  
kadasamsu pil ibira |  
jihatat tanakala |  
sarya panrêbange bêsus |  
ngapipir kêpyuh ngapinjal ||
118. Bêbanggèn imbal nyêlani |  
amagak gêdhug bêm sêbah |  
kokosèkan rara-ciblon |  
bisa mèt swaraning trêbang |

Jilid 12 - Kaca : 13

dhasar trêbang si Sontrang |  
arum lir gêndhing pinalu |  
kêntrunge akêtipungan ||

119. Sèlèhe saurannèki |  
gantya ingkang singir bawa |  
Kae Sèh Anggungrimange |  
Ki Piturun kalihira |  
dhasar kancuhe lama |  
duk misih jajakanipun |  
mêlantrang ambarang trêbang ||
120. Dadya pilalan ing nguni |  
duk misih ran Mas Cêbolang |  
Piturun ran Nurwitrine |  
andhulêng gambyong ronggèngan |  
komuk talèdhèk lanang |  
tau-tate tate-tau |  
dadya gêndhot kalihira ||
121. Tau kinedanan èstri |  
tate kinedanan priya |  
kalangkung dening pêpayon |  
mangkana wau dènnira |  
Gungrimang singir bawa |  
abarung lawan Piturun |  
swara manis arum raras ||
122. Mèrit mêthit muluh rujit |  
kadya rêbab sinulingan |  
mèt paran pêcalang ngêse |  
apèrang têmu irama |  
tan siliring kang swara |  
apupunton têpung arum |  
lês wilêt ukêle padha ||
123. Gêtêr krêkêle tan srênti |  
mêmbat nganyut-anyut driya |  
dhasar sêmada digawe |  
anolih Ki Jayèngraga |  
mèsêm mong liringira |  
dhat krasa maksiyatipun |  
èngêt duk masih bêgeran ||
124. Pan wus kakarêmannèki |  
Jayèngraga siyèn mila |  
karêm rarasing agêndhèng |  
kathah kaèngêtanira |  
langêne duk waunya |  
ronggèng lanang Surat Sênu |  
èsême Ki Jayèngraga ||
125. Tyas sêmada sênak-sênik |  
mulat marang Anggungrimang |

- yèn mungguh maksiya anom |  
 jajakan bocahanira |  
 bisa olah gêndhèngan |  
 kaya tan wurung kinrêmus |  
 wungkuk-sangkuk ginendhongan ||
126. Nulya gantya kang asingir |  
 sira Kae Jayèngraga |  
 ngapti dènnya singir dhewe |  
 angantêp bêsusing swara |  
 mèt sêdhêng sru ririhnya |  
 anglik ngalêp ngêntul-êntul |  
 kadya ngalapêna jiwa ||
127. Akarya sêkaring ati |  
 prèstri samya kedanan |  
 sanadyan sami priyane |  
 kanyut maring Jayèngraga |  
 saking rum-ruming swara |  
 pra wadon mêjên angrungu |  
 kumênnyut samya kasmaran ||
128. Anggungrimang ciptèng ati |  
 myang Piturun rasèng driya |  
 kadya wong wadon angênne |  
 myarsa ngês wilêting swara |  
 kadi ngènèl-ngènèla |  
 myang pra èstri kang kayungyun |  
 samya mès nyunyunganira ||
129. Yang-uyangan dènnya linggih |  
 ngungal-unggal mrih katingal |  
 agorèh linggih ngalih (ng)gon |  
 sami cacadhangan cipta |  
 liringe Jayèngraga |  
 wênèh ana ririh wuwus |  
 baguse ingkang narêbang ||
130. Suwe ora awèh liring |  
 mring wong lêgana ing manah |  
 nolèha sadhela bae |  
 yèn ta malèmbaring (n)jaba |  
 tak-gèndènge mring wisma |  
 nora sun-wènèhi mêtù |  
 ngong kungkung kon-dadah-dadah ||
131. Rowange ananauri |  
 e lah ta ora-ora-a |  
 ambêdhog têtanggonning wong |  
 dhèwèkan sun mau mula |  
 dèn-têmu pèk dadalan |  
 têka ora ana wong buncur |  
 anjêngèk kang sinauran ||

132. Awawan winawan ancling |  
 gumrêjêg têtah atukar |  
 gègèr pinisah wong akèh |  
 para sêmbèr antuk dalan |  
 mundhak olèh (ng)gon ngarsa |  
 anjêngglèng samya dol ayu |  
 tan ngromèsi kang tukaran ||
133. Nutug kang salawat singir |  
 Jayèngraga lan Gungrimang |  
 dangune dènnya gagêntèn |  
 sinalahan mèt irama |  
 suwuk sèlèh tarêbang |  
 Sèh Mongraga ngandika rum |  
 yayi Kae Malangkarsa ||
134. Mungguh ngagêsang puniki |  
 palal wus binagyèng Suksma |  
 ing takdir lan pribadine |  
 taksir panduming ganjaran |  
 lawan sarwi kamulyan |  
 kang sinung mulya ing kalbu |  
 kang sinung mulya ing donya ||
135. Miwah mulyaning rupèki |  
 kalawan mulyaning asta |  
 lan mulyaning swara rêke |  
 liripun ingkang kamulyan |  
 wondene yayi ingkang |  
 mulyaning kalbu puniku |  
 kang bisa ahli ing sastra ||
136. Akèh ngèlmuning kang aji |  
 musakab saliring kitab |  
 tan kalêmpit surasane |  
 mulyaning asta kang sarwa |  
 bisa agêgaweyan |  
 mulyaning donya kang cukup |  
 sandhang kalawaning pangan ||
137. Mulyaning rupa yèn rêsmi |  
 rêspati suwarnanira |  
 mulyaning swara bêcike |  
 alêp rum awèh wigêna |  
 karya rarasing driya |  
 lir swaranya rinta iku |  
 Jayèngraga Anggungrimang ||
138. Piturun Ragasmarèki |  
 swara wus samya kawilang |  
 akarya lamlaming akèh |  
 sakèh kang ngucap mulya |  
 suwarna kalbu asta |  
 dunya swara kang puniku |

Jilid 12 - Kaca : 15

nunungkuli kajateyan ||

139. Tan suhul maring Hyang Widdhi |  
katungkul karêm kamulyan |  
têkabur (ng)gunggung dhirine |  
pambukaking lawang suka |  
suka bungah sumêngah |  
malah mrih pêkah kêpatuh |  
tan na yan tarekahira ||
140. Kalulun mring kang dèn-sêmmi |  
singa kang dadi karêmnya |  
mring papa ngaling-alinga |  
apan ênggonning pratandha |  
mukmin ngam lan kas ika |  
lamun bisa tunggal wuyung |  
mulyaning kang kinarêman ||
141. Anyapih pasiyanèki |  
kang nirikakên mrih wingwal |  
amuhung maring Hyang Manon |  
yèku ingkang olèh tandha |  
kang wus man ing Pangeran |  
linuwihkên ing Hyang Agung |  
mukmin kas bangsa nujêmba ||
142. Dene mukmining kas nênggih |  
jalma kang tan nêdya singsal |  
saking pangamêng-amênga |  
mulyaning kang pinangeran |  
abidêngah ing donya |  
sadaya kang myarsa wuwus |  
tumungkul anganor jiwa ||
143. Sinambi ngalap nyênjamik |  
wus aso satoranira |  
kang samya karênan tyase |  
tanggaping graita pasang |  
linèjêming sasmita |  
lêjar wus tan sêlan surup |  
sasare wus kinawruhan ||
144. Sèh Mongraga ngandika ris |  
yayi Kae Malangarsa |  
prayogi tinutugake |  
dènniyarsa sami singiran |  
kewala sajak Jawa |  
Ke Malangarsa agupuh |  
angling marang Jayèngraga ||
145. Suwawi ing ngriku yayi |  
ing mangkya lagya kinarsan |  
sajak cara Jawa rêke |  
punapi lagon sumangga |

Jilid 12 - Kaca : 16

- pênêde dhinulêngan |  
 sintên ingkang ngamprak sumbu |  
 Sèh Mongraga ris ngandika ||
146. Bêcike ingkang ngèmpraki |  
 si Monthèl lan Ragasmara |  
 Ki Jayèngraga agupoh |  
 mèsêm sarya nyandhak têrbang |  
 pinangka ginalewang |  
 anglik lagu Sêkar Gadhung |  
 ya lailaha haillalah ||
147. Mukamad Rasullohi |  
 tinampèn kèhning barungan |  
 jalwèstri tan na sarêntèn |  
 lir pendah sundari sasra |  
 sru asri kapawanan |  
 trêbange ramya tinabuh |  
 agagênturan brang-brungan ||
148. Pong-prung pong-pêg tong-ting tong-gring |  
 tung-plêg tung-plêk bêm-pyung-pyung brang |  
 tarêbang barung kêntrunge |  
 Ki Monthèl èmprak gêntènan |  
 kalawan Basariman |  
 èmprake ajumbul-jumbul |  
 ngêmut sumbu bêbrongotan ||
149. Têlèrongan pasêr gêni |  
 abêbakaran priyangga |  
 tênggok cêcongklakan cingklak |  
 langkung suka kang tumingal |  
 èmprake Monthèl Basar |  
 gagêntyang kang (n)dhulêng wau |  
 Piturun lan Ragasmara ||
150. Rowang imbal samya singir |  
 Jayèngraga Anggungrimang |  
 kancuwanira gagêntèn |  
 Piturun lan Ragasmara |  
 timbange gagêntènan |  
 lan Jèngraga kaitipun |  
 lan Gungrimang tan na èmprak ||
151. Singirira Jayèngragi |  
 kang suluk Koja-kasiyan |  
 mêmêsu raga abênne |  
 dèn papati dhirinira |  
 dahat dènya nanêrang |  
 tansah sarira marlêsu |  
 ngênirkên kang pancadriya ||
152. Yèn tan wruh titining urip |  
 kalawan paranning branta |

- tan uwis dèn-uwusake |  
wawasi kalawan ajar |  
brahmana myang pandhita |  
pujangga ngulama nêngguh |  
sami arêbat kasidan ||
153. Ajar atotor ing wukir |  
angurangi turu pangan |  
toya pinangeran mangka |  
wawasi sutapanira |  
midêring kasamunan |  
paksan norraga ginunggung |  
pujangga aulah sastra ||
154. Cipta kawi karya gupit |  
dadi anêmbah ing nyana |  
ngulama amardi raos |  
mangeran ing basa swara |  
brêmana manoara |  
ukara kang pinujèku |  
rat mêtù cênung dèn-ambah ||
155. Eling-eling dèn a-eling |  
rungsiting Hyang Maha Mulya |  
tan anèng kana myang kene |  
ênggonne tanpa tutuhan |  
tan kajro tan kajaba |  
adoh tanpa wangênipun |  
aparêk tanpa gêpokan ||
156. Kang myarsakkên ingkang singir |  
kang dungkap graitanira |  
tan sêlan salah surupe |  
kadya wos ginalêpungan |  
anglêmbut ciptaning tyas |  
kang tan wruh surasèng suluk |  
kènyut myarsa swaranira ||
157. Miwah kang para pawèstri |  
cipta tan kuwawa-a |  
amyarsakkên ing swaranya |  
ngungun tyasira lir gugal |  
balêdhug angluh nala |  
nalikanira ing ngriku |  
tan cipta lyan Jayèngraga ||
158. Tan mikir êmèling singir |  
kasongar dening suwara |  
nora mikir kalimahe |  
mung ngês wilêting kang swara |  
tumanêm anèng karna |  
gantya-gantya singir wau |  
Anggungrimang kang abawa ||



159. Anglik mêrit muluh rujit |  
 samyantap-untapan swara |  
 Malangsumirang suluke |  
 amurangniti nrangbaya |  
 dènnira among gita |  
 raryanom tan wruh ing dudu |  
 angêlar ujar kang sasar ||
160. Nrangbaya tan wrin ing wèsthi |  
 angucap tan wruh ing tatrap |  
 lala-luya pangucap |  
 datan kêna winikalpa |  
 citho tan wruh ing sastra |  
 amulang dalan kalurung |  
 ambawur tutur angawar ||
161. Pan angucap tanpa kering |  
 tan na bayane wong wikan |  
 ing kajatène awake |  
 kang sinimpên kinêkêran |  
 sajatining sarira |  
 apan ta roro katêlu |  
 kadyangganing riringgitan ||
162. Duk lungane sang Apanji |  
 ngumbara maring nagara |  
 nèng Gêlang lampah ringgite |  
 andhalang sisilih aran |  
 karan dhalang Jaruman |  
 mëndhêm kula namurlaku |  
 tan ana ingkang wêruha ||
163. Yèn sang Panji kang ngaringgit |  
 pan bêloloکہ ing rupa |  
 tan wruh ing dhalang yêktine |  
 yèn iku putra Jênggala |  
 ingkang mindha dhadhalang |  
 lir Krêsna kalawan Wisnu |  
 tan Wisnu Krêsna kang ana ||
164. Kèh wong karêp ing kajatin |  
 ciptaning wong puruita |  
 dèn-pisah-pisah jatine |  
 dèn-sêngguh sanès wujudnya |  
 raga kalawan Sukma |  
 jatining sarira iku |  
 kang obah mosik ya Sukma ||
165. Kawangwanging siyang ratri |  
 raga tan ana nyana |  
 lamun Sukma sajatine |  
 angèdhèng dadya dhadhalang |  
 kawayang cipta rasa |  
 budi angên-angên iku |

Jilid 12 - Kaca : 18

akêlir jagad walikan ||

166. Katon ring paèsan jati |  
lêlakone Kae Dhalang |  
prang lan banyol karêsmine |  
anèng sajroning wênginya |  
nyatèng wahya jatimika |  
ngaurip kalakonipun |  
yêkti nang jroning yuswanta ||
167. Mangkana ingkang pinêthik |  
suluke Sèh Anggungrimang |  
kang tanggap panggraitane |  
cumêplong tyas lir binilas |  
asukur suka rêna |  
ingkang balilu kalulun |  
ring swara rêmên tyasira ||
168. Miris kadya dènris-iris |  
kadrêsan rarasing swara |  
parèstri tumbuh driyane |  
acipta salaminira |  
Gungrimang tan kedyeka |  
modot kabagusanipun |  
lir jajaka awiraga ||
169. Pawèstri kèh samya branti |  
lepya maring Jayèngraga |  
mring Anggungrimang wuyunge |  
angungudang jroning nala |  
samya angalêmbana |  
Ki Anggungrimang abagus |  
abêsus bisa wèh branta ||
170. Sèlèhing saurannèki |  
gantya singir Ragasmara |  
anglêg kang Sêkar Gadhunge |  
suluk Purbajati ika |  
kinidung singirira |  
gyuh siwuh sasolahipun |  
lir rêtna anèng raraga ||
171. Kewala rêke anyilih |  
tan wande angulihêna |  
tan langgêng angga angangge |  
lir tingaling patopèngan |  
tan tipsan ing paningal |  
kalingan ing pandulu |  
tèpèngmu lèlêng tan mulat ||
172. Panglènging Hyang Purbajati |  
muksa nir tan katingalan |  
karêm kandhêg pandulune |  
paran margane panggih |

Jilid 12 - Kaca : 19

- ngulati (ng)granning arga |  
Sukma nêdhèng dhirinipun |  
aliwung ing wuyungira ||
173. Kadyangganing sêkar kentir |  
nir anggananing kusuma |  
dening kaijaban wimboh |  
rêke adoh yèn dinohna |  
parêk pinarêkêna |  
têtêmu nora kêpangguh |  
sirna tansah kawistara ||
174. Wus awor datan anunggil |  
kapisah tan kêna bênggang |  
kahana tan na nyatane |  
pralambang sandi pralena |  
lir tibaning asmara |  
campuh ika iki iku |  
sampurnane sawatgata ||
175. Swarane Ki Ragarêsmi |  
cumêngkling lir gambang gangsa |  
manis arum karya lamong |  
lan-lam wiwilêtanira |  
lêse araras driya |  
kumêsar sakèh kang ngrungu |  
akale kaya kapinjal ||
176. Randha wulanjar kang branti |  
myang para parawan tuwa |  
kang samya dêlèwèr sêmbèr |  
kababar kabara-bara |  
angrurah manah inah |  
wiwinih dènnya mêmanuh |  
kang gênah kang dadi manah ||
177. Lali maring Jayèngragi |  
lali marang Anggungrimang |  
mung mring Ragasmara bae |  
kang ingugêr-ugêr tingal |  
katêmbèn wruh ing warna |  
kêlayu angguyu-guyu |  
mring Ragasmara kasmaran ||
178. Nulya gantya ingkang singir |  
Ki Piturun anglik raras |  
kadya wulung kapipite |  
ngalêp-alêp angumandhang |  
gêtêr gêtas arênyah |  
tyasing wong kadya tinutus |  
rêmus tan urus kadrawas ||
179. Wus kadya sinuwir-suwir |  
ngawar-awar ngayawara |  
srêrèyongan atine |

maro mærtêlu mêrapat |  
tambah kang dèn-piliha |  
tyas anglut mring Ki Piturun |  
karântêke brantanira ||

180. Suluk kang kinarya singir |  
pan suluk Jatipralena |  
carmining roh tokit rêke |  
wêwayangan rupa tunggal |  
tan kêna palih kayan |  
kayun wisesa puniku |  
Maha Sukcining Hyang Sukma ||

Jilid 12 - Kaca : 20

181. Mulya wisesa sajati |  
kang rupa wisesa kayan |  
molahkên rohira rêke |  
marang rupa samadi ka |  
mêpêki uripingrat |  
uriping kahar puniku |  
atmalul ngèlmu tokitnya ||

182. Kang tokit kijabing gaip |  
kang dumadi kawruhana |  
sahadat tri prakarane |  
kang dhingin mutanakirah |  
lawan mutawasitah |  
mutawilah puniku |  
lide kang mutanakirah ||

183. Angucap kalimah kalih |  
asêksi mukmin mupakat |  
sahadade mukmin rêke |  
lide kang mutawasitah |  
ngabdah lasarikalah |  
malekat kang mukarakun |  
kang kaèksi ing nujêmba ||

184. Allah ngawruhi pribadi |  
lide kang muta-awilah |  
anaksèni ing dhèwèke |  
sinangala-an punika |  
gaib tan kawanguran |  
Nabi Kabib badalluhu |  
kang sinung muta-awilah ||

185. Ing nguni datan kakalih |  
kale langgêng mung satunggal |  
lir wawadhah upamane |  
akêtêk gung isènira |  
yèku mutanakirah |  
minangka wawadhahipun |  
ing mutasita-awilah ||

186. Ana papan tanpa tulis |  
 puniku mutawasitah |  
 de tulis tanpa papanne |  
 pan sadat muta-awilah |  
 kamoting mutakirah |  
 dèn-raosna kang satuhu |  
 tégês lan pasêmonira ||
187. Sahadat kalih puniki |  
 kawadhah ing mutakirah |  
 dadya kang mukmin kalbune |  
 jujuluk idayatolah |  
 papan mawa tulisnya |  
 kang tulis kodratolahu |  
 papan iradating Sukma ||
188. Dadya sêmbah lawan puji |  
 kalbune mukmin nugraha |  
 Mukamadiyah rubuke |  
 lan Mukamad karijiyah |  
 wawadhah ngèlmu Allah |  
 lir gatha-rêtna sumunu |  
 isi madu pinasthika ||
189. Pinèt kang madu sajati |  
 sah saking sasananira |  
 madu mutak sing rasane |  
 sub ring habganing Hyang Sukma |  
 suhul tan manjing mêdal |  
 kêmbul jiwa nora wujud |  
 kalawan wêkasing tingal ||
190. Dadya tan ana nganani |  
 ton-tinon tunggal dhirinya |  
 Maha Sukci ing jênênge |  
 tasbèhing Hyang Kang Wisesa |  
 anêsbèh ing sagala |  
 ngèsthi jiwa dhawakipun |  
 lêstari jiwangganira ||
191. Kadya muksa tan aningit |  
 anglaut tanpa banyunya |  
 sampurna napi isbate |  
 purna langgêng jênênigra |  
 tan nir kidam baka-nya |  
 wus tam dènnya singir suluk |  
 Ki Tokitjati Pralena ||
192. Têkèng sauranirèki |  
 suwuk amaca salawat |  
 ngaring-arang dènnya aso |  
 èstri kang samya niningal |  
 samya korag-karegan |  
 bingung paranning awuyung |

Jilid 12 - Kaca : 21

kapiran kang kinèdanan ||

193. Siji tan ana pinilih |  
padha kewala brantanya |  
dadya arêp mring kabèhe |  
batinne kapara-para |  
blero ura ngalampra |  
tan wus ucapên kang (n)dulu |  
Sèh Malangarsa ngandika ||
194. Lah ta Sariman dèn-aglis |  
ruktinên kandhurinira |  
ingkang liningan nulya ge |  
atata-tata ambêngan |  
miwah ingkang rampadan |  
Cênthini naoskên ngayun |  
ambêng mring bêndaranira ||
195. Sèh Mongraga ngandika ris |  
yayi Kae Malangarsa |  
mungguh mukmin Jawa kiye |  
tanggaping pangêrtining tyas |  
dhangsan sacaranira |  
priyangga rasaning suluk |  
andungkap panggayuhiya ||
196. Prabeda pasahing kalbi |  
ingkang saking kitab Kur'an |  
kêdah kathah rubedane |  
adangu suruping driya |  
tan têkèng rasa sabda |  
kêdah nèng lambang kikiung |  
lêlagon têmbang macapat ||
197. Tumungkul kang sinung angling |  
ajrih tan purun matura |  
saking kasinggihanane |  
Sèh Mongraga ris ngandika |  
suwawi samya nadhah |  
kandhurèn kewala kêmbul |  
pênêd sami karananlah ||
198. Anulya sami awanting |  
alêkas bukti kêmbulan |  
jalu kalawan èstrine |  
wus samya ambêng priyangga |  
pakantuk dènnya nadhah |  
waradin sadayanipun |  
myang wong nonton kawaratan ||
199. Wus tutug dènnira bukti |  
luwaran gya cinarikan |  
samyadinum barêkate |  
linorod rumpadannira |  
pan sampun aluwaran |

ing wanci wus gagad bangun |  
bubaran dènnya singiran ||

Jilid 12 - Kaca : 22

200. Wong kang nonton sami mulih |  
ana kang banjur anatas |  
datan mulih omah adoh |  
angasag liring manawa |  
sapa kang asung tingal |  
pan samya kaku amêtu |  
atine randha wulanjar ||
201. Sèh Mongraga ngandika ris |  
Kae yayi Malangarsa |  
ing mangkya bakda Subuhe |  
kewala samya umangkat |  
sami lampah tirakat |  
marang Wanamarta dhukuh |  
arinta sadayanira ||
202. Sèh Malangarsa turnya ris |  
kawula inggih akajat |  
tumutur ing rinta rêke |  
kawularsa yun apanggya |  
marang rama paduka |  
singgih (n)Jêng Kiyai Guru |  
Panurta ing Wanamarta ||
203. Sèh Mongraga mèsêm angling |  
hèh yayi Alkamdullillah |  
andhatêngakên kajate |  
suwawi yayi sêmbahyang |  
waktu utama awal |  
kang samya liningan gupuh |  
mring masjid mèt rastu kadas ||
204. Sèh Mongraga angimami |  
swaranira rum araras |  
surat wusing Patekahe |  
surat Sujadah winaca |  
adêge sinujudan |  
adangu pamaosipun |  
kang makdum rahab miyarsa ||
205. Rêkangatipun kang akir |  
sawusing Patekahira |  
Surat Kasah wawatone |  
antara rêkangatira |  
adêge Kinunutan |  
tahyat bakda salat sampun |  
angamal puji-pujian ||
206. Dikir donga dèn-nasibbi |  
salawat asalaman |  
jalwèstri makmum ngumume |

paragat wêktuning salat |  
dadya samya alênggah |  
pra santri kèh samya mêdhun |  
sang Sèh Adi Amongraga ||

207. Pangandikanira aris |  
lah yayi Ke Malangarsa |  
kantuna basuki rêke |  
kawula yun mring panisan |  
sasanèng pasamunan |  
sung salam pra arinipun |  
gupuh nêmbah jawat-tangan ||
208. Nulya lumaksana aris |  
lan kang garwa Ni waela |  
Selabranta lan siswane |  
Ragasmara tansèng wuntat |  
umiring dwijanira |  
mijil salêngkaning pintu |  
muksa tan wis kawistara ||
209. Mulya sasanèng awingit |  
kang samya anguntap kurmat |  
ring Sèh Mongraga kundure |  
samya wangsul lajwèng wisma |  
tata dènnira lênggah |  
Kae Sèh Malangarsèku |  
aris dènnira ngandika ||
210. Mitrèngsun Sèh Amongsari |  
kalawan Kae Sèh Modang |  
kang sun-gawa mentar mangka |  
katêlu si Basariman |  
dadya grêmaning marga |  
dene kang kari ing pungkur |  
kakang Kae Pariminta ||
211. Lan Trêsnaraga wong kalih |  
padha rumêksa ing wisma |  
miwah bar-jumuwah rêke |  
ywa kongsi wêktu muadah |  
kang liningan sandika |  
ngling malih mring garwanipun |  
lah Malangrêsmi ta sira ||
212. Lah sira kariyèng wuri |  
sangganing ambêng Jumungah |  
aywa owah lan sabênne |  
manawa wus kalawasan |  
anèng ing Pamintaran |  
mangsa bodhowa sirèku |  
karêksane Jumungahan ||

Jilid 12 - Kaca : 23



213. Sira Nikèn Malangrêsmi |  
 ingujaran lawan garwa |  
 datan lênggana ature |  
 miwah Mongsari Sèh Modang |  
 bêbeja mring rabinya |  
 sadaya sami jumurung |  
 nging rubiyahe Sèh Modang ||
214. Bibisik marang ing laki |  
 kawula tumutur mentar |  
 tan bisa sah saparanne |  
 tan bisa lamun tinilar |  
 yêkti kula lênggana |  
 Ki Modang mèsêm gumuyu |  
 lah sira iya mèluwa ||
215. Lêga tyasnya Nyi Pêlangi |  
 linilan milya umentar |  
 batinne seje arahe |  
 saking tan bêtah sah mulat |  
 marang Ki Jayèngraga |  
 yèn ing mangke-mangkenipun |  
 manawa kêna ingarah ||
216. Sisingleton tambaning branti |  
 karasa yun wruhing rasa |  
 kang kinayu alakake |  
 mêjên lir mati-matiya |  
 tansah dèn ênêbing tyas |  
 saking lintang brantanipun |  
 angayun hyun jroning driya ||
217. Sèh Malangarsa mèsêm ling |  
 paran kang samya liningan |  
 bibisikan rubiyahe |  
 matur punika rayinta |  
 Palangi anut mentar |  
 mring Wanamarta tumutur |  
 nauri ênggèh prayoga ||
218. Sèh Mangunarsa ngling aris |  
 mring kang rayi Anggungrimang |  
 kulawangsanira kuwe |  
 prayoga padha wangsula |  
 mulih mring Wanantaka |  
 anêtêpana ing wêktu |  
 yèn ing dina bar-jumungah ||
219. Aywa akèh kang umiring |  
 pêrlu rumêksèng agama |  
 yèn muadah Jumungahe |  
 gupuh Kae Anggungrimang |  
 ngling marang kulawangsa |  
 kakang Martaduta iku |

220. Miwah kakang Palakarti |  
kinarsan kinèn wangsula |  
mantuk mring Wanantakane |  
tan karilan tumutura |  
lamun mring Wanamarta |  
kewala mung Ki Piturun |  
êmas Sêca Jatingarang ||

Jilid 12 - Kaca : 24

221. Tan lênggana kang sinung ling |  
pra samya matur sandika |  
kumambang rèhing karsane |  
nulya pamit atur salam |  
watara wus linilan |  
mentar kulawangsa catur |  
mulih maring Wanantaka ||

222. Kae Sèh Malangarsèki |  
angling paran wus samêkta |  
kang rinukti gagawane |  
wus matur samya samêkta |  
jal-wèstri samadaya |  
wong pitulas kang lumaku |  
pra kanthinira nèng marga ||

### **692 Kinanthi**

1. Marahbang mèh rainesuk |  
sumirat ring ngawiyati |  
wimbaning ima-pracima |  
jwala lir lungsir akuning |  
pendah tinrahing pradèndah |  
rêgêding niricarambi ||
2. Sasmita krêsna tinuntung |  
dènnira dada ngrênuki |  
lir wastra pulas turutan |  
wraning jalada muryani |  
kasuluh karabang mambang |  
singip nèng ngudayèng wukir ||
3. Wèh kêrtyaningrat sawêgung |  
sunaring Hyang bangun enjing |  
petang pradata kadipan |  
sawining patra maèksi |  
lir sasmita kèn tumulya |  
mring kang myarsa mara aris ||
4. Malangarsa aris muwus |  
marang Sèh Mangunarsèki |  
manawi sampun samapta |  
suwawi mumpung a-enjing |  
parang timbuling Aruna |

maruput naput ing siti ||

5. Sèh Mangunarsa umatur |  
sumanggèng karsa umiring |  
samy nulya lumaksana |  
mijil sing pawismanèki |  
pra waela anèng ngarsa |  
tumurun dhingking dèsi ||
6. Aturut toya pinêcut |  
ngapit kanan kering margi |  
guntinging toya cinakra |  
ginêntha gathit angringing |  
kumriwis sinrang srang-srangan |  
kumringsing sampyoh kalinthing ||

2 (Lampahipun tumuju dhusun Gunungsari)  
Lampahipun tumuju dhusun Gunungsari, dalêmipun Ki Cariksutra. Mèdal pasabinan, lajêng lumêbêt wana. Kèndêl namung nalika salat Luhur lan Asar sarta dhahar. Ki Cariksutra kalihan adhinipun Ki Carikmudha, dalah para èstrinipun nampi tamu sarta atur pasêgahan langkung manfaat. Dhahar kêmbul sinambi gègujêngan bab Ni Wilapa, semahipun Ki Cariksutra ingkang drêmba. Jayèngraga nyuwun piwulang Ki Cariksutra bab basa lan sastra Jawi: Kawiswara, Keratabasa, Panitisastra, Carakabasa, Candrasangkala, Candragèni dumugi Dasanama, sakêlangkung damêl rênaning para ingkang mirêngakên. Ugi bab wataking tiyang ingkang namanipun kanthi awaling aksara Jawi: Ha dumugi Nga. Lajêng kasambêt têrbang langkung rame, kawiwitan kanthi suluk Bathik, pralambanging ngèlmi raos. Bakda Subuh sami bidhal, cucuking lampah Sêtradrêma lan Monthèl. Ki Cariksutra tumut rombongan sowan Ki Bayi Panurta. Ki Carikmudha kadhawuhan kantun anjagi ngibadahipun para santri.  
Kaca 25 - 61.

Jilid 12 - Kaca : 25

### 692 Kinanthi

7. Sabên jog undhakan sinung |  
jinèntra dèn-kêkêlèngi |  
ramya lir gèndhing tinabah |  
sri kapyarsa pangringinging |  
yata wau kang lumampah |  
Kae Sèh Malangarsèki ||
8. Lawan Sèh Mangunarsèku |  
Anggungrimang Jayèngrèsmi |  
Jayèngraga lan Sèh Modang |  
Piturun lan Amongsari |  
Ki Monthèl lan Basariman |  
Jatingarang Man Sêcèki ||
9. Miwah pra rubiyahipun |  
Ni waela Rancangkapti |  
Turida lan Rarasatya |  
Pêlangi cèthi Cènthini |  
pitulas sadayanira |

rolas priya kang limèstri ||

10. Praptèng sor dènnya tumurun |  
(n)jog margagung pinangantin |  
parêrêman sêndhang Blara |  
sêndhang gêdhe anyawêning |  
enjang wus kambah pra janma |  
kang ngangsu adus jalwèstri ||
11. Ing wanci lagya sadhawuh |  
trap karya jalma sasabin |  
gumyah kèh warnaning karya |  
maluku anglèr nampingi |  
kang lagya ngêlêp tulakan |  
kikirih amurih warih ||
12. Kang mimijah ngêmbêng ranu |  
alirab ombak maringin |  
canthoka tusthèng gothaka |  
kaplikaning toya sabin |  
gambira kasranging toya |  
kadya amangun kamuktin ||
13. Anabah kapyuking banyu |  
kasibo bêtaring rawi |  
katungkul mungkul tan malat |  
ring sarparsa amangsahi |  
sinaut canthoka kêna |  
pukange angulat alit ||
14. Kinêroncal nora ucul |  
wêktu (n)jrit kasêring-sêring |  
waskitha tang pakswasi bang |  
tangginas wêktu binukti |  
kalap lan sarpane kêna |  
si asuka lèh mangsèki ||
15. Ge-yangge binêkta mabur |  
mring panggalêngan angalih |  
anjrah kang paksi putiyan |  
kacubing wè mèk mangsèki |  
trap nèng galêng jèjèr wayang |  
lir puspa mênur mênuhi ||
16. Sêlur wong magawe tandur |  
tan ana mangsane siji |  
anêbar mocong dautan |  
kang nêba ambêbanjari |  
kang lagya marapêk mudha |  
mêrkatak angêmping kuning ||
17. Kang ramya panèn andulur |  
wong dêrêp nganèn-anèni |  
yata wau kang lumampah |

- arayat tataning margi |  
 nut tinunging pagalêngan |  
 jalma kèh samya ngaruhi ||
18. Nilingkên ngawe andulu |  
 Kae Ki Malangarsèki |  
 ana maring ngêndi baya |  
 de akèh tèmên kang ngiring |  
 kang dêrêp parêking marga |  
 randha walanjar samyèksi ||
19. Tumingal ingkang alangkung |  
 pating barisik ngling ririh |  
 e e kuwe Jayèngraga |  
 baguse kapati-pati |  
 mendah kang duwe lanangan |  
 tan ana warêge gandhik ||
20. Ginuyu mring rowangipun |  
 jorogan gêpyokan pari |  
 paguywan acêcikikan |  
 Jayèngraga myat anolih |  
 kapranan kang tiningalan |  
 kang katrajang ing pangèksi ||
21. Samya mitênggêng andulu |  
 pari sapocong lèhnèki |  
 gumrègèl runtuh ing lêmah |  
 suprandene tan tinolih |  
 kang nginang nyawang lambe bang |  
 ting cênanun anjèwèri ||
22. Èstri kang sipêng ing dalu |  
 tutwuri kongsi atêbih |  
 ngalintangi pasabinan |  
 têngal pagagan palêstrin |  
 myang patunon patalunan |  
 yata kang samya lumaris ||
23. Laju wau lampahipun |  
 kapungkur Ngardipalèki |  
 têngal gaga patalunan |  
 têngalan palêstrèn sabin |  
 kang samya wus kalintangan |  
 napak tratabing wanadri ||
24. Ki Monthèl lawan pangulu |  
 Basariman anèng ngarsi |  
 kang dadya ngrêmaning marga |  
 nitik marga ing asungil |  
 umasuk ing wanawasa |  
 kèh buron wana maguti ||
25. Singa andaka andanu |  
 kidang manjangan myang kancil |

sasakan samya kabrasat |  
anêbas lumayu wingwrin |  
tan ana wani nukarta |  
marang kang andon lumaris ||

26. Lampah sapakantukipun |  
barkat parah lan pawèstri |  
sring raryan ing sasinguban |  
amucang wênèh nyanyamik |  
lamun parêk ing padesan |  
kewala raryan tan kampir ||

Jilid 12 - Kaca : 27

27. Yèn pinuju manggya ranu |  
wus wanci pidak mèh lingsir |  
samya mahèran mukadas |  
wêktu ngabêkti ing Widdhi |  
bakda Luhur lumaksana |  
myang Ngasar kadalon Mahrib ||

28. Kewala anèng wana gung |  
wêktu kalarèng ratri |  
kajat tirakat jro wana |  
kang asimpar mawa wingit |  
ing Mahrib tumêkèng Ngisa |  
Sèh Mangunarsa ngimami ||

29. Wusing bakda Ngisanipun |  
tan lèngsèr saking (ng)gyannèki |  
wus prayoga amirantya |  
nèng sala kumlasa rêsik |  
kayoman wrêksa mandera |  
tranggulun lawan kusambi ||

30. Kang ngagar karya ruh-urub |  
Monthèl Basariman sami |  
anyamik sasangunira |  
jadah jênang apêm bathil |  
myang lèmpèng sabun krasikan |  
sagon gêmblong pêlêm manis ||

31. Samya angganing rarapuh |  
katoran dènnya lumaris |  
wau kang para waela |  
kasayahên dènnya laris |  
samya pêtêk-pêtêk pada |  
paparêm sariranèki ||

32. Langus wannahulu rukuh |  
wau ni wadon Pêlangi |  
duking waktu bakda Ngisa |  
kalajon dènnira guling |  
tan sêmbada niyatira |  
duk sorene dènnya mikir ||

33. Marang Ki Jayèngragèku |  
 mêngko samangsa wus ratri |  
 anèng wana sirèp jalma |  
 sêdyane anggêgrêmêti |  
 ginujêg manawa arsa |  
 sisinglon mriyêmbadani ||
34. Anggêgêpok bae lohung |  
 saking sangêt dènnya kingkin |  
 tyasnya tansah nganta-anta |  
 ngahyun-hyuning siyang ratri |  
 cadhang paguting asmara |  
 yèn kalakyaning punagi ||
35. Anging Ki Jayèngragèku |  
 wus wruh saliring pangapti |  
 mring Pêlangi lèjêmira |  
 Jayèngraga ngawekani |  
 lamun ta kalampahana |  
 Pêlangi kongsi anjawil ||
36. Yèn nganti anyiwêl pupu |  
 tan wande katêmbèn tangi |  
 têmah anggugurkên lampah |  
 wus cipta amamarèni |  
 nalangsa sajroning nala |  
 pupuji luputing dêngki ||
37. Doh nèng setan ngagu-agu |  
 guguyon margane sisip |  
 kang mugè sinung elinga |  
 Pêlangi aywa nêkani |  
 dudu mukriming agama |  
 anggege godhaning ati ||
38. Kae Sèh Malangarsèku |  
 Mangunarsa Jayèngrêsmi |  
 Jayèngraga Anggungrimang |  
 Piturun lan Amongsari |  
 tanapi Kae Sèh Modang |  
 samya rawatib ing wêngi ||
39. Trap wirit Salsiyahipun |  
 Sabariyah Nakisbandi |  
 Muallah Barjah Jalallah |  
 samya sumungku amupit |  
 asuhul pan ahulpana |  
 pangasikirèng Hyang Widdhi ||
40. Santosa dènnira junun |  
 ratri praptèng bangun enjing |  
 bakda dènnira wiritan |  
 ngulama jalu lan èstri |  
 kasubing sira Pangeran |

Jilid 12 - Kaca : 28

mahanucèkakên dhiri ||

41. Tawakup panlangsani pun |  
tapakur sukuring Widdhi |  
kandhas rumangsaning driya |  
kaslamêtaning aurip |  
pasrah sêkadaring driya |  
wus nir tan awalangati ||
42. Wus anggagad wêktu Subuh |  
suluh lintang panjêr-wêngi |  
Sèh Malangarsa ris mojar |  
wêktu sêdhênging ngabêkti |  
Subuh utami kang awal |  
suwawi mahèrastuti ||
43. Sèh Mangunarsa umatur |  
inggih sumangga ngabêkti |  
samyã tumurun maring Lah |  
kang aturu dèn-gugahi |  
Ni wadon Pêlangi kagayat |  
ginugah mring lakinèki ||
44. Datan nyana nèng wana gung |  
sinêngguh nèng wismanèki |  
maksih mirurut netyanya |  
gêgêtunnira tan sipi |  
tan bisa sapagêpokan |  
kalawan Ki Jayèngragi ||
45. Dèn-yap-uyap dhadhanipun |  
kaduwung dènnira guling |  
aturu wit sore mula |  
sawêngi nora ngalisik |  
atine abuntayangan |  
tambuh kang dèn-uring-uring ||
46. Gya mèlu mètu toya wulu |  
kabèh wus samya susuci |  
adan sira Jayèngraga |  
ririhi swara rum amani |  
kadya dede swarèng jalma |  
lir swaraning smarabumi ||
47. Kumênnyut ingkang angrungu |  
kumêsar tyase Pêlangi |  
mêngkarag gigithokira |  
mêjên mêtokkên rahsèki |  
saking sru dubilah setan |  
brantane mring Jayangragi ||
48. Sawusnya (n)dan sunat gupuh |  
anulya kinèn ngamati |  
wus kamat ngangkat parlunya |

Jilid 12 - Kaca : 29



- Sèh Mangunarsa ngimami |  
Surat sawusing Patekah |  
Surat Sujadah ingapti ||
49. Sinujudan adêgipun |  
dungkap rêkangat kang akir |  
surat sawusing Patekah |  
Surat Kasar wacanèki |  
adêge wus Kinunutan |  
têkèng tahyat bakda nuli ||
50. Ngamal pupujiyanipun |  
dhikir sucining ngabêkti |  
anumpa pandonganira |  
Jayèngraga anasibi |  
paragat wêtuning salat |  
maksih rêmêng saput siti ||
51. Ke Malangarsa amuwus |  
suwawi mangkat lumaris |  
ywa kongsi kambang ing surya |  
maruput mupung aenjing |  
gya mangkat sadayanya |  
pan maksih rêmênging ratri ||
52. Lêstari dènnya lumaku |  
lêstari tan na drigami |  
marga kèh têrusannira |  
timbuling Hyang Arun-enjing |  
sring papagan ing lumampah |  
priyayi manca-nagari ||
53. Sudagar myang wong buburu |  
kikitêr giwêr anggiling |  
miwah kang wong dhadhampalan |  
momot tan tarkadhang santri |  
kang panggrêma nitik wana |  
kalang-odhèg amêdhati ||
54. Kalanya raryan ing ênu |  
Sèh Malangarsa ngling aris |  
kang êndi marga simpangan |  
kang marang ing Gunungsari |  
manira ayun mampira |  
panggih lan Cariksutrèki ||
55. Monthèl Basariman matur |  
ing mangke yèn sampun prapti |  
ing wana Jêmbul marganya |  
simpangan sidhating margi |  
kang ngalor ngetan lajêngnya |  
margi mring Wirasabèki ||
56. Inggang ngalèr-ngilèn laju |  
inggih saking Gunungsari |

lah ya wis ayo umangkat |  
ywa kongsi nananggung margi |  
lamun kabancanèng jawah |  
sayêkti nora dumugi ||

Jilid 12 - Kaca : 30

57. (n)Dan samya mangkat lumaku |  
ngambah wana jurang têrbis |  
anusup ayamalasan |  
andarung lampahira ris |  
saenjing dènnya lumampah |  
kongsi wanci surya lingsir ||
58. Pidak ro akiring Luhur |  
anon we lyah ing wanadri |  
parungan sela malatar |  
kayoman witing kusambi |  
raryan ing ngriku asalat |  
samya amahèr-astuti ||
59. Lèrèhkên angganya rapuh |  
wus aso dènnya ngangaring |  
Sèh Malangarsa ris mojar |  
paran wus parêka iki |  
watêse ing Jêmbul wana |  
Basariman matur aris ||
60. Pan inggih ing ngajêng ngriku |  
wangkite Jêmbul wanadri |  
yèn sampun malbèng talatah |  
ing wana Jêmbul awingit |  
tan kenging amunasika |  
barang kèksi myang kapyarsi ||
61. Yèn wontên kang salah dulu |  
lampahe datan lêstari |  
ka-arat marang dhadhanyang |  
kaganggu kang marabumi |  
kang pês musna ing wana |  
kang lujêng kasasar margi ||
62. Kongsi sapasar tan panggih |  
margi kang kambah ing nguni |  
pan sampun mawining wana |  
ing Jêmbul pan wus kadyèka |  
sring angganggu wong aliwat |  
kang sami asalah kardi ||
63. (n)Dan mangkat mahawèng ênu |  
ngambah grênging wana wêrit |  
sarah ing Lêbakpundhungan |  
lêstari dènnya lumaris |  
randhat dening pra waela |  
rèhning kasungilan margi ||

64. Ni Pêlangi lampahipun |  
 samarga ngêrangu liring |  
 iriban paguting tingal |  
 arindhik lampah ing wuri |  
 mrih supaya kasandhunga |  
 tungkake mring Jayèngragi ||
65. Jayèngraga wruhing sêmu |  
 ningali wadon Pêlangi |  
 amingkar ngingani lampah |  
 asabil micarèng ati |  
 wong iki lir wudun tuwa |  
 samangsa dèn-uthik-uthik ||
66. Pêcah mêcothot nanah wuk |  
 nora kêna dènkikibi |  
 angajak-ajak kiyanat |  
 ngêmpakkên karêping eblis |  
 dene-dene yèn bodhoa |  
 ana pindhane sathithik ||
67. Sanajan parawan kêncur |  
 mangsa kèngguha tyasmami |  
 yata lêpas lampahira |  
 têkèng wana Jêmbul nênggih |  
 tan na swabawaning wana |  
 sato-sato miwah pêksi ||
68. Anyênyêt sêpên asamun |  
 tan ana walang ngalisik |  
 miwah kang samya lumampah |  
 adhêdhêp tan ana anging |  
 dèhèr pundhung paluhuran |  
 tumurun jurang acuri ||
69. Ana swara kang karungu |  
 sasambat sarwi anangis |  
 angririntih amlasarsa |  
 sambat kasasar ing margi |  
 sanak liwat yèn awêlas |  
 tuduhna margi kang bêcik ||
70. Monthèl Basariman ngayun |  
 lumaku anolih wuri |  
 sasmita ingkang lumampah |  
 yèn ana swaraning tangis |  
 aywa na kang salah karya |  
 tangis-tangising dhadhêmit ||
71. Wontên malih kang karungu |  
 angelingkên wong lumaris |  
 lo lo sapa-sapa liwat |  
 aja angiwa lumaris |  
 niku dalan panasaran |

Jilid 12 - Kaca : 31

nut kang nêngên bae bêcik ||

72. Pan kathah swara ngiridhu |  
pëndah jalu èstri angling |  
wênèh lir tangising bocah |  
dèn-nêng-ênêng biyangnèki |  
lir rarywa-ngon paguguywan |  
ngalegungkên kêbonèki ||
73. Yata laju lampahipun |  
mituhu tan salah kardi |  
dungkap wanci wêktu Sar |  
ngantya tan amanggih warih |  
laju lampah jurang pringga |  
anitik warih ing margi ||
74. Angrarantun lampahipun |  
mangkana amanggih warih |  
ambêlik pinggiring marga |  
prasamya araryan sami |  
ngambil mahèrashukadas |  
awaktu salat Ngasêri ||
75. Sêmbada akiring wêktu |  
Sèh Malangkarsa ngimami |  
gagêntyang sabên sêmbahyang |  
lawan Sèh Mangunarsèki |  
sawêktu edhang têrkadhang |  
Jayèngrêsmi angimami ||
76. Antara bakda Ngasar wus |  
mumucang udud ngalinting |  
sawusnya nulya umangkat |  
têkèng patunon wanadri |  
margi kang nyidhat simpangan |  
kang marang ing Gunungsari ||
77. Yata nimpang lampahipun |  
angalèr-ngilèn nut margi |  
wana tilas palagaran |  
pagrêngan wana wus nipis |  
babangkan wana ngunggaran |  
gugul galêngan ginagi ||
78. Ginarap wong Gunungsantun |  
kang samya gaga wanadri |  
ngambah pangalang-alangan |  
patratabaning wanadri |  
lêmpitaning palunguran |  
lêlêngkan pèrènging pinggir ||
79. Marga rumpil parang-parung |  
silak-siluk siluk-sungil |  
pacurèn wana rèncèkan |

Jilid 12 - Kaca : 32

- tan rancag maring lumaris |  
 wit saya ing rapuhira |  
 lêpas kang samya lumaris ||
80. Tatas panggrumbulanipun |  
 rakaro kasit kalampis |  
 katon pasawahanira |  
 pagagan têngal palêstrin |  
 miwah padhukuhanira |  
 kakalih ing Gunungsari ||
81. Kang dhusun angapit punthuk |  
 dhukuh parapating dèsi |  
 asri patalunanira |  
 dhêndhêng wohira andadi |  
 gumantung mên dhêm kasimpar |  
 jajanganan amêpêki ||
82. Tulus kang sarwa tinandur |  
 wontên sabate kakalih |  
 Sêtranaya Sêtradrêma |  
 samya dhangir matun sabin |  
 Ki Basariman tumingal |  
 mring Sêtradrêma adhangir ||
83. Mèsêm guruh aruh-aruh |  
 e lah de kiye si adhi |  
 Sêtradrêma apa iya |  
 kang dhangir lagya ngadhuki |  
 kagyat (n)dêngèngèk Ki Sêtra |  
 -drêma anauri aris ||
84. E e dene kang pangulu |  
 adika niku mariki |  
 akathah rowange lampah |  
 sarêng sintên kang priyayi |  
 nauri Ki Basariman |  
 (n)Jêng Kyai Ngardipalèki ||
85. Mariki lampah martamu |  
 kathah sasarèngannèki |  
 dadya kandhêg lampahira |  
 Sèh Malangarsa ngling aris |  
 de iku Si Sêtradrêma |  
 sokur kapranggul nèng ngriki ||
86. Lah sira matura lamun |  
 manira ayun papanggih |  
 akèh sasarènganingwang |  
 kang padha arsa martami |  
 kang liningan tur sandika |  
 agupuh lampahirèki ||
87. Pan sami amêngkul pacul |  
 ge-age dènya tur uning |

kang kèndêl lajêng lumampah |  
tutwuri ingkang tur uning |  
yata Kae Cariksutra |  
lungguh lan arinirèki ||

Jilid 12 - Kaca : 33

88. Carikmudha wastanipun |  
lan para rubiyahnèki |  
sakawan samya nèng ngarsa |  
Ni Mintarsih Mintarèsmi |  
Wratsari Ngronsari samya |  
nèng kanan keringirèki ||
89. Ki Cariksutra amuwus |  
marang Ki Carikmudhèki |  
ala nganggur cacaturan |  
bab impèn duk mau ratri |  
ngong turu mung saliyêpan |  
katon ana ranu banjir ||
90. Ngêlêbi sabin myang dhusun |  
kongsi sadhadha jronèki |  
ngalor-ngetan ilinira |  
banyune kalangkung wêning |  
iku priye wahananya |  
wong ngimpi andulu warih ||
91. Priye yèn mungguh sirèku |  
apa tarbukane yayi |  
Carikmudha aturira |  
sumanggèng karsa pribadi |  
kapantês kang sapunika |  
mênggah parimbon pangimpin ||
92. Sayêkti botên tartamtu |  
nêtês kang cèplês nêtêsi |  
Cariksutra mèsêm mojar |  
ah ègèk tèmên sirèki |  
maido unining papan |  
paranta mungguh sirèki ||
93. Ki Carikmudha amuwus |  
botên ta maibên tulis |  
mênggah kawula piyambak |  
punapa kang wus sayêkti |  
sami-sami katingalan |  
gêni angin banyu bumi ||
94. Lawan wowohan lan manuk |  
surya myang swara kapyarsi |  
sasaminipun sadaya |  
kadosta katingal warih |  
satêngah tiyang satunggal |  
ngalamat angsal rijêki ||

95. Wênèh kadhatêngan ngèlmu |  
 ilham kabuka ing kapti |  
 wênèh kadhatêngan lara |  
 cilaka amêlarati |  
 wênèh angsal gurutama |  
 mila tan kenging pinasthi ||
96. Wus makatên adadipun |  
 sami-samiya angimpi |  
 kang blènyèt tunggil impèn |  
 kang ngimpi tiyang kakalih |  
 pasthi sanès pamanggihnya |  
 kang janma satunggil-tunggil ||
97. Sumangga badhe kadyèku |  
 Ki Cariksutra mèsêm ling |  
 ya wus bènêr sojarira |  
 angling tan nglêgakkên ati |  
 rada mêlasaki sarak |  
 tur ujarira sayêkti ||
98. Wuwus têrus nora rurus |  
 jêmak pinarita ngèlmi |  
 kang patut kalawan |  
 sasmitaning rasèng kapti |  
 gumuyu Ki Carikmudha |  
 inggih lèrês atur kami ||
99. Supêna ngalamtipun |  
 awon pènêd pan pinanggih |  
 sasmita lampah ngagêsang |  
 ngalamat wangsiting Widdhi |  
 kaetang ing wancinira |  
 sontên têngah dalu lingsir ||
100. Tuwin enjing gagat-bangun |  
 kalamun sontên angimpi |  
 apan kalihdasa warsa |  
 yèn pènêd pinanggihnèki |  
 yèn rikat dwidasa dina |  
 bêngjane impèn kapanggih ||
101. Yèn awon sawulan pangguh |  
 rikatipun tigang ari |  
 pinanggih cilakanira |  
 lamun têngah dalu ngimpi |  
 sadasa warsa kapanggya |  
 lamun pènêd rikatnèki ||
102. Sadasa dalu kapanggih |  
 miwah sapêkên pinanggih |  
 yèn awon nêmu lan panggya |  
 yèn rikat tri ari panggih |  
 yèn wanci bangun supêna |

Jilid 12 - Kaca : 34

sataun pinanggihnèki ||

103. Rikate sadintên pangguh |  
punika yèn pênêd ngimpi |  
yèn awon sawulan panggya |  
myang sakala andhatêngi |  
awon pênêd pan kapanggya |  
makatên pamanggih-mami ||
104. Ki Carik sutra gumuyu |  
ana pindhane sathithik |  
yèn anyupêna wruh toya |  
agêng kalangkung awêning |  
iya mbuh enggal laminya |  
papanggih lan ngulama di ||
105. Pra rubiyah nambung atur |  
tan wanèh turira sami |  
supêna lamun katingal |  
yèn ta pangawaking èstri |  
manawi wontên wanodya |  
endah ngunggahi mariki ||
106. Samya sarêng gêr gumuyu |  
Ki Carik sutra anolih |  
ih têrbuka ngêmu rasa |  
dèn-pakolèhakên angling |  
landhêpe gécok wadonan |  
yèn ana bab raja rêsmi ||
107. Wus ora nganggo dèn-wuruk |  
cumèmplêng tyase ngêthuli |  
tan kari calêkitira |  
dudu surup dèn-sambung |  
para rabine sakawan |  
èsême sêmu ngèncêpi ||
108. Eca dènnya imbal-wuwus |  
Sêtradrêma ingkang prapti |  
ngêdhêpêg sila turira |  
kawula ngaturi uning |  
punika wontên dhatêngan |  
putranta Ngardipalèki ||
109. Kae Sèh Malangkarsèku |  
kathah sarêngan priyayi |  
jal-wèstri ngulama tama |  
katarèng cahya nêlahi |  
tan pati rowang wong rucah |  
kang sami nêdya martami ||
110. Ing mangke ngantun nèng pintu |  
Ki Carik sutra mèsêm ngling |  
têmbe mênêng sun-rarasan |

Jilid 12 - Kaca : 35



tamuwan jalma utami |  
angling mring rubiyahira |  
sira ngruktiya sasaji ||

111. Miwah gagêlaranipun |  
kang samêkta sarwa suci |  
miwah (ng)gyannira lah-olah |  
karya-a nyamik kang bêcik |  
aywa kuciwèng sugata |  
sakadare grumbul adi ||
112. Dhayohmu jalma linuhung |  
nom-noman oliya sami |  
wus ambêg bangsa kusuma |  
kalakuhan olah wingit |  
undangên para wongira |  
jalu èstri supaya glis ||
113. Manira amêthuk tamu |  
aywa kadangon nèng jawi |  
agupuh pra rabinira |  
parentah pra santrinèki |  
kinèn ngrêsiki pandhapa |  
(ng)gagêlar kalasa lampit ||
114. Ki Cariksutra lon muwus |  
lah ta uwus payo yayi |  
amêthuk kang sêdya prapta |  
Ki Carikmudha turnya ris |  
lah inggih kakang sumangga |  
anggambuh mêthuk tatami ||

### **693 Gambuh**

1. Samya nganyarkên wulu |  
Cariksutra lan Carikmudhèku |  
maring pakadasan wusira susuci |  
gupuh dènnya mêthuk tamu |  
anulya wau kapanggoh ||
2. Ki Cariksutra uluk |  
-salam sinauran sadayèku |  
samy padha ngalaekumu-salammi |  
samy ingaturan laju |  
mring pandhapa tata lunggoh ||
3. Mirantya kalasa lus |  
wus satata Ki Cariksutrèku |  
jawat-tangan sirna satataning tami |  
Mangunarsa langkung suhun |  
myang Malangarsa sru anor ||
4. Pupuji rila sukur |  
gantya-gantya tur salam mangayun |  
wus warata sadaya jalu lan èstri |

Jilid 12 - Kaca : 36

- ngancaran basukinipun |  
winangsulan karahayon ||
5. Myang Carikmudha sampun |  
sasalaman sarya pambagya yu |  
Cariksutra ngling aris mring santrinèki |  
lah Sêtradrêma sirèku |  
undangên nyaimu gupoh ||
6. Kae Malangarsèku |  
nulya padha salaman sadarum |  
nulya asung salamira aprahabi |  
marang ing rubiyahipun |  
gantya-gantya lanang wadon ||
7. Sarta pambagyanipun |  
mring pra putra kang samya martamu |  
amangsuli pambagyaning kang basuki |  
Ki Malangarsa umatur |  
punika putranta karo ||
8. Jayèngrêsmi kang sêpuh |  
Jayèngraga ingkang anèm nêngguh |  
putranipun Kae Bayi Panurtèki |  
ingkang dipun-upayèku |  
ngayam-ayam jajahan doh ||
9. Ingkang kalih puniku |  
ingkang rayi Sèh Mongraga luhung |  
semahipun Nikèn Tambangraras inggih |  
punika ingkang rinuruh |  
ing dangu mangkya kapanggoh ||
10. Nèng Wanantaka dhukuh |  
Sèh Mangunarsa sasanipun |  
wus antara lami dènnira amurid |  
ing mangkya arsa umantuk |  
maring Wanamarta dhukoh ||
11. Tandya tinutkên pungkur |  
samya sêdya ing lampah tumutur |  
rêke samya kewala nêdya papanggih |  
Kae Bayi Panurtèku |  
duk ing dangu wus kapanggoh ||
12. Cariksutra gumuyu |  
myarsa turira Malangarsèku |  
angling sukur rêke Alkamdulillahi |  
sami anêkakkên kayun |  
rèh kadang pan padha anom ||
13. Nging malih mring sang bagus |  
Jayèngrêsmi Jayèngraganipun |  
karannya ingulatan ring Kae Bayi |  
lan Rubiyah mila nglangut |

14. Duk lampaha angruruh |  
maring putranipun èstri jalu |  
kadèkneya bagus-bagus warnanèki |  
sêmbada lan rabinipun |  
ahli ngèlmu kang pasêmon ||
15. Kampir marene pangguh |  
lan manira sêbab duking dangu |  
singgih ramanèki Bayi Panurtèki |  
mitrèngngong saeka kalbu |  
tan ana raos-rinaos ||
16. Duk sami sih nomipun |  
samyang ngaji mring pasantrèn agung |  
tan kêna sah ing siyang dalu lan mami |  
sabyantu atunggal guru |  
amêngku santri tuwa nom ||
17. Tuwin anakmas bagus |  
jêbèng Mangunarsa kalhipun |  
Anggungrimang pun bapa angêpèk siwi |  
rèhne kèh kiranganipun |  
dados damêle wong anom ||
18. Kang mugè aywa kadung |  
kadung ing ngabêkti tiyang sêpuh |  
mring pun bapa sabab balilu ing budi |  
nanging namung lothung-lothung |  
wontên ingkang dèn-dhêdhaplok ||
19. Kang liningan andhêku |  
sarêng dènnira samya umatur |  
ingkang botên wontên paduka kawijil |  
kawula kalangkung nuhun |  
saking sih paduka rêngkoh ||
20. Ki Jayèngrêsmi wau |  
lan Jayèngraga ngandikang kalbu |  
e lah iki kang tinutur rama nguni |  
Cariksutra mitranipun |  
(n)Jêng Kyai Bapa wong winong ||
21. Nulya sugata mêtu |  
wedang pawohan pangananipun |  
Sêtradrêma Sêtranaya Sêtragati |  
Sêtralèwo Sêtrarêmbun |  
samyang naosnakên sugoh ||
22. Para rubiyahipun |  
samyang tata rampadan neng ayun |  
pan ambanjêng sangkêp sawarnining nyamik |  
olahan di-adinipun |

myang wowohan kang sumaos ||

23. Wusnya panatanipun |  
Cariksutra ngancarani tamu |  
lah suwawi punika sugatanèki |  
bibinta akusung-kusung |  
sung sarat jampi kalêson ||
24. Sumapala tan mungguh |  
mugi sampun kakirangan maklum |  
samyak bucu umatur nuwun sihnèki |  
tan sagêd mangsuli tanduk |  
gênging sih paduka mring ngong ||
25. Inggih kalangkung nuwun |  
nulya samya nyanyamik sadarum |  
sasênênge wedang papangananèki |  
Cariksutra mèsêm muwus |  
lan Sêtradrêma dèn-gupoh ||
26. Timbalana nyaimu |  
kang tuwa pisan têtlu dèn-gupuh |  
lan (m)bok ipe têtlu pisan kon-mariki |  
padha nêmonana tamu |  
akakaruh padha wadon ||
27. Inggang liningan gupuh |  
animbali pra rubiyah sêpuh |  
tan adangu katrine prapta ing ngarsi |  
Sudarmi Wilapa nêngguh |  
Suratmi katrinya rêko ||
28. Tan dangu rabinipun |  
Carikmudha sami praptèng ngayun |  
Ni Sukarsa kalawan Ni-mbok Sumilir |  
ronggèng ojrat waunipun |  
randha suka pinèt bojo ||
29. Cariksutra ris muwus |  
iku sutanta Ardipalèku |  
lan ing Wanantaka Sêh Mangunarsèki |  
karo iku putranipun |  
kakang Rundaya sèyêktos ||
30. Salamana sirèku |  
mring nakira jalwèstri sadarum |  
kang liningan gupuh sasalaman sami |  
gantya-gantya kumarubut |  
binagyan raharjèng lakon ||
31. Cariksutra lingnya rum |  
puniku nakmas bibinirèku |  
inggang sêpuh titiga pisan puniki |  
dadya sadaya pipitu |

Jilid 12 - Kaca : 38

lan bibinta kang nom-anom ||

32. Samya mèsêm andhêku |  
Jayèngraga ngling sajroning kalbu |  
nora jamak si paman Cariksutrèki |  
patute duk sih nomipun |  
rada bangêt (n)donne mondhol ||
33. Tuwa-tuwa sih bêsus |  
nora ilang labête gumagus |  
kadurusan adêrês kêrêp arabi |  
dhasar sêmbada abagus |  
Ki Cariksutra duk anom ||
34. Mangkana siking kalbu |  
èngêt ring paman Kulawiryèku |  
eman-eman tan panggih paman Wuragil |  
yèn têmuwa kaya pundhuh |  
satêkone nora adoh ||
35. Yata ing wancinipun |  
Hyang Arka tumitah (ng)graning gunung |  
malbèng purwa-ima krêsna anjodhogi |  
sêdhêng mangsanira wêktu |  
Cariksutra lingira lon ||
36. Ngancari tamunipun |  
minggah marang patarubanipun |  
masjidira munggèng sapucaking wukir |  
tratagira sri ingapu |  
sumilak tinon saking sor ||
37. Pra tamu samya matur |  
inggih sumangga utami wêktu |  
nulya samya mudhun saking ing pandhapi |  
laju minggah mring masjid gung |  
sapucake ngarga Dhepok ||
38. Wontên balumbangipun |  
binot-rawi ing sela tinatur |  
pakêmbêngan ing dhukur sing sela langking |  
papêncêding kang amunggul |  
andrawas tinirih anjog ||
39. Yata sami awulu |  
jalu èstri santri alit agung |  
wusnya samya sadaya mèt toyastuti |  
tinêngêran Mahribipun |  
santri adan tumalawong ||
40. Wong lilima ambarung |  
langkung asri kapiyarsèng asru |  
wusnya adan nulya sunat sadayèki |  
sigra kamad ngangkat parlu |

Jilid 12 - Kaca : 39

Ki Sèh Malangarsa kinon ||

41. Angimami mangayun |  
pan lènggana myang Mangunarsèku |  
mopo miwah Jayèngrêsmi Jayèngragi |  
kinèn ngimami ing wêktu |  
samyà lènggana ing pakon ||
42. Sigra Cariksutrèku |  
nulya mangarsa ngimami wêktu |  
ngangkat niyat usalinira patitis |  
takbiratul-ikramipun |  
pèndah waja duk ingobong ||
43. Kala cinubing ranu |  
purnaning bang sanalikanipun |  
datan anèng waja tan anèng ing warih |  
ing jawi ewuh kinayuh |  
tan kajaba tan kajêro ||
44. Jumênênging awêktu |  
wus andadèkkên ing salatipun |  
wawacane sawuse Patekahnèki |  
apan Surat Kulya-ayu |  
Idaja-a rêkangat ro ||
45. Dungkap tri rêkangat wus |  
tahyat akir bakda salamipun |  
laju pupujiyan alêlagon asri |  
dhikir donga limang wêktu |  
nulya surat Wabin mansoh ||
46. Wus purna wabinipun |  
antara wus panjinging kang wêktu |  
laju Ngisa kinikis marang ing takbir |  
-ratul-ikram suratipun |  
wusing Patekah winaos ||
47. Amal-nasrah puniku |  
rêkangat kir wus Patekahipun |  
suratira ingkang winaca Walèli |  
praptèng rêkangat rata wus |  
tahyat salam bakda gupoh ||
48. Sru pupujiyanipun |  
wus adhikir numpah donga luhung |  
wus paragat saliring sunat myang dhikir |  
salawat salaman gupuh |  
wus warata lanang wadon ||
49. Santri kèh samya mudhun |  
Ki Cariksutra lingira arum |  
lah suwawi kondur mring wisma prayogi |  
pra tamu tan lèngganèng hyun |

Jilid 12 - Kaca : 40

nulya tumurun saking (ng)gon ||

50. Pra waela nèng ngayun |  
(n)dulur lampah marganya anikung |  
santrinira Sêtranaya Sêtragati |  
Sêtradrêma tiganipun |  
apan sami bêkta obor ||
51. Prapta pawismanipun |  
wangsul (ng)gyannira atata lungguh |  
Cariksutra lingira ris maring rabi |  
paran wus gantya ngungukus |  
lah mara saosna gupoh ||
52. Pra rabinira catur |  
miwah rubiyah kang sêpuh-sêpuh |  
angambil kang rarampadannya pribadi |  
pra rubiyahira gupuh |  
tata rampadan mirantos ||
53. Bubucu anèng ngayun |  
sangkêp sarwa lam-ulamanipun |  
sêsambêlan kèlalaban amêpêki |  
tan na kuciwa ing sêmu |  
Cariksutra lingira lon ||
54. Sumangga atuturuh |  
sawontêne ing pawanan gunung |  
lah ta kono payo wasisan abukti |  
kanca wadonan akêmbul |  
kukumpulan padha wadon ||
55. Ingkang liningan gupuh |  
sarêng dènnira sami awisuh |  
adan lêkas sadaya parêng abukti |  
kêmbulan langkung pakantuk |  
sêmada kaluwèn ator ||
56. Katoran rèh lumaku |  
para kakung tan pati pikantuk |  
pan wus lantèh ahli siyam sabên ari |  
kathah cacêgahanipun |  
ulam miwah uyah êmoh ||
57. Parèstri samya nutug |  
rèhne samya kêmbul nadhah pundhuh |  
amung Nikèn Turida lan Rarasati |  
ukur wuwur-wuwur puluk |  
ngenaki sarat kemawon ||
58. Rubiyah nyai sêpuh |  
bok Wilapa ing sapulukupun |  
kokoh jangan ngambil lawuh mêratani |  
sarwi anyandhing kalêmuk |

Jilid 12 - Kaca : 41

gutuk puluk ngombe atob ||

59. Sêmbada awakipun |  
anglêmbêrêg langkung agêngipun |  
pra waela gumuyu dènnya ningali |  
Wilapa pamanganipun |  
ngathêkul kokoh acèkoh ||
60. Myang sakèh para tamu |  
samyà mèsêm mula nyai sêpuh |  
Kae Carikсутra gumuyu sarya ngling |  
kang dènèsêmi puniku |  
punapa andika tumon ||
61. Marang (m)bok-(n)lika sêpuh |  
pun Wilapa kalamun lir pêcuk |  
sampun nate yèn drêmba mangan ngluwihi |  
sarta mangan sabên minum |  
gutuk puluk dènnya ngokop ||
62. Pan dèrèng sampun-sampun |  
yèn dèrèng têlas toya saklêmu |  
sarêng têlas sêkul jangan lawan warih |  
salawuhane digêmpur |  
gêr gumuyu sadaya wong ||
63. Sadaya kang para rum |  
dènnira bukti kèndêl gumuyu |  
angling malih duk witne ramanta prapti |  
Kae Bayi Panurtèku |  
bibinta langkung pinoyok ||
64. Nging bibinta puniku |  
dhengah kang moyoki angguguyu |  
wus watake nora duwe laranatin |  
manahe nekad amupus |  
tan wontên winalangatos ||
65. Sadaya samya (ng)guyu |  
mbok Wilapa anaturi wuwus |  
kawula puniki bagi wus pinasthi |  
ginanjar wak-kula lêmu |  
gimblah nglêmbarah kalêmon ||
66. Tansah sami ginuyu |  
wus antara dènnya nadhah tuwuk |  
aluwaran ambêng wus padha cinarik |  
linorod sinungkên pungkur |  
kulawangsa lanang wadon ||
67. Warata sadaya wus |  
royoman tuwuk pamanganipun |  
wus luwaran sadaya ingkang abukti |  
ganti dhaharan mangayun |

Jilid 12 - Kaca : 42



winuhan kang sampun kalong ||

68. Ki Cariksutra muwus |  
lah suwawi anakmas puniku |  
nyamikane mangsêgane usap amis |  
liningan sadayanipun |  
tuwa anom lanang wadon ||
69. Dalap nyamikanipun |  
sasênêngira pamangsêgipun |  
asasambèn Jayèngraga matur aris |  
pantês putranta sadarum |  
dene datan wontên katon ||
70. Cariksutra lingnya rum |  
inggih kathah rinta etangipun |  
yèn gêsanga kalihdasa etangnèki |  
mung gêsang sakawan jalu |  
satunggilira kang wadon ||
71. Sampun pêncar (ng)gyannipun |  
kang jalêr wus suwitèng tumênggung |  
inggih dados carik anama ngabèi |  
Sastrawirêja wastèku |  
antuk sih tan kêna adoh ||
72. Inggangêp sasadulur |  
ing dyan Suradiningrat Madiyun |  
dipun-angkat patih maksih ngiras carik |  
tinantun agal lan lêmbut |  
tan wontên liya tinaros ||
73. Marma tan sagêd pangguh |  
lan manira saking datan kaur |  
anjawi yèn wontên pêrlu kang lwih tunggil |  
miwah kang samyèstri sampun |  
mah-imah samya doh-adoh ||
74. Pranaraga (ng)gyannipun |  
mantri kasêntanan kang amêngku |  
kakalih nêng Kalangbrèt myang Kadhiri |  
sami dêmang kang amêngku |  
marma tan wontên atinjo ||
75. Rayinta ingkang sêpuh |  
Mas Ngabèi Sastrawirêjèku |  
sampun sêpuh kakang-adhi lawan mami |  
sampun sami mawat dunung |  
kalangkung kapengin-ingong ||
76. Lamun darbeya sunu |  
kandhêg bibinta tan darbe tuwuh |  
marma ajêng ngogrèg-ogrèg kêdah rabi |  
kuciwa kalangkung sêpuh |

kadho dene datan munggo ||

77. Samya mèsêm gumuyu |  
myarsa dènnya abanyolan wuwus |  
pra rubiyahira sami angèncêpi |  
Cariksutra mèsêm muwus |  
banène èsême bojo ||
78. Rasane ting galuthuk |  
ora enak lir wong mamah watu |  
sambikala lir mamah manisan bêling |  
lêgine nglêburkên untu |  
tan pêsaja anjêlomprong ||
79. Sangsaya sru gumuyu |  
Ki Cariksutra malih amuwus |  
lah anakmas punapèstu benjing-enjing |  
mantuk mring Wanamartèku |  
kang putra umatur karo ||
80. Apan inggih saèstu |  
lamun lujêng benjing bakda Subuh |  
Cariksutra nauri wacana manis |  
kongsiya sapêkênipun |  
dumugi (ng)gyansun têtêmon ||
81. Jayèngrêsmi turipun |  
inggih agampil pawingkingipun |  
manawi ta Allah marêngkên basuki |  
kados tan wande kapanggih |  
kula awangsul sumaos ||
82. Cariksutra ris muwus |  
lamun makatên anak puniku |  
yèn pinarêng panuju dhanganing ati |  
singgih manira tumutur |  
mring Wanamarta yun panggoh ||
83. Mring ramanta puniku |  
manira kalangkung tyas wulangun |  
maring kakang Kae Bayi Panurtèki |  
duk mampir mring kang pra tamu |  
andhandhang kinèn mardhayoh ||

#### **694 Dhandhanggula**

1. Jayèngrêsmi miwah Jayèngragi |  
langkung dènnira sukuring driya |  
yèn Ki Cariksutra mangke |  
karsa lampah tumutur |  
maring krajan Wanamartèki |  
panggih (n)Jêng Kyai Bapa |  
pawong mitranipun |  
duk maksih sami jajakan |  
tan nêdya sah nêdya nglanggêngakên sami |

2. Pan mangkana ciptanirèng ati |  
Jayèngrêsmi Kae Jayèngraga |  
miwah sadaya tan pae |  
samyu suka ing kalbu |  
lamun Kae Cariksutrèki |  
milya mring Wanamarta |  
arsa apapangguh |  
Ki Cariksutra ris nabda |  
yayi Carikmudha kantuna sirèki |  
sun karya wakilingwang ||
3. Angimami Jumungah ing masjid |  
sarta dèn-karêksa kèndhurinya |  
ywa muadah Jumungahe |  
rèhèn wong dhukuh-dhukuh |  
kanca santri myang magêrsari |  
pêrdinèn wêktunira |  
ing Jumungahipun |  
padha ngêgungna Jumungah |  
lan yèn ana kanca santri nêdya kampir |  
nèng kene kèh kèdhika ||
4. Lah andhêgên ywa awèh lumaris |  
rayatèn kabèh gumatènana |  
ywa kongsi kurang pangane |  
priyèn parêng sakayun |  
narèhakèn satêngah sasi |  
utawa ing sawulan |  
sokur langkungipun |  
dimèn ngêtêpi Jumungah |  
iya mangsa-bodhoa sirèku yayi |  
manawa sun yèn lama ||
5. Carikmudha aturira aris |  
yèn kalamun parêng ingkang karsa |  
kawula kédah andhèrèk |  
kaping kalhipun pangguh |  
lawan kakang Arundayèki |  
mupung sami sarêngan |  
aywa na tan têmu |  
Ki Cariksutra lingira |  
besuk bae de lakuningong pribadi |  
lamun lan bok-ayunta ||
6. Si Wilapa lan santri sawiji |  
amung si Sêtradrêma kewala |  
rowangira kari rêke |  
iya si Sêtrarêmbun |  
Sêtranaya lan Sêtragati |  
Sêtralewo adatnya |  
iku ingkang kantun |  
padha tungguwa ing wisma |

rumêksa-a ing wêktu Jumungahnèki |  
aywa kongsi muadah ||

7. Inggang rumat pangrêksaninèki |  
wisma miwah parentahanira |  
inggang liningan ature |  
sandika sadaya wus |  
pra rubiyah kang badhe kari |  
sadaya yun tumuta |  
kumêdah tan kantun |  
datan linilan ing raka |  
dadya samya ngungun tan tumut ing laki |  
pinupus jrih ing raka ||

Jilid 12 - Kaca : 45

8. Inggang samya lênggah jalu èstri |  
asasambyan ngalap nyanyamikan |  
Ki Cariksutra dêlinge |  
anakmas sadayèku |  
awon kèndèl sami alinggih |  
wontên sabda rinasa |  
wawadining wuwus |  
kawaspadaning kasidan |  
ing aurip puniku amanggih pati |  
pati amanggih gêsang ||
9. Mulya urip amurbani pati |  
mulyaning pati amurwani gêsang |  
sesa êsa wasesane |  
tan muksa datan mujud |  
tan kakalih datan satunggil |  
kwula tan kawasesa |  
Gusti tan sinuhun |  
pundi kang aran kawula |  
inggang pundi inggih kang ingaran Gusti |  
rèh Gusti tansèng kwula ||
10. Kadipundi palimpinganèki |  
anak jèbèng Kae Mangunarsa |  
miwah nakmas sadayane |  
sadaya samya-ndhèku |  
Malangkarsa mèsêm lingnya ris |  
yayi Sèh Mangunarsa |  
sumangga ing ngriku |  
linêjar linge kang rama |  
Mangunarsa matur ring Cariksutrèki |  
mênggah wuwus punika ||
11. Sakalangkung dening rungsitnèki |  
liyan sujanma inggang uwus man |  
pinitaya ing Hyang rêke |  
nugraha inggang agung |  
lir Hyang Agung nugraha yèkti |  
kang sampun kawimbuhan |  
Sukma angganipun |

mulya tan kênaning rusak |  
sabab tan na kuwasa pangangkatnèki |  
awrat-awratnira ||

12. Beda lan jalma ingkang sinung sih |  
sinisiyan ing Hyang Maha Mulya |  
tan wontên èwêd awrate |  
singgih subrantanipun |  
mring Hyang Widdhi panguningnèki |  
tansah pangabêktinya |  
ing Hyang Kang Maha Gung |  
gagantunganing wêkasan |  
wêkasaning agêsang amanggih pati |  
matiya jroning gêsang ||
13. Gêsang ingkang amurba ing pati |  
pati wus kalimput ing agêsang |  
gêsang wus tan na patine |  
mulyaning pati uwus |  
murba amisesa ing urip |  
urip wus kalimputan |  
ing pati sawêgung |  
agêsang sajroning pêjah |  
pan wus murba misesa pati lan urip |  
langgêng kaananira ||
14. Kang wus sipat ênggon sun ngalami |  
wus tan manjangakên nusa sabda |  
rèhne branta wus anungge |  
marang Hyang Maha Agung |  
tan abisa angapengini |  
punika pratandhanya |  
sor luhuring tuwuh |  
datang kenging ginampila |  
kawaspadan ing kasidan rèh kadadin |  
babaring janma-tama ||
15. Rungsiting ngèlmi pan dede uni |  
dene sastra kang tumrap ing papan |  
kojah wirayat pan dede |  
tan sampun dening wuwus |  
datan sampun dening angaji |  
Kitab kalawan Kur'an |  
tan wus dening guru |  
tan rampunging patakènan |  
amung purna kalawan pribadinèki |  
kang datan patinang ka ||
16. Cariksutra sumêdhot tyasnèki |  
apan kaprananing nalanira |  
pinalimping ring kajatèn |  
panujwanira sukur |  
mring Kae Sèh Mangunarsèki |  
pandhita taruna trang |

Jilid 12 - Kaca : 46

- bijaksanèng ngèlmu |  
 datanpa ngalêmbananya |  
 wus mupakat ing pangawruhira sami |  
 tan pae tangkêpira ||
17. Pangrêsing tyas pan durung (n)dungkapi |  
 rumangsa ing kadununganira |  
 anor sajroning driyane |  
 alon dènnira muwus |  
 Kae jêbèng Mangunarsèki |  
 paran wus apatutan |  
 lan sutangong mantu |  
 Sèh Mangunarsa turira |  
 singgih sawêg Allah dèrèng amarêngi |  
 wruh raosing akrama ||
18. Walhualam ing mangke manawi |  
 wontên karsaning Hyang Kang Misesa |  
 hajad dèn-ngamakên rêke |  
 dèntên ta ingkang sampun |  
 ing pandonganira Kiyai |  
 dèrèng girising manah |  
 tan kabukèng kalbu |  
 kayun langêning wanita |  
 saking dene kumambang karsaning Widdhi |  
 Alah tan mangga cipta ||
19. Ngumum samya tawakup kang myarsi |  
 Ki Carik sutra ngartikèng driya |  
 Sèh Mangunarsa jawane |  
 wadad ngibadahipun |  
 awiwinih santosèng tokit |  
 trang trus ngèlmu kapasah |  
 kakandhanganipun |  
 (ng)alamat basa nujibah |  
 pan wus kawistara paprèjèngannèki |  
 cahya trahing ngawirya ||
20. Jayèngraga wruh sandining liring |  
 alon umatur ring Carik sutra |  
 kawula nuwun wulange |  
 rèhing sastra Jawèku |  
 Kawiswara ingkang punêndi |  
 miwah Kerata-basa |  
 Panitisastrèku |  
 kalawan Caraka-basa |  
 tuwin Candrasangkala myang Candragêni |  
 kalawan Sandisutra ||
21. Dasa-nama Krêtawirêjèki |  
 amung wruh babasane kewala |  
 dèrèng sumêrêp yêktine |  
 mugi Kae sung wêruh |  
 pangartine kang sastra Jawi |

- kawula salaminya |  
katungkuling dangu |  
ulah kasantrèn kewala |  
ukur sagêd maos waosan sakêdhik |  
dèrèng dungkaping prana ||
22. Carikсутra mèsêm lingira ris |  
kenging paribasan basukila |  
têkèk cihna sabawane |  
nênggih patanyanipun |  
nakmas Kae Jayèngragèki |  
kacupaning wacana |  
wicaksananipun |  
ring Sastradirga ngayuta |  
Kawikrama ulah Maha Pramakawi |  
tan kêna kilapêna ||
23. Jayèngraga mèsêm turirèki |  
pan kawula nunuwun pasaja |  
ngangsu toyèng jaladrine |  
Carikсутra gumuyu |  
ngèlmu kêpèk kula puniki |  
tan paham lamun datan |  
wontên sêratipun |  
èngête abalêjatan |  
sajêgipun Candrasangkalaning rêdi |  
pinurwa ing sarkara ||
24. Sangkalane ponang ardi-ardi |  
kunir awuk tanpa jalu ika |  
miwah kang tulup sumendhe(?) |  
tuwin kang pring sadhapur(?) |  
lele gêna lan cèlèng mati |  
kalawan clêngan tiba(?) |  
miwah jêbug awuk |  
kêlèthèk tumpêr(?) kewala |  
pan wus jangkêp sasanga sasaminèki |  
sangkalardi punika ||
25. Maksih angka: 6(nêm) kang sirah nênggih |  
antaranipun nyandhak sadasa |  
nungswa Jawa sangkalane |  
Sirna Rupaning Dhuwur |  
Candhi Sèwu sangkalanèki |  
Naga Iku Angrusak |  
Jagad kalanipun |  
candhi Kalibêning ika |  
Bujanggèku Anêmbah ing Bumi nênggih |  
rêca Budhur babadnya ||
26. Tanpa Ngrasa Tingale Wong Singgih |  
Masigid-watu ing Salatiga |  
Sirna Ilang Gunaning Wong |  
Pajajaran ing dangu |  
Sirna Ilang Gunaning Aji |

adêging Majalêngka |  
de sangkalanipun |  
Watu Mungal Katon Tunggal |  
duk gêmpure Sirna Ilang Karyèng Bumi |  
ngadêg kitha Bintara ||

Jilid 12 - Kaca : 48

27. Gêni Mati Siniram ing Jalmi |  
purwanipun trap agami Islam |  
Sultan Bintara pupule |  
lan pra wali linuhung |  
ngumumakên sarengat Nabi |  
supaya kèbêkana |  
sanungsa Jawèku |  
ing sarak (n)Jêng Rasullolah |  
sinirnakkên agama Buda kang lami |  
salin agama Islam ||
28. Jayèngraga gupuh matur malih |  
mênggah Kerata-basa punika |  
lawan Raja-kusumane |  
Cariksutra amuwus |  
kang Kerata-basa puniki |  
lawan Raja-kusuma |  
sami dèntênipun |  
mèt sêmon watêking nama |  
yèn mênggaha ngèlmi Arab saminèki |  
pan palak palakiyah ||
29. Kadi ta yèn wontên jênêng nênggih |  
aksara [ha] akèh wiraganya |  
ingkang brêmara alênteh |  
kèntiring maruta gung |  
watêkipun pan datan kenging |  
kungkulan budinira |  
kumudu gumunggung |  
datan kêna pinoyokan |  
lamun nêpsu tan ana kang dèn-èringi |  
yèn kabênbêran roba ||
30. Keratane aksara [na] na ngling |  
sang wira munggyèng tumamèng yuda |  
supakya matêmpuh dene |  
matyèng palagan nêngguh |  
watêking wong pangucapnèki |  
ngatokkên napsunira |  
tan kêna sinayut |  
maring sasaming jalma |  
miwah maring payomane datan ajrih |  
mring kaka yayah-rena ||
31. Aksara (ca) keratanirèki |  
cacaturan parang tumêmpuh kat |  
tan kalok ing panuncange |  
watêking ca puniku |



lamun èstri candhala wêngis |  
kumèdhêp ing wong lanang |  
amarentah kakung |  
rumakêt lamun sasanak |  
datan lana wani mring wong tuwanèki |  
wawatêk bangsa sudra ||

32. Lamun hê [hê-ra] dipun-keratani |  
hê-ra rata sêmpal kaèdêgan |  
jagad kèntir gumuruhe |  
wong jênêng ra puniku |  
apan pintêr datanpa ririh |  
cupêt atine malam |  
lamun duwe nêpsu |  
pan gêlis ing lêjarira |  
datan pandak barang karêpe sathithik |  
waninira satêngah ||
33. Aksara [ka] keratanya nênggih |  
hê-ka kongkang munya ing pangrongan |  
pantaka gêlêng dadya mrèh |  
kamal sura makiwul |  
watêking wong jênêng ka nênggih |  
datan ladak pangucap |  
atos yèn amuwus |  
sêmbada guru-alêman |  
tan têtlatèn watak kau kurang budi |  
kêdhik pasiyanira ||
34. Yèn aksara [da] dèn-keratani |  
ê-da daliwara munggwèng rana |  
tekang turangga tumamèng |  
yuda surat tumêmpuh |  
sêtyèng laga watêkirèki |  
wong jênêng aksara da |  
wor mèsêm yèn muwus |  
budi momot tur antêpan |  
tan katara yèn karêp kalamun jurit |  
sêndhu manis wuwusnya ||
35. Aksara [ta] dipun-keratani |  
tatawang sêkar sumawur kentar |  
kadrêsan dening angine |  
sami ruru katawur |  
wor kumrisik kang wuluh gadhing |  
wong jênêng aksara ta |  
gapyak ing pamuwus |  
nawangkên wasising nala |  
nora kêna ngrungu ujar ala bêcik |  
canggèh wani satêngah ||
36. Keratane aksara [sa] nênggih |  
sasêtya lairing puji rêja |  
maharêpi kadhatone |

Jilid 12 - Kaca : 49

ngabyantara lripun |  
wong jênêng aksara sa lantip |  
sasmita sihing karya |  
lêmbut budinipun |  
lêpas marang pangawikan |  
sêngsêm basa landhêp graitanirèki |  
sêdhêng kuwanènira ||

37. Aksara [wa] keratanirèki |  
wawukir malela lir sêmara |  
kumrusuk piyak pamore |  
kumarisiking wuluh |  
gadhing yèn wong jêjênêng mawi |  
aksara wa watêknya |  
angkuh ambêgipun |  
anyênyêt pangucapira |  
wong kawongan macan mring mitra tan asih |  
yèn nêpsu ngangsa-angsa ||

38. Aksara [la] dipun-keratani |  
apan lali ing Sukma sarira |  
mari karênga kêtabe |  
tumangkul teja kuwung |  
watêke wong jênêng la nênggih |  
alalu sihing puja |  
anduwèni angkuh |  
yèn sasanak gêng sihira |  
andhap asor yèn ana pangarahnèki |  
yèn nêpsu lir rasêksa ||

39. Aksara [pa] keratanirèki |  
papunggêle kang buron wanara |  
amangsa gugundhik rêke |  
wong jênêng pa puniku |  
pan cugêtan datan kawijil |  
tan lana kinantêpan |  
crobo budinipun |  
tan ênang marang sudarma |  
luruh ing prakara ing aprang jêjirih |  
tan lulus asêsanak ||

Jilid 12 - Kaca : 50

40. Aksara [dha] kerata winarni |  
adhadha umpan guna lènira |  
syuh anguwuh ing babune |  
kètrêg kêdaya sing lum |  
lambangira watêkirèki |  
wong jênêng aksara dha |  
asusahan kalbu |  
asring kapêdhotan trisna |  
anging budinira guna tur aririh |  
tan duwe kasaguhan ||

41. Keratane aksara [ja] singgih |  
ji jiwata sang Narpati Rudra |

- amanas sarira rêke |  
 taya amêngkul suku |  
 mangku kuwung teja lan thathit |  
 wong jênêng aksara ja |  
 lêmbut budinipun |  
 ana radane kagungan |  
 amêm rêgu pan kumingsun sumêdêgi |  
 tan rêna mor sasama ||
42. Aksara [ya] keratanirèki |  
 yata yayah-rena kaèwêran |  
 girima rah umiline |  
 ararênguning parung |  
 parèjèngan watêkirèki |  
 wong jênêng aksara ya |  
 ambêgira lêngus |  
 yèn rècèh anggora-gadha |  
 tan wrin maring pakewuh marma prihatin |  
 kasangsayèng sasama ||
43. Aksara [nya] dipun-keratani |  
 nyanyamikan panggah amingguwa |  
 tan na kewran ing atine |  
 katamaning margiyuh |  
 wong jênêng nya wawatêknèki |  
 kumawi yèn angucap |  
 kèh pamèting wuwus |  
 tur ta durung yèn (ng)guguwa |  
 tita dadi papangane wong abangkit |  
 gujih ati marassan ||
44. Aksara [ma] keratanirèki |  
 mamayu nguyu mèk akênturan |  
 pancaka cala makêlèng |  
 wong jênêng ma puniku |  
 anastapa ambêge dhiri |  
 manggung panas-atènan |  
 kang adoh ginayuh |  
 tan pati nampani ujar |  
 mung wuwuse lumaku ginati-gati |  
 tan ayun karameyan ||
45. Keratane aksara [ga] nênggih |  
 gagalih glan raga wèh magêlah |  
 mangikêt magêlungrate |  
 ing jagad raya wêgung |  
 widadara kang widadari |  
 padha mataya nêmbah |  
 anggusthiyèng luhung |  
 wong jêjênêng aksara ga |  
 jêmbar budi ing buda nyenapatèni |  
 mantêp lila ing srana ||
46. Aksara [ba] keratanirèki |  
 ba binuncang ring pèrèng rèjèngan |

madalêm dinulu srine |  
pinapah kapara puh |  
ahyanèka watêkirèki |  
wong jênêng aksara ba |  
agêng nêpsunipun |  
kadya padha kakanginan |  
lair amêm micara alus amanis |  
ambayani jatinya ||

Jilid 12 - Kaca : 51

47. Aksara [tha] keratanirèki |  
kang tha thathête kang mandraguna |  
nguwuh bèjraning kalbune |  
tikсна têtang tyas juwul |  
kêtêr krisik kang wuluh gadhing |  
wong jênêng aksara tha |  
kêthul budinipun |  
bodho ling-alingan bisa |  
tur abodho tan sumurup barang-kardi |  
lêson lumuh ing karya ||
48. Aksara [nga] wêkasanirèki |  
keratanya apan nga ngangungan |  
kadya camêra gêgête |  
makewraning atêdhuh |  
kumrisiking kang wuluh gadhing |  
wong jênêng aksara nga |  
gramèh tanganipun |  
pintêr marang gagaweyan |  
budi asor anggêgusti marang èstri |  
gêntèn olèh durcara ||
49. Jayèngraga tumungkul turnya ris |  
dasanamamba paduka wulang |  
Ki Cariksutra wuwuse |  
èngêt-ngong anak bagus |  
dasanama ukur satêmplik |  
anging trimah rêramban |  
kêdhik-kêdhik lothung |  
tinimbang kang botên pisan |  
samyasuka gumuyu kang para tami |  
Cariksutra lingira ||
50. Dasanama kang sawiji-wiji |  
kang dhingin dasanamaning wulan |  
sasangka candra sasine |  
basanta rata èntung |  
sasaddhara kirana nênggih |  
sitangsu lan prabanca |  
dasanamanipun |  
sang srêngenge purbangkara |  
diwangkara suwandagni arka rawi |  
pradangga-pati surya ||

51. Andangkara karaba mahari |  
 kalandara raditya talaha |  
 aruna bagaspatine |  
 lan dasanamanipun |  
 ingkang angin sadayanèki |  
 pawana samirana |  
 prabancana bayu |  
 pracalita lan tracanca |  
 wasawaha anila sindhung maruti |  
 gunandya bajratiksna ||
52. Yèn dasanamaning gunung nênggih |  
 endragiri prawata ancala |  
 swela lan wanawasane |  
 basulingga lan mèru |  
 myang imawan ardi lan wukir |  
 dasanamaning mega |  
 kang rumuhun sawub |  
 ima kadada imanta |  
 imantaka akakara lan sasmiti |  
 jalana jaladara ||
53. Himalaya gidada widagi |  
 lan kapura lèn dasanamanya |  
 banyu tirta tuya junèng |  
 toban isnisi iku |  
 we hèn toya usura warih |  
 utaka lan malatar |  
 luwata lan ranu |  
 swanina lawan wulusan |  
 yèn ta dasanamane sagara nênggih |  
 samodra kiralaya ||
54. Jalanidhi tasik lan jaladri |  
 myang arnawa lan pasir saboga |  
 lèn gajah dasanamane |  
 matêngga gatha mutu |  
 brajamuka èsthi waniti |  
 dirada lan samaja |  
 liman nanggalèku |  
 dipangga gajwaksa muka |  
 lawan malih dasanamaning padhati |  
 widari sang grasena ||
55. Salamuka swaninda sambiri |  
 sirat anwin anda lan dhudhula |  
 cithaka lan gindagundèk |  
 wawasthi kucu kudhuk |  
 lèn kang dasanamaning èstri |  
 kumbamula capana |  
 wanodya marmadu |  
 dyah waela lan mantasa |  
 myang carika madani arsa taruni |

Jilid 12 - Kaca : 52

lan dasanamèng sêkar ||

56. Sari sidya pakaja lan malih |  
kang kumuda kusuma prabasa |  
tunjung padma wontên malèh |  
tulis mungguhing watu |  
pan rikaa yèn nèng panjalin |  
wolat yèn mungguh nèng mas |  
èndung wastanipun |  
yèn anèng wêsi gurita |  
lamun mungguh nèng salaka pandariwih |  
yèn mungguh nèng ron sastra ||
57. Wangsulane têkèng banyumuni |  
titi wêdi angrês arismana |  
lan malih awrat garbine |  
diwikartili nêngguh |  
kabèh ngaran amêtêng sami |  
wontên malih winarna |  
aranning awuru |  
tispraya darsusujana |  
pan wuruning dewa ratu miwah malih |  
arja wawanagota ||
58. Apan wuruning satriya nênggih |  
dene isthaka kulamardawa |  
wuruning mantri lan malèh |  
mongmongwukmo puniku |  
pan wuruning ditya rasêksi |  
yolho wuruning wandhak |  
wandakisuwiyu |  
pan wuruning jalmacèh |  
lan malih kawindi wuruning èstri |  
mukduk wuruning macan ||
59. Ingkang madra pan wuruning sapi |  
dandaka wuruning atisika |  
anjaran wuruning banthèng |  
kêra wuruning wêdhus |  
wagratulah wuruning gênjik |  
kraka wuruning sura |  
camrak onyil basur |  
wuruning wanara kênas |  
katiraca wuruning tikus mamêki |  
ana sasaminira ||
60. Kang punika nakmas Jayèngragi |  
kathah lirnya yèn linajêngèna |  
sadalu tan na pêdhote |  
winangsulaning pungkur |  
bok suwawi kèndêl nyanyamik |  
kinèndêlan kewala |  
pan mubadir wutuh |  
ingkang liningan agêpah |

Jilid 12 - Kaca : 53

samya ngalap dhaharan sasênêngnèki |  
Cariksutra ris nabda ||

61. Paran wus (n)dungkap ing têngah wêngi |  
santri matur sih kirang sakêdhap |  
Ki Cariksutra ngling manèh |  
pênêd sami won-ngangur |  
kakêntrungan dipun-dhulêngi |  
wong wadon kang angèmprak |  
suluk singiripun |  
lêlêjêming ngèlmu rasa |  
tinêpakurakên kalawan birai |  
tarêbang kêkêntrungan ||
62. Karya cagak-lèk anamur ratri |  
kang para tamu matur sumangga |  
nulya nuduh mring santrine |  
Sêtradrêma sirèku |  
lah pundhutên trêbangku aglis |  
nèng langgar karo pisan |  
si Jangkrik kêntlungku |  
si Nungmyang tarêbang-ingwang |  
lan têbange Ki Carikmudha dèn-aglis |  
kêntrung trêbang si Guntang ||
63. Lan golèka kêntlung têbang malih |  
kang liningan sigra nulya mangkat |  
santri tri ngambil trêbange |  
tan na dangu arawuh |  
katur ponang trêbangirèki |  
lawan kêntlung tinaman |  
sinêntak ginênbrung |  
sinungkên ing tamunira |  
trêbang kêntlung pra tamu samya nampèni |  
sadaya mangku trêbang ||
64. Malangkarsa Sèh Mangunarsèki |  
Jayèngrêsmi miwah Jayèngraga |  
Anggungrimang Piturune |  
Sèh Modang Mongsariku |  
trêbang sanga cukup ngijènni |  
Cariksutra kalawan |  
Carikmudha wau |  
barung singir talu bawa |  
la ilaha ilalah ilalah-lahi |  
Mukamad Rasullolah ||
65. Tinaman ing santri jalu èstri |  
nganyut Sêkar-gadhung lagunira |  
sru asri ing suwarane |  
arêmpêg barung arum |  
agênbrangan trêbangirèki |  
pong-pêg pong-pêg pong-pung brang |  
pêg-pêg bah gur bah gur |  
thung-plêg thung-plêg dhung-dhêng pung-brang |

kêtongtong têt plak-plak blang-blang |  
tong-gring-pyak pyak-bêm pung-brang ||

66. Tangga desa parapatirèki |  
samyã kagèt krungu salawatan |  
sru asri gumrah swarane |  
sadaya èstri jalu |  
kang wis turu lir dèn-gugahi |  
padha nonton tarêbang |  
kiwa têngênipun |  
(ng)gawa obor upêt mêtang |  
rare cilik ting carêngèk padha nangis |  
ngajak nonton slawatan ||

Jilid 12 - Kaca : 54

67. (n)Dadak sakala nglatar mênuhi |  
wong ningal suka dhêdhêsêkan |  
wênèh mèlu sauranne |  
sangsaya sru gumuruh |  
wus antara babakannèki |  
anêsêg gagobyogan |  
iramanya landhung |  
sinalahan suwukira |  
nulya samya maca salawat kaping tri |  
bêng bêng bêng sèlèh trêbang ||
68. Cariksutra angandika aris |  
lah Wilapa sira andhulênga |  
suluk Rara-bathik bae |  
lagone Sêkar-gadhung |  
Ni Wilapa turira inggih |  
anulya singir bawa |  
Ki Cariksutrèku |  
gya tinampanan ing kathah |  
langkung ramya gumuruh trêbang lan singir |  
nulya Nyai Wilapa ||
69. Andhulêngi salawatan singir |  
dènnira ngadêg langkung rêkasa |  
akêmpusan ambêgane |  
andhulêngi gat-migut |  
rimong jingga bathik kumitir |  
prandene têtung pisan |  
saking agêngipun |  
lêmu gimblah anglêmbarah |  
têkèng solah-bawa nulya sindhèn ngêlik |  
mangkana singirira ||
70. Suluk Bathik kang pinurwèng singir |  
lah ta wus babo bathikên pisan |  
tênunan wus panêgase |  
ywa tinggal polanipun |  
lawan sira dèn-ngati-ati |  
kang cinacad punapa |  
dhasaripun alus |



malamipun malam pêthak |  
wus dinuga lancêng sêdhêng sawatawis |  
kang canthing parèngrèngan ||

71. Myang panembok jêjêgulirèki |  
waja ginênèn kayu-tos ika |  
bandhulan pagawangane |  
padha pêpak sadarum |  
sapidandaning wong bathik |  
dhasar alus utama |  
tinulis jalêngut |  
mangkana upamanèka |  
yèn dhadhasar kêdhut wadhag tinul ngrêmit |  
kayane yêkti ilang ||

72. Datan pantês yèn tinulis bêcik |  
wêlantênên dikongsi kaya pa |  
mulih-mulih mring dhasare |  
yèn awon dhasaripun |  
babaranne nyêpêti ati |  
(m)bok-prawan diprayitna |  
aja dupèh baut |  
sabarang karya bisa-a |  
ayu rupa ayu gawe ayu ati |  
aja kibir jubriya ||

Jilid 12 - Kaca : 55

73. Apan iku yêkti ora bêcik |  
yèku dadi sisikuning lampah |  
nganggowa sawatarane |  
luwih panggarapipun |  
yèn tumêmên sayêkti bêcik |  
yèn ati salèwèngan |  
sanggup-sanggupipun |  
prayoga mangsa bêcika |  
sabab iku dèn-wori sukaning ati |  
suwe ala dadinya ||

74. Malah-malah cêpak tiwasnèki |  
yèn maksiya pasthi dolle tuna |  
tan wurung nambak dhingklike |  
wa-dene rupanipun |  
kang ambathik iya tan bêcik |  
sapindha yèn atuwa |  
ana kang pinupu |  
adola dhidhis kewala |  
pasthi payu adol gawe lamun wêdi |  
bêrkate ayu rupa ||

75. Ewa samantên guguyon sirik |  
kang miyarsa angguguyu aywa |  
klèru tanpa mêningane |  
yèn wêngi dhidhis ngèlmu |  
pan lirune tiwasing kardi |  
tinêbas ing riyalat |

mumuji ing dalu |  
cabar tiwasing kawula |  
lamun tan rumangsa yèn urip sirèki |  
malarat tibèng karya ||

76. Sêdhênging sasi purnama sidhi |  
wong ayun lêkas ambathik sinjang |  
gawangan ngalam jêmbare |  
bandhul sèntêging kalbu |  
wawajanne sêmune kandil |  
malame rasa-jatya |  
de lalancêngipun |  
maningkêm pamoring rasa |  
canthing kalam molah loh-kalam linuwih |  
polanipun ingaran ||
77. Akyan-sabitah ingkang dèn-liling |  
kajêngipun apan kaharolah |  
trap gêni roh-ilapine |  
Nabiyolah kang kukus |  
kêkêrènnè pan alam sahir |  
sawang têtêping iman |  
sêmpronge tyas têrus |  
asta kang kiwa anangga |  
têkadira ing lair tumêkèng batin |  
katon wayanganing Dat ||
78. Sadèrènge tumiba kang tulis |  
anèng papan pan sampun kawawang |  
sakalir reka-rekane |  
cinipta lawan ngèlmu |  
tan salaya lan rupa jati |  
lair têtèng batinnya |  
katèlad sadarum |  
tan inang mring ponang polang |  
rèngrèngane manut satitising ati |  
trus nitya kang sampurna ||
79. Tinemboking suka-lila sukci |  
anging aja angambah larangan |  
apan wus ana walêre |  
dipun masthi anurut |  
ing watêse bibironèki |  
putiye kang ngalela |  
irènge kang lurus |  
agawe gagang-gagangan |  
ingkang lêmbut lan alus aywa na lilit |  
kang dumêling tetela ||
80. Salasarên dèn angati-ati |  
nulya wêdêlên ing alam arwah |  
dimèn angalih warnane |  
srêpan luamahipun |  
dipun-tumaninah ing ati |

sumampir ing Hyang Sukma |  
sakarsèng Hyang Agung |  
andhèrèk lawan satitah |  
ing lakune kang manthêng wêktuning jisim |  
dèn-tumêkèng wêkasan ||

81. Sinêkulan wirang lawan isin |  
sêdhêng-sêdhêng bibirone mangkya |  
lamun katrapan sogane |  
aja kagèt ing kalbu |  
wus karsane Hyang Maha Lêwih |  
karsa marang kawula |  
kinarya bang-biru |  
pan wus jamaking kawula |  
swarga lan naraka gagadhanganèki |  
tan kêna suminggaha ||
82. Amung pira-baranipun mangkin |  
lamun linorod susukêrira |  
winèdang molak-malike |  
anggilani mobipun |  
sarèkna sawataranèki |  
ywa sah prayitnanira |  
dèn-sukur dèn-emut |  
sira ngarêpkên pralaya |  
têkènging kasidan babaring kadadin |  
kanggeya ingawirya ||
83. Linêbokkên ing naraka singgih |  
anèng kubur (ng)gyanning patitisan |  
kaelokaning Hyang rêke |  
ingkang cêmêng karuhun |  
pan ing mangke dados aputih |  
ingkang putih waunya |  
dadya irêng mungguh |  
dumêling bibironira |  
aja samar ing paningal kang sajati |  
wêdêlane wus tuwa ||
84. Kadi gambar wawangunan rêsmi |  
wa-dene (m)bok-parawan utama |  
dèn-isis madyèng latare |  
kagawokan kang (n)dulu |  
kèh kang nganyang para minantri |  
pira rêgane baya |  
wa-dene sang ayu |  
sun palarangane rêga |  
anauri tan sun-êdol êmas picis |  
tukunên sabar-drana ||
85. Kalawan wangsit ingkang sajati |  
lan jawabên cangkriman-ingwang |  
amung patang prakarane |  
mantri utama muwus |  
ucapêna kadi-punêndi |

Rasa Sukci anabda |  
cacangkrimanipun |  
wong pêjah lawan wong gêsang |  
kathah pundi wong Islam lawan wong kapid |  
myang priya lan wanodya ||

Jilid 12 - Kaca : 57

86. Wong kang ala bêcik kathah pundi |  
kadipundi jawabên kang nyata |  
mantri utama saure |  
jawabingsun wong ayu |  
yèn wong mati lawan kang urip |  
yêkti kathah kang pêjah |  
lan kang urip wau |  
nadyan punika uripa |  
lamun datan uninga lungguhing urip |  
tan wruh sababing pêjah ||
87. Ingkang lanang lawan kang pawèstri |  
kathah èstri sanajan lananga |  
yèn tan wruh jênêng lanange |  
sasat wong wadon iku |  
wong kang Islam lawan kang kapid |  
yêkti kathah kapidnya |  
nadyan Islam iku |  
tan wruh purwaning agama |  
yêkti aprasasat iku wong kapid |  
kang bêcik lan kang ala ||
88. Yêkti kathah kang ala ting pringis |  
nora lanang nora wanodya-a |  
nadyan ayua alir Ratèh |  
yèn kèdhè budinipun |  
yêkti ala tan aran bêcik |  
wong lanang dèn-akadya |  
Kumajaya bagus |  
yèn budine lucut nistha |  
yêkti ala tan ana ngaranni bêcik |  
marma wis kang utama ||
89. Ni Wilapa dènya andhulêngi |  
langkung rêkasa pangèmprakira |  
saking kabotan awake |  
amigut ginuk-ginuk |  
kringêtira adrès umili |  
tansah dadya paguywan |  
lir rêmbêng dinulu |  
awak gimblah anglêmbarah |  
anging swara alit mèrit anjêlirit |  
tan sêmbada gêngira ||
90. Kadi suling bênging sumariwing |  
sêmu grathul-grathul barkat tuwa |  
prigêl saking lêgutane |  
tan ilang luwêsipun |

myang tan ilang dhêdhêmêsirèki |  
tan ilang ngêssing swara |  
gêtêr krêkêlipun |  
tan ilang wiwilêtira |  
wus antara dangu dènnya bawa singir |  
suwuk kang salawatan ||

91. Sadaya raryyan pangaring-aring |  
samyang ngalap nyanyamikanira |  
sarêng ngambil sasênênge |  
wedang pangananipun |  
wus antara rêrêmirèki |  
Cariksutra ris mojar |  
sapa kang mêdhudhuk |  
ganti andhulêngi ojrat |  
Ki Sèh Modang cadhang sasmita ningali |  
ngaliring mring rabinya ||

Jilid 12 - Kaca : 58

92. Ni Pêlangi ngungal-ungal liring |  
supaya kinèn andhulêngana |  
mingsêt krêp aliyan linggèh |  
ngowahi gêlungipun |  
pan katara solahirèki |  
miwah Kae Sèh Modang |  
langkung ngayun-ayun |  
mamèrkèn rubiyahira |  
ing wasise èmprak andhulêngi rawi |  
Malangkarsa wruh cipta ||
93. Mèsêm angling mring Sèh Modang aris |  
yayi Sèh Modang rubiyahira |  
kewala ing saenggane |  
(m)bok-rabine tinuduh |  
andhulêngi ojratirèki |  
rêke sami krana Lah |  
Sèh Modang sru sukur |  
sumanggêm ing aturira |  
kados inggih kalangkung dening prayogi |  
rinta kinèn (n)dhulênga ||
94. Ki Cariksutra mèsêm sarya ngling |  
nak Sèh Modang puniku rabinta |  
punapa sampun sabêne |  
andhulêng brai ngèlmu |  
Ki Sèh Modang amatur aris |  
pan inggih sampun nêlas |  
ojrat singir suluk |  
gumuyu Ki Cariksutra |  
ngling lan ênggèh Bismillah ing ngriku wiwit |  
Ke Modang abawa-a ||
95. Nulya Ki Sèh Modang bawa singir |  
ngêlik tarampil dènnya narêbang |  
pinasang bêsus swarane |

dhasare dhalang kêntrung |  
saurane kalimah kalih |  
binarungan ing kathah |  
santri èstri jalu |  
arampak swara sru raras |  
nuju têkèng sèlèh sauranirèki |  
Pêlangi nandhak bawa ||

96. Misih Sêkar-gadhung lagunèki |  
swara gêtas rênyah muluh rêmak |  
bêning lir suling sasêlèn |  
dènnya (n)dhulêngi baut |  
kadya ronggèng gambyong narimpi |  
amidêri kalangan |  
ngrimong limar wungu |  
sarwi ulate kinarya |  
amêmêndir liring maring Jayèngragi |  
mangkana singirira ||
97. Atêtanèn sabinne sakikil |  
alasila binabadan lapa |  
tapa dèn-gring sarirane |  
obongên lan pitêkur |  
ingilènan kalawan bêkti |  
enjing lêkasa karya |  
maesane tuduh |  
waluku iman lan Islam |  
rakitane kayu sajatining puji |  
mamanuke tawêkal ||
98. Sambilane kang tan ewah gingsir |  
sawêt cêgah tatalining cêgah |  
kêndhali sabar dèn-age |  
cacadane lumintu |  
bubnuntute têka lumaris |  
singkal eloking iman |  
tinandhingan rukun |  
kêjènne awasing tingal |  
dèn-rumangsa sapira raga lan jisim |  
dadi awasing tingal ||
99. Ingingêran puji lawan dhikir |  
kang rinêksa tutuwuhing dosa |  
tinandhingan ing sarane |  
linawêd lawan kawruh |  
tinembokan manah tan gingsir |  
anglèr pasrah Pangeran |  
tinanêman ngèlmu |  
wiwinih lampah sarengat |  
lêkas tandur ing dina mêsak kang yêkti |  
sarya madhêp ing keblad ||
100. Wus anglilir tandure awilis |  
lah dandana ngabêkti Hyang Sukma |

Jilid 12 - Kaca : 59

- dipun gumolong ciptane |  
 badan mulya kumênutyut |  
 kang sarengat tarekat-jati |  
 amêmpêng prasa tunggal |  
 dèn kêncêng ing laku |  
 rumagak asrah ing Sukma |  
 aywa kêna sira ewah lawan gingsir |  
 iku jatining jalma ||
101. Ingaranan pantun ngingu takdir |  
 duk mêrkatak ngono jati tingal |  
 cumêthèt osik jatine |  
 kumandêl dipun-jumbuh |  
 mêmping kuning sêdhêng miwiti |  
 anêbut namaning Hyang |  
 kang murah donyèku |  
 amulunga sih ngakerat |  
 pan kinira kature kang sêmbah puji |  
 tumungkul suhuling Hyang ||
102. Têkèng mangsa sêdhêng ani-yani |  
 sakathahe gumulung rêkang |  
 dèn-angas ing sarirane |  
 tinigas lawan rukun |  
 tinalènan tobat sayêkti |  
 meme mèdhêp ing tingal |  
 pinulung dèn-alus |  
 pinikul kalawan tapa |  
 praptèng nêmbah asraha marang Hyang Widdhi |  
 angrasa-a kawula ||
103. Sampun prapta pari saking sabin |  
 wajib jakat parincining sarak |  
 aja ko[k]-tinggal sunate |  
 aywa batakên laku |  
 aja ngrasa yèn sugih pari |  
 aja kumêt dèn-loma |  
 yèn mungguh ing kalbu |  
 gulungên manah sampurna |  
 pan sakèhe kang amangan wohing dami |  
 angêpung marang sira ||
104. Dèn-angrasa sira amongtani |  
 aja sira tinggal panggaota |  
 aja angrasa duduwe |  
 aja atinggal laku |  
 aja tinggal sêmbah lan puji |  
 rasane rasakêna |  
 kawruhana iku |  
 aja tuna ing agêsang |  
 panas pêrih rasaning wong amongtani |  
 tau bêtja tan cidra ||
105. Dalèrèngan ulate (m)bok Plangi |  
 ngècèr liring kabèh kawatatan |

anyêndhal ati kincange |  
kang mulat samya rikuh |  
bêkah-bêkuh kèwuhan kapti |  
yèn wruh liringing netya |  
tyas tinumbuk-bêntus |  
tan kuwat sawatan ulat |  
yèn dinulu dadya rubiyahing alim |  
kadho-kadho dhêmênnya ||

Jilid 12 - Kaca : 60

106. Carikmudha kadhadhung ing liring |  
manahira dhat-dhatan kumêsar |  
amêgat ati ulate |  
mèh-mèh lali ing patut |  
mring Pêlangi kêpalang dening |  
rubiyahing ulama |  
sirik ngambah dudu |  
tansah amatili nala |  
Carikmudha dhasar karêmênanèki |  
wong wadon galak ulat ||
107. Lawan swara kang angrêsi ati |  
lepya mangsane awak wus tuwa |  
kabêgèraning atine |  
pan wus wawatakipun |  
badan anut ênoming budi |  
wong karêm swara rupa |  
tyas korup ing ngriku |  
yèn tan tawêkal ing driya |  
datan bisa ahli tawakup ing ati |  
kagulan ing pepeka ||
108. Sèh Modang lan Ki Carikmudhèki |  
batin pundhuh tunggal pakarêpan |  
mring wadon kang rada sêmbèr |  
Ki Sèh Modang andulu |  
pandhulênge rabinirèki |  
sasolah tingkahira |  
wèh liring mring kakung |  
tan ginita liring naya |  
malah dadya sukane Sèh Modang mèksi |  
marang rubiyahira ||
109. (m)Bok Sumilir mulat (m)bok Pêlangi |  
dènnya andhulêng sisingirira |  
kaworan èyor atine |  
ngalêm wiraganipun |  
ngalêm swaranira rum manis |  
ngalêm parikanira |  
suluk tanèn mungguh |  
angalêm pandhulêngira |  
anging ewa ulate tan masajani |  
anocog mring kang lanang ||



110. Agaging tyas kaduga ngungkuli |  
 mring Ni Pêlangi sagêndhingira |  
 adu baut ngês wilête |  
 rada ngontoring kalbu |  
 Ni Sumilir mring Ni Pêlangi |  
 angancam wawalêsan |  
 marang bojonipun |  
 dhasar sirira kaduga |  
 mring Sèk Modang dhasar lèmèring pawèstri |  
 gampang gèbanganira ||
111. Wus antara dènnya andhulêngi |  
 sêsêg sauran gobyog têbangnya |  
 suwuk maca salawate |  
 kaping têlu ambarung |  
 samya raryya angaring-arang |  
 sambèn ngalap nyamikan |  
 papanganipun |  
 wedang myang udud anginang |  
 wus antara dènnira arèrèn sami |  
 Cariksutra ris nabda ||
112. Mring tamune jêbèng sadayèki |  
 rèh wus awal ing wanci sêmbahyang |  
 utami Subuh wancine |  
 sadaya pan jumurung |  
 mring pahèran mèt toyastuti |  
 santri adan galikan |  
 nulya sunat sampun |  
 kinèn angamati sigra |  
 ngangkat pèrlu Cariksutra angimami |  
 kongsi sampating salat ||
113. Wusnya sasalaman nulya mijil |  
 nèng surambi satata lênggahnya |  
 nulya lumadi dhahare |  
 ngancaran sèmèkipun |  
 samya wanting tuturuh aglis |  
 nutug dènnya dhaharan |  
 cinarikan sampun |  
 pra santri bukti sadaya |  
 ingkang arsa umiring lampahirèki |  
 Cariksutra anabda ||
114. Mring kang rayi myang garwa kang kèri |  
 ingsun tumutur mring Wanamarta |  
 tilik Kang Arundayane |  
 dèn-bêcik sira kantun |  
 aywa wèng-wèng wawêkas mami |  
 lah wis ingsun pamitan |  
 samya-ndum rahayu |  
 kang rayi lan pra rubiyah |  
 apan sami umatur sandika sarwi |

Jilid 12 - Kaca : 61

majêng atur pranata ||

115. Laju nikèn sasalaman sami |  
maring para tamu èstri priya |  
sêdaya atur pamite |  
winangsulan sabdayu |  
amumuji nutkên basuki |  
warata gantya-gantya |  
pasalamanipun |  
Ki Cariksutra ris nabda |  
lah suwawi anakmas mupunga enjing |  
dèrèng babaring surya ||
116. Malangarsa Sèh Mangkunarèki |  
samyu umatur sumanggèng karsa |  
kawula dhatèng andhèrèk |  
Cariksutra ris muwus |  
sapa ingkang juru pangarsi |  
iya si Sêtradrêma |  
lan Monthèl nèng ayun |  
Iman Sêcajatingarang |  
grêmanana mangsa girisa nèng margi |  
bangêt barkah nèng marga ||

### 695 Girisa

1. Tandyu umangkat saksana |  
saking ing masjid Tatrukan |  
pra waela anèng ngarsa |  
kumpul andulur mèt marga |  
ing pungkur kang para priya |  
anggarêbêg pra wanita |  
tumurun anut marganya |  
garêmêtan saput lêmah ||
2. Maksih kamamaran marga |  
dadya randhat lampahira |  
nampat pangèmpêtanira |  
kang wingking pundhung tutrukan |  
tistis lir wrêksa katrêsan |  
ron alum nyênyêt sêmunya |  
asamun kadya sungkawa |  
padhukuhan Gunungsêkar ||

3 (Lajênging lampah tumuju dhusun Bustam)  
Lajênging lampah tumuju dhusun Bustam, dalêmipun Ki Arsèngbudi,  
nglangkungi wana Jêmbul ingkang wingit, kathah godha rêncana, mila sadaya  
botên kenging salah damêl. Kapanggih dhêmit kadosdene panjak lan dhalang,  
wênêh kadi ronggèng kanthi sêsindhènan ririh. Dumadakan Ni Pêlangi  
katingal kagèt lajêng nubruk lan ngrangkul Jayèngraga wasana kasambêt,  
sêmaput, kaupakara para èstri. Sasampunipun èngêt, cariyosipun kadosdene  
badhe karudapêksa dening tiyang agêng-inggil. Dumugi ing dalêmipun Ki  
Arsèngbudi rombongan katampi kanthi kinurmatan pasugatan. Ki Cariksutra  
ngaturakên bilih ingkang sowan punika putranipun Ki Bayi Panurta, i.p.  
Jayèngrêsmi lan Jayèngraga ingkang mupit ing Wanataka, samangke badhe  
mantuk dhatèng Wanamarta. Ni Wiyadi, semahipun Ki Arsèngbudi sangêt

karêrantan nyumêrêpi putra kakungipun Ki Bayi, karaos salêbêting manah dene botên kaparingan momongan. Sasampunipun kêmbul dhahar, Ki Arsêngbudi rêraosan ngèlmu raos kalihan Ki Cariksutra bab kanyataning Dat dumugi sajatinipun kawula Gusti. Rêmbagipun sangsaya gayêng sêsarêngan Sèh Malangarsa lan Sèh Mangunarsa ingkang tuhu linangkung. Para tamu ngaso ing masjid, enjingipun sami bidhal nglajêngakên lampah. Ki Arsêngbudi tumut, badhe sowan Ki Bayi Panurta.  
Kaca 62 - 89.

Jilid 12 - Kaca : 62

694 Dhandhanggula

3. Ing kali asri sadènta |  
suwung kêkênyêping desa |  
kirna datan kamarutan |  
lir ngungun mring kang mahawan |  
swabawèng pêksi munènjing |  
sabawana awasita |  
ajêgigèr ing pagagan |  
ramya kang sawung karura ||
4. Mraknya nyungong akrakakan |  
amudhunnya kariinan |  
lawan kolik cacaturan |  
Kae guru Cariksutra |  
mèt paran mring ngèndi baya |  
pinèting dhadhayohira |  
paran ta lawas enggala |  
tuwu lir nauri ujar ||
5. Ya layak lamun lawasa |  
ujêr dhayohe kang mawa |  
Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
yun mulih mring Wanamarta |  
samyat tinitan mring mitra |  
samarga ingkang kampirana |  
pasthi tumutur ing lampah |  
yun pangguh lawan darmanya ||
6. (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |  
akrajan ing Wanamarta |  
bibidho darès garèndan |  
lir manthuk-manthuk winartan |  
Yata wau kang lumampah |  
jalwèstri wong kalihdasa |  
margèng galèng pasabinan |  
lalamuk maksih angampak ||
7. Pêdhut nanaputi kisma |  
sri swaraning pêksi munya |  
dhècu cucuwihun manyar |  
baranjangan munyèng tawang |  
asrang kang jangkrik-bring ngungkang |  
barung klupakan balutak |  
tulakan kumriwik anrang |

pêcuk cangak karêngakan ||

8. Kadya ngaruhi kang mentar |  
kang samya mahawèng marga |  
anglintangi pasabinan |  
patalun têtgal pagagan |  
nganjak patugaran wana |  
tarataban pagrumbulan |  
dungkap têbuh têmyèng wana |  
lêngkèh gêngêng palunturan ||
9. Mijil Hyang Aruna anrang |  
sumorot nipak kanangrat |  
andipaning Hyang Karaba |  
udayaning ron kabunan |  
kasunar ujwalèng surya |  
lir mutyara rinêmêkan |  
tejaning matra koswara |  
isningira pindha rêtna ||
10. Kathah lamun winuryana |  
lampahnya tumamèng wana |  
anètèr tumurun jurang |  
nut talêre margi gêsang |  
têrusan kang anjog marga |  
agêng kang kambah ing jalma |  
papagan jalma papasar |  
myang momot kang lampah dagang ||
11. Kèh pinangkaning rêmikan |  
wènèh papagan gilingan |  
Kalang-odhèg asènanan |  
ramya ing karênung lampah |  
gamêlanane wong Kalang |  
mung kênonng kewala papat |  
kalawan kèndhang sajuga |  
tan ana malih-malihnya ||
12. Wong roro ingkang anabah |  
muktyaning Kalang-odhègan |  
jadhug-jadhuge wong Kalang |  
lamun wus anabuh cènanng |  
wau ta ingkang lumampah |  
animpangi ing pagagan |  
nglastari unkur-ungkurun |  
mungguh tumuruning lêbak ||
13. Jujurang pèrèng parungan |  
parang curinya ya tiksna |  
tinambah wadhak-widhikan |  
dènnya parah ngarah-arrah |  
rèhning tan wruh karikuhan |  
pra èstri rapuh rêkasa |  
tan têkèng onjoting lampah |

Jilid 12 - Kaca : 63

dungkap sapranêman raryan ||

14. Pra ngawirya awlas mulat |  
mring lampahe pra rubiyah |  
wus kalintang ing pèrèngan |  
napak marga palêmparan |  
anusup angayam-alas |  
glagah pangalang-alangan |  
sru kabêntaring surya nrang |  
swanita kuswarèng keswa ||
15. Riwe ngangga lir kadusan |  
anêngka paonjotan |  
ngantya yèn pangguh payoman |  
wrêksa gêng myang pasêndhangan |  
wanci nêdhêng surya nêngah |  
lingsir pidak sarampangan |  
sinampyêng ing lampahira |  
mangsuk pagrênganing wana ||
16. Wrêksa gung-agung sumahap |  
sung ngayom ing sang nrang-paran |  
ninitik wè turut marga |  
tan antara nulya manggya |  
pasêndhangan langap jurang |  
kayoman wit karasula |  
kadulwèng saking ing marga |  
nulya samya ingampiran ||
17. Tumurun kêdhik mring lêbak |  
cipta sukur palaling Hyang |  
dènyarsa samya sêmbahyang |  
ing wanci wus pidak tiga |  
praptèng (ng)gyanning kang pinaran |  
sêndhang kang kayoman wrêksa |  
ukur sêndhang pabêlikan |  
cêthèk tan kêna kinuman ||
18. Wus rèrèn sadayanira |  
parèstri lukar gendhongan |  
nèng tambyaning kang rasula |  
karapuhan dènya lampah |  
samya pêtêk-pêtêk pada |  
Wilapa langkung mlasarsa |  
angêmpus unjal-ambêgan |  
riwenira marawayan ||
19. Sadaya wêlas tumingal |  
marang ing Nikèn Wilapa |  
Cariksutra gumuyojar |  
marang ing rubiyahira |  
katanggor Wilapa sira |  
lumaku ing wanawasa |  
mungguh tumuruning lêbak |

Jilid 12 - Kaca : 64

anusup ing pagrumbulan ||

20. Mendah rasane badanta |  
ujêr awakmu kakeyan |  
laku randhat dening sira |  
Ni Wilapa aturira |  
maklum paduka kewala |  
saking tan rikat lumampah |  
pintên-pintên jasat-kula |  
botên rêntah anèng marga ||
21. Sadaya gumuyu myarsa |  
Malangkarsa nambung sabda |  
sampun kang kadya rayinta |  
inggih pun êmbok Wilapa |  
ingkang kawratan sarira |  
kula punika kang priya |  
dadaging otot arosa |  
raos rêkasa ing lampah ||
22. Karumpilan anèng marga |  
lwir badanta kawawa-a |  
kawula kalangkung wêlas |  
tumingal mring (m)bok Wilapa |  
lampah têbih karepotan |  
luhung pun (m)bok-nom kewala |  
salah satunggal binêkta |  
Cariksutra mèsêm nabda ||
23. Alêrês andika sojar |  
ninging kêdhik kang dadya sabab |  
punika êmbok andika |  
dèn-trêsnani mring ramanta |  
rêke kakang Arundaya |  
marma parlu ingong-gawa |  
tumungkul mèsêm sadaya |  
Ki Carik malih ngandika ||
24. Sêdhêng samya wêktu salat |  
kang liningan gupuh samya |  
angambil toyastu kadas |  
tan na kari sadayanya |  
anulya samya sêmbahyang |  
makmum pra waela siswa |  
wus antara dènnya salat |  
bakda paragat wêktunya ||
25. Rahab samya sasalaman |  
maksih aso sawatara |  
Ki Cariksutra ris nabda |  
lah iki alas grêng tuwa |  
alas ing ngêndi wastanya |  
umatur Ki Sêtradrêma |  
punika Siwiwangkitnya |

talatah ing Jêmbulwana ||

26. Ing mênggêr ngajêng punika |  
Ijêmbul tatêlêngira |  
gawate kabina-bina |  
tan kenging wong salah karya |  
kang katingal kapiyarsa |  
ing sawarni-warninira |  
padhanyangan pakayangan |  
mêgatruh ing jalan lampah ||

Jilid 12 - Kaca : 65

**696 Mêgatruh**

1. Wana Jêmbul inggih sampun adatipun |  
dhêmite sami angglidhig |  
anggêgonjak wong lumaku |  
damêl sasaraning margi |  
kathah kang kalap kablaso ||
2. Marma mangke yèn prapta têtênging Jêmbul |  
sampun salah-damêl sami |  
prayogi kewala minggu |  
sampun sok ngaruh-aruhi |  
sabarang ingkang kadulon ||
3. Anjawi kang sampun kas jalma linuhung |  
manawi dhumatêng maring |  
ingkang apês purugipun |  
kasadat dening dhêdhê-mit |  
kathah kang dadi jarangkong ||
4. Yèn têrkadhang sêtun lujêng-lujêngipun |  
kasasar sadasa hari |  
kêdêr ngêngêl nêng wana-gung |  
datan manggih-manggih margi |  
tan sagêd mantuk mring dhukoh ||
5. Cariksutra mèsêm aris dènnya muwus |  
bumi yèn wis ciri wingit |  
pa-angkêraning wana-gung |  
nora kêna ginagampil |  
ya bêcik padha tinuhon ||
6. Mêngko yèn wus (n)dungkap têtêng wana Jêmbul |  
aywa na kang salah-kardi |  
sadaya tumungkul bukuh |  
samyamituhu ing kapti |  
dèn-tulus lampah kemawon ||
7. Yèn wus aso suwawi samya lumaku |  
nulya dandan padanèki |  
èstri sagendhonganipun |  
(n)dan umangkat sadayèki |  
nganjat palunguran alon ||

8. Ngalor-ngetan nglintangi lêbak pupundhung |  
mahas ing wana-wana writ |  
sumyaking wrêksa katiyup |  
ing angin asru swarèki |  
krosaking ron aking rigol ||
9. Sêmpaling pang garing kumrosak kasanggul |  
milir lir janakan bènthik |  
sumyur kumrosak tibèng wu |  
swaraning pêksi wanadri |  
podhang kudhong tumalawong ||
10. Rangkok lawan kulilingan sunggilêsung |  
tèngkèk buta lan bibintit |  
bidho darès jakawuru |  
bahah êngkak platuk gogik |  
bubut manol jalak menco ||
11. Amêlingi pêksi gonggongan munya sru |  
Ni Pêlangi tanyèng laki |  
pêksi punapa puniku |  
asri lir kakêmpul muni |  
kang kumandhang tumalawong ||
12. Ki Sèh Modang amênging bibisik muwus |  
aja sok sira ngaruhi |  
paran pira nora ngrungu |  
tan kêna asalh-kardi |  
mênênga bae ywa takon ||
13. Lamun ana bebeka ingkang tinêmu |  
nulya mênêng Ni Pêlangi |  
lumampah anamur-namur |  
mrih parêk mring Jayèngragi |  
minggir sarimpang sarimpong ||
14. Parêk Jayèngraga ring-iringanipun |  
kèh swabawaning wanadri |  
swarane sato karungu |  
bêngohing banthèng jajawi |  
myang singa krura sru anggro ||
15. Uwa-uwa warangutan bêdhès lutung |  
kidang manjangan lan kancil |  
myang kapyarsa swaranipun |  
tan ana ingkang kaèksi |  
sawarnining buron sato ||
16. Ni Pêlangi samana marêm tyasipun |  
parêke tan dèn-endhani |  
Plangi nut pinggir dêlangung |  
wontên sênggrut pinggir margi |  
kagyat tan wruh yèn ana wong ||

Jilid 12 - Kaca : 66



17. Sru anggêbrès aglis kumrosak malayu |  
 ngranguk kagyat (m)bok Palangi |  
 bilas bayas manas mênus |  
 gupuh ngrangkul mring Jèngragi |  
 pêner pupu cêthik bokong ||
18. Tangan têngên anyandhak ngisor kêkêmpung |  
 sêdyane gondhèlan jarit |  
 mak-mêg jêbul nyêkêl guthul |  
 nglèntroh prandene gêngnèki |  
 sagulune kucing mukok ||
19. Jayèngraga anggronjal mêngkang kang ngrangkul |  
 sêmada maksih ngukuhi |  
 nulya dèn-culkên mak gandhul |  
 rada madédêng sathithik |  
 Jayèngraga mèsêm mengo ||
20. Bok Pêlangi mêtêngès sarwi amuwus |  
 e e kaliru sun iki |  
 jawane bagus ngong rangkul |  
 panyanaku kyai mami |  
 dene lèhku ngrangkul kukoh ||
21. Pan sadaya sarêng dènnira gumuyu |  
 Jayèngraga angêdohi |  
 Ni Pêlangi batinipun |  
 dhasar wus panjaragnèki |  
 pi-api anyêngguh bojo ||
22. Langkung lêga abungah dènnya kaliru |  
 kabênêran tanganèki |  
 anyêkêl guthul gumandhul |  
 pangrasane Ni Palangi |  
 gêng panjang salêngên aboh ||
23. Adhêg-dhêgan tarataban manahipun |  
 tênta dudu kagètèki |  
 cêge dènnya nyêkêl guthul |  
 pira pêtotongirèki |  
 ngèlèntroh mangang ginêpok ||
24. Gêdhêg-gêdhêg batine kapengin wêruh |  
 surasanira rinèsmi |  
 sangsaya gêng brantanipun |  
 marang Kae Jayèngragi |  
 mêjên tyasira lir nglamong ||
25. Sêleyoran (m)bok Palangi lampahipun |  
 Sèh Modang amarêpêki |  
 mring rubiyah mlas andulu |  
 sinêngguh duk kagyat ajrih |  
 tan anyana yèn wirangrong ||

Jilid 12 - Kaca : 67

26. Yata wau lêstari ing lampahipun |  
 (n)dungkap têngahing wanadri |  
 têtêlênging wana Jêmbul |  
 anyênyêt tan na kumrisik |  
 myang bawane pêksi sato ||
27. Nadyan angin tan ana samun sumrubut |  
 dhêdhêp tan na sabawèki |  
 [---] |  
 wrêksa gung ngayom ningêkbi |  
 margi rêsik lir sinapon ||
28. Nulya ana papagan jalma andulur |  
 wong kang mikul kothak ringgit |  
 gamêlan ngangkring pinikul |  
 kêndhang tinatap samargi |  
 myang kêncure dèn-gêgêmbor ||
29. Plak-blang plak-blang kêncure tinabuh jar-jur |  
 dhalange lumakyèng ngarsi |  
 mèrèt ikêt jingga madu |  
 nyathok ngêlangak dèn-irit |  
 kang angundang grigah-grigoh ||
30. Panggêndèrè amêndèr sêmada ayu |  
 ngêmpit kêba gendhong kandhi |  
 dèn-gêgawe solahipun |  
 nèng wurine dhalangnèki |  
 nèng marga tansah têtakon ||
31. Adoh têtêmên ramak êndi dhukuhipun |  
 ing Buntas kang nanggap ringgit |  
 dhalange noli sumaur |  
 ya wus parêk saking ngriki |  
 lor kono tumuli katon ||
32. Nimpang kene bae kang glis praptanipun |  
 yèn nimpang mau ing wuri |  
 (n)dadak mingêr turut lungur |  
 dalanggung rungud arumpil |  
 kasuwèn ingêre adoh ||
33. Nulya nimpang ngalor-ngetan lampahipun |  
 sarwi mumrungu sru angling |  
 dimèn tinuruta laku |  
 sayêktine dudu jalmi |  
 pan dhêmit mrih sasaring wong ||
34. Wontên malih ing wuri narêngi laku |  
 rênggèng sathuyulirèki |  
 badhut niyaga nèng pungkur |  
 mikul gambang kêndhangnèki |  
 rêbab kêthuk lan kênonong gong ||

Jilid 12 - Kaca : 68

35. Darèngèsan wèh ulat ingkang lumaku |  
sarwi sindhèn angêringih |  
ririhi swara manis arum |  
mêrit mêthit anjalirit |  
amêlat ati lir gigol ||
36. Tinabuhan cangkêm mring niyaganipun |  
badhute anyênyênggaki |  
ronggèng ngècèr adol ayu |  
sarwi ngincang-ngincang alis |  
sadalana-dalana guguyon ||
37. Kang ginonjak ing liring sadayanipun |  
tansah asabil jro ngati |  
yèn wong tan kandêl ing kalbu |  
pasthi kedanan kêkanthil |  
mring dhêmit kang mindha gambyong ||
38. Sabab uwus dèn-ati-ati ing wau |  
ing sagodha dèn-kawruhi |  
sadaya kewala minggu |  
anêguhakên ing budi |  
panggodhaning setan gonggo ||
39. Wus rinêksa dening Hyang rahayunipun |  
laju lampahira aris |  
ronggèng dhanyang amumrungu |  
payo padha nimpang ngriki |  
marang ing Buntas glis rawoh ||
40. Nulya nimpang kang mindha ronggèng lan badhut |  
ujare mring Buntas dèsi |  
lêstari datan kadulu |  
pra ngulama lampahnèki |  
akathah ingkang kadulon ||
41. Wènèh ana turangga lir jaran ucul |  
angobrog brag-abrag misih |  
myang arupa mesa lêmbu |  
myang kidang manjangan kancil |  
mêrpêki tutut lir angon ||
42. Tan dinulu panggodhanirèng lèlêmbut |  
yata kang samya lumaris |  
mèh kalintang wana Jêmbul |  
nuju ana kang ngapêsi |  
(m)bok Pêlangi kang wirangrong ||
43. Marang Jayèngraga tyasira kalangkung |  
kasmaranira tan sipi |  
marma padhanyang ing Jêmbul |  
akèh samya mikatoni |  
ana kang mawi wong wadon ||

Jilid 12 - Kaca : 69

44. Pan kagèbang mring wong lanang dahat wuyung |  
manah garowah ingikis |  
setan alasan jumrunuh |  
mampêl wong gimir kagingsir |  
anglanjingi wong anglamong ||
45. Ni Palangi saya kagagas tyas nganyut |  
kacipta têtênging ati |  
baya-baya wong abagus |  
dahat trêsnane ring kami |  
yèn sun tiba ing jurang jro ||
46. Anulung pangeman anggèn-ngong kaparung |  
benjang sajroning kapatin |  
atuduh marga kang ayu |  
nèng wot siratul-mustakim |  
tutulung nuntun maring ngong ||
47. Pan sakala Palangi salah pandulu |  
pangrasane kang kaèksi |  
Jayèngraga arsa ngayuh |  
ing jangga sarwi ngèsêmi |  
nulya tan darana gupoh ||
48. Kanyuting tyas pangrasa mara anggapyuk |  
lir jorongên tibèng siti |  
gumalinting kadya wuru |  
netya mundêlik mucicil |  
cangkêm malat mèlèt mèncos ||
49. Lambe ngisor mèlèt ngiwa lambe dhuwur |  
mèrot nêngên manggut ngalih |  
Ki Sèh Modang gupuh-gupuh |  
anulungi rabinèki |  
sasambate bêkah-bêkoh ||
50. Adhuh-adhuh lah piye Nikèn sirèku |  
daruranira kadyèki |  
dhuh yayi tan nyana têngsun |  
Ki Modang sarwi anangis |  
anyandhak kang kantokèng (n)don ||
51. Dadya kandhêg sadaya ing lampahipun |  
angrubung mring kang tan eling |  
Palangi lagya kaganggu |  
klawan mring kang marabumi |  
jalwèstri samya mlas tumon ||
52. Mring Palangi kang kasêngkalèng dalangung |  
katulah dening dhadhêmit |  
bilai nèng saba purug |  
kasrakat anèng wanadri |  
kulawangsanira adoh ||

Jilid 12 - Kaca : 70

53. Nèng sandhape kusambi dènnira kantu |  
 parèstri gupuh nulungi |  
 kang nalusur salang gulu |  
 kang dududi athi-athi |  
 nimbok Wilapa adhokoh ||
54. Ngêndhieh mring kang lanang Palangi pinangku |  
 mring Wilapa dèn-popohi |  
 sarwi pinêtêk cinêluk |  
 palabohi palabohi |  
 sarta sirah dèn-gêgelo ||
55. Ki Sèh Modang anangis tan bisa (n)dulu |  
 lir mèlu-mèlua mati |  
 saking gênging trêsnanipun |  
 Ni Plangi dènnya tan eling |  
 Ni Cênthini anggagotho ||
56. Ni Turida Rancangkapti wlas andulu |  
 lan cipta samar pribadi |  
 nèng satêngahing wana-gung |  
 sira Nikèn Rarasati |  
 alêga tyase angontor ||
57. Micarèng tyas lah sokur modar sirèku |  
 wong mèndrès drapon mèjèsi |  
 arêp nènêmpila iku |  
 tan mambu bojone ngalim |  
 tingkahe pêdhot (n)dhêrodhot ||
58. Kêna walat rasakna sariking ngèlmu |  
 atine dipêdhot dhêmit |  
 kêjot-kêjot nèng wana-gung |  
 jêdhète sisan sirèki |  
 ujêr ngrangkul bojoning wong ||
59. Ni Turida wus wruh lèlèjême sêmu |  
 sasmita mèsêm nudingi |  
 Rarasati namur-namur |  
 katuju ciptaning galih |  
 pasangkrup dènnira enyor ||
60. Rarasati bibisik dènnira matur |  
 mring kang raka Jayèngragi |  
 puniku kula wlas dulu |  
 doh sanak wong tuwanèki |  
 nèng saba paran yun layon ||
61. Bok dèn-grayang-grayang ngriku dipun sêmbur |  
 nèk slak seda Ni Palangi |  
 owêl warnanira ayu |  
 kang nguyuni wong sabumi |  
 yèn andhulêng mendrong-mendrong ||

62. Jayèngraga ririh anambungi wuwus |  
anyar tèmên ujar iki |  
nora pasaja ing sêmu |  
sun pan ora ika-iki |  
ing kono iku ta êmboh ||
63. Dudu mukrim lawan dudu wajibipun |  
kapindhone apan uwis |  
bojone ngulama bagus |  
tan kuciwa liring ngèlmi |  
wus pasthi bagining jodho ||
64. Datan kêna wong angrusak pagêr-ayu |  
nadyan nyênyêmbura mami |  
anggrayang saengganipun |  
mangsa ngaraha punapi |  
kaya tan ana sisikon ||
65. Rarasati mèsêm sarwi (n)jawit pupu |  
klêsik-klêsik anauri |  
lae mendahne yanipun |  
sêmangsa lêkas (ng)grayangi |  
(ng)grayang dhadha kang lir aboh ||
66. Jayèngraga kabrongot dènnira guyu |  
sinamur nauri ririh |  
ambakna wong duwe tangguh |  
mêg bae gya anguyêri |  
anggacêg kaya wong wus wroh ||
67. Pra waela uning guthitaning wuwus |  
samyâ mèsêm tutup lathi |  
yata kang lagya tan emut |  
adangu dèn-uli-uli |  
Cênthini Wila wong ro ||
68. Dèrèng wontên titike jalêre kantu |  
Palangi jroning tan eling |  
katon wong gêdhe adhuwur |  
amêksa-mêksa ngramuhi |  
sida kêna binalotong ||
69. Ing gandarwo nimbok Palangi anjêpluk |  
kagêghèn balotongnèki |  
pangrasa-krasa mak blusuk |  
kapêntut angolang-aling |  
tan bisa sambat lara bot ||
70. Tan bisa bah lir wong tindhihên aturu |  
marêngut sarwi mundêlik |  
sadya wêlas andulu |  
Wilapa lawan Cênthini |  
(m)bênêrkên lambe kang mencos ||

71. Angacêcêng amung êntute (n)dharudhut |  
 prat-prèt that-thut thut-thit thit-thit |  
 lan marêngut amacucu |  
 wontên rah tambas ing tapih |  
 ing ngandhap bênging bokong ||
72. Samya cipta kawatir sadayanipun |  
 tan wun sipêng (ng)gyan wanadri |  
 Ki Malangarsa lon matur |  
 marang Ki Carikstraki |  
 dospundi karsanta rêko ||
73. Mangsa borong puniku usadanipun |  
 de langkung kawêlas asih |  
 Palangi nêng saba purug |  
 Carikstrutra ngrês kang galih |  
 pangandikanira alon ||
74. Anak Mangunarsa sumangga ing ngriku |  
 tutulung ing kawlas asih |  
 ingkang karidhu kaganggu |  
 kaparaging marabumi |  
 yèn sisip padhêm sayêktos ||
75. Kang liningan Sèh Mangunarsa ta iku |  
 kapasuk awlas ningali |  
 nulya (n)donga Balasrèwu |  
 Têraca Basmah lan Sabit |  
 Sarangat Mujarad Jabo ||
76. Pan istijab sakala pandonganipun |  
 atuntun napasirèki |  
 Palangi sajroning kantu |  
 nir gandarwo kang ngramuhi |  
 lir ngimpi wontên kang katon ||
77. Mangunarsa kang kadulu jroning kalbu |  
 sasrêngên amituturi |  
 hèn Palangi sira iku |  
 kêna musibating laki |  
 lan babênduning Hyang Manon ||
78. Kasiyasat awit maksiyat budimu |  
 anilip tyasira nisir |  
 pêcat iman kang rahayu |  
 tobata sira ing laki |  
 kalulunganing asinglon ||
79. Kapindhone marang Hyang Kang Murba-wêgung |  
 tobata naro kang aglis |  
 dyanta ngayam-ayam kayun |  
 anjulu ing jinajidik |  
 mring Jayèngraga sirèko ||

Jilid 12 - Kaca : 72

80. Ngajak tingkah palanahan nora patut |  
jalma kêna ko(k)-gorohi |  
pangrasamu tan na wêruh |  
balik kuwasaning Widdhi |  
wruh salire tingkah linyok ||
81. Wus mangkana dènnya srêngên lan pitutur |  
nulya musna tan kaèksi |  
(m)bok Pêlangi kang akantu |  
nulya mulya angalilir |  
tangi mudhun saking pangkon ||
82. Ni Wilapa kabêbêsan rah king njung |  
Kae Sèh Modang agipih |  
angrangkul mring rabinipun |  
ngling paran sira wus eling |  
nauri wus mulya ingong ||
83. Carikсутра tanya mring kang mêngtas kantu |  
(m)bok adhi paran sirèki |  
wus dhangang laranirèku |  
kasambêt anèng ing margi |  
kalawan apa kang katon ||
84. Jroning kantu manawa ana kadulu |  
Sèh Modang aris nauri |  
lah yayi sira dinangu |  
kang kèksi sajroning lali |  
matura ingkang sayêktos ||
85. Ni Palangi umatur sarwi rawat luh |  
inggih kawula (n)Jêng Kyai |  
kang kadulu jroning kalbu |  
saking gêng duraka mami |  
babênduning Hyang Lwih awon ||
86. Langkung sangêt inggih botên pantêsipun |  
mimirang lamun kawijil |  
Sèh Modang nging rabinipun |  
yayi aywa wadi-wadi |  
lah pasaja-a kemawon ||
87. Ngarah apa sakaton-katone kantu |  
Ni Palangi matur aris |  
yaktosipun kang kadulu |  
wontên tiyang gêng ainggil |  
mêksa ngramuhi maring ngong ||
88. Tan kawawa kawula sangsayèng lulut |  
sèwu sasakit nampêki |  
nulya kawula tan emut |  
yatamba nuntên lir ngimpi |  
wontên malih ingkang katon ||

Jilid 12 - Kaca : 73



89. Dede dhêmit gandarwo kang katon wau |  
sirna tan kadulu malih |  
myat sang Sèh Mangunarsèku |  
angandika mituturi |  
duduka sangêt maring ngong ||
90. Kinèn tobat kawula mring Hyang Maha Gung |  
lan kinèn tobat mring laki |  
sawusipun dènnya bêndu |  
nuntèn kawula ngalilir |  
wus èngêt mulya ragèngong ||
91. Kang miyarsa sadaya samya angungun |  
gêgêtun lir wong kaptin |  
Rarasati ngling ing kalbu |  
abamu wong sundêl anjing |  
diblêgo maring gardarwo ||
92. Carikutra aris dènnira amuwus |  
lah Sêtradrêma kang êndi |  
marga sisimpanganipun |  
kang marang ing Buntas-ardi |  
Ki sêtradrêma turnya lon ||
93. Inggih mangke kêdhik ing ngajêng puniku |  
lungur pajatèn kang garing |  
margi kang nyidhat martêlu |  
kang ngetan maring Kadhiri |  
mring Wintênsowan kang ngalor ||
94. Ingkang ngilèn marang Buntas lajêngipun |  
marga dhatêng Sokawati |  
mangkya yèn wus langkung Jêmbul |  
sadungkapan nuntèn panggih |  
marginipun kang mangulon ||
95. Lah ta payo umangkat sasêlotipun |  
suwawi nakmas lumaris |  
nyrêmpêng sawataranipun |  
maklum mring kang maksih sakit |  
saduginipun linakon ||
96. Sadaya turira sumangga ing kayun |  
saksana mangkat lumaris |  
tan kapapag jalma laku |  
kalintang kang wana wingit |  
praptèng marga kang mratêlon ||
97. Nulya laju nimpang ngalor nut lulungur |  
ingiring jurang kapering |  
marga karakal asiluk |  
sungil tawing jurang trêbis |  
nètèr gênêng nut tutunon ||

Jilid 12 - Kaca : 74

98. Palataran patugaran wana sêpuh |  
 bêbangkaning alas nipis |  
 munggah tumurun atrêjung |  
 tatas pagrênganirèki |  
 taratab gêrumbul bondhot ||
99. Palêbakan jurang pabêlikan ranu |  
 sri kayoman ing sulastri |  
 samyarsa raryyan ing ngriku |  
 mangguh (ng)gyan kumlasa rêsik |  
 wanci wus pidak sapuloh ||
100. Samya arsa wêktu salat Ngasaripun |  
 nulya ngambil toyastuti |  
 samana kakirên wêktu |  
 wus bakda dènnya ngabêkti |  
 rahab salaman aroyom ||
101. Tan umangkat tumuli ngantya kang ewuh |  
 wus bakda Ki Modang gipih |  
 ngrumati rabinirèku |  
 kang lagya amasuh tapih |  
 klêprèh dening rah (n)dêrodos ||
102. Ki Sèh Modang bisik-bisik wuwusipun |  
 priya ta duwèkirèki |  
 apa katiwasan iku |  
 kang bubrah punapinèki |  
 kang jaba apa ta kang jro ||
103. Ni Palangi lara-lara mèsêm muwus |  
 tan bubrah-bubrah sih bêcik |  
 pangrasa kewala kalbu |  
 lêbur rusak ting bêsasik |  
 panyana-kula wurung wong ||
104. Botên ewah maksih kados sabênipun |  
 dene rah-kula puniki |  
 dhasar rah kèl garapsantun |  
 sakitipun awak-mami |  
 sakit dèn-li-uli rapoh ||
105. Ki Sèh Modang manthuk-manthuk sarwi muwus |  
 sokur Alkamdulilahi |  
 dhuh ya Allah sira masku |  
 duke maksih waras wiris |  
 dhuh wong anom mênos-mênos ||
106. Sarwi angudhari sabukipun wulung |  
 sinêbit rong kacu nuli |  
 sinungkên rubiyahipun |  
 tinampan kinarya pipih |  
 ampingan ingkang alêgok ||

Jilid 12 - Kaca : 75

107. Ki Sèh Modang dhokoh mring rubiyahipun |  
 anggêpuk padhas kang aking |  
 lininting liruning awu |  
 tinrap pangawênging kêndhit |  
 gumuyu de misih wutoh ||
108. Nulya tinapiyan bêngkungan sampun |  
 Sèh Malangarsa mèsêm ngling |  
 layak yèn Ki Modang wiku |  
 dèn-trèsnana ing rabi |  
 lamun kawarisan wayoh ||
109. Ki Sèh Amongsari gumuyu umatur |  
 yèn yayi Sèh Modang inggih |  
 trêсна ing bojo kalangkung |  
 puniku wau sun-dugi |  
 sabukipun dèn-kêkêthok ||
110. Panyêbite dipun-kacu ngêrong kaku |  
 kirang priksa lajêngnèki |  
 anèng lègogan kadulu |  
 kang myarsa gumuyu sami |  
 Mongsari dènnya miraos ||
111. Nulya Ki Sèh Modang lawan garwanipun |  
 praptèng (ng)gyan sarêng-alinggih |  
 samya mèsêm sêmunipun |  
 Ki Mongsari angguyoni |  
 tan jamake duwe bojo ||
112. Lir mintuna lan mimi tansah ruruntung |  
 Ki Modang sihirèng rabi |  
 kaya kèndhêla lan pulut |  
 tan kêna bênggang satugi |  
 alèngkèt lir gula lodong ||
113. Pasabuke baya yayi Modang iku |  
 wong dadi gamêl gumati |  
 angêndhalèni trap apus |  
 ngabah-abahi pribadi |  
 ngambêni dhewe gumatos ||
114. Wusing kinambilan turangga tinuntun |  
 gamêl ngiras anêgari |  
 Kae Sèh Modang anjumbul |  
 sangsaya ginuyu sami |  
 mulat marang kang pinoyok ||
115. Ki Sèh Modang mèsêm anauri wuwus |  
 lo raka (ng)gêpok wawadi |  
 iku kapanane-wêruh |  
 Ki Amongsari nauri |  
 mung sun-duduga kemawon ||

Jilid 12 - Kaca : 76

116. Ngling hêm dene duduga lir blènyè wêruh |  
 (ng)gih kakang dospundi malih |  
 rayat nandhang kawlas-ayun |  
 anèng paran tanpa kanthi |  
 yèn tan bojone katêmpoh ||
117. Ki Mongsari nauri (ng)gih inggih sampun |  
 alêrês tèmên pun adhi |  
 manira pan namung sukur |  
 sadangunya rèrèn sami |  
 Ki Modang dadya guguyon ||
118. Kae Cariksutra lon andikanipun |  
 suwawi mangkat lumaris |  
 manawi tanggêl tan tutug |  
 ragi sinêrang sakêdhik |  
 daluwa Mahrib kemawon ||
119. Kang liningan pan sumangga aturipun |  
 (n)dan samya mangkat lumaris |  
 nètèr palungguranipun |  
 grumbul babangkan wanadri |  
 tinugar tilas tutunon ||
120. Ana rêmpeṅg anusup galagah rayung |  
 pakêtêpan wana nipis |  
 anjor kewala lumaku |  
 nampak ara-ara iring |  
 katon dhukuhe sih adoh ||
121. Pamênggêraning wukir Buntas kadulu |  
 têngal pagagan palêstrin |  
 asêpa talunanipun |  
 grumbule dhusun awêrit |  
 ronning kamal lir sisinom ||

### 697 Sinom

1. Ing wanci surya pancala |  
 prabane karaba misih |  
 kang ngatonni wawayangan |  
 suluhing surya muryani |  
 sahyèng kang arsa prapti |  
 mring Buntas amara-tamu |  
 sênênnira asunar |  
 ring radityarsa ngayomi |  
 munggal tejaning ngulama angusuma ||
2. Kang mapan ing pasabinan |  
 tulus kang sarwa winiji |  
 gadhu myang tadhahan gaga |  
 patêgalanira asri |  
 patalunan palêstrin |  
 sangkêp kang sarwa tinandur |  
 pala-pêndhêm kasimpar |

Jilid 12 - Kaca : 77

- pala gumantung ngêmohi |  
samyã pinagêran wuluh sarisigan ||
3. Tinurut toya tirihan |  
kumriwik toyanya wêning |  
marga arêsik arata |  
suka kang samya lumaris |  
kascaryan aningali |  
kang têtgal pagaganipun |  
kara kacipir kacang |  
sêmangka timun kêrsi |  
sêdhêng mangsa ngêmohi langkung andadya ||
4. Wiyar pasabinanira |  
pawukiran loh jinawi |  
wus parêk kang pinaranan |  
lêga tyasira umèksi |  
dhukuh Parapat dèsi |  
ing sakiwa-têngênipun |  
jalma myang rare gumyah |  
samyã gusah-gusah pèksi |  
anggêgêtak gonjèng sasawining sawah ||
5. Sêdhêng suruping Hyang Arka |  
jalma kang samya sasabin |  
kukut mulih sowang-sowang |  
kang samya mêngtas makardi |  
kang mêngtas ngungundhuhi |  
kang mikul garu waluku |  
nuju wontên santrinya |  
kakalih mêngtas adhangir |  
saking patalunan ngumbah paculira ||
6. Santri Putih santri Bêlang |  
samyã mikul pacul mulih |  
kapagutan kang lalampah |  
Ki Sêtradrêma umèksi |  
gupuh dènnya ngaruhi |  
lo jêgge si adhi iku |  
santri Putih pa iya |  
lan Ki santri Bêlang iki |  
kang ngaruhan samya kagyat saurira ||
7. E dene iku kang Drêma |  
punapi lampah pribadi |  
punapi wontên tinuta |  
wuri dhatênge mariki |  
sêtradrêma nauri |  
Cariksutrarsa martamu |  
marang kiyai-ndika |  
ing Buntas Ki Arsêngbudi |  
tinutakên ing putra para ngulama ||
8. Dadya kandhêg lampahira |  
Ki Cariksutra nambungi |

lah ênggèh rika matura |  
kyai-ndika Arsèngbudi |  
yèn manira kang prapti |  
parlu ngong arsa papanggih |  
rèh wanci katanggungan |  
ing waktu parluning Mahrib |  
mangkya bakda Ngisa kewala matura ||

9. Manirarsa angupaya |  
(ng)gon salat ingkang asukci |  
santri Putih aturira |  
mangke kawula-aturi |  
papan ingkang prayogi |  
lèpèn ing ngajêng puniku |  
papanta pasalatan |  
-nipun Kae Arsèngbudi |  
anèng pinggir lèpèn sela pinalatar ||

Jilid 12 - Kaca : 78

10. Lèpèn alit nikung marga |  
kayoman rêjasa-sari |  
jajambaning Buntas desa |  
pangangson padusannèki |  
Cariksutra nauri |  
lah ênggèh payo dèn gupuh |  
têkèng ing pasalatan |  
wêktu yèn kasêlak akir |  
nulya samya lumampah agêgancangan ||

11. Tan adangu nulya prapta |  
kali sawêngkoning ardi |  
raryyan ing sela malatar |  
Cariksutra angling aris |  
maring ki santri Putih |  
manira raryyan awêktu |  
rika laju matura |  
ring kakang Ki Arsèngbudi |  
ngong êntèni nèng kene bakdaning Ngisa ||

12. Ki santri Putih turira |  
inggih kawula tur-pèksi |  
nulya munggah maring Bustam |  
gupuh kang samya tur bêkti |  
samya mèt toyastuti |  
laju kewala amarlu |  
Mahrib tan mawi sunat |  
Sèh Mangunarsa ngimami |  
bakda Mahrib wabin têkèng bakda Ngisa ||

13. Wus samya asêsalaman |  
yata kang anèng wismèki |  
Ki Arsèngbudi wus bakda |  
Ngisa saking Mahribnèki |  
laju kewala maring |  
wismanira tata lungguh |

kalawan rabinira |  
sarta sabate kakalih |  
santri Dhawuk santri Bêlang anèng ngarsa ||

14. Wiyadi matur ring raka |  
yèn parêng ngong saos bukti |  
Arsèngbudi lon lingira |  
mêngko wêngèn-wêngèn thithik |  
lan rada sun-kêpengin |  
age tawon lan bêtutu |  
kalawan liwêt tambra |  
sambêl rajangan kacipir |  
kêmbang pêlêm kang pêpak lalabanira ||
15. Sangsaya akèh kèlingan |  
sêlot wuwuh ngong-karêpi |  
lawuhan myang nyanyamikan |  
sêgêran lan manis-manis |  
myang jangan kang nyêgêri |  
Ni Wiyadi ngling gumuyu |  
nora têka nglêngkara |  
sintên rewange abukti |  
daludalu têka mundhut rowan-rowan ||
16. Arsèngbudi mèsêm nabda |  
rêke kewala kapengin |  
gumantung arsa mamangan |  
tambah wawane tyas-mami |  
gajêg arsa abukti |  
lawan wong akèh akêmbul |  
Ni Wiyadi turira |  
kewala ing benjing-enjing |  
ngong cal-ucal lawuh lawan nyanyamikan ||
17. Eca dènnya sosojaran |  
kae santri Putih prapti |  
ing ngayunan aturira |  
kawula ngaturi uning |  
mangke wontên tatami |  
rinta ki Cariksutrèku |  
ing Gunungsari sarta |  
akathah ingkang umiring |  
jalu èstri kados wontên kalihdasa ||
18. Sêmune sami ngulama |  
kêdhik santri kang pangiring |  
akathah ngawiryana |  
maksih nèng têtèping kali |  
amba kinèn tur uning |  
rinta ngantya bakda wêktu |  
Mahrib prapta ing Ngisa |  
nèng lèpèn (ng)gyannipun nganti |  
Arsèngbudi mèsêm aris angandika ||

Jilid 12 - Kaca : 79

19. Tan bodho osiking driya |  
 sun arsa kêmbulan bukti |  
 lawan sanak-sanak kathah |  
 kadya ana kang sun-anti |  
 angling marang ing rabi |  
 lah wus marata dèn gupuh |  
 sidakêna bêbêthak |  
 lah-olah kang sarwa pèni |  
 kang prayoga (ng)gyanta atata sugata ||
20. Santri Dhawuk santri Pancal |  
 santri Bêlang santri Putih |  
 gêgêlara ring pandhapa |  
 rêsikana di-miranti |  
 lampit kalasa suci |  
 yèn wis milua nyaimu |  
 babêthak olah-olah |  
 ngundanga wong jalu èstri |  
 kang liningan santri sakawan agêpah ||
21. Anggêgêlari pandhapa |  
 pinandaman kanan kering |  
 Ki Arsèngbudi ris nabda |  
 payo sira santri Putih |  
 padha-a mêthuk tami |  
 manira nganti nèng pintu |  
 pasangana didiyan |  
 agupuh ingkang sinung ling |  
 sigra mapag marang kang para dhatêngan ||
22. Ingantu lan satrinira |  
 anèng ing kori sirèki |  
 santri Putih kang dinuta |  
 ngaturi kang para tami |  
 kang tinuduh nulya glis |  
 sarwi (m)bêkta oboripun |  
 tan dangu nulya prapta |  
 ing pinggir kali Ki Putih |  
 matur lah suwawi andika ngaturan ||
23. Ingantya nèng paregolan |  
 ing rakanta Arsèngbudi |  
 agupuh Ki Cariksutra |  
 sarya ngling anak suwawi |  
 ngaturan laju sami |  
 nulya kerit lampahipun |  
 nganjat têkèng ing Bustam |  
 (n)dungkap padhadhahanèki |  
 malbèng dhukuh praptèng padhadhahanira ||
24. Arsèngbudi uluk-salam |  
 sadaya samya nauri |  
 wa-ngalaekum salam |  
 ngancaran laju wis kerit |  
 anèng pandhapanèki |



wus samakta glaranipun |  
samyata tata alênggah |  
kang pra tamu agipih |  
majêng gantya-gantya samya sasalaman ||

25. Miwah kang para waela |  
samyatur salam ngabêkti |  
binagyan basukinira |  
sadayamatur nuwun sih |  
Cariksutra ngling aris |  
marma kawula papangguh |  
lawan paduka kakang |  
lampah kawula puniki |  
nganutakên ing lampahipun putranta ||

Jilid 12 - Kaca : 80

26. Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
putranipun Kyai Bayi |  
Panurta ing Wanamarta |  
nèng Wanantaka amupit |  
sampun antara lami |  
ing mangkya arsa umantuk |  
maring ing Wanamarta |  
punika putranta maksih |  
Ki Sèh Mangunarsa lan Sèh Anggungrimang ||

27. Kang (n)darbèni Wanantaka |  
pan kadangipun taruni |  
mring sang Sèh Di Amongraga |  
Tambangraras swaminèki |  
kang samya dèn-ulati |  
ing Kae Bayi rumuhun |  
pan wus samya kapanggya |  
ningg Tambangraras Mongragi |  
dènyapangguh anèng têtênging kanêngan ||

28. Jalma wus ahli nujêmba |  
ngulama bangsa Itadi |  
tan cawuh cawêrah jalma |  
pramilanipun puniki |  
kadangipun pra sami |  
tumutur kang samya mantuk |  
kawula ka-ampiran |  
mring pra putranta saratri |  
pan panuju kajat kawula yun panggya ||

29. Lan kakang Kae Rundaya |  
singgih Bayi Panurtèki |  
kawula mring Wanamarta |  
sumêdya kampir mariki |  
kadalon anèng margi |  
marmanya kawula parlu |  
nunukêri jarambah |  
ing dalêm saratri mangkin |

30. Dene kaya wong kadohan |  
nênêmbung anunukêri |  
bagi wus karsaning Sukma |  
yayi lakune mariki |  
kabênêran sayêkti |  
suka pirênaning kalbu |  
de yayi wèh uninga |  
mring ngong yèn putranirèki |  
Jayèngrêsmi Jayèngraga kang susuta ||
31. Kakang Kae Arundaya |  
singgih Bayi Panurtèki |  
loro wus sami diwasa |  
bagus aparamèng ngèlmi |  
duk lampahe ngulati |  
marang para putranipun |  
kang samya alêlana |  
dinuga tan bisa mulih |  
nuju kampir mariki kang Arundaya ||
32. Ngungun manira kalintang |  
duk maksih jajaka cilik |  
mitra wus saekapraya |  
tan rasa rinasèng kapti |  
cipta sayayah-bibi |  
lami tan pangguh pinangguh |  
saratri rarakêtan |  
pajar kalamun ngulati |  
putranira jalu èstri andon paran ||
33. Jawane punika ingkang |  
dèn-upaya andêrpati |  
bot-bote wong susuta |  
sudarma kalih ngulati |  
ngayam-ayam wanadri |  
tan etang durgamèng laku |  
layak yèn gêng sihira |  
mring putra asigid-sigid |  
lah punika warnine bapa andika ||
34. Anakmas kalihe samya |  
ywa taha panganggêpnèki |  
wong atuwa mring pun bapa |  
nging bodho tan anyêkapi |  
paribasan wong angling |  
wong tuwa kakeyan taun |  
kurang bisa wèh warah |  
mring anak putu kang ahli |  
ingkang putra samya noring palungguhan ||
35. Miwah samudayanira |  
tumungkul dènnira linggih |

- Arsèngbudi malih nabda |  
 nuduh mring santrirèki |  
 lah undangên dèn-aglis |  
 nyaimu nêmoni tamu |  
 kang liningan agêpah |  
 nimbali Nikèn Wiyadi |  
 tan adangu rubiyah prapta ing ngarsa ||
36. Arsèngbudi ngling mring garwa |  
 sasalamana sirèki |  
 mring sadaya putranira |  
 samya para ngulama di |  
 roro iku kang siwi |  
 kakanta Arundayèku |  
 Jayèngrêsmi kang tuwa |  
 kang anom Ki Jayèngragi |  
 Ni Wiyadi liningan dhatêng kang raka ||
37. Gupuh dènnira sung salam |  
 gupuh ingkang para tami |  
 angrahabi sasalaman |  
 gantya-gantya jalu èstri |  
 sarwi binagyan sami |  
 sadaya turira nuwun |  
 mangsuli karaharjan |  
 Wiyadi mulat tatami |  
 angrês-angrês dènnira nora susuta ||
38. Kumêmbêng angêmu waspa |  
 sinamun mucang sêngadi |  
 Arsèngbudi wruhing cipta |  
 cêloring naya mèsêm ling |  
 marang ingkang pra tami |  
 singgih bibinta puniku |  
 yèn wruh para pulunan |  
 ngondhok-ondhok tyasirèki |  
 saking dening tan wruh rasaning susuta ||
39. Panggih jaka lawan rara |  
 baginipun wus pinasthi |  
 tan sinung tuwuh susuta |  
 wikan bibinta lan mami |  
 kang datan anuwuhi |  
 manira salaminipun |  
 tan kabuka ing driya |  
 ayun liyaning pawèstri |  
 amung bibinta satungal thil kewala ||
40. Inggang samya sinambra |  
 tumungkul ngunguning kapti |  
 sami milya anglong naya |  
 Ki Arsèngbudi ngling malih |  
 lah rubiyah paran wis |  
 mau (ng)gyannira ngungukus |  
 kalamun wus samakta |

saha saanane nuli |  
saosêna ing ngarsa sugatanira ||

Jilid 12 - Kaca : 82

41. Ni Wiyadi sigra mentar |  
marang ing wisma anuding |  
paran wus pangruktinira |  
rampadan payo dèn aglis |  
ingkang liningan gipih |  
angangkat dhudhulangipun |  
tinup saji karangan |  
tinampa ing jalu èstri |  
apan patang dhulang rampadan amuncar ||
42. Kang sêkul tumpêng mêngana |  
liwêt tambra sêkul gurih |  
sangkêp lalawuhanira |  
age tawon basngèk pitik |  
abon lan dhèndhèng-ragi |  
dhèndhèng êmpuk (m)pal-wak duduh |  
bêtutu pèsan tambra |  
sujènan tambal akinyih |  
babat-galêng ati limpa lan sêrêgan ||
43. Kadhêle tempe srundèngan |  
lombok kêncêng lawan pêtis |  
gadhon rêmpah yêm manjangan |  
gorèngan êmpal lan gangsir |  
barongkos lawan masin |  
krupuk miwah sambêl balur |  
jangan ladha lan pindhang |  
pêcêl-pitik jangan mênir |  
lan lalaban sangkêp tan ana kuciwa ||
44. Wus dènnya tata rampadan |  
Ki Arsèngbudi ngling aris |  
sumangga sami wijikan |  
kewala sawontênèki |  
anèng ing wana wukir |  
bibinta kang kusung-kusung |  
akarya lalawuhan |  
krana Lah kewala sami |  
nadhah kêmbul pikantuk lawan wong kathah ||
45. Inggang liningan agêpah |  
sarêng dènnira wawanting |  
(n)dan lêkas kêmbul anadhah |  
jalwèstri ambêng pribadi |  
pikantuk dènnya bukti |  
dhasar mêngtas alêlaku |  
tan taha inggang drêmbe |  
akokoh jangan sumalin |  
Mangunarsa Jayèngrêsmi Jayèngraga ||

46. Tan pati pikantuk nadhah |  
lantih tan nutugi bukti |  
myang Turida Rarassatya |  
cicik angèmpêri laki |  
Wiyadi ngancarani |  
(m)bok sumangga kang pikantuk |  
kang putra ro aturnya |  
kawula tan nyipta singgih |  
Ni Wiyadi ngrahabi para rubiyah ||
47. Puniku yayi Wilapa |  
dulune tan pati bukti |  
Cariksutra nambung sabda |  
bokayu rinta puniki |  
pun Wilapa yèn bukti |  
tan kenging têbih lan banyu |  
awakipun grahuyang |  
mangsa nêlasna sabithi |  
malah palêkikên dènnya ngêlêt upa ||
48. Puniku yèn wontên wisma |  
tan têbih kalêmuknèki |  
puluke dèn-gontor toya |  
sapulukan nginum warih |  
Wilapa mèsêm angling |  
mendahipun gutuk puluk |  
dhasar sagêd paguywan |  
supaya ginuyu sami |  
Arsèngbudi ngling pundhutên gênuh-ingwong ||
49. Sandhingna kono ywa têbah |  
lamun kasêrêtên bukti |  
manira yèn katêmpuhan |  
mangsa olèha ngulati |  
wong sêmono gêngnèki |  
madhani wong pitu wolu |  
ginuyu ing ngakathah |  
klêmu sinandhingkên nuli |  
Arsèngbudi mèsêm sarwi angandika ||
50. Bok-ipe ywa walangdriya |  
cipta wangwang isin-isin |  
karana Lah ngarah apa |  
wong wus padha mungkul ngèlmi |  
paranta ingkang dadi |  
ing kanikmatanirèku |  
ywa (m)bok-adhi anyêgah |  
wus ganjaranta pribadi |  
kang anutug mrih manpangat angganira ||
51. Wilapa wus tan riringa |  
linadèn sakayun bukti |  
akokoh lawuh caruban |  
sapanjang ngurab-urabi |

Jilid 12 - Kaca : 83

lawuhan sawarnining |  
dadi sapanjang cinarub |  
pakolèh dènnya nadhah |  
rong pulukan ngombe canthing |  
bluwag-bluwêg tangane nora sumimpang ||

52. Wus rampung nèng kokohira |  
anutug dènnira bukti |  
sadaya gawok tumingal |  
sinamun nadhah ngingiwit |  
Wilapa dènnya bukti |  
andêmênakkên dinulu |  
samyã micarèng nala |  
angêpenginakên ati |  
wong amangan drêmbe dulune a-enak ||

53. Wus antara dangunira |  
luwaran kang samya bukti |  
ambêng nulya cinarikan |  
sinungkên santri pêmburi |  
warata jalu èstri |  
sadayanya sami tuwuk |  
gumantya kang sugata |  
punang dhadharan mangarsi |  
sangkêp salir wowohan lan lah-olahan ||

54. Arsèngbudi ris wacana |  
sumangga punika sami |  
adhahar kang nyanyamikan |  
pamangsêg pangusap amis |  
ingkang liningan aglis |  
angalap sasênêngipun |  
wedang lawan dhaharan |  
Arsèngbudi wacana ris |  
yayi Cariksutra won kèndêl rarasã ||

55. Pisapating ngèlmi rasa |  
rinasa ujar kang ririh |  
mungguh kanyatahaning Dat |  
kang têtêp sajatinèki |  
kawula lawan Gusti |  
ciptaning wong kang linuhung |  
dènnya pala buntala |  
sagala sèsine iki |  
èndi ingkang dudu Allah kabèh Allah ||

Jilid 12 - Kaca : 84

56. Kawulane tan kuningan |  
tan kasatmatèng pangèksi |  
lumuh nèng dalêm Dattolah |  
yèku sagara mulya di |  
kathah upaminèki |  
pan tumêka tanpa tuduh |  
myang tulis tanpa papan |  
rêke papan tanpa tulis |

papan anèng sajroning tulis punika ||

57. Lan tunjung tanpa talaga |  
têlaga nèng jroning sari |  
ing sêmu amor lan solah |  
solah tan wênang kawijil |  
kita tan andarbèni |  
tan ana dasih kang luhung |  
lah yayi Cariksutra |  
punika kadi-punêndi |  
liring sabda samya rinasa jatinya ||
58. Ki Cariksutra anabda |  
lah anak Malangarsèki |  
miwah ing ngriku sadaya |  
sami rinaos ing ngèlmi |  
pambukaning ngarêmpit |  
kang konon samya tumungkul |  
Arsèngbudi wacana |  
Ke jêbèng Mangunarsèki |  
linirakên mungguh kajatèanira ||
59. Sèh Mangunarsa lingira |  
sawênayahipun Hyang Widdhi |  
aib sênêting kawula |  
sujalma kang wus linuwih |  
sakèh sawiji-wiji |  
wujuding Allah satuhu |  
kang kèksi samadaya |  
kenging ginêpok rinukti |  
kaananing Hyang masthi wujud balaka ||
60. Dene kang napi lan isbat |  
isbat ananing Hyang Widdhi |  
marma sakaliring sipat |  
sadayanipun puniki |  
inganggêp Allah yêkti |  
sabab Dat wajibul-wujud |  
pinasthi ananira |  
singgih kang sawiji-wiji |  
de kang napi-nipun sagala punika ||
61. Angandika tanpa lesan |  
amiyarsa tanpa kuping |  
aningali tanpa netra |  
ngambu tanpa grananèki |  
akarsa tanpa budi |  
tur langgêng salaminipun |  
dènnya pala bantala |  
sèsining sagara wukir |  
tan kêna sat wukir datan kêna rata ||
62. Sagara tan kêna sirna |  
wa-kayatu bil karo kin |  
urip tan kalawan wa |

karya rip kayun birokin |  
kang urip lan nyawèki |  
ingkang kapanjangan wêruh |  
manungsa sato kewan |  
gêgrêmêtan walang pêksi |  
sakèh jirim saki mugin dadinira ||

Jilid 12 - Kaca : 85

63. Kang murba amisesa |  
marang ing kita puniki |  
saking ing ngriku sadaya |  
sababing kawula wingit |  
kang dipun-pralambèni |  
wrangka manjing curigèku |  
kita puniki murba |  
-misesa maring Hyang Widdhi |  
pratandhanya asung tandha ing Pangeran ||
64. Ingarani ingaranya |  
donya kirna budanèki |  
sèsining bantala kasa |  
tan liyan saking kitèki |  
apan kang amburhani |  
mring kang maujud sawêgung |  
marma sêmbah-sinêmbah |  
lawan pribadinirèki |  
singgih puji-pinuji ing dhawakira ||
65. Makatên malih upama |  
dhadhalang akarya ringgit |  
carma cinorèk Arjuna |  
walulange gudèl gudhig |  
tinêtês sri rinujit |  
ririntik gêmipurani pun |  
ing ngapti panggaweyan |  
wus dinêling pinalimping |  
sasawining bodrèn katha wawalêran ||
66. Pakolih pantês wandanya |  
sari sêdhêng rimbagnèki |  
pangadêge amardapa |  
mèglèh lalambunganèki |  
gêlung janthara mêt hit |  
darèn pawingkinganipun |  
gumantung nglunging jangga |  
liyêping netra alindri |  
dèrèng pulas bagusipun wus kawangwang ||
67. Pinulas prada adènan |  
binabar dadosing ringgit |  
apik susungginganira |  
kalangkung dening rêspati |  
ing sigit cinampurit |  
Rêjuna tuhu binagus |  
wingit pasêmonira |



lir bisa mèsêm pribadi |  
apan saking dening sarwa kabênêran ||

68. Mangka Ki Dhalang mangeran |  
mring gaweaning pribadi |  
ririh lir wêdi-wêdiya |  
dènnira anyêpêng ringgit |  
apan pinêtri-pêtri |  
dèn-suhun pinuthun-uthun |  
kang supadi angkêra |  
wingita amrabawani |  
dadya kae dhalang nut wahyaning wayang ||

69. Makatên malih Hyang Sukma |  
anon ing kita puniki |  
tan pae dhalang mring wayang |  
Rêjunane kang pinusthi |  
sujanma kang linuwih |  
kang wus man maring Hyang Agung |  
wruh kabagusanira |  
kang uning uriping pati |  
kang makatên papan nèng jroning gurita ||

70. Arêmpit yèn winastara |  
ananging punika maksih |  
apan kirang sadungkapan |  
kasampurnaning kajatin |  
tyas kang dèrèng maklumi |  
katarucut salang sêngguk |  
mangeran kang sawiyah |  
-wiyah baranging sakalir |  
apan samar mangeran sawiji rupa ||

Jilid 12 - Kaca : 86

71. Kang kengang uga mangeran |  
marang sagala puniki |  
rêke kabèhe kewala |  
sanalika aywa kari |  
pangandêlipun maring |  
ananing jagad sawêgung |  
tan mimilih ing rupa |  
anakdirakên sawiji |  
tanpa sirna tanpa rupa tanpa swara ||

72. Lir ngarah pupusing jala |  
tampange datan sarênti |  
tinarik tapakuring tyas |  
bêrsih tan wontên kang kèri |  
lamun datan kadyèki |  
nganggêp ing brahala kupur |  
sor-soring kawruh kasar |  
nicir ciring maring pidhir |  
tangèh dungkapipun maring kauwusan ||

73.    Arsèngbudi duk miyarsa |  
lingnya Sèh Mangunarsèki |  
tyasnya kadya pinalêkah |  
cipta kasoran ing ngèlmi |  
wasana angling aris |  
jêbèng Sèh Mangunarsèku |  
aywa tanggêl wasisan |  
unggahing rasaning ngèlmi |  
Ki Sèh Mangunarsa alon aturira ||
74.    Panganggêp ingkang mutamat |  
ing ngèlmi patang prakawis |  
ing sarengat lan tarekat |  
kakekat makripatnèki |  
mungguh Dading Hyang Widdhi |  
apan pasthi ananipun |  
rêke tanpa tuduhan |  
antawis tarèng pangèsthi |  
apan sênêt kijalêng anasir salat ||
75.    Pajênêmaning asalat |  
catur prakara ginaib |  
liripun jinêm patêmyan |  
gêni angin banyu bumi |  
angsal kalih prakawis |  
singgih dhadhaupanipun |  
tirta lawan bantala |  
kang angin kalawan agni |  
tanasube suhud-suhul-mulajamah ||
76.    Punika jatining jagad |  
tangkêbing bumi lan langit |  
tan kenging pinarinciya |  
sèsining bumi lan langit |  
wus tan kasaban bumi |  
sawiji jagad rannipun |  
kula kang tan kuningan |  
makaling niyat sajati |  
kang punika singgih sajatining jalma ||
77.    Kinawasakakên dènnya |  
murbani sèsining Widdhi |  
anasirira Hyang Suksma |  
kapurba niyat sajati |  
pinurna pinarinci |  
tan pae pagêntyanipun |  
sarupa rasaneka |  
suhuling kawula Gusti |  
purnaning ro nir woring jagad tan niyat ||
78.    Apan datanpa pinangka |  
panjoring niyat sajati |  
yèn wus tumancêp ing jagad |  
makal Kalèk wus tan kalih |

- kulane wus tan kèksi |  
 Gusti kewala kang mujud |  
 pinuji ing dhawaknya |  
 kalawan pribadinèki |  
 lamun niyat datan tumancêp ing jagad ||
79. Tan (n)dungkap sawiji Asma |  
 nalirah kalimah kalih |  
 kulane maksih kawula |  
 bangsa ngaral apês dhiri |  
 Gusti sih têtêp Gusti |  
 tan wor tan têtêmu-tinêmu |  
 tan kengang kinayapa |  
 tan bisa langgatan Gusti |  
 marma kita jênêk nêng jaman kapêsan ||
80. Tan tètêng koripanira |  
 tan sumêdya angancang |  
 niyat jatining kadadyan |  
 katungkul lalatahing ling |  
 punika atur-mami |  
 manawi kasaman kalbu |  
 wa-punika sumangga |  
 yèn wontên inggahe malih |  
 lamun saking kakirangan tur-kawula ||
81. Arsèngbudi ris wacana |  
 Ki jêbêng Mangunarsèki |  
 kalangkung dening purna |  
 mumuradane patitis |  
 rahmat raosing kapti |  
 ingundhakakên tapakur |  
 angimpun tyas kang ura |  
 sung tatrapp tyas kang kalêmpit |  
 mulyakakên ing manah ingkang kuciwa ||
82. Yata ing ratri mangkana |  
 wus lingsir dalu kang wanci |  
 Arsèngbudi linging garwa |  
 sira tata-a lèlêmpir |  
 dimèn sami aguling |  
 kasayahèn kang alaku |  
 kang garwa tur sandika |  
 lèngsèr mring wismanirèki |  
 ngambil karangulu lan sisingêbira ||
83. Tinampa lan rowangira |  
 tan dangu prapta ing ngarsi |  
 tinatalèn ulonira |  
 kampuuh pasingêbanèki |  
 Arsèngbudi ngling aris |  
 sumangga lèlêswan ngriku |  
 sami sêsèmèk nendra |  
 ing wanci wus lingsir wêngi |

kang ngaturan èsmu wigih ing wardaya ||

84. Samya lon ing aturira |  
kalangkung nuwun ingkang sih |  
sasêlotipun kewala |  
singgih gampil lamun arip |  
Arsèngbudi ngling aris |  
lah yayi Cariksutrèku |  
benjang-enjang manawa |  
saèstu umangkat mulih |  
manira yun tumutur ing lampahira ||

Jilid 12 - Kaca : 88

85. Maring dhukuh Wanamarta |  
wontên kang karasèng kapti |  
kajat ngong arsa papanggya |  
lan kakang Arundayèki |  
lami wulangun-mami |  
(ng)gyan-sun adrêng yun tatêmu |  
mring kakang Arundaya |  
Bayi Panurta lan mami |  
wus ubaya ing dangu mring Wanamarta ||

86. Mupung samya paparêngan |  
ngalap nut kang arsa mulih |  
mring karajan Wanamarta |  
tirakat angêting margi |  
pra tamu kang myarsa ngling |  
samyènggar suka tyasipun |  
Ki Cariksutra nabda |  
yèn kakang parêng Kiyai |  
maklum dhatêng para putranta sadaya ||

87. Sarèh mring masjid kewala |  
tan taha palêsmarannèki |  
supaya sagêda sarap |  
sasukanipun aguling |  
sayêkti samya èring |  
anèng ngarsane asêpuh |  
mangsa antuka nendra |  
gumuyu Ki Arsèngbudi |  
singgih yayi kalangkung dening prayoga ||

88. Nulya nuduh santrinira |  
nata gèlaran nèng masjid |  
agupuh ingkang liningan |  
pra tamu lèngsèr sing ngarsi |  
samya marang ing masjid |  
ing dalu datan cinatur |  
yata ing wanci pajar |  
sidik wus sami atangi |  
Arsèngbudi maring ing masjid sêmbahyang ||

89. Asubuh lan santri kathah |  
Ki Arsèngbudi ngimami |

tan kir'at wawacan balhar |  
sawusing Patekahnèki |  
apan Surat Watini |  
ingkang sarakangatipun |  
akir Inna-anjalna |  
adêge wus dèn-Kunuti |  
têkèng tahyat salam bakda sasalaman ||

90. Laju samya pupujiyan |  
dhikir donga limang bêkti |  
paragat maca salawat |  
sasalaman sadayèki |  
tata dènnira linggih |  
Ki Arsèngbudi ris muwus |  
marang rubiyahira |  
Wiyadi sajiya bukti |  
kang liningan sigra nuduh pawongira ||
91. Santri jalu èstri sigra |  
ngambil pasungatanèki |  
mring wisma tan dangu prapta |  
Wiyadi anglaladèni |  
yata rampadanèki |  
sarwa ngêt sadayanipun |  
Arsèngbudi ris nabda |  
suwawi sami awijik |  
sêsèmèkan bukti wong arsa lumampah ||
92. Agupuh ingkang liningan |  
jalwèstri ambèng pribadi |  
samya turuh wiwijikan |  
(n)dan lêkas sarêng abukti |  
pikantuk sadayèki |  
antara nadhah anutug |  
sami aluluwaran |  
ambèng rampadan cinarik |  
sinungkên pra santri pambudinira ||
93. Samya nadhah angucapah |  
jalwèstri tan ana kari |  
sadaya wus kawarêgan |  
gantya mangsêgan mangarsa |  
cinaran anyanyamik |  
angalap sasênêngipun |  
wus mangkana luwaran |  
Arsèngbudi ngandika ris |  
lah rubiyah ingsun pamit marang sira ||
94. Kantunna sira nèng wisma |  
manira arsa umiring |  
ring sutanta Jayasmara |  
mulih mring Wanamartèki |  
manira yun papanggih |  
ring kakang Arundayèki |

Jilid 12 - Kaca : 89

wikan tari enggalnya |  
sira kariya basuki |  
sun tan-(ng)gawa santri mung si santri Sêtia ||

95. Nikèn Wiyadi turira |  
tan lênggana rèhing tuding |  
arsa tumuturing raka |  
datan linilan ing laki |  
lah wus sira Wiyadi |  
sasalamana ing ngriku |  
Ni Wiyadi anêmbah |  
angaras padaning laki |  
wusnya nguswa sung salam marang pra putra ||

96. Agêpah sadayanira |  
sinung salam ring kang bibi |  
rahab samya gantya-gantya |  
samya tur pamitirèki |  
winangsulan sabda ris |  
pandonga nutkên rahayu |  
Arsêngbudi lingira |  
sumangga mangkat tumuli |  
mupung enjang-enjang anjuru-dêmungan ||

#### **698 Jurudêmung**

1. Yata kang samya umangkat |  
kang liningan aturipun |  
inggih sumangga ing kayun |  
samya ngling mring rubiyahnya |  
paran wus samêkta iku |  
iya panggendhonganira |  
pra waela turnya sampun ||
2. (n)Dan lêkas samya umangkat |  
mêdal saking masjid agung |  
pra rubiyah anèng ngayun |  
jalu èstri kathahira |  
watara wong kalihpuluh |  
kang pinatah anèng ngarsa |  
anggrêmani ing dêlanggung ||

4 (Nyabrang lèpèn Lumut, narajang pêdhut amun-amun)  
Rombongan sampun dados tiyang kalihdasa. Lampahipun nyabrang lèpèn Lumut, narajang pêdhut amun-amun. Samargi-margi sêsawangan langkung nêngsêmakên, kalêbêt tingkah-polahipun kewan-kewan ing wana. Lèrèn salat Luhur ing pinggiring bêlik, lajêng dhahar sêsarêngan. Saking katêbihan katingal dhusun Ardimuncar, lajêng sami kampir ing dalêmipun Sèh Adimuncar tuwin Arundarsa. Bakda Mahrib sami kasugata, kasambêt têrbangan, singiran kanthi Suluk Bathik Rara Sukci, parlambanging ngèlmi raos cundhukipun kalihan agami Islam. Enjingipun bakda Subuh sami bidhalan. Sèh Adimuncar tuwin Arundarsa sami tumut dhatêng Wanamarta. Kaca 90 - 117.

3. Santri Putih Sêtradrêma |  
 Monthèl lan Iman Sêcaku |  
 Jatingarang gangsalipun |  
 têkèng pasawahanira |  
 anabrang ing kali Lumut |  
 pajamban watu palatar |  
 anètèr palataripun ||
4. Maksih rêmêng saput kisma |  
 pêpêdhut angamun-amun |  
 andulur ingkang lumaku |  
 nut tikuning pagalêngan |  
 pasabinannya atulus |  
 asri swaranya enjingan |  
 cingcinggoling lan dhèdhècu ||
5. Paksi manyar munyèng tawang |  
 baranjangan cucuwiyun |  
 manyura nyangungong mabur |  
 kringinging bêring lan jongkang |  
 anggantêr kokolik tuhu |  
 lir nambrama tanya lampah |  
 mring ngèndi (n)Jêng Kyai guru ||
6. Tinubing para ngulama |  
 asêlur waela kakung |  
 baya doh dènnya nrah laku |  
 blêtupuk lir nambung sabda |  
 wus karuhan ta puniku |  
 doh pisan mring Wanamarta |  
 yun panggih kakaruhipun ||
7. Lan Kae Bayi Panurta |  
 mitrane saeka kalbu |  
 wus lir sayayah saibu |  
 wau ta ingkang lumampah |  
 kapungkuring Bustam dhukuh |  
 sumirat kênyaring surya |  
 duk mijil anggraning gunung ||
8. Ujwalaning Hyang Karaba |  
 nangsayèng (m)bun tiksnaning rum |  
 pradipta lir rêtna rêmpu |  
 lèn citraning ron wantara |  
 cawining nalaga mulu |  
 katrangan ing Hyang Raditya |  
 wèh waluyèng rat sawêgung ||
9. Wau ta ingkang lumampah |  
 wus anglintangi patalun |  
 têngal pasabinanipun |  
 pêlêstrèn pagaganira |  
 patugaran bana tunu |  
 babanggan ra-ara wiyar |

nampak kêkêbing wana gung ||

10. Mahasing wana wuluan |  
tumurun jurang paparung |  
pasêngkan pèrèng lulungur |  
kèh buron kang katingalan |  
kang kidang manjangan paul |  
mong gogor sêgruk balacan |  
jajawi banthèng andanu ||
11. Uwa-uwa warangutan |  
bangan wanara lutung |  
nèng wrêksa karsula timbun |  
samy ngrêmusi pradapa |  
ana kang lagya susunu |  
lir jalma rêrèkanira |  
kang lanang anyundhang gulu ||
12. Mring lutung wadon kang manak |  
ana gupuh ngundang dhukun |  
lumaku rindhik anggriguh |  
kang ngundang ngajak gya-agya |  
dhukunne lir dumèh dhukun |  
ngadi-adi pinilala |  
weya-weya alêlêngut ||
13. Lir kurang sajèn tindhahnya |  
kang tutulung padha lutung |  
parigêl pangolahipun |  
ginêcêl akarya pêjah |  
rinut ngoyot wêtêngipun |  
pinopohan lan godhongan |  
mulya lan pacêngukipun ||
14. Wingwrin anon mangsa-mangsa |  
aprawro mrêsmra swara sru |  
katangguling kol kawangsul |  
singsal tiba sing pènèkan |  
cêthuke anuju julung |  
bapa-biyunge agêpah |  
yun ngambil cêthuk kang runtuh ||
15. Kararah anèng ing lêmah |  
ginèndholan para lutung |  
yèn jalma-a sami muwus |  
pitutur ing sanakira |  
lutung kang kelangan cênguk |  
lah wus aja sira alap |  
pupusên bêtjanirèku ||
16. (ng)Gènnira padha susuta |  
ciptanên darma susunu |  
yèn wus julunge pinulung |  
dening mong mangsa kabla |

Jilid 12 - Kaca : 91



yèn wus pancinipun julung |  
rinêbut mangsa kêna-a |  
yèn pinarêng tombok umur ||

17. Kuwatir nêng pangudhunan |  
yèn anut wawaning napsu |  
nora bêcik kang tinêmu |  
maoni sira Pangeran |  
karsaning Hyang pan wus bêstu |  
babageyaning atitah |  
tan kêna kinudu-kudu ||

18. Slamêt-slamête kangèlan |  
tuwas tan kêna rinêbut |  
lir susulung lêbu latu |  
lutung ingkang tinuturan |  
lanang wadon ngusapi luh |  
ngiwa nêngên surawèyan |  
samyang nangis kalhipun ||

19. Saking gugon-tuhonira |  
awêdi krungu pitutur |  
(m)bobolèh ujar rahayu |  
kinèn narima ing Suksma |  
nanêdha yèn sinung liru |  
mangkana pinaksa-paksa |  
tyasira ingkang asunu ||

20. Sadangunira udrasa |  
anake kang tiba julung |  
cênguke ro bisa wangsul |  
mènèk witing karasula |  
nurut madal saha nuntung |  
sumyak-giyak lutung kathah |  
bapa biyunge agupuh ||

21. Myat suta awijah-wijah |  
agègokan sugun-sugun |  
wau kang samya lumaku |  
Arsèngbudi Cariksutra |  
Malangkarsa samyandulu |  
lutung kadya sung sasmita |  
sarêng dènnira gumuyu ||

Jilid 12 - Kaca : 92

22. Pagut graitaning driya |  
amèmpêr lèlèjêmipun |  
Kae Bayi Panurtèku |  
marma èsême mirasa |  
tunggal sasmitaning lutung |  
kapranan kadya ya uga |  
Ki Bayi lalakonipun ||

23. Yata wau kang lumampah |  
wanci surya nrang malatu |

têtêngakan ing wana gung |  
babangkan ra-ara wirya |  
lang-alang galagah rayung |  
gêlonggong plumpung sawuran |  
grumbul tanwang kalampis pung ||

24. Sumuk tampêking baskara |  
tan ana wrêksa kang eyub |  
adoh paonjotanipun |  
ron kalamênta atiksna |  
ngrujit pagêlanganipun |  
karênjêm bung alang-alang |  
samyã karikuhan laku ||
25. Laju nrang bêtaring surya |  
rêkasaning lampahipun |  
tan ana rèrènanipun |  
bubulak ra-ara wiyar |  
malbèng kêtêbing wana gung |  
nut èrèng pèpèrèng jurang |  
paranging curi aparung ||
26. Kalimudaning lawêdan |  
aririh tinapak lunyu |  
wigih ngarah-arãh laku |  
mawèng têtèping bambingan |  
pringganing jurang atêrjung |  
nètèr anjat palunguran |  
wirangrongan lampahipun ||

### **699 Wirangrong**

1. Asrang swaraning wanadri |  
pring-ori grêng sru gumêrot |  
pring wungwang kanginan angaluwung |  
kapyarsa lir tangis |  
wor siyaking cêmara |  
krosaking pang kang kasingsal ||
2. Wanci wus lingsir pidak-tri |  
samyarsa awêktu Luhor |  
anon pabêlikan sri kang ranu |  
satèpining margi |  
kayoman ing mandera |  
papan sela kumalasa ||
3. Samyã rêrêp sadayèki |  
sukur pakolih dènnya so |  
mahèrantuk kadas dènnya wêktu |  
(n)dan lêkas ngabêkti |  
antara dènnya salat |  
bakda purna salatira ||
4. Rêrêp dènnya ngaring-arãng |  
nèng sor mandera ayom |  
sêgêr kamarutan mapan sèyub |

kasiliring angin |  
jênêk pakantuk raryyan |  
rasa-rasa tumindaka ||

Jilid 12 - Kaca : 93

5. Kang (m)bêkta sasangunèki |  
bubucu kalawan lawoh |  
miwah nyanyamikan samya cucul |  
pagendhonganèki |  
Santri Putih kalawan |  
Santri Monthèl santri Drêma ||
6. Jatingarang Mansêcèki |  
kang bêkta sangu ginendhong |  
cinaoskên ngarsa sadaya wus |  
papanganan bukti |  
nulya sami anadhah |  
kang sêkul sasangunira ||
7. Waradin jalu lan èstri |  
wus nutug samya linorot |  
sinungkên santrinya samya muluk |  
tuwuk sadayèki |  
miwah dhadharanira |  
wowohan myang lah-olahan ||
8. Luwaran dènnira bukti |  
Ki Arsèngbudi nabda lon |  
yèn wus aso samya pênedipun |  
umangkat lumaris |  
samya matur sumangga |  
(n)dan samya sarêng lumampah ||
9. Angayam-ayam wanadri |  
andulur samya rèrèndhon |  
tumurun lwah jurang nganjat lungur |  
mahasing wanadri |  
griting êpang ambêngok |  
sru lir angsa akêlingan ||
10. Myang krisiking cêmara ngrik |  
gumrah lir suraking mugnsoh |  
kèdidan ing braja gêrdêgipun |  
lèn katêmpuh angin |  
gumrêbêg magoraya |  
yayah kadya tanpa rungyan ||
11. Andarung lampahira ris |  
nampak durgamèng jurang jro |  
ngundhung palêbakan mangêp singup |  
siluk-siluk sungil |  
kangèlan ing karakal |  
sakol-êkol matumpukan ||

12. Kêmput lajêring wanadri |  
 pagrêngan tatas linakon |  
 nampak palêmparan bondhot grumbul |  
 têbaking wanadri |  
 tutunon patugaran |  
 babangkan kang dèn-gugulang ||
13. Tinalun boga ginagi |  
 jinarak myang jagung ontong |  
 pan wus kalintangan kadhang grumbul |  
 tarataban nipis |  
 bubulak agênêngan |  
 kèksi padhukuhanira ||
14. Tangga parapating dèsi |  
 katingal wilis saking doh |  
 dhikil Ardimuncar wus kadulu |  
 pasabinanèki |  
 tirah ing patalunan |  
 katêgal pagaganira ||

Jilid 12 - Kaca : 94

15. Walêr pagalênganèki |  
 sabin suwangan anglorog |  
 samya kajomboran dening ranu |  
 tulus kang winiji |  
 tan nalêbaring mangsa |  
 saking kakolohing toya ||
16. Talun myang têgal palêstrin |  
 wohira asri andados |  
 sangkêp jajanganan kang tinandur |  
 kara kacang cipir |  
 lombok terong bayêman |  
 kêrai timun sêmangka ||
17. Myang pala kapêndhêm sami |  
 mangsa sêdhênge angundhoh |  
 asri katingalan yata wau |  
 kang samya lumaris |  
 anuting pagalêngan |  
 ing wanci wus akir Ngasar ||
18. Mêmilih papan ngabêkti |  
 anon sêndhang babalong |  
 kayoman rêjasa bibis rau |  
 kalawan gayamprit |  
 padhas atos malatar |  
 sêndhang pangangson padusan ||
19. Pinggir calangaping kali |  
 samya raryyan lanang wadon |  
 arsa wêktu Ngasar samya wulu |  
 wusira susuci |  
 antara dangunira |

bakda dènnira sêmbahyang ||

20. Paragad saliring bêkti |  
sawusira mucang gupoh |  
laju lampahira pan adulur |  
pagalênging sabin |  
anuju Ki Samurca |  
sabate Ke Adimuncar ||
21. Dhangir patêgalanèki |  
Ki Santri Putih duk anon |  
marang Ki Samurca alon muwus |  
lo apa ya kiki |  
adhi-ngong Ki Samurca |  
kang tinanya gêpah mulat ||
22. Sarwi gupuh anauri |  
ênggih kakang wak-ingong |  
wus bage binage alon muwus |  
Kaê Arsèngbudi |  
lah sira Ki Samurca |  
sutanta paran wontêna ||
23. Kakang Adimuncar singgih |  
kang tinanya turira lon |  
paduka atanya Kae Guru |  
inggih wontên ugi |  
rakanta Adimuncar |  
dangu anèng pasabinan ||
24. Têmbè mantuk sapuniki |  
Ki Arsèngbudi lingnya lon |  
lah rika matura ring Kyaimu |  
yèn ingong kang prapti |  
kèh sasarênganingwang |  
kang liningan tur sandika ||
25. Ki Samurca mentar aglis |  
andhingini laku gupoh |  
tan adangu prapta ing dhudhukuh |  
sainggiling dhikil |  
sira Ke Adimuncar |  
samyandulu |  
lutung kadya sung sasmita |  
sarêng dènnira gumuyu ||
26. Lan garwa Ni Purnaningsih |  
pangandikanira alon |  
baya sun dhatêngan jalma luhung |  
kèh praptèng mariki |  
dene mau sun-mulat |  
wong rantap anèng pagagan ||

Jilid 12 - Kaca : 95

27. Sun-duga padha mariki |  
 samya sêdya amardhayoh |  
 nulya Ki Samurca praptèng ngayun |  
 umatur tur uning |  
 apan rinta ing Bustam |  
 kang prapta sêdya papanggya ||
28. Akathah ingkang umiring |  
 tuwa anom lanang wadon |  
 tingalira samya jalma luhung |  
 kêdhik sabatnèki |  
 kawistara ing cahya |  
 Ki Adimuncar ris nabda ||
29. Mèsêm sasmita ing rabi |  
 jarku apa nora linyok |  
 lah sira kudura èstri jalu |  
 karya-a sasaji |  
 akonna mragat menda |  
 lalawuhan kang prayoga ||
30. Nyamikan kang adi-adi |  
 ywa kuciwa ing susugoh |  
 kang liningan sigra angungukus |  
 nuding pawongnèki |  
 kinèn samya lah-olah |  
 Kyadimuncar malih nabda ||
31. Maring santrinira katri |  
 Ki Samurca Ki Murcaho |  
 Murcogo katrinya pan tinuduh |  
 samya (ng)gêgêlari |  
 lampit miwah kalasa |  
 anèng ing pandhapanira ||
32. Tan adangu wus miranti |  
 Ki Adimuncar lingnya lon |  
 lah Samurca sira ingong tuduh |  
 timbalana aglis |  
 riningong Arundarsa |  
 tutura yèn sun dhatêngan ||
33. Kang liningan mentar aglis |  
 tan suwe dènya kinongkon |  
 Kae Arundarsa praptèng ngayun |  
 angandika malih |  
 mring santri Ki Samurca |  
 lah wus sira aturana ||
34. Kae jêbèng Arsèngbudi |  
 ngong-papage kang mardhayoh |  
 nulya samya mentar praptèng pintu |  
 Ki Samurca aglis |  
 mêthuk wau kang prapta |

ngantos pawijilanira ||

### 700 Mijil

1. Ki Samurca laju angaturi |  
mring kang amardhayoh |  
yata wau kapêthuk lampahe |  
matur andika dipun-aturi |  
ing rakanta nganti |  
salêngkaning pintu ||
2. Anganthuki Kae Arsèngbudi |  
lampahira gupoh |  
nètèr ing pancadan pupunthuke |  
dhukuh Muncar sanginggiling dhikil |  
wus andungkap prapti |  
padhadhahanipun ||
3. Tan pantara lampahira prapti |  
parêgolan panggoh |  
ingulukan-salam satêkane |  
kang pra tamu samya angaturi |  
ngalekum-salami |  
nulya kèrit mangsuk ||
4. Ingancaran lênggah ing pandhapi |  
sadaya tuwa nom |  
jalu èstri tata palungguhe |  
Ki Arsèngbudi gupuh mangarsi |  
atur salamnèki |  
Adimuncar gupuh ||
5. Sasalaman pupuji ing Widdhi |  
sarwi nambrama lon |  
pan binagyan ing karaharjane |  
amangsuli basukyanirèki |  
dangu paguting sih |  
patêkêmanipun ||
6. Wus rinahab gya Mangunarsèki |  
tur salamira lon |  
sinambrama saha basukine |  
Anggungrimang tur salamirèki |  
wus sinung pambagi |  
karahayunipun ||
7. Nulya sira Kae Jayèngrêsmi |  
tur salam mabukoh |  
rinahaban sarwi pambagyane |  
wusnya nulya Kae Jayèngragi |  
tur salamira ris |  
binagyan sadarum ||
8. Nulya pra waela ganti-ganti |  
ngabêkti sarya nor |

Jilid 12 - Kaca : 96

nulya Pariminta Sèh Modange |  
Ki Piturun miwah para santri |  
samyat atur bêkti |  
sadayanira wus ||

9. Tata dènnira sami alinggih |  
jalwèstri samya nor |  
Kae Arsèngbudi lon ature |  
marma kakang kawula tutuwi |  
mariki umiring |  
putra kalihpun ||
10. Jayèngrêsmi lawan Jayèngragi |  
samyat lalana-ndon |  
lami anèng pangumbaran rêke |  
kang punika para putra singgih |  
kakang Rundayèki |  
Bayi Panurtèku ||
11. Ingkang dipun-ulati ing nguni |  
suta lanang wadon |  
panggya jênêk nèng Wanantakane |  
kuwu lawan Ki Sèh Amoragi |  
antaranya lami |  
sampun gangsal ungsun ||
12. Mangkya samyarsa mantuka maring |  
Wanamarta dhukoh |  
marma kawula lan sadayane |  
samyat tumuturing-putra kalih |  
sami dènnirèki |  
dènniyarsa têtêmu ||
13. Marang kakang Kae Rundayèki |  
Dimuncar lingnya lon |  
manawi Allah amarêngake |  
benjange yèn saèstu lumaris |  
mumpung parêngnèki |  
kawula tumutur ||
14. Langkung suka kang samya miyarsi |  
Kyai Muncar mêngko |  
arsa marang ing Wanamartane |  
Kae Adimuncar lingira ris |  
mring kang putra kalih |  
dhuh sutèngngong bagus ||
15. Sampun tata-tata angakêni |  
ambapa maring ngong |  
ninging pun bapa sangêt balilune |  
dèrèng sagêd budi anyukupi |  
pan dawaning angling |  
sakèh anak putu ||

Jilid 12 - Kaca : 97



16. Sukur kewala yèn kaki-kaki |  
 mring para nom-anom |  
 wau kang pra tamu sadayane |  
 samya anor palinggihannèki |  
 tumungkul èstu jrih |  
 kurmating sêpuh ||
17. Ki Sèh Adimuncar ciptèng galih |  
 dangu dènnira non |  
 marang ingkang para tatamune |  
 langkung trustha sukanirèng galih |  
 aprasasat kadi |  
 kabanjiran madu ||
18. Yata pasugatannya mangarsi |  
 tinampyèng wong wadon |  
 nyanyamikan lah-olahan adèn |  
 myang wowohan ingkang manis-manis |  
 miwah wedang kopi |  
 mamanisanipun ||
19. Miwah dawêgan wilis sumaji |  
 Dimuncar lingnya lon |  
 ngancarani marang pra tamune |  
 lah suwawi yayi Arsèngbudi |  
 lan ing ngriku sami |  
 sarating alêsu ||
20. Sawontênipun anèng wanadri |  
 parêrèming awor |  
 sumapala tan pati mungguhe |  
 kang liningan sami angalapi |  
 sasênêngirèki |  
 jalwèstri amulung ||
21. Wusnya antara dènnya nyanyamik |  
 ing wanci surya yom |  
 nuksmèng kisma andungkap Mahribe |  
 Kae Adimuncar lingira ris |  
 sumangga mrih Mahrib |  
 nêdhêngira wêktu ||
22. Kang ngancaran dhangan turirèki |  
 jalu èstri gupoh |  
 samya maring masjid pahèrane |  
 myang pra santri kathah sadayèki |  
 wus sira susuci |  
 mangsuk ing masjid gung ||
23. Wusnya adan sunat pèrlu Mahrib |  
 Kyai Muncar gupoh |  
 ngancarani marang sadayane |  
 angimami lênggana turnèki |  
 gya Dimuncar nuli |

angimami wêktu ||

24. Ilhar kewala wawacanèki |  
surat kang winaos |  
wusing Patekah Kulyak-kayune |  
Idaja-a rêkangat kang akir |  
antaraning Mahrib |  
prapta Ngisanipun ||
25. Têkèng wêktu Ngisa dènnya bêkti |  
bakda amamansoh |  
pragat puji dhikirira kabèh |  
maca salawat salaman sami |  
sakèh santri alit |  
mudhun sing masjid gung ||
26. Nulya samya kang para kinyyai |  
luwaran saking (ng)gon |  
kondur marang wismèng pandhapane |  
miwah kang pra waela tan kari |  
prapta tata linggih |  
ring (ng)gyannira wau ||
27. Ki Sèh Adimuncar ngandika ris |  
ring garwanira lon |  
e Purwaningsih paran wus mangke |  
(ng)gènta ngrukti pasugatan tami |  
lamun wis dèn-aglis |  
(ng)gyannira ngungukus ||
28. Saosêna saananirèki |  
kang liningan gupoh |  
mudhun saking pandhapa nulya ge |  
nudu santrinira jalu èstri |  
kinèn nampa aglis |  
rampadan mangayun ||
29. Wus tinata sadaya nèng ngarsi |  
magana mêngolong |  
liwêt tambra lawan kêbuline |  
jangan bècèk mênir pécêl-pitik |  
lan pindhang kêbiri |  
brongkos tumtim mangut ||
30. Susujènan srêgan limpa ati |  
pal-puk dudu kolor |  
dhèndhèng gèpuk gorèngan lan age |  
dhèndhèng panjèn sarundèng lan ragi |  
lidhah êmpal kisi |  
bêtutu bon rêmus ||
31. Ayèm manjangan asin sisili |  
basngèk blèbèt opor |  
sambêl-gorèng utak lan balure |  
gêcok pèncok lombok kêncêng pêtis |

lalaban mawarni |  
sangkêp sadaya wus ||

32. Pra waela sinaji pribadi |  
rampadan rinoyom |  
Kae Adimuncar lon wuwuse |  
lah suwawi yayi Arsèngbudi |  
lan Cariksutrèki |  
nak Malangkarsèku ||
33. Anak jêbèng Mangunarsa tuwin |  
Jayèngrêsmi karo |  
Jayèngraga miwah sadayane |  
jalu èstri suwawi awijik |  
ing ngrikuwa sami |  
kewala akêmbul ||
34. Gupuh dènnira sami wawanting |  
(n)dan bukti aroyom |  
langkung pakantuk ing panadhahe |  
wus antara dangunira bukti |  
aluwaran sami |  
sadaya tuturuh ||
35. Gupuh ingkang samya nglaladèni |  
jalwèstri anglorod |  
sinungakên santri pamburine |  
wus warata kabèh nutug bukti |  
gantya kang sumaji |  
nyanyamikanipun ||
36. Tinatèng aglar anèng ing ngarsi |  
mawarna sri tinon |  
wowohan lan lah-olahan adèn |  
Kae Adimuncar lingira ris |  
lah ngriku suwawi |  
mamangsêganipun ||
37. Gupuh kang liningan ngalap sami |  
sasênêngira lon |  
lah-olahan miwah wowohane |  
ingkang nginum wedang srêbat kopi |  
nutug sakarsèki |  
kang nginang myang udud ||
38. Ki Sèh Adimuncar ngandika ris |  
manira yun anon |  
Kyarsèngbudi ingkang pundi mangke |  
putranipun kakang Rundayèstri |  
ingkang asisilih |  
Tambangraras nêngguh ||
39. Arsèngbudi wacananira ris |  
paduka atakon |

Jilid 12 - Kaca : 99

putranipun kakang Rundayane |  
ingkang sami lalanan-ndon anis |  
kang dipun ulati |  
ing sudarmanipun ||

40. Kae Bayi Panurta ing uni |  
lawan ingkang wadon |  
singgih suta katiga èstrine |  
Tambangraras kang garwa Mongragi |  
jalu Jayèngrêsmi |  
Jayèngraganipun ||
41. Kalih sampun sami among-rabi |  
trêsna tan kêna doh |  
labuh mendra tan etang bayane |  
anging Tambangraras kang piningit |  
sihing jalma lêwih |  
kang asih jujuluk ||
42. Wastani waela Selabrangti |  
winong ing Hyang Manon |  
jalar saking laki nugrahane |  
Mongraga kang siniyan ing Widdhi |  
siswanta sawiji |  
Ragasmara nênggah ||
43. Wus tan bastu angganya inapti |  
wênyahing pandulon |  
anèng Jurang Jangkung Palanggate |  
wus bangsa lus ganale kawuri |  
piniji ing Widdhi |  
lan pribadinipun ||
44. Pangkating atitah wus Utadi |  
nujêmba salihos |  
kadwi jalu katiga èstrine |  
Sèh Mongraga Sèh Mangunarsèki |  
katri Rancangkapti |  
dadya semahipun ||
45. Ika Ki Sèh Gungrimang puniki |  
ngulama nom kaot |  
punapinggih mêkatên Ki Jêbèng |  
Ki Sèh Mangunarsa turira ris |  
kasinggihan ugi |  
saèstu kadyèku ||
46. Datan wontên kang ninang sasiki |  
pan inggih sayêktos |  
wus tan kengang ginampil panggihe |  
Sèh Mongraga wus ahli awingit |  
amba tan (n)dungkapi |  
ahline ngaluhung ||

Jilid 12 - Kaca : 100

47. Ki Sèh Adimuncar duk myarsa ngling |  
 tyasira sumrowong |  
 langkung sukurira ing angêne |  
 angling malih marang Arsèngbudi |  
 ênggèh ta lah yayi |  
 ngagêsang puniku ||
48. Inggang sinung kaluwiyang dening |  
 Hyang Inggang Murba Non |  
 singgih datan wontên sanepane |  
 inggang sinung kakurangan dening |  
 Hyang kang Maha Sukci |  
 tan na èmbanipun ||
49. Sabab saking punapi kadyèki |  
 eloking Hyang Manon |  
 paran kodrat myang iradat mangke |  
 cara Jawa lir apasti pasthi |  
 inggang pasthi êri |  
 pasthi sujènnipun ||
50. Ala landhêp susujèn kinardi |  
 landhêping ri wus pon |  
 duk wêtune pan wus landhêp dhewe |  
 kodrat lawan lan dèn-iradati |  
 tan nganggo dèn-ngoti |  
 êri landhêpipun ||
51. Kadi ta kang nokitakên sami |  
 kadarilah karo |  
 kajaba rilahing wong ambêge |  
 awit dening kadarilahnèki |  
 wontên inggang dadi |  
 kaluhuranipun ||
52. Miwah kang kajaba riyah jalmi |  
 dadya pês lwih asor |  
 ana kang dadya kaluhurane |  
 puniku yayi saking punapi |  
 kalihe pan sami |  
 tan kêna tinantu ||
53. Arsèngbudi mèsêm turira ris |  
 singgih mangsa borong |  
 inggang masthèkakên ing panggawe |  
 kabageyan sokur luhur pinanggih |  
 awon pênêd tuwin |  
 bènêr lawan luput ||
54. Jalar saking takaburirèki |  
 saliring rumêngkoh |  
 tan pae lan ambêg kang prasendhe |  
 barang ing panggawe tan nglakoni |  
 darmi lumawani |

Jilid 12 - Kaca : 101

panggawe kang tinut ||

55. Pan wus têtêp titahe Hyang Widdhi |  
kang samya linakon |  
ing kawulaning Hyang sadayane |  
Kae Adimuncar angling malih |  
Sèh Mangunarsèki |  
Ke Jêbèng ing ngriku ||

56. Dugèkêna surasaning ngèlmi |  
kang têtèng sajatos |  
aywa ninang lan Dalil Kadise |  
basa kang puniku wau ugi |  
anor kang sinung ling |  
turira lir madu ||

### **701 Dhandhanggula**

1. Ki Sèh Mangunarsa mêtêhar jati |  
rêke singgih sabda kang punika |  
yèn winulad ing sarake |  
apan pasthi puniku |  
wus tan kengang awèh gumingsir |  
tan kadarbe ing kita |  
sadayaning makluk |  
nèng pribadining Pangeran |  
singgih sipat iradat kodrating Widdhi |  
tan silih-sinilihan ||
2. Kodrat ijadu kuli mungkin |  
lirnya ingkang kodrating Hyang Suksma |  
kang nganakkên sakathahe |  
ing mungkin sadayèku |  
iradat kubah sis suhulli |  
mukinin têtêgsira |  
iradat puniku |  
masthi sakèhing mukinnya |  
kang papasthèn wontên ing kalih prakawis |  
satunggil nèng mualak ||
3. Mênggah papasthèn satunggal malih |  
papasthèning ing dalêm mubaram |  
luhuring mualak rêke |  
punika kang wus bêstu |  
datan kengang ninang sadêmi |  
paningaling kawula |  
tan têtèng ing ngriku |  
liyaning janma kang wus man |  
sinung ilham kinapasakên dening |  
Hyang Kang Murbawisesa ||
4. Yèn papsthèning kita puniki |  
lamun maksih wontên ing mualak |  
dèrèng bastu papasthène |  
kenging sèos lan durung |

- pae kang wus nêng mukarami |  
 papasthèn tan kêna wah |  
 kirang lawan langkung |  
 saking pasrah winalika |  
 datan kengang ing akal kalawan budi |  
 owahe kang mubaram ||
5. Nging tan pisah ing antaranèki |  
 papasthèn mualak lan mubaram |  
 marma makluking Hyang rêke |  
 apês kalawan luhur |  
 datan kengang nampik amilih |  
 namung lawan ihtiyar |  
 pamilihing kalbu |  
 tiwas tuwas nêng ihtiyar |  
 karananya ihtiyar puniku aip |  
 tan kêna dinaliha ||
6. Sangkaning dadya won pênêdnèki |  
 marma punika kawula ngaral |  
 tan wruh marang ihtiyare |  
 wijining ala ayu |  
 kang tumanêm ing dalêm budi |  
 tan na têkèng wêkasan |  
 paningaling kasdu |  
 mung wruh wiwite kewala |  
 datan uning wêkasaning ala bêcik |  
 tangèh dungkap ing tama ||
7. Adimuncar kapranan tyasnèki |  
 manthuk-manthuk kaprananing driya |  
 kadya wastra tinarêsèh |  
 langkung trusthaning kalbu |  
 tyas tapakur sukur ing Widdhi |  
 miyarsa rasa sabda |  
 wus samya tawakup |  
 ing tanggap tan ana ninang |  
 Kyadimuncar ngling mring Kae Arsèngbudi |  
 lah yayi mangangguran ||
8. Lagya ing wanci kaluruk siji |  
 pênêt sunat sambèn têtrêbangan |  
 nanambung lèk saprandene |  
 katanggungan aturu |  
 sami dikir maulud singir |  
 madya ratri sih awal |  
 dèrèng lingsir dalu |  
 Ki Arsèngbudi lingira |  
 singgih langkung prayogi sami adikir |  
 trêbangan dhinulêngan ||
9. Angandika malih maring santri |  
 lah Samurca ngambila tarêbang |  
 têka pitu lan kêntrunge |  
 ingkang liningan gupuh |

ngambil trêbang tan dangu prapti |  
katur mring Adimuncar |  
alon dènnya muwus |  
ngriku yayi Arsèngdriya |  
narêbanga lan yayi Cariksutrèki |  
myang anak Malangarsa ||

10. Mangunarsa Anggungrimang uwis |  
Jayèngrêsmi lawan Jayèngraga |  
sami kakêntungan rêke |  
lalungsèn awon nganggur |  
sami ojrat madyaning ratri |  
agupuh kang liningan |  
nyandhak trêbangipun |  
nulya samya sinêntakan |  
wong pipitu mangku trêbangira sami |  
ginênbrang agênbrungan ||

Jilid 12 - Kaca : 103

11. Ki Sèh Adimuncar ngandika ris |  
yayi Arsèngbudi lah sumangga |  
andika bawa talune |  
ingkang sinung ling gupuh |  
Arsèngbudi sigra (m)bawani |  
laila hailalah |  
Allah Muhamaddun |  
ya Rasul mandun Mukamad |  
solalahu ngalahi wa askabihi |  
salawatu ngalena ||
12. Sinauran santri sadayèki |  
jalu èstri ramya barung swara |  
asru gumuruh arame |  
gobyog trêbang myang kêntrung |  
nganyut-anyut tan na sarènti |  
ukêl sajake rampak |  
rêmpêg tan (m)barênjul |  
swara sora sru kapyarsa |  
tangga desa parapat manca-limèki |  
kagyat krungu tarêbang ||
13. Kang wus turu kagyat padha tangi |  
dharakalan jalu èstri samya |  
nonton tarêbang myang rare |  
kêlayu ngajak (n)dulu |  
gumarudug aniningali |  
trêbang mring Adimuncar |  
kang saking lor kidul |  
kulon miwah saking wetan |  
miwah prapta linggih baturing pandhapi |  
myang angadêg ing latar ||
14. Talu wus antara dangunèki |  
sinalahan suwuk kang tarêbang |  
Kyai Muncar andikane |



saprayoganipun |  
andhulêngi salawat dhikir |  
ya bènêr si Samurca |  
Murcabo sirèku |  
lan Murcogo andhulênga |  
gagêntèna lawan dhayohira santri |  
Monthèl sakancanira ||

15. Sêtradrêma lawan Santri Putih |  
Basariman miwah Imansêca |  
Jatingarang kabèh kuwe |  
emprak katêlu-têlu |  
kang liningan sandika nuli |  
Arsèngbudi abawa |  
Allahu Allahu |  
abarakallahu sigra |  
santri kabèh jalwèstri barung (m)bawani |  
gumuruh sri kapyarsa ||

16. Murcao Murcogo Samurca glis |  
wong têlu emprak ababrongotan |  
suka kang anonton kabèh |  
kalangkung ramenipun |  
sruning trêbang barung swara tri |  
kêntrunge babanggènan |  
pong-pêp tong-ting brang-brung |  
thung-plêg thung-plêg plak-blang pak-blang |  
pyung-pyêk pyung-pyêg pêp-pêp bah bah bah kupyik-pyik |  
prung-prung-brang dhung-brang dhung-brang ||

Jilid 12 - Kaca : 104

17. Monthèl Sêtradrêma santri Putih |  
sumbu sinumbu dènnira emprak |  
tan miyatani gênine |  
dangu pandhulêngipun |  
kang anonton bungah kapati |  
dènnya ababrongotan |  
tan pasah ing latu |  
nulya gantya kang angemprak |  
Jatingarang Basariman Mansêcèki |  
ramya bakar-binakar ||

18. Santri tani yutun empraknèki |  
ya lir emprake santri balaka |  
Jayèngraga ling jro tyase |  
kêngètan duk ing dangu |  
anèng krajan Wanamartèki |  
kang rama darbe karya |  
kala amamantu |  
ing lakine Tambangraras |  
lan Mongraga kasukanira nuwuki |  
kang emprak salawatan ||

19. Kang juroni santri Jamal Jamil |  
ngutahakên kabudayan Karang |

bisa karyèraming akèh |  
kathah sulapanipun |  
ngirapakên tamu ripangi |  
iku ukur kewala |  
tan mantra pandulu |  
prandene wong suka-suka |  
agawokan pangrasane wus ngluwihi |  
kang samya (n)dhulêng emprak ||

20. Asasmita Kae Jayèngragi |  
pagut kiringe marang kang raka |  
ingèsêman lèlèjême |  
antara dangunipun |  
wrata santri kang andhulêngi |  
suwuk maca salawat |  
raryyan sadaya wus |  
Ke Adimuncar ngandika |  
anyarakkên nyamikan mring santri |  
wedang lawan panganan ||
21. Samya ngalap sasênêngirèki |  
wusnya aso dènnira mamangan |  
Adimuncar lon wuwuse |  
sapa prayoginipun |  
mêngke ingkang andhulêng singir |  
Cariksutra turira |  
anjawi puniku |  
singgih rinta pun Wilapa |  
Kyai Muncar mèsêm angandika aris |  
dene têka utama ||
22. Ipe-ngong si Wilapa ngojrati |  
dhasar wus rahabe biyèn mula |  
andhulêng ojrat singire |  
lan (m)bok-ipe yèn rêmbug |  
kang ngempraka salawat dhikir |  
singir suluk rinasa |  
sakadaring kayun |  
Nikèn Wilapa turira |  
amba kinèn inggih dhatêng anglampahi |  
kawula tan lênggana ||
23. Adimuncar mèsêm sukèng galih |  
nulya anyandhak tarêbangira |  
(n)dan lêkas bawa singire |  
anglêlik swara êmpuk |  
anggêragul gragul ngunani |  
kalungsèn sawatara |  
tilasing abêsus |  
krêkêle maksih katara |  
miwah gêtas rênyah rume maksih thithik |  
kari-karèn pasaja ||

Jilid 12 - Kaca : 105

24. Bawa tinampan sakèhing santri |  
 lailaha ilalahu Allah |  
 Muhkamad Rasullolahe |  
 asri sru swara barung |  
 jalu èstri rêmpeg tan sarènti |  
 anulya Ni Wilapa |  
 (n)dan andhulêng suluk |  
 suluk Bêthak kang rinasa |  
 nuju sèlèh ing bawa nampani singir |  
 mangkana kang winaca ||
25. Lêkas adang Nikèn Rara Sukci |  
 lah ta apa kayunira adang |  
 kayu panggêtak kucingge |  
 kaya panata rambut |  
 lawan kayu panggugah santri |  
 myang kayu kapandheyan |  
 kayu prana kalbu |  
 kalawan kayu angkatan |  
 kayu mojar kalawan kang bêksa rangin |  
 lawan kayu kaotan ||
26. Yèn binadhe wawangsalannèki |  
 kayu kang samya kinarya adang |  
 klampis panggêtak kucingge |  
 surèn panata rambut |  
 kayu wungu panggugah mantri |  
 kayu sêmpu pandheyan |  
 jatiprana kalbu |  
 pan kayu tanjung angkatan |  
 wunimojar dhadhap kang abêksa rangin |  
 kluwih kayu kaotan ||
27. Lêkas ngambil banyu Rara Sukci |  
 lah ta paran banyunira kêlan |  
 banyu gêlang ing jênthike |  
 lan banyu anggung wuyung |  
 lawan banyu awèt ningali |  
 banyu kontul-anglayang |  
 banyu milyèng mungsuh |  
 lawan banyu kasêpuhan |  
 banyu gêntha-dara banyu busana-di |  
 lan banyu olèh-karya ||
28. Yèn binadhe wangsalanirèki |  
 bok pèrawan banyunira kêlan |  
 kali gêlang ing jênthike |  
 udan kang agung wuyung |  
 banyu sumur awèt ningali |  
 sumbêr kontul anglayang |  
 bêtik mulyèng mungsuh |  
 banyu rawa kasêpuhan |  
 wangan gêntha-dara sêndang busana-di |  
 têtuga olèh karya ||

29. Arêramban mipik Rara Sukci |  
lah punapi jangananira kêlan |  
kang jangan wus sarwa duwe |  
lan jangan kadang sêpuh |  
miwah jangan para umiring |  
myang jangan kapanasan |  
jangan munggèng tènun |  
lan jangan rèrèn lumampah |  
jangan tungtung guyu jangan munggèng pragin |  
jangan janma kang (ng)gêntang ||

Jilid 12 - Kaca : 106

30. Dèn-badheya wangsalannirèki |  
Rara Sukci dènnira rêramban |  
jangan kluwih sarwa duwe |  
gori kang kadang sêpuh |  
kêmirine para umiring |  
lodhoh kang kapanasan |  
lompong munggèng tènun |  
êso rèrèning lumampah |  
asêm tungtung guyu loncom munggèng pragin |  
mênir janma anggêntang ||

31. Karya lawuh sira Rara Suci |  
ulam punapi kang dipun-ulah |  
ulam kang tanpa pamitte |  
ulam katêmu suwung |  
ulam datan awrat cinangking |  
ulam solahing bedhang |  
ulam pulih ngetung |  
ulam kapisah ing rowang |  
ulam sor-prang ulam angawula dadi |  
ulam kucêm winada ||

32. Dèn-badheya wangsalannirèki |  
lalawuhanira kang dèn-olah |  
balênyik tanpa pamitte |  
sapi katêmu suwung |  
banthèng datan awrat cinangking |  
lele solahing bedhang |  
cabuk pulih ngetung |  
kancil kapisah ing rowang |  
krawon sor-prang sêmayi ngawula dadi |  
masin kucêm winada ||

33. Ngupaya lalaban Rara Sudhi |  
lah ta punapi lalabanira |  
lalab tinutur padune |  
lalab angabên dhuwung |  
lalab tênging sarpa anênggih |  
lalab jodhoning bapa |  
lalab jaga mungsuh |  
lan lalab ingkang gumanda |  
lalab marga bunti kang sinjang kacakil |

lalab pakoning lurah ||

34. Yèn binadhe wangsalannirèki |  
Rara Suci kèh lalahanira |  
kêcipir nutur padune |  
kacang angabên dhuwung |  
terong lènging sarpa puniki |  
lombok jodhoning bapa |  
têmu jaga mungsuh |  
kêmangi lalap gumanda |  
pête marga bunti jingkol kang kacakil |  
cambah pakoning lurah ||
35. Nakêr bêras sira Rara Suci |  
bêras punapa kang sira êdang |  
bêras agung bungah bae |  
bêras kang paksi pingul |  
bras pangundanging putrèstri |  
bêras kang kalingsêman |  
bêras sutèng ratu |  
bêras tan gèlêm dinuta |  
bêras angling bêras waluyaning agring |  
bêras kêmbang tirisian ||
36. Lamun binadhe wangsalannèki |  
bêras punapa kang sira êdang |  
sukanandi gung bungahe |  
kuntul lan paksi pingul |  
sambèng pangundanging putrèstri |  
campa kang kalingsêman |  
utri suta prabu |  
mênthik tan gèlêm dinuta |  
wajar angling mariyi waluya agring |  
manggar kêmbang tirisian ||
37. Rasaning kayu wujuding urip |  
urip makluk araling kawula |  
awis wah gingsir darbèke |  
rip purbaning Hyang Agung |  
srah sumèndhè wisasèng Widdhi |  
kayu kayun Hyang Suksma |  
rip tan kê nèng lampus |  
rasaning bakaling jangan |  
kukuliban lalaban talining urip |  
kalawan rasa Suksma ||
38. Napas tannapas anpas nusupi |  
urip kita lawan pinanjingan |  
roh rokani jalaranne |  
bisa mrih ala ayu |  
sinung bisa ngalap sirèki |  
kita kumambang kadya |  
sarah anèng ranu |  
nut sakarsaning Hyang Suksma |

Jilid 12 - Kaca : 107

- lawan rahsaning banyu kita puniki |  
lawan roh rabaniyah ||
39. Pinanjingan rip kalawan gêtih |  
marma kita kinarya bisobah |  
ihtiyar lawan rosane |  
kalawan angkat junjung |  
pangambilan kalawan dening |  
kuwasaning Pangeran |  
kamurahanipun |  
ginantungan agring waras |  
kuwat apêsing kawula anyinggahi |  
rasahing bras binêthak ||
40. Bêras badan kita roh jasmani |  
minangka kandil saliring rasa |  
kang minulyakakên dene |  
akarêp lawan lumuh |  
gêmah rusak luluh sirnaning |  
tajalining bantala |  
sampurna ing ngriku |  
rasaning gêni marmanta |  
kita kapanjangan rêke roh ilapi |  
nur-cahya kang minulya ||
41. Kang murbani miwiti mêkasi |  
tanggap diungkap ing sira Pangeran |  
kang sawiji ing lorone |  
urubing nugraha gung |  
ingaminan dadining puji |  
dandang adêging iman |  
tan kêna takiyur |  
kukusan sanggabuwana |  
bras paworing tataning sêmbah lan puji |  
panyatoning tawêkal ||
42. Gunung sungsang panawunganèki |  
sumyang wantuning êdad naraka |  
kêkêp maswintan panyanthèl |  
ngaru guguring napsu |  
sat sumêne ingkang sak-sêrik |  
anamung karon eklas |  
tinokitan ngèlmu |  
sumube cêngênging driya |  
ikram mikrat munajat tubadil singgih |  
tanakke tumaminah ||
43. Numplak tangajul sangkaning trêki |  
gunung sungsang sing jagad walikan |  
sumungsang bènêr lungguhe |  
wus matêng rasa luhung |  
pan kumutuk ambêging puji |  
nèng yan jagad gumêlar |  
tan roro têtêlu |

Jilid 12 - Kaca : 108

maujud sakêdhap netra |  
guntur sumarambah ngêbêki pratiwi |  
ènthèng budi ihtiyar ||

44. Ilirira salsilahing dikir |  
niyup andaut angin wilayah |  
mèt atise panas rêke |  
nir sumuking bêbêndu |  
luwar saking rubedanèki |  
kêkês suhuling Sukma |  
ginolong wus junun |  
sampurna ngibadahira |  
winadhahan ing sumbul kêcana-rukmi |  
katur sumanggèng Sukma ||
45. Wus antara danguning asingir |  
nulya asuwuk maca salawat |  
ngaring-arang sadayane |  
Adimuncar lingnya rum |  
nora jamak ipeku iki |  
kasuwèn babakannya |  
Wilapa kawlas-hyun |  
riwene kadi turasan |  
dènnirarsa raryyan kasusu tan kongsi |  
tatan ambruk kewala ||
46. Angling lan rowang lah santri Putih |  
wêtonana wedang lan panganan |  
kang kurang nyanyamikane |  
sayah olah swara sru |  
kang liningan sigra angrukti |  
kang wedang pa-panganan |  
kang kalong winantu |  
samyang ngalap nyanyamikan |  
wus antara ngaso dènnya ngaring-arang |  
Kyai Muncar ris nabda ||
47. Sapa ingkang anhulêngi malih |  
ngêntrung ripangi salawat ojrat |  
Ki Cariksutra ature |  
manawi pinarêng hyun |  
rabine Sèh Modang (m)bok Plangi |  
pan rahab ahli ojrat |  
singgih sabênipun |  
Kyai Muncar mèsêm nabda |  
lah nakbagus Sèh Modang rabinirèki |  
pênêd kinèn aojrat ||
48. Ki Sèh Modang anolih ing rabi |  
sarwi muwus lah rubiyah sira |  
kinèn andhulêng ojrate |  
marang (n)Jêng Kyai Sêpuh |  
Ni Palangi matur ing laki |  
kawula pan sumangga |

tan lêngganèng tuduh |  
Ki Adimuncar lingira |  
lah nakbagus Sèh Modang sira kêntrungi |  
ing ngriku pra nom-noman ||

### 702 Sinom

1. Kae Sèh Modang agêpah |  
nampèni trêbangirèki |  
pinangkyèng dhêngkul ginêmbyang |  
laju lèkas bawa singir |  
angêlik swara manis |  
laila hal-balalahu |  
Mukamad Rasullolah |  
tinampan sakèhing santri |  
jalu èstri arêmpêg sajake padha ||
2. Sarta trêbange gênturan |  
bêbanggèn lan kêntrungnèki |  
tung-pyêg tung-pyêg dhung-dhung dhung-brang |  
pong-pêg pong-pêg tong-ting tong-gring |  
sèlèh sauran nuli |  
Nimbok Pêlangi agupuh |  
ngadêg andhulêng ojrat |  
anglik swara rum amanis |  
rêgas rênyah sêmbada lan singirira ||
3. Agampang wong asêmbahyang |  
nora angèl wong angaji |  
pakewuhe wong agêsang |  
angadu sukma lan jisim |  
tumpang susuping urip |  
akèh wong bisa calathu |  
jatine nora nana |  
lir wong dagang madu gêndhis |  
(ng)gih punika lampahe wong sarengatan ||
4. Lampahe wong tarekatan |  
atapa pucuking wukir |  
yèn lintang Sukma parênga |  
amati sajroning urip |  
dadya nganyutkên ragi |  
liwung tan ana kadulu |  
mulane amartapa |  
punjula samining jalmi |  
pan linêkas sêdyane ingkang manungsa ||
5. Lakune wong kakekatan |  
sabar lila ing donyèki |  
saksêrik datan kaetang |  
wus mêlok-mêlok kaèksi |  
raras ta dadi jati |  
ingkang jati dadi suwung |  
suh sirna dadya ilang |  
jalma mulya dadya jati |



6. Iku sukmanên ing driya |  
atasêna jroning ati |  
kang aran Ni Simalalah |  
iku sira aja lali |  
aja pègat ningali |  
maring Hyang Kang Mahaluhur |  
lir tinulis ing êmas |  
lan kiyal ciptaning ati |  
kang pinanthêng ing tingal isim talalah ||
7. Yèn wus têtêp jroning driya |  
awasêna dèn-kaliling |  
aja kaliru ing tampa |  
isim malalah puniku |  
ya ati sanubari |  
kalairing tulis iku |  
aja liyannya dhawak |  
ing sapangat aywa lali |  
ngadêg lungguh yèn taturon tingalana ||
8. Yèn dalu kalawan siyang |  
ngrasa-a jisimirèki |  
angrasa-a lawan Sukma |  
dèn-êngêt sajroning ati |  
aywa lali Hyang Widdhi |  
ing siyang kalawan dalu |  
aja anyipta dhawak |  
dhingin mangke tan pribadi |  
donya kerat pasthi kalawan Hyang Sukma ||
9. Dèn-sami angawruhana |  
bisa wirasaning tulis |  
sampun katungkul pralambang |  
dèn-sami wruhira maning |  
tulis ingkang agupit |  
kang bangsa Pangeran Agung |  
kang nama ing manungsa |  
olèh jênêng wali mukmin |  
ingaranan wong mukmin ingkang sampurna ||
10. Wontên ingkang kawarna-a |  
kang ngèlmu kawan prakawis |  
kang kinarya ing kidungan |  
sarengat ingkang rumiyin |  
tarekat kaping kalih |  
kakekat ping tiganipun |  
kaping pate makripat |  
lohate dèn-sisindhèni |  
Lonthang-lonthang Ni Lonthang sulur kambangan ||
11. Wira-wiri wong sarengat |  
ngulari Sukma kang jati |

kaping kalih Lonthang-lonthang |  
sulure babon upami |  
wong tarekat nalitik |  
ngulari Sukma kang luhung |  
ana Lonthang ping tiga |  
si Lonthang suluring kambing |  
lêmpe-lêmpe ngulari Sukma kang mulya ||

12. Iku lampahe tarekat |  
ana Lonthang-lonthang malih |  
si Lonthang suluring banyak |  
wus jangkêp kawan prakawis |  
wong makripat upami |  
apan niat lêngur-lêngur |  
marma ingkang makripat |  
tansah lêngur-lêngur nênggih |  
wus kapanggih kalawan jatining Sukma ||

Jilid 12 - Kaca : 111

13. Wus dangu antaranira |  
Pêlangi dènnira singir |  
sinêsêg iramanira |  
gumuruh trêbang swara tri |  
ngandhêlong dèn-salahi |  
suwuk salawat ping têlu |  
bung-bung-bung sèlèh trêbang |  
aso samya ngaring-aring |  
sarwi kinèn ngalap nyanyamikanira ||

14. Sira Kae Adimuncar |  
pangandikanira aris |  
mêdhar rasaning wirayat |  
nokiling Dalil lan Kadis |  
mring Kae Arsèngbudi |  
singgih yayi wontên kawruh |  
turunning pamanggiyan |  
satuhu-tahune yayi |  
ing agêsang rasa wajib kinawruhan ||

15. Babipun kang nêmbak prakara |  
kang dhingin cahya kang mijil |  
ingkang saking awakira |  
lir pendah êbun warnèki |  
jroning (m)bun malèkati |  
kadya mega paminipun |  
anèng jroning malèkat |  
puniku ujaring wardi |  
wontên malih cahya mêdal saking lanang ||

16. Langkung kabagusanira |  
kadya kikilat ingèksi |  
nèng sajroning kajatmikan |  
praptanira angêgèti |  
lir gèlap swaranèki |  
lesannira mijil latu |

kalawan netranira |  
aywa pagêpokan yayi |  
rêncanane pati yayi dèn-prayitna ||

17. Ping tri malih cahya mêdal |  
ingkang wilis saking dhiri |  
ana paksi kadya naga |  
amibêr warnanya putih |  
lir kuda lampahnèki |  
yèn burak pangakunipun |  
aywa yayi pracaya |  
sami rêncananing pati |  
kang kaèksan marga ingkang luwih sasar ||

18. Kaping pat kang katingalan |  
jalma asigid awingit |  
lir andaru mawa jwala |  
pan sarwa luwih sinakti |  
ywa pagêpokan yayi |  
tunggal rêncananing lampus |  
ping lima kang katingal |  
pêpêtêng lwih anglimputi |  
jroning pêtêng ana sarambut salêmbar ||

19. Wajib kang tyas sinuciyon |  
kaping nêmbah cahya kang mijil |  
kadi kayu anyêkakah |  
kang nêng sorring oyot singgih |  
sastra muhalak yayi |  
papasthèn dungkap ing ngriku |  
yèku anaksèkêna |  
lawan mubaraming Widdhi |  
yèn wus pagut tuwin muhalak mubaram ||

Jilid 12 - Kaca : 112

20. Yèku wajibing paningal |  
wus sidik amanat tablig |  
doh gidib kiyamat kikmat |  
muslimi ênggon sawiji |  
sampurnaning kadadin |  
pratandha cihnaning ngriku |  
wontên malih rinasa |  
paran gyantaraga iki |  
kang supadi pasrah ing raga sampurna ||

21. Masjid kang samar punika |  
pajimataning pra wali |  
pangucap kita sarengat |  
tarekat pamyarsa-mami |  
hakekat tingal-mami |  
makripat pangambu-ningsun |  
yayi lamun tan wruha |  
ing pati kalawan urip |  
pêrlu wruhing gêsang wajib wruh ing pêjah ||

22. Kang winusmaning Hyang Sukma |  
 pon Sukma dhawakirèki |  
 pundi sajatining Sukma |  
 kang ingupamakkên singgih |  
 kula kalawan Gusti |  
 ujare puniku jumbuh |  
 kula ingaran Sukma |  
 Suksma ingaran kulèki |  
 kadipundi yayi kajatèyanira ||
23. Ingkang tan lawan upama |  
 kang pasthi muntalèknèki |  
 Ki Cariksutra turira |  
 sumangga kakang Kiyai |  
 kewala ngong umiring |  
 mangsa lyanna kang pamangguh |  
 rêke kang padungkapan |  
 tan kenging rinêbat ing ngling |  
 bokmanawa lir caritaning dhadhalang ||
24. Yaksa nujuming alêngka |  
 duk paduta wre Maruti |  
 nginginte mring gêdhong taman |  
 papaumaning rasêksi |  
 lagya gunêm satra-di |  
 palêpasanirèng kawruh |  
 ing pati manggih swarga |  
 wus bipraya pra winêgig |  
 wontên ingkang salaya asalaha sabda ||
25. Adhadhag saking jalaran |  
 pradondi arêbut yêkti |  
 samya wawan-wawan ujar |  
 ngugêm pakême pribadi |  
 kabangan liru pikir |  
 ditya bramantya toh martyu |  
 purwakanira gama |  
 rarasan gama mulya-di |  
 ngadu gama wêkasan ngadu gagaman ||
26. Têmah dadya pipisahan |  
 tuju wontên kang ngrarapih |  
 gumuyu Ki Adimuncar |  
 mangsa makatêna yayi |  
 sêtun benjang sakêdhik |  
 pedah ngancak budinipun |  
 (n)dadèkakkên graita |  
 muwuhi lêpasing kapti |  
 prayogi kang salaya mindhak utama ||
27. Kadi-punêndi anakmas |  
 Ke jêlèng Mangunarsèki |  
 mungguh lêlawêdanira |  
 ngèlmu rasa kang sajati |

patitising kadadin |  
ing urip tumêkèng maut |  
ingkang tanpa karena |  
ibarat kewala mati |  
kang sajati wus tan na ngaranni pêjah ||

28. Kewala ngalih panggènan |  
basa kang punika singgih |  
lêlèjême kajatèyan |  
sira ngagêsang puniki |  
Ki Sèh Mangunarsèki |  
alono dènnira matur |  
mangsa borong sumangga |  
ing paduka amalimping |  
rèhning ngèlmi rungsit tan kenging ginanal ||
29. Sasêngkêraning oliya |  
rarasan roroning tunggil |  
upami kasa bantala |  
bumi ingaranan langit |  
langit ngaranan bumi |  
dene sangêt salang sêngguh |  
wa-punika sumangga |  
waspadèng wangsulaniki |  
sajatine bumi punika akasa ||
30. Jatining langit pan kisma |  
samanya kadi-punèndi |  
lêlèjêming rasa sabda |  
kang sinumpan ing Otadi |  
kula kalawan Gusti |  
botên wontên bèntênipun |  
tan pae pinèkannya |  
kajumbuhaning kajatin |  
punika kang rinêmpit para nujêmba ||
31. Inginte dalu lan siyang |  
pagute kawula Gusti |  
rahipun Gusti tan kula |  
tuwin tan kula Gusti |  
yèn parêng andungkapi |  
singgih kajumbuhanipun |  
luluh kalihe purna |  
brastha wus tan maujudi |  
kula Gusti Jumnèng wus tan kawistara ||
32. Sinênêt anèng ing driya |  
winangwang sajroning cêrmin |  
paesan cahya jatmika |  
ing makamilèn sajati |  
kasucyaning sajati |  
ahyan-sabitah ing ngriku |  
lan ahyan karijiyah |  
makatên sênêting urip |

lawan sasênêtaning pati punika ||

33. Ingang ingupamakêna |  
ngagêsang kalawan pati |  
jumbuhing Gusti kawula |  
kang urip sawiji pati |  
pati sawiji urip |  
urip kawruh patinipun |  
pati kang manggih gêsang |  
dadya tan kula tan Gusti |  
inggih Gusti ya kula dhawakira ||

Jilid 12 - Kaca : 114

34. Waktu ing dina nalika |  
jumaating para wali |  
anèng ing jaman kanêngan |  
amati sajroning urip |  
uripe wujud pati |  
pati patitising kalbu |  
kabule kablotama |  
karamat sihirèng Widdhi |  
kang tan cambor kalawan ngamdi kawula ||
35. Wiji-wijining priyangga |  
ring sira Pangeran jati |  
kajatmikaning sanetya |  
sasuta sasipta yêkti |  
anging cêgah inangling |  
anyatur wuwus kang uwus |  
wiraos tanpa karya |  
malah mandar antuk sêrik |  
sabab bakal angèl datan kinawruhan ||
36. Wontên tambanging wirayat |  
lid raosing Dalil Kadis |  
Ywang Agung akarya swarga |  
walmanna tupil pirdosi |  
bil-jabul minannari |  
pil willulli dalikaksu |  
wa minannar welulla |  
bil jabul janat pirdosi |  
cinarita jroning swarga wontên swarga ||
37. Ananing swaga punika |  
ing kijannara kajakim |  
nênggih sajroning naraka |  
pan wontên naraka malih |  
singgih makotên ugi |  
naraka kijab swarga kung |  
tanasube kang swarga |  
nèng jatining narakèki |  
kang naraka anèng jatining sawarga ||
38. Wong kang sinung ahli swarga |  
tawêkal sukur lêstari |

ngambah tirahing naraka |  
ngêngingkên tyas kang sak-sêrik |  
têmah manjing swarga di |  
makatên malih kang sinung |  
kêkêl anèng naraka |  
swarga katingal rumiyin |  
bungah-bungah ngambah sumêngah bidêngah ||

39. Katêmbèn myat kaendahan |  
mimilih ingkang dèn-(ng)gonni |  
kaya-kaya tumuliya |  
anèng sawarga kang adi |  
de sampun dèn-lintang |  
têmah tibèng naraka gung |  
samantên malih tekad |  
tan wruh (m)bok angèling urip |  
ing têkaburi pakewuh ginagampang ||

40. Mèmpêng mampang mumpung dira |  
bahyane tan dèn-kawruhi |  
marma kang para wus tama |  
wrat angèl kang dipun-budi |  
beda badan-kitèki |  
kur kewala mara kalbu |  
niyate tan tumêka |  
marang marganing kadadin |  
dadya datan nganjat padungkapanira ||

Jilid 12 - Kaca : 115

41. Naraka ingkang minangka |  
cobaning Hyang Maha Sukci |  
sintên sawijining kula |  
tawêkal nangga prihatin |  
papanasing kang dadi |  
sor panas ing agni murub |  
tinumama ing manah |  
manuh-munah anggêsêngi |  
sukasukur mrih mati sajroning gêsang ||

42. Tan rasa wrating sarakat |  
sudra papa ing ngapapin |  
sakèhing panca-bancana |  
tampêking panas tan pêrih |  
lir pendah wonging dami |  
dadya wos gya ginalêpung |  
kèh babaring kadadyan |  
tan mèmper warnaning nguni |  
wus binedakakên ing Hyang Maha Mulya ||

43. Sabab wus têkèng kasidan |  
(n)dungkap babaring kajatin |  
tumêka ingkang sinêdya |  
sacipta tan kaping kalih |  
winusman ing Hyang Widdhi |  
tan na tyas sak-sêrikipun |

wahyu bangsa oliya |  
wiwinih asih ing Widdhi |  
sakalangkung asru subrataning Sukma ||

44. Lagyèng tadhah rajah tamah |  
ngênirkên salir donyèki |  
tan ana kang winikalpa |  
singsal pingiling kal mingsil |  
ingkang makatên ugi |  
abangsa gomulralimun(?) |  
wus man ing jalmotama |  
papa cipta rahmat-jati |  
tan kacambor lyan ing Hyang Kang Maha Mulya ||
45. Sira Ki Sèh Adimuncar |  
myarsa sabda rasa rêmpit |  
winêdhar ring kajatèyan |  
-nira kang ngèlmu ginaib |  
sasurasaning ngèlmi |  
sadaya tanggaping kalbu |  
asukur suka rêna |  
marang Sèh Mangunarsèki |  
Adimuncar ngrasa kasoran ing driya ||
46. Pupuji angalêmbana |  
kawruh wus ambêg Otadi |  
taruna ing ambêk-tuwa |  
datan mangang ing pandalih |  
wau wancining ratri |  
sêdhêng wus anggagat bangun |  
Kae Sèh Adimuncar |  
alon ngandika mring rabi |  
lah wus sira rubiyah ngukus-ngukusa ||
47. Karya nadhah sèsèmèkan |  
mupung sih awaling enjing |  
kang garwa matur sandika |  
bêbêthak karya sasaji |  
anganor angling malih |  
maring Sèh Mangunarsèku |  
Kae jêbèng sumangga |  
sami awêktu mring masjid |  
mupung maksih awal utama sêmbahyang ||
48. Dhangan ingkang ingancaran |  
kang pra tamu jalu èstri |  
samyã mijil mring pahèran |  
wusnya dènnira susuci |  
malbèng masjid gêng sami |  
ing wêktu salat Subuh |  
Mangunarsa ngancaran |  
majêng kinèn angimami |  
Mangunarsa mangarsa ngimami salat ||

Jilid 12 - Kaca : 116



49. Aniyat usalinira |  
eklas tyas tibaning takbir |  
nyamlêng pangagêngannira |  
pendah gong tinabuh muni |  
jênggunge tan sarênti |  
parêng lan panabuhipun |  
unine tan katingal |  
sringing uni tan kakalih |  
panglêpasing munya sru panglambat sirna ||
50. Wus andadèkkên niyat |  
kasdu takrulira takyin |  
patitis tibaning ikram |  
mirit munajat tubadil |  
ing ênêngira êning |  
mungguh kajatèyanipun |  
angucap tanpa lesan |  
gumanti tanpa milihi |  
tarki wus tanajul wajah lan istitah ||
51. Langkung pasèkat kir'atnya |  
sawusing Patekahnèki |  
wacan Surat Idaja-a |  
dêg rêkangat ingkang akir |  
[---] |  
sawusing Patekahipun |  
wawacan surat Kasar |  
adêge wus dèn-Kunuti |  
têkèng tahyat akir salam nulya bakda ||
52. Laju pupujiyanira |  
adikir suhuling Widdhi |  
anumpa donga utama |  
amine dipun-nasibi |  
purna bakda anuli |  
sasalaman sadaya wus |  
santri mudhun bubaran |  
saking masjid jalu èstri |  
Kae Adimuncar ngling mring santrinira ||
53. Hèh Samurca amundhuta |  
sugata sarapan enjing |  
iya maring nyainira |  
kang liningan mentar aglis |  
mundhut sêkul sasaji |  
Nikèn rubiyah agupuh |  
anuduh pawongira |  
kerit rampadan mangarsi |  
wus tinata sangkêp ulame mawarna ||
54. Ki Adimuncar ris nabda |  
suwawi ngriku awijik |  
sasarap mumpung aenjang |  
ingkang ngacaranan gipih |  
(n)dan lêkas samya bukti |

panadhahira pakantuk |  
antara dangunira |  
anutug kang samya bukti |  
aluwaran ambêngira cinarikan ||

Jilid 12 - Kaca : 117

55. Sinungkên pamburinira |  
pinarucah wus waradin |  
sadaya tan ana kurang |  
gêng alit jalu lan èstri |  
wusnya dènnira bukti |  
Ki Adimuncar amuwus |  
marang ing garwanira |  
sira dèn-abêcik kari |  
ngong tan kêna binastu enggal lawasnya ||

56. Aywowah kèndhurinira |  
Jumuwahane mring masjid |  
santri myang magêrsarinya |  
pardinên salat mring masjid |  
ing waktu aywa kongsi |  
muadah Jumungahipun |  
garwa matur sandika |  
Adimuncar angling malih |  
yayi Arundarsa lah sira mèluwa ||

57. Iya ing salakuningwang |  
maring ing Wanamartèki |  
titinjo kang Arundaya |  
Kae Bayi Panurtèki |  
ngong tan anggawa santri |  
amung si Samurca iku |  
kang rayi aturira |  
inggih tan lênggana kami |  
Kae Adimuncar malih angandika ||

58. Lah Ke yayi Arsèngdriya |  
sêdhênge mupung sih ratri |  
umangkat mahawèng marga |  
sadaya umatur aris |  
singgih langkung utami |  
ing karsa tumuntênipun |  
sukur Alkamdulilah |  
paduka karsa lumaris |  
samadaya suka nut sukuring lampah ||

### **703 Pangkur**

1. Yata Kae Adimuncar |  
angandika lah ya wus payo yayi |  
umangkat mupung êsuk |  
amrih ayêming lampah |  
(n)dan umangkat saking pèlungguhanipun |  
maksih rêm-rêm saput lêmah |  
bakda Subuh dènnya laris ||

2. Tumurun nut padhadhahan |  
mijil saking padhukuhanirèki |  
gumrah swaraning kang sawung |  
wancining mudhun sata |  
anjog palêmparan sasabinahipun |  
nabrang lèpèn Pajambanan |  
nètèr iringing palêstrin ||
3. Sira Kae Adimuncar |  
Arundarsa lawan Ki Arsèngbudi |  
miwah Ki Cariklsutrèku |  
Kae Sèh Malangkarsa |  
Ki Sèh Mangunarsa Anggungrimangipun |  
Jayèngrèsmi Jayèngraga |  
Piturun Parimintèki ||
4. Sèh Modang myang pra waela |  
Ni Turida lan Nikèn Rarasati |  
Rancangkapti malhipun |  
Palangi lan Wilapa |  
Ni Cènthini miwah para santrinipun |  
Ki Monthèl lan Basariman |  
Samurca Sêtradrêmèki ||

5 (Sêrap surya sami wontên ing têtênging Wanakakas)  
Sadintên muput sami lumampah, namung kèndhêg salat Luhur tuwin Ngasar sarta dhahar. Sêrap surya sami wontên ing têtênging Wanakakas ingkang kadi taman asri, mila lajêng sami salat Mahrib sarta lèrêm ing ngriku. Dumadakan wontên tiyang kalihdasa sami dhatêng, nêmbung tumut sipêng ing ngriku, katulak mêtksa botên purun, malah sami ngaturakên woh-wohan mawarni-warni. Dalunipun sami rêratiban, dhikir suhul ngantos sami dhawah kantaka botên kantênan alang ujuripun. Nalika Ki Monthèl nglilir, sumêrap ing kiwatêngnipun sima tilêm sêsênggoran. Sima kagèt sami lumajar. Punika sima gadhungan kadadosanipun têtiyang ingkang sami nunut papan lan asung woh-wohan. Bakda Subuh rombongan mangkat malih, mêdal wana sacêlaking dhusun Kêplêng. Ing wanci lingsir surya ngancik têtênging Wanasaba, sami lèrèn salat Mahrib dumugi Ngisa. Gagat bangun mangkat malih ngancik laladan Wanamarta. Kapanggih Ki Nuripin ingkang panuju wontên ing têtégalan. Ki Nuripin lumajar wêwartos dhatêng rabinipun, nanging bingung anggènipun badhe nyugata. Wêkasan kabiyantu dening tangga-têpalhipun. Sasampunipun salat lajêng kêmbul dhahar ing pandhapi. Bakda Subuh Ki Nuripin atur priksa dhatêng Wanamarta.

II. Ing krajan Wanamarta Ki Bayi Panurta gêrah dipun-tênggani Ni Malarsih, sampun katingal badhe waluya. Jayèngrèsmi, Jayèngraga dalah rombongan dhatêng adamêl rênaning panggalhipun Ki Bayi kakung putri dalah para kulawarga. Pasugatan andilir. Para tamu kapondhokakên ing griyanipun para sadhèrèk, namung Sèh Mangunarsa kapanakên ing tajug. Dalu kataman Kur'an. Enjing bibar sarapan sami bawa-raos ngèlmi. Sèh Amongraga rawuh sakalihan kadhèrèkakên murid Ki Ragasmara, paring piwulang bab purnaning panêmbah lan sanès-sanèsipun. Wêkasan para tamu sami mantuk kanthi babêktan kathah.

Ki Bayi gêrah katêngga garwa lan para kadang-warga. Sampun katingal sakeca sasampunipun dhahar rujak. Dumadakan Ki Nuripin sowan ngirid para putra lan tamu, andadosakên rênaning panggalhipun Ki Bayi sakalihan. Para tamu kapondhokakên ing griyanipun kadang-warga, namung Sèh Mangunarsa

ingkang kapapanakên ing tajug. Pasugatan ambanyumili, lajêng kêndhuri. Sontên kêmpal ing pandhapi sami ngaos kasambêt kataman Kur'an, kalajêngakên bawaraos ngèlmi. Ki Bayi kapengin kapanggih Sèh Amongraga, makatên ugi sadaya para tamunipun. Sagêd kalêksanan, Sèh Amongraga rawuh sakalihan kadhèrèkakên Ragasmara, paring piwulang bab jatining gêsang, ananing Pangeran, dununging kawula Gusti, jatining sêmbah lan Sukma ingkang kathah pralambinipun. Gagat enjing sami salat Subuh. Sèh Amongraga sapanthèrèk wangsul dhatêng kaênêngan. Sasampunipun sarapan, para tamu pamit wangsul, kaparingan sangu babêktan kathah. Kaca 118 – 255.

Jilid 12 - Kaca : 118

694 Dhandhanggula

5. Santri Putih Imansêca |  
Jatingarang sadaya kang lumaris |  
dadya salawe puniku |  
sri swaraning ngenjangan |  
paksi baranjangan manyar munya luhur |  
cingcingguling cuwiyunan |  
dhèdhècu lawan srigunting ||
6. Cacangak gagak lan êngkak |  
bango-buthak cabak lan tuhu kolik |  
pêrkutut putêr drêkuku |  
pêtuking sawatara |  
jagigèran munggèng sawining patalun |  
sringing jangkrik-bêring jongkang |  
mrak manguwuh nyangungongi ||
7. Lir tatanya parannira |  
baya marang ngèndi ingkang pinurih |  
kêlayu mring dhayohipun |  
iku kang padha mentar |  
asih tèmên mring mitrane Kae Guru |  
lir tunggil sayayahrena |  
gêmak wêlung lir nauri ||
8. Lah ya iku wruhanira |  
marang Wanamarta Wirasabèki |  
saking drêngira wulangun |  
brata subratèng mitra |  
lawan Kae Guru Bayi Panurtèku |  
tumuturing sutanira |  
Jayèngrêsmi Jayèngragi ||
9. Kang mêngtas andon lalana |  
matiraga anrang sucining kapti |  
lawase mung limang ungsun |  
midik nèng Wanantaka |  
mangkya samya lan rabinira yun mantuk |  
mring karajan Wanamarta |  
wulanguning sudarmèki ||
10. Marma iku pra ngulama |  
samya tumut saking gêng trêsnanèki |

blêg-tupuk lir nambung wuwus |  
lah yan-yanane uga |  
yèn lawasa dènnya tinjo iya patut |  
saking sih siniyanira |  
lan Ke Bayi Panurtèki ||

11. Kadya mangkana isthanya |  
yata ingkang samya mahawèng margi |  
napak pagalênganipun |  
lumintang pasabinan |  
nganjat ara-ara palunguranipun |  
wijiling Hyang Andakara |  
muryani sèsining bumi ||
12. Wus lèpas ing lampahira |  
manjing wana tumuruning jurang trêbis |  
parang rong curi aparung |  
sumêngkèng pagênêngan |  
pakêtêban ing wrêksa gung wana sêpuh |  
têpung têtang pagêrotan |  
ambêngak sru swaranyanjrit ||
13. Barung sumraking cêmara |  
myang kriciking wuluh mring ori anggrit |  
ingan wuwang angalurung |  
grêng gênging wanawasa |  
ron kapusus ing braja sru kumarutuk |  
pang sêmpal kaprapal singsal |  
sakol-êkol tibèng siti ||
14. Kumrutuk lir tinutuhan |  
kwèh sabawanira jroning wanadri |  
sato kewan kèh kadulu |  
jajawi singandaka |  
kidang kancil manjangan maesandanu |  
uwa-uwa warangutan |  
ana mong malayu wingwrin ||
15. Madal pang rêbut tuntungan |  
nêbas milar ngalih panggonan mêngcit |  
wau ta ingkang lumaku |  
sakenjing anrang lampah |  
lingsir surya wus pidak-ro wancinipun |  
anon tirta ing lwah jurang |  
lumirap kadulu wèning ||
16. Kasongan lèmpènging jurang |  
kinayoman karoya lan sulastri |  
miwah wrêksa rêjasa gung |  
alon asri kawuryan |  
kadya amêmengin raryyan kang lumaku |  
supadi mari katoran |  
rêrêp ulah pangabêkti ||

Jilid 12 - Kaca : 119

17. Kapadhan sasmitanira |  
 kang lumampah sumêdya raryyan sami |  
 parlu dènnya amrih waktu |  
 angampiri talaga |  
 pinujune pitulung amanggih ranu |  
 samya tumurun ing lêbak |  
 prapta amahèr-astuti ||
18. Mimilih (ng)gyan kang malatar |  
 anèng sela kumalasa miranti |  
 wusira mèt toya wulu |  
 nulya ngangkat sêmbahyang |  
 pra waela ambabar mukênanipun |  
 amakmum marang ing priya |  
 Mangunarsa angimami ||
19. Wus antara dènnya salat |  
 bakda Luhur paragat dènnya bêkti |  
 sasalaman sadayèku |  
 ngasokkên angganira |  
 santri ngudhar-udhar pagendhonganipun |  
 sêkul ulam nyanyamikan |  
 sinaosakên nèng ngarsi ||
20. Pra priya lan pra waela |  
 ingancaran samya akêmbul bukti |  
 toyèng kalkun wus nèng ngayun |  
 sarêng dènnira dhahar |  
 wus antara nutug tan pati pakantuk |  
 luwaran gya cinarikan |  
 sinungakên ing pamburi ||
21. Warata tan ana kurang |  
 nutug tuwuk pra santri dènnya bukti |  
 ênting sadayanira wus |  
 miwah nyamikanira |  
 samya ngalap jalwèstri sasênêngipun |  
 rêrêm dènnira araryyan |  
 Ki Adimuncar ngling aris ||
22. Inggih yayi Arsèngdriya |  
 ngaralipun kawulaning Hyang Widdhi |  
 wong malbèng jroning wana gung |  
 prabeda wong nèng wisma |  
 apan dudu kaote tikêl sapuluh |  
 nèng wana nir kawanènya |  
 nang wisma tan mutawatir ||
23. Punapi ingkang amawa |  
 de tan beda siyang ratri sayêkti |  
 miwah padhang pêtêngipun |  
 mêlèk netra pan sama |  
 mung gêrah lan atis tan na bedanipun |  
 puniku kadi punapa |

Jilid 12 - Kaca : 120

Ki Arsèngbudi ngling aris ||

24. Wadhaganipun kewala |  
dènnira jrih nèng sajroning wanadri |  
sabab pisah jinisipun |  
lamun ta pribadiya |  
ing saènggonipun tyasira tan purun |  
beda kang parêk lan rowang |  
tyas suka tan mutawatir ||
25. Punapinggih wus mukayan |  
nakmas Kae jêbèng Mangunarsèki |  
paran (ng)gih makatênipun |  
Mangunarsa ris nabda |  
kadi-kadi lèrês ngling paduka ngumum |  
nging ngumuming wong jaman ngam |  
yèn tan rinaosing ngèlmi ||
26. Kang jaman jalma utama |  
datan ayun parêk maring sasami |  
tyasira langkung tan sukur |  
cipta jrih myating kathah |  
lamun kawistarèng janma datan kudu |  
kang dadya pirênanira |  
mimisah ngungsèkkên dhiri ||
27. Datan amiliya papan |  
ing saènggon-ènggonnira pribadi |  
suka sukuring asamun |  
sunaring pribadinya |  
ngudi-udi mring lawan piyambakipun |  
muhung ing sira Pangeran |  
subrangta amati-ragi ||
28. Mati sajroning agêsang |  
apan lumuh kasaksèn ing sasami |  
singgih janma kang puniku |  
susunguting oliya |  
sênêt anèng kaelokan jatinipun |  
kang winusman ing Hyang Sukma |  
wiji pinijiyèng Widdhi ||
29. Bènèh luwèh kèhing titah |  
kang puniku sêmune wong kang siji |  
mumuji priyangganipun |  
mangeran ing dhawaknya |  
tan angloro Pangeran pandêlêngipun |  
makatên lèlèjêmira |  
pangandikane (n)Jêng Kyai ||
30. Gumuyu Ki Adimuncar |  
nora majas sumurupaning angling |  
nak jêbèng Mangunarsèku |  
wus winahyu ing sabda |

Jilid 12 - Kaca : 121

ing sasmita tan inang pasêmonipun |  
bisa wèh waluyaning tyas |  
tan mumucung ing sasami ||

### 704 Pocung

1. Ingkang sinung wuwus Sèh Mangunarsèku |  
tumungkul nor sabda |  
botên makatên kiyai |  
amung rèhning nambung samya raraosan ||
2. Yêktosipun cêgah makatên anggunggung |  
nangèkkên bédêngah |  
takabur anggêmpur yêkti |  
datan misil anggêgêmpalkên tyas tama ||
3. Pan gumuyu Kyadimuncar sarya muwus |  
jêbèng kasinggihan |  
kang kadya dera ingangling |  
manira sring katêgor kanoran driya ||
4. Sakalangkung sukur manira ing kalbu |  
malih angandika |  
suwawi sami lumaris |  
sampun sêdhêng raryyan ngasokakên lampah ||
5. Sadaya wus rumojong ing karsanipun |  
(n)dan sami umangkat |  
waela ngawirya santri |  
manjat nètèr iringe calangap jurang ||
6. Lon lumaku têtèng irahing lulungur |  
marwèng palêngkèhan |  
munggah tumurun linaris |  
lêbak pundhung sinrang myang marga kang lêmpar ||

6 (lêlampahanipun Ki Jatiswara lèlana saking nagari Cêmpa)  
III. Kacariyos lêlampahanipun Ki Jatiswara lèlana saking nagari Cêmpa ngajawi, pinanggih Sèh Amongraga sapanthèrèkipun. Jatiswara bantah kalihan Ni Selabrangti bab Islam lan kapir, sarta bab nabi lan isbat. Gêntos Jatiswara lèlawananan kalihan Ragasmara, nakèkakên asal-usulipun Jatiswara, winangsulan anaking sagawon, Amongraga numpangi, anaking asu bêlang. Jatiswara lajêng mèsat sarta sumbar supados dipun-tututi, mila niat nyobi kasêktènipun Sèh Amongraga, nanging tansah kawon, wêkasan oncat nglajêngakên anggènipun lèlana.  
Ki Jatiswara ingkang brangti ing Hyang Widhi lèlana saking tanah Cêmpa ngajawi, angsal wangsit supados kapanggih Sèh Amongraga. Sagêd kapanggih, pitakèn bab ngèlmu, dipunladosi dening Ni Selabrangti, inggih punika bab Islam lan kapir, tuwin nabi lan isbat. Gêntos Ki Ragasmara nakèkakên asal usulipun, Ki Jatiswara ngakên anaking sagawon, lajêng Sèh Amongraga numpangi, anaking asu bêlang. Ki Jatiswara lajêng mèsat kapurih nututi lampahipun. Niyatipun nyobi kasêktènipun Sèh Amongraga. Ki Jatiswara ngambah gègana, Sèh Amongraga ngrumiyini wontên ing satêngahing mênéndhung, Jatiswara dados samodra, Amongraga sampun numpak baita kalihan pandhèrèkipun. Samodra kadadosanipun Jatiswara kaingsêp dening latu ingkang mêtal saking angganipun Sèh Amongraga.



Jatiswara dados barat, Amongraga pinanah supados tumuli ical, lan sanalika wontên rêdi ing ngarsanipun. Sèh Amongraga sapanthèrèkipun lajêng dumunung ing guwaning rêdi wau. Ki Jatiswara nyipta sawêr sakalangkung agêng, dipun-anciki Sèh Amongraga botên sagêd polah. Wêkasan Ki Jatiswara lajêng ngoncati, mèsat nglajêngakên anggènipun lèlana. Kaca 256 – 263.

Jilid 12 - Kaca : 122

7. Lampahipun anusup galagah rayung |  
pangalang-alangan |  
lêpas dènnira lumaris |  
tan arsa so andarung onjotanira ||
8. Wancinipun kang surya wus pidak pitu |  
(n)dungkap waktu Ngasar |  
anitik tan ana bêlik |  
samyang ngulat-ulat toya turut marga ||
9. Maksih laju têrkadhang dènnya lumaku |  
kèh papagannira |  
ing wong dagang lan priyayi |  
wong ngèbèr myang Kalang-odhèg gègilingan ||
10. Cènangipun tinabuh pating carênung |  
gèndhinge Kêcomang |  
kalange lanang nyindhèni |  
mêlang-mêlung aba marong aku lena ||
11. Mèsêm dulu Jayèngraga duk andulu |  
kalang kang cènangan |  
anèng nginggilinganèki |  
asasmita marang Kae Cariksutra ||
12. Tampèng sèmu Ki Cariksutra gumuyu |  
ngling sarwi lumampah |  
nimpangi kalang anggili |  
(ng)gih punika adate Kalang-odhègan ||
13. Bonange mung papat wong ro kang anabuh |  
sawontêne nêmbang |  
kang anèng ngriku anggiling |  
kathah kèdhik sadayanya dhudhan-dhudhan ||
14. Bojonipun pan tinilar anèng dhusun |  
anènggani gaga |  
têgal pasabinannèki |  
dènnya panèn anêbas siti irèngan ||
15. Kang saungsum kalih ungsun tigang ungsun |  
sêmangsaning jênar |  
pantune dipun-purugi |  
apapanèn ngiras marang bojonira ||

16. Yèn na payu nguyangakên parinipun |  
bojone tinilar |  
wènèyan kewala pari |  
lamun anak-anak amêdali lanang ||
17. Lamun sampun agêng bobocahanipun |  
binêkta bapaknya |  
odhèg marang pundi-pundi |  
sadarbèknya sinimpên anèng odhègan ||
18. Lamun sunu pawèstri tan pinilalu |  
sinungkên byangira |  
bapake tan andarbèni |  
èstri mèlu biyung lanang mèlu bapa ||
19. Pan wus unkur-ungkuran ingkang lumaku |  
mangkana dangunya |  
dènnirojar turut margi |  
Jayèngraga inggih-inggih aturira ||
20. Lampahipun sarwi ngulat-ulat ranu |  
nulya manggih toya |  
kalya lit ilinya wèning |  
kali Garêswangkit têtêng wana Kamal ||
21. Gya tumurun nabrang kali watês dhêngkul |  
raryyan patètèran |  
kang simpar kumlasa radin |  
dènnya samya mrih sêmbahyang waktu Ngasar ||
22. Mèt toyastu kadas wus sadayanipun |  
amimilih papan |  
pasimparan kang asuci |  
wusnya manggya nulya samya salat Ngasar ||
23. Ngangkat parlu andadèkkên niyatipun |  
purnaning panêmbah |  
Ke Adimuncar ngimami |  
wus antara tartib tumaninahira ||
24. Akiripun tahyat asalam bakda wus |  
sampurna salirnya |  
pupuji myang donga dhikir |  
nulya samya sêsalaman sadayanya ||
25. Èstri julu ngasokkên angganya rupuh |  
kang para waela |  
pêpêtêk pada pribadi |  
ingkang lagya udud miwah amumucang ||
26. Alon muwus Ki Adimuncar tannya rum |  
marang santrinira |  
hèh Samurca alas iki |

Jilid 12 - Kaca : 123

apa iya siwêre têtênge Kamal ||

27. Santrinipun umatur inggih puniku |  
pan ing wana Kamal |  
watêse lèpèn punika |  
sapangalèr sapangetan wana Kamal ||
28. Têtêngipun pan inggih ngajêng punika |  
wasta wana Kakas |  
mila ing lampah puniki |  
kêdhik ragi kalajêng mring pangalapan ||
29. Lêrêsipun animpang ing ngriku wau |  
wrêksa sol ngrêbatang |  
nimpang ngetan (n)jog Panjaring |  
nadyan gênêng botên acakêt padesan ||
30. Lamun wangsul sampun têtih kang kêbanjur |  
Kyadimuncar mojar |  
kang ora-ora dèra-ngling |  
lah ora wus ya marga kiye kewala ||
31. Puluh-puluh thithik katanggungan laku |  
kadalon nêng wana |  
tan ana dhukuh kaèksi |  
wus bêgjane kudu kadalon nêng wana ||
32. Malih muwus mring para ri putranipun |  
yayi Arsèngdriya |  
kadi-punêndi puniki |  
rèhning wanci surya wus ngakiring Ngasar ||
33. Paran laju punapa kèndêla dalu |  
nêng ngriki kewala |  
kang masthi amanggih warih |  
yèn lajuwa manawa tan ana toya ||
34. Karya wulu yèn pot Mahrib Ngisanipun |  
Arsèngbudi turnya |  
lêrês karsanta kiyai |  
wa-samantên ing ngriku rêmbaging kathah ||
35. Nambung wuwus sira Ki Carikstrèku |  
kula nut sumangga |  
laju nadyan kèndêl ngriki |  
Kae Malangarsa nambungi wacana ||
36. Lêrêsipun kang dadya ing karsanipun |  
Ki Sèh Mangunarsa |  
sinasmitan angling aris |  
lamun parêng ing karsa laju lumampah ||
37. Prandenipun maksih siyang wancinipun |  
lamun wontên papan |

Jilid 12 - Kaca : 124

- ingkang amênggêr sakêdhik |  
ngaulatan yèn ta amanggih toya ||
38. Duk myarsa tur Ki Adimuncar lingnya rum |  
rumojonging putra |  
lah ênggèh têka priyogi |  
lah suwawi sapakantuking lumampah ||
39. Nulya laju manjat papèrènganipun |  
pagrênganing wana |  
ing Kamal ingkang awingit |  
Selakakas tatêlênge wana Kamal ||
40. Anut lungur ngancas pamênggêranipun |  
wrêksa yom angayang |  
trênggulung jambon kusambi |  
pilang laban maromangir katimaha ||
41. Waru sênu sengon plasa walikukun |  
pagrumbulan wana |  
pakêtêban langkung wêrit |  
wrêksa gung grêng tan mobah dening maruta ||
42. Lampahipun têtêng patêlênganipun |  
wana Salakakas |  
angkêre amartandhani |  
mawa ganda langkung rum amrik angambar ||
43. Yata wau lampahé amanggih ranu |  
lir arga patapan |  
sangkêp lir sinari-sari |  
kayu uni andong-bang patramênggala ||
44. Cêpaka-ndul argulo mêtathi mênur |  
bakung puspanyidra |  
kumuning lan nagasari |  
anggrèk-wulan sikatan pacar-we noja ||
45. Kalak gadhung kang suka angkana tanjung |  
pakucuran tirta |  
bêbêngane binotrawi |  
dening sela rimbag kosok pan pinrada ||
46. Lining ranu lumawan mring sor sumêmbur |  
nranging pandhan rangkang |  
andhodhèng pudhak sisili |  
ngèngêl kêngêl kadya dyah kèsisan sinjang ||
47. Kang maênu laju tumama ing ngriku |  
Kamal Calakakas |  
puniku sajatinèki |  
pangrasa-manira Dwija Kiliraja ||

Jilid 12 - Kaca : 125

48. Kadang sêpuh-ira Prabu Kêlatbau |  
sang Pandhita-rara |  
nèng Wanantaka mimidik |  
ing mangkya wus nêluman tan kawistara ||
49. Kang atunggu tilas panambutanipun |  
patarukan dadya |  
pakêkêsaning mong sami |  
ing satêlêng kêndhênge tan kambah janma ||
50. Kang mahahyun prapta titirah ing Pandhung |  
non sela lirang bang |  
raryan samya tata linggih |  
wanci suryandhap tumuntung ing purwarga ||
51. Samya ngungun mulat parèrèyanipun |  
langkung sri kawuryan |  
sari sarya-njrah ing siti |  
amrikira raras rinêsmèn maruta ||
52. Linging kalbu Ki Adimuncar angungun |  
dènya myat pataman |  
anèng madyaning wanadri |  
mangsa ra-a iya jêbèng Mangunarsa ||
53. Wijilipun mangunah kèlokanipun |  
karya pangrasaman |  
tustha papaning ngabêkti |  
ingkang sela gilang sumayana rêta ||
54. Sri dinulu babanjaran sarwa santun |  
pranyata wus bisa |  
ngatokkên pangunahnèki |  
lêlewane janma tama kang minulya ||
55. Yata wau ing wanci Hyang Surya surup |  
anggraning ngancala |  
layuning arka nirati |  
ing akasa asilak ujwala jênar ||
56. Tan adangu wontên jalma prapti ngriku |  
jalwèstri akathah |  
limangpuluh winitawis |  
tan (ng)gagawa kabèh alêgèh kewala ||
57. Samya matur marang ingkang samya rawuh |  
kawula punika |  
andhèrèk sipêng ing ngriki |  
lan sadaya inggih sabatèh kewala ||
58. Amlas-ayun tumut nukêri sadalu |  
Kae Adimuncar |  
nauri manira iki |

Jilid 12 - Kaca : 126

wong anamar wontên ing satêngah wana ||

59. Sira kudu mèlu anginêp (ng)gyaningsun |  
wong padha nêng wana |  
aywa gawe mutawatir |  
ngalumpuka sabatèhira priyangga ||
60. Alon matur ngangkah punapa sadalu |  
Monthèl nambung ujar |  
sampun (n)dika ngudi-udi |  
tan prayoga momor-sambu anèng têba ||
61. Yèn ngrikayun nginêp (ng)gih kewala ngriku |  
sadhengah ajêmbar |  
aywa wor saênggèn ngriki |  
Ki Sèh Mangunarsa alon angandika ||
62. Aywa sêndhu sira Monthèl mring wong kudu |  
awor panginêpan |  
wong padha sêdya basuki |  
lagi sihe padha krana Lah kewala ||
63. Samya sukur sadaya tan walang-kalbu |  
jatine kang prapta |  
samya gadhungan wanadri |  
sima mulih marang pakêkêsannira ||
64. Sira wau Ki Adimuncar amuwus |  
lah suwawi marang |  
pahèran mèt toyastuti |  
sêdhêng waktu Mahrib utama kang awal ||
65. Sadaya wus maring patirtan awulu |  
myang para waela |  
wusira samya susuci |  
amimilih papan kang sami asimpar ||
66. Anèng watu wangsul sadayanira wus |  
mring (ng)gyan kumalasa |  
samya mrih waktu Mahêrib |  
trap makêna ambabar sêbe musêla ||
67. Ngangkat waktu sunat sadayanira wus |  
Ki Sèh Mangunarsa |  
cinaran majêng ngimami |  
tan lênggana tamat ngangkat parlunira ||
68. Kasdu takrul takyin wus kamot ing kalbu |  
anjênêngkên niyat |  
ikram mikrat munajati |  
tubadile gumanti jênênging salat ||
69. Ucapipun wus munggah jênênging kalbu |  
plênging padungkapan |

Jilid 12 - Kaca : 127

- lapal Allahu mring takbir |  
lir sêblaking pat-upating pècutira ||
70. Tan kadulu duk munya jêthoting pècut |  
wawangsulanira |  
tanajul marang ing tarki |  
tan pinangka tanpa (ng)gyan purnaning niyat ||
71. Mung mulya gung kewala kanênganipun |  
ing dalêm antara |  
wajah ittintahirèki |  
wawacane sawuse Patekahira ||
72. Kulya-ayu ing rakangat awalipun |  
akiring rêkangat |  
sawusiing Patekahnèki |  
surat Idaja-a nasrul kang winaca ||
73. Apan uwus tahyat awal akiripun |  
tartib tumaminah |  
asalam bakda pupuji |  
dikir mansud têlung tasbèh maca donga ||
74. Wusnya ngumum Surat Bakdiyatanipun |  
laju Wabinira |  
nêm rêkangat tri salami |  
wus paragat wêktu Mahrib têtêng Ngisa ||
75. Ajujunun-nakên ing salsilahipun |  
purna liring sunat |  
salawat salaman sami |  
warata wus samya tata palungguhan ||
76. Lingira rum Ngi Muncar mring santrinipun |  
lah akono padha |  
angagar gaweya gêni |  
kang liningan gupuh agawe padhiyan ||
77. Urub-urub myang kang ngipil-ipil kayu |  
karya patotoran |  
padhange gêni andadi |  
Monthèl angling owêl nora ambêbakar ||
78. Yata gugup jalma kang amomor wau |  
jalwèstri mangarsa |  
ngaturkên nyamikan sami |  
wohing pala-gumantung pêndhêm kasimpar ||
79. Pisang suluh nangka lan katela jagung |  
myang timun sêmangka |  
talês kimpul wi gêmibili |  
bêndha dhuwêt kêtos katès manggis duryan ||

80. Aturipun kawula naoskên punjung |  
nyanyamikan wana |  
sawontênipun supadi |  
rêrêmipun mêngtas katoran lumampah ||
81. Nèng wana gung tan sagêd naoskên sêkul |  
tuwin lam-ulaman |  
paduka tan manggih bukti |  
aming lothung-lothung pala sumapala ||
82. Mèsêm (n)dulu Ki Adimuncar angungun |  
jalma ingkang samya |  
ngaturkên nyamikanèki |  
asasmita samya pagut sukèng nala ||
83. Linging kalbu yèn tan nyana wong puniku |  
abisa sidhêkah |  
nyamikan kathah di-adi |  
giri-lusi janma tan kêna ingina ||
84. Alon muwus ênggèh kisanak kalangkung |  
apanrimaningwang |  
miwah sadayanya sami |  
kabèh sanak sung sidhêkah nyanyamikan ||
85. Matur nuwun ingkang liningan sadarum |  
malih angandika |  
mring santri kinèn nampani |  
gya tinampan sinaoskên nèng ngarsa ||
86. Sadaya wus ingajangan godhong sêmpu |  
kang nangka binukak |  
myang duryan dipun-jujuring |  
kang kapala-pêndhêm samya binênêman ||
87. Pisang suluh kang matêng-wit anèng ngayun |  
miwah gégawannya |  
pribadi kang salong misih |  
juwadah lan dhèndhèng gêpuk babakaran ||
88. Jênang gèndul gêmblong ginodhong nèng ayun |  
Kae Adimuncar |  
nyarakkên nyamikannêki |  
lah suwawi krana Lah rijêki Allah ||
89. Pawèhipun kisanak kang wowor-sambu |  
gupuh kang liningan |  
angalap sasênêngnèki |  
pra waela miwah kang para ngawirya ||
90. Sakalangkung pikantuk panadhahipun |  
amirasèng rasa |  
wusira anutug bukti |  
sinungakên warata pra santrinira ||



91. Atuturuh tuwin ngingum we ing kalkun |  
 Kae Adimuncar |  
 pangandikanira aris |  
 pênêdipun kanthi pupuji ing Sukma ||

**705 Kinanthi**

1. Ing wanci wus têngah dalu |  
 samyarsa rahab raratib |  
 makam sahsilah sabaryah |  
 guyêr barjah nakisbandi |  
 suhul jalalah karijah |  
 tubamah kèbri ripangi ||
2. Anjununakên pandulu |  
 wirit mujarating dikir |  
 sira Ki Sèh Mangunarsa |  
 kang angimami rawatib |  
 makmum kang para pituwa |  
 tuwin pra waela sami ||
3. Santri murid tan na kantun |  
 makmuming gurunirèki |  
 wus ratib masmangal kusna |  
 nulya trap salsilah dikir |  
 nanjihkên mutanakirah |  
 kang sanad kalimah kalih ||
4. Nêbut asmaning Hyang Agung |  
 lailaha ilalahi |  
 kalawan panarikira |  
 ubêding isbat tanapi |  
 nganjating mutawasitah |  
 wahdah lan sarikallahi ||
5. (n)Dan ilalah ilalahu |  
 kalawan tanajul tarki |  
 nungkapi muka-awiyah |  
 sahidna ngala anpusik |  
 tuhu-tuhu suhulira |  
 guyêr Alah Alah tuwin ||
6. Huallah lawan Allahu |  
 la la la la i i i i |  
 haha huhu i i a a |  
 u u i a lulu lili |  
 kalimah sahadat insan |  
 latiping salat sajati ||
7. Taspundi kanênganipun |  
 wus tahaim ismungalim |  
 ngalamat kang manjing mêdal |  
 kêsoting napasirèki |  
 panukmaning munasika |

anungge ing Sukma jati ||

8. Lahêng paguting pandulu |  
lawan panukmaning uni |  
woring sih junun istijla |  
pajumbuhaning kajatin |  
kajatmikaning panunggal |  
lêsning kapurbaning Widdhi ||
9. Sanalikanira wau |  
dènnira awirit dhikir |  
sang Kae Sèh Mangunarsa |  
Adimuncar Arsèngbudi |  
Cariksutra Malangarsa |  
Anggungrimang Jayèngrêsmi ||
10. Kalawan Jayèngragèku |  
Ni waela Rancangkapti |  
Turida lan Rarassatya |  
sawêlas wadon Cènthini |  
pyuhing tyas panakul-pana |  
anggulinting lir kayya king ||
11. Akantu saujuripun |  
ingkang amumupit wirit |  
datan ana amastara |  
samyang sumungku pribadi |  
pra santri lan kulawarga |  
lalaju lajon aguling ||
12. Saking pasungkêmanipun |  
wènèh kang banjur angagir |  
sarwi angorok sênggoran |  
nutupi aripirèki |  
ngawiryang lan pra waela |  
kang panaoling Hyang Widdhi ||
13. Antaranya tigang-èwu |  
lêpas layaping pangèksi |  
wus jumlah padikalira |  
daim kang umanjing mijil |  
napas pan datan kêposan |  
sambunge wangsulanèki ||
14. Maring kawèntèhanipun |  
luwar pananing pandêling |  
sih nungku ing pasungkêman |  
samyang tapakur ing Widdhi |  
angirigakên pangiksan |  
-nira kang wèng-wèng ing kapti ||
15. Santri sadaya wus turu |  
sênggoran pangoroknèki |  
nutug dangu antaranya |

Jilid 12 - Kaca : 130

- Ki Santri Monthèl ngalilir |  
dhadhêsêkan lawan macan |  
nèng wurine adu gigir ||
16. Kasorot bédheyan murub |  
katon lorènge mèdeñi |  
dinêlêng sadayanira |  
(ng)gyanning wong momor duk wingi |  
sayêkti jalma gadhungan |  
nèng pakêkêsanirèki ||
17. Ting glêgêr pangorokipun |  
Ki Monthèl kalangkung ajrih |  
lon gugah-gugah mring rewang |  
Ki Basariman atangi |  
lan Samurca Sêtradrêma |  
kagyat wong têlu anjêlih ||
18. Dadya wong papat angrajuk |  
anêbut ngudubilahi |  
lir wong nglindur kagum gila |  
(n)dhêrodhog angruntuh wêdi |  
hihu haha hihi hapa |  
howèng howèng hêhê hihih ||
19. Macannya kagyat lumayu |  
sadaya tan ana kari |  
sup ring pangalang-alangan |  
dadya pra samya atangi |  
ya ana prakara apa |  
dene anggêmbor kapati ||
20. (ng)Guguyu kang samya kagum |  
Ki Sêtradrêma ngêtipris |  
jawane wong wêngi ika |  
dudu wong sebaènèki |  
manus gadhungan alasan |  
nêmbung nginêp momor guling ||
21. Tujune nora ngalêthuk |  
ngêrêg githok wong aguling |  
yèn aja sêlak konangan |  
pasthi yèn arêp ngakali |  
miji loro kang pinangan |  
êmbuh lanang wadonnèki ||
22. Sadaya sami gumuyu |  
Ki Monthèl tumut (ng)guyoni |  
kang lagya tapakuring tyas |  
kawasing dalêm adikir |  
tan pèpèka ing paningal |  
tan ngopèni ing sakalir ||

Jilid 12 - Kaca : 131

23. Wanci wus anggagat bangun |  
 palilahing pajar gidib |  
 bêkti pajununanira |  
 takarub marang Hyang Widdhi |  
 tangi saking pasujudan |  
 purna sasalaman sami ||
24. Atata dènnira lungguh |  
 Ki Adimuncar ngling aris |  
 sanak kang padha nunggal (ng)gyan |  
 sadayanya anèng ngèndi |  
 Monthèl matur kutawèlan |  
 de tiyang punika wingi ||
25. Kang anêmbung wowor dalu |  
 mêksa tan kenging pinênging |  
 yêktose dede manungsa |  
 gadhungan sima wanadri |  
 mèh kirang kèdhik kewala |  
 anglêthuk githoking santri ||
26. Kasêlak sami anjêpluk |  
 kagum santri tri atangi |  
 sarêng kagète lan sima |  
 simane sadaya (ng)gêndring |  
 mring grumbul pangalang-alang |  
 marma tan wontên kaèksi ||
27. Mulih jal kamulanipun |  
 pra ngawirya mèsêm myarsi |  
 Ki Adimuncar ris nabda |  
 tujune samya basuki |  
 tan ana kang anukarta |  
 sumêdya rumêksa sami ||
28. Pan sukur samya rahayu |  
 Kyai Muncar angling aris |  
 suwawi sami akadas |  
 sêdhêng wêktuning ngabêkti |  
 wancining ratri wus pajar |  
 dhangan kang samya sinung ling ||
29. Marang ing pahèranipun |  
 jalmèstri mèt toyastuti |  
 wusnya wangsul mring pasèlan |  
 nêkani wêktu ngabêkti |  
 wus anjênêngakèn salat |  
 Sèh Mangunarsa ngimami ||
30. Andadèkkên niyatipun |  
 mulya wus tan amindhoni |  
 wawacan wusing Patekah |  
 Surat Sujadah inapti |  
 dêg rêkangat sinujudan |

31. Sawusing Patekahipun |  
Surat Kasar kang ingambil |  
adêge wus Kinunutan |  
tumêkèng tahtat kang akir |  
salam bakda pupujiyan |  
dikir donga lima bêkti ||
32. Wusnya gya asujud takrul |  
ngakênni salating urip |  
rumangsa lamun kinarya |  
kinawulakakên dening |  
Hyang Kang Murba Amisesa |  
saliring jagad dumadi ||
33. Wus purna panlangsanipun |  
bêrsih-bêrsihira sukci |  
alon anjunjung mastaka |  
angipat takyubanèki |  
miwah kang para waela |  
luwar pajununnannèki ||
34. Nalikanya bakda Subuh |  
Ke Adimuncar ngling aris |  
suwawi sami umangkat |  
sêdhênge mupung aenjing |  
dèrèng kambang ing aruna |  
amaruput saput-siti ||
35. Kang liningan aturipun |  
inggi sumangga prayogi |  
gupuh kang para waela |  
ngrukti pagendhonganèki |  
wusnya (n)dan sami umangkat |  
linggar sing sasananèki ||
36. Nuting panguluranipun |  
nganjor lampahira ririh |  
marga sela kumalasa |  
kalumutan anglunyoni |  
kawalêd ing wiwilisan |  
kuswarèng ron angêbêsi ||
37. Ring pada nangsayèng pinjung |  
nampu wastra kang kawingkis |  
lon-lonan kang mawèng marga |  
kasilir maruta mirir |  
kêkêsing driya wiyoga |  
kapanduk gandaning sari ||
38. Taru sumêkar mawèh rum |  
campur ulênging wawangi |  
kadya raras jroning tilam |

sêkar (n)jrah nèng kasur-sari |  
asri sabawèng enjingan |  
dhawang jongkang jangkrik-bêring ||

39. Myang pêksi barênggi bubut |  
cabok kukuwèng kêdhasih |  
cagigèring satawana |  
mrak nyangungong mamêlingi |  
barung bêngohing andaka |  
myang kidang manjangan kancil ||

Jilid 12 - Kaca : 133

40. Lir kadya tuduh dalangung |  
kang sambêt kambah ing jalmi |  
rèhning maksih karêmêngan |  
manawa sasar ing margi |  
Hyang Karaba kang mahyuna |  
mring pracima anirati ||

41. Sumirat ujwalanipun |  
tirahing ima malêngki |  
wijiling Hyang Andakara |  
tumirah anggraning wukir |  
andipani sèsining rat |  
karya rêsmining sakalir ||

42. Yata wau lampahipun |  
ing Selakakas kawingking |  
mulya pangrêngganing wana |  
siluman wus tan kaèksi |  
puluh ajal kamulanya |  
pakêkêsan mong wanadri ||

43. Garumbul galagah rayung |  
pangêbêsan jurang aring |  
lêstari kang mawèng marga |  
wong salawe jalu èstri |  
mahasèng wana wulusan |  
mungah tumurun arumpil ||

44. Anrang lampahe andarung |  
nut marga gung kang pinurih |  
anim pang marga têrusan |  
ngalor-ngetan kang linaris |  
wus lintanging wana Kamal |  
rambah wana Malang wingit ||

45. Tan patya raryyan ing ngênu |  
raryyan yèn wêktu ngabêkti |  
Luhur atanapi Ngasar |  
yèn dalu tansèng wanadri |  
tan karsampir ing desa |  
satutugira miranti ||

46. Ginêrba caturing laku |  
linampahan pitung ari |  
pamancale saking wana |  
malang pasipênganèki |  
(n)jog wana ing Bumisara |  
wana kalangkung writ wingit ||
47. Kèh dulon kang salah dulu |  
(n)dungkap sadintêne malih |  
tambah wana Tunggarana |  
rawi canthèl têtêngnèki |  
pakayanganing siluman |  
garumbul bondhot panjalin ||
48. Kang lumampah têtèng ngriku |  
pangridhu wontên kaèksi |  
kang ulam-loh akèh mijrah |  
mring dharat nyêmplung ing kali |  
manculat akulèpèkan |  
gêng-agêng anurut margi ||
49. Andhèr lele lawan kutuk |  
samyà milar rêbut dhingin |  
para santri kagyat mulat |  
iwak-loh mêngtas ing warih |  
Ki santri Monthèl agahan |  
ngambil kutuk gêng satunggil ||
50. Kalangkung dening atutut |  
Ki Samurca anaruhi |  
ih lo êmpun salah-karya |  
nèng Ngrawicanthèl awingit |  
gluwah-gluwèh amèk iwak |  
ginanggu kang marabumi ||
51. Lah wus rika culna gupuh |  
tan wurung (ng)gawa bilai |  
tan ngêmungkên wong satunggal |  
Ki Monthèl kalangkung ajrih |  
anulya cinulkên sigra |  
linge manawa sayêkti ||
52. Yata dènnira lumaku |  
ing sadintênipun malih |  
kapungkuring Tunggarana |  
kènthêng sawêring wanadri |  
ngambah ing wana Pandhêgan |  
têtêng wana Mènjàng nênggih ||
53. Godha angkêr ing wana gung |  
kèh kidang mênjangan kancil |  
tuwu lwir sato ingonan |  
kasenggol mring kang lumaris |  
sadaya wus winangsitan |

Jilid 12 - Kaca : 134

aywa na asalh kardi ||

54. Kang winangsit wus mituhu |  
tan ana purun ngaruhi |  
lêstari ing lampahira |  
kêdalon sipêng wanadri |  
antuk lalakon nêmba dina |  
angambah ing wana kracil ||
55. Kang dadya pangridhunipun |  
tatêlênge jati lingir |  
kathah andaka katingal |  
gêng-agêng tan ana kêsit |  
tutut lir sato anjilma |  
ngalegung ayêm (ng)gayêmi ||
56. Lir mèlu-mèlu tinuntun |  
wus winalêran ing wangsit |  
sadaya datan sumêdya |  
nukarta asalh kardi |  
raharja salampahira |  
andarung dènnya lumaris ||
57. Mung raryyan kewala wêktu |  
yèn manggih toyèng wanadri |  
tuwin kadalon ing marga |  
tansah nèng wana nêmba |  
enjang (n)dan samya umangkat |  
wus lêpas lampahirèki ||
58. Ngambah pa-angkêranipun |  
tatêlênging wana Rimbi |  
panggodhaning wong lumampah |  
miyarsa bêrkutut muni |  
umanggung nèng êpang andhap |  
cumlêngkung lir bêndhe muni ||
59. Tandukipun ukung nglangut |  
panjang aurira mêrit |  
lêpas alêp angêmandhang |  
aêmpuk mêmbat abêning |  
ajêg tan mawi sandhungan |  
lêstari arum amanis ||
60. Sumèntêg anyenggol kalbu |  
anggunge ngalap ngajap-sih |  
sauran kulon lan wetan |  
lor kidul munya aganti |  
gênging uni tap-untapan |  
samya pakolèh kapyarsi ||
61. Wau kang mahawèng ênu |  
laju lampahira aris |  
uni tanbancanèng marga |



- lêmpar marganira radin |  
wus tan napak padhikilan |  
nrang babangkan wana nipis ||
62. Patutunon wana Pikun |  
tandha wus parêking dèsi |  
tèdhèngan bangkan tinugar |  
gogolan ginula-guli |  
gagalêng unjung-unjungan |  
katon grumbuling adèsi ||
63. Anggênggêng kitri nyarêmbyung |  
kèh dhukuh parêpatnèki |  
dhusune Kêmplêng wastannya |  
tumurun ing nabrang kali |  
raryyan samya salat Ngasar |  
tan arsa kampir ing dèsi ||
64. Wus bakda dènnira wêktu |  
maksih nèng panggiring kali |  
sabrangan jamban padusan |  
kèh pawèstri dus ing kali |  
kang awuwung asibukan |  
ramya ciciblon raryya lit ||
65. Andulur kang samya ngangsu |  
ngindhrit jun pating carênthing |  
ana pawèstri sajuga |  
mêntas adus dandan tapih |  
wasta (m)Bok-ngantèn Watiyah |  
paparap Êndhuk ing nguni ||
66. Duk maksih parawanipun |  
durung mangsane birai |  
kinêrsan mring Jayèngraga |  
tan kongsi wêdharing sari |  
sabab sih tangèhing mangsa |  
kyat nungkuli sari kincip ||
67. Dadya datan bisa dukul |  
samana Ki Jayèngragi |  
kalawan Ki Jayasmara |  
Ki Kulawirya Nuripin |  
duk lungane angupaya |  
Amongraga duk kariyin ||
68. Ing mangkya (m)Bokrara Êndhuk |  
wus laki susuta kalih |  
kang mêntas dandan tapiyan |  
abêbêngkung minthi-minthi |  
kakêmbên ngiras salendhang |  
rumimong ing baunèki ||
69. Asèngêh pangayunnipun |  
mênthêg gêmuh ambêngkêri |

mêndul kaênjoting lampah |  
tindak magêr-timun ririh |  
lèmbèhan korogan kontal |  
asta kanan nyangking sêking ||

70. Ngore rema têkèng jêngku |  
asinggulan cundhuk suri |  
dhasar kuning cilik mula |  
dhasar ayu ambêsusi |  
kawulat mring kang araryan |  
sêmada parêking margi ||

71. Lakune srim pang-sarimpung |  
èstu isin pinaliring |  
Jayèngrêsmi mèsêm mulat |  
mring kang rayi Jayèngragi |  
sasmita kasamandriya |  
Jayèngraga mèsêm ningit ||

Jilid 12 - Kaca : 136

72. Yèn kawanguran ing sêmu |  
mring kang rayi Rarasati |  
dadya piningit nayanya |  
rèh ana karasèng galih |  
duk sipêng ing Kêkêplêng desa |  
angrunah parawan sunthi ||

73. Watiyah karan (m)Bok Gêndhuk |  
nging mangka sêmada lali |  
barkat lami tan tumingal |  
parawan kongsi sèsiwi |  
kathah karaosing nala |  
ketang galating ngaurip ||

74. Ing mangkya wus sinung ayu |  
ing agama tyas basuki |  
tan pepeka ring maksiyat |  
alulus kêmulèng budi |  
sinamun sarwi amucang |  
Ki Adimuncar ngling aris ||

75. Yayi Kae Arsèngkalbu |  
anyèngklèng lampah puniki |  
sasar kapaung sadina |  
lêrêse duk wau enjing |  
ing wana Kracilwangkitnya |  
wit blabaring wana Rimbi ||

76. Animpang ngriki kang wau |  
ngalèr kewala kang margi |  
(n)jog ing wana Pataruman |  
têtêlênge ardi Manik |  
Ke Arsèngbudi turira |  
kawula dèrèng udani ||

77. Wasana kang paduka wuwus |  
Ke Adimuncar nauri |  
manira dèrèng tumindak |  
ujare kang wus lumaris |  
pan wana ing Pataruman |  
alas sing Wirasabèki ||
78. Ki santri Monthèl umatur |  
kamipurun anêlani |  
ing pangandika (n)Jêng Tuwan |  
ing Taruman Ardimanik |  
kalangkung angkêring wana |  
lan margi rumpil asungil ||
79. Lalampah awis rahayu |  
padhêm kalap ing dhêdhêmit |  
jalma musna tanpa paran |  
yèn (n)dungkap ing Ardimanik |  
pan sampun kuna-makuna |  
wana ing Jênggalamanik ||
80. Wontêna ing elokipun |  
kaot margannya lêstari |  
saèdhèngan manggih desa |  
awis tambah wana rungsit |  
Turida lan Rarasatya |  
samyam amicarèng ati ||
81. Karasèng tyas duk lalaku |  
angambah ing Ardimanik |  
arga pan wus aniluman |  
manira jawane nguni |  
ngambah wana Pakarêman |  
sasar pan jalma lumaris ||
82. Wusira mangkana wau |  
Ke Adimuncar ngling aris |  
punapi ing riku samya |  
sumêdyèng sipèng ing dèsi |  
paran lajuwa kewala |  
satibane anênêpi ||
83. Kang sinung ling samya matur |  
lêhêng lajuwa lumaris |  
pan wus kasêdya tirakat |  
sadhawahirèng wanadri |  
sukuran amanggih papan |  
tyas kumambang ing Hyang Widdhi ||
- 706 Maskumambang**
1. Pan mangkana aturira Arsèngbudi |  
Kae Adimuncar |  
angling lah ênggèh suwawi |

Jilid 12 - Kaca : 137

- umangkat mahawèng marga ||
2. Pra waela dandan pagendhonganèki |  
wusira samakta |  
nulya lumaksana sami |  
saking parèrènnira ||
  3. Anut marga pagalênganirèng sabin |  
têgal patalunan |  
tulus kang sarwa wiwiji |  
tan ana lêbaring mangsa ||
  4. Mangsanira badhe sabin amèmèki |  
patanêmanira |  
sêmangka kara kêrai |  
jawawut jagung katela ||
  5. Lombok terong kaceme kacang kacipir |  
talês kimpul kênthang |  
jarak kapas miwah wijin |  
kompulu lawan kasumba ||
  6. Samya kagyat wong sawah kang aningali |  
marang kang lèlampah |  
kèwuhan panêrkanèki |  
andulur nèng pagalêngan ||
  7. Ana wong kang anêrka lamun priyayi |  
ana kang anêrka |  
guru santri kang mastani |  
wong pinggir ètèr adagang ||
  8. Miwah wong kang (ng)gusah pèksi anèng sabin |  
samy agêrtakan |  
gogonjong tali sasawi |  
sarwi nèng gubug kukuhan ||
  9. Wong kang samya anjozor pating saliri |  
wong nèng pagubugan |  
gambaran kèndhangan gèndhing |  
Sêkar-gadhung sindhènnanya ||
  10. Wus lumrahe wong desa kamuktènnèki |  
yèn kawiyos sawah |  
nèng pranggon suka anggèndhing |  
sarwi gugusah prit nêba ||
  11. Wus lumrahe kèh kabungahanirèki |  
myang raryya-ngon ngundha |  
-undha layangan sundari |  
miwah kèh pasang ubêngan ||
  12. Yata ingkang lumampah (n)dulur nèng sabin |  
têgal patalunan |

- têgalan bêran palastrin |  
pagagan wus kalintangan ||
13. (n)Dungkap bulak wiyar ara-ara radin |  
grumbul tarataban |  
pakêtêbaning wanadri |  
umanjing nêngah pagrêngan ||
14. Anjoring lwah loh jurang cêrung cucuri |  
manjat palunguran |  
mahas wana wulusan writ |  
andarung lêpas lampahnya ||
15. Wanci surya nuntung tirah (ng)graning wukir |  
ngulati we wana |  
kalularat tan dèn-apti |  
ing waktu mangsa sêmbahyang ||
16. Rasèng driya kasusahan dening warih |  
sangsaya manêngah |  
(n)dungkap têtênging wanadri |  
Wanasaba wastanira ||
17. Non laleyan umili toyanya wêning |  
saking pamênggêran |  
kumucur kirihing warih |  
kayoman ing parijatha ||
18. Lan kucila kalauwika kêcapi |  
rêjasa-gung gaga |  
wontên pasimparan rêsik |  
palatar sela lus rêta ||
19. Sri kawuryan mararyan ingkang lumaris |  
mahèrantuk kadas |  
sawusnya samya susuci |  
mring papan kang sumayana ||
20. Pra waela trap makêna rukuhnèki |  
ambabar musêla |  
sibe adan waktu Mahrib |  
wus sunat sadayanira ||
21. Sira Ki Sèh Mangunarsa angimami |  
andadèkkên niyat |  
patitis tibaning takbir |  
-rahtul ikram kang minulya ||
22. Kadyangganing sungapan suping jaladri |  
woring angin tawa |  
tan ana antaranèki |  
tunggal jatining panunggal ||
23. Wus anjênêngakên sêmbahirèng Widdhi |  
purnaning asalat |

antara bakdanirèki |  
ing Mahrib tumêkèng Ngisa ||

24. Wus paragat saliring sunatirèki |  
tata palungguhan |  
kang pra waela anunggil |  
samèstri wurining priya ||
25. Kae Adimuncar angandika aris |  
yayi Arsèngdriya |  
samyararasan sakêdhik |  
mungguh ing kita punika ||
26. Sayêktine ayun wruh ing rasa-jati |  
pundi kang winastan |  
rasa-jati kang sayêkti |  
ingkang tan lawan upama ||
27. Arsèngbudi alon anauri aris |  
sumangga ing karsa |  
(ng)gyan samya amamastani |  
mokal kalêmpita sabda ||
28. Datan pae ing ngriku kalawan ngriki |  
mung kaot pinangka |  
sangkaning ganal lan rêmpit |  
tunggil kadadeyanira ||
29. Ing agêsang mung asal kawan prakawis |  
gêni angin toya |  
bumi jangkêp pat prakawis |  
punika jatining rasa ||
30. Sabab dening kathah kadadosannèki |  
singa ngupamakna |  
ing sahir kalawan kabir |  
pagut roroning atunggal ||
31. Wujud Asma ing sadat kalimah kalih |  
woring kajumbuhan |  
lorone kawula Gusti |  
yèn seje tan siwah warnanya ||
32. Lamun tunggil datan wontên èmpèrnèki |  
pan sami tan kengang |  
winastan salah sawiji |  
miyate tèbènging rasa ||
33. Wa-makatên ngriku Ki Cariksutrèki |  
sakecaning sojar |  
kang liningan anauri |  
dhadhakanipun kewala ||

Jilid 12 - Kaca : 139

34. Singgih rasa tēmên rasaning abukti |  
pêdhês asin miwah |  
lêgi gurih adhêm pait |  
kamulyanirèng agêsang ||
35. Rasa mijil saking ing kalih prêkawis |  
bantala akasa |  
ngriku wijining kadadin |  
tan ina antaranira ||
36. Kang akasa anukma jroning pratiwi |  
pratiwi anukma |  
sajroning akasa yêkti |  
pasthi sênêt-sinênêtan ||
37. Nanging gaib rêmit tan kening dinugi |  
yèn dipun-nyatakna |  
tan kawawa anadhahi |  
têmahe tanpa gaweya ||
38. Kadipundi anakmas Malangarsèki |  
parêbating rasa |  
pamanggih mungguh ing ngèlmi |  
Ke Malangarsa ris nabda ||
39. Singgih yèn ing pamanggih kula pribadi |  
sajatining rasa |  
rasaning jalu lan èstri |  
campuh ing rasa lan karsa ||
40. Kun imutlak latakyun ingkang ginaib |  
tan mojud tan sirna |  
pasthi ananing pribadi |  
akarêm lan dhawakira ||
41. Tan kinarya orane lan iyanèki |  
tan ro tan satunggal |  
akijab saliring ngèlmi |  
akathah yèn ngupamakna ||
42. Miwah kathah jujulukira kang jais |  
tan na wangênnira |  
wiwinih wijiling ngèlmi |  
ngalabi kasa bantala ||
43. Ananing ro tatêlu sakalir-kalir |  
sangkaning satunggal |  
satunggal ro jatinèki |  
kang ro jatine satunggal ||
44. Dadya inggih kakalih inggih satunggil |  
ro jatining rasa |  
tunggale rasa satunggil |

Jilid 12 - Kaca : 140

- pan jumênêng rasa tunggal ||
45. Datan kengang ginanal kalawan angling |  
dadya rêrêbatan |  
tuna-dungkaping pamanggih |  
rèh rasa tan kawujudan ||
46. Kadipundi yayi Sèh Mangunarsèki |  
purnaning rarasan |  
Kyadimuncar nambung angling |  
singgih jêbèng Mangunarsa ||
47. Tinêpangan ing ngriku ingkang utami |  
Ki Sèh Mangunarsa |  
norraga umatur aris |  
sumanggèng karsa andriya ||
48. Sami ugi kewala raosing ngèlmi |  
wontên upamanya |  
kang ngèlmi rasa sajati |  
lir rêtna tibèng samodra ||
49. Sakalangkung pakèwêd dènnya ngulati |  
kathah ingkang tidha |  
tan kadugi angulati |  
mung dadya catur kewala ||
50. Jatining rasa karêp pan ingkang suci |  
laire nèng lesan |  
amuni pan dadya ngèlmi |  
ing ahli kita punika ||
51. Angakêni ngèlmi wujuding Hyang Widdhi |  
ingupamakêna |  
sagara minangka mangsi |  
godhong kang pinangka papan ||
52. Kèhing kayu ginaweya kalamnèki |  
yèn ta tinulisa |  
luwih ngèlmune Hyang Widdhi |  
minangka rêtna-di mulya ||
53. Sirna tibèng samodra upamanèki |  
tan wontên marganya |  
angambil rêtna-di luwih |  
tan wun inguja kewala ||
54. Kêdah angupaya sarana kang dadi |  
winikalpèng driya |  
miminta amuntu budi |  
mamrih rasa kang rêkasa ||
55. Rasaning tyas angèl tan kêna panas prih |  
murih suda papa |



- byat sura lègawèng pati |  
subrangta amatiraga ||
56. Lamun sampun dhauping rasa kakalih |  
rasaning atapa |  
kalawan rasaning ngèlmi |  
ing ngriku panggihing rêtna ||
57. Rêtna-mulya kasimpên jroning jaladri |  
ngèlmi pami rêtna |  
tapa kang pami jaladri |  
rêtna nèng têtêng samodra ||
58. Ingkang ngèlmi anèng jroning matiraga |  
kang têtênging tapa |  
campuhing tapa lan ngèlmi |  
pan wus dadya rasa tunggal ||
59. Nir kang tapa ngèlmu tan na karannèki |  
tan rumangsa apa |  
tan rumangsa ahli ngèlmi |  
jumênêng kasidanira ||
60. Yèn punika yakti babaring kadadin |  
jalma tamèng titah |  
kang wus man maring Hyang Widdhi |  
widagda asung sinungan ||
61. Sumangga ing ngriku yayi Jayèngrêsmi |  
miwah Jayèngraga |  
mênggah sakalihe yayi |  
sami rinêbat kang rasa ||
62. Jayèngrêsmi norraga umatur aris |  
sumangga ing karsa |  
kewala amba umiring |  
ing sakarsa kang utama ||
63. Wau ta kang sami ararasan ngèlmi |  
pan wus kajomblahan |  
ing tanggap pupuling ngèlmi |  
narima sukuring nala ||
64. Wanci madya ratri dènnya gunêm ngèlmi |  
Kae Adimuncar |  
pangandikanira aris |  
suwawi suhuling Sukma ||
65. Pra waela miwah pra ngawirya sami |  
dhangang ingujaran |  
samyara raratiban dhikir |  
anjujunun ing Hyang Sukma ||
66. Kae Sèh Mangunarsa ingkang ngimami |  
trap pangguyêrannya |

- mumupit wiriting dikir |  
myang santri sadayanira ||
67. Gumêr swaranira rêmpêk tan sarênti |  
dangu antaranya |  
madya têng bangun enjing |  
bakda dènya wiwiritan ||
68. Laju marang pahèran mèt toyastuti |  
mrih waktu sêmbahyang |  
Subuh wusira susuci |  
adan sunat kinamatan ||
69. Kae Adimuncar alon ngancarani |  
Ki Sèh Mangunarsa |  
kinèn majêng angimami |  
wus andadèkakaèn niat ||
70. Nampurnakkên salat tumaninah têtib |  
kang wajah ibtitah |  
wawacan satusirèki |  
Patekah Surat Jumungah ||
71. Rêkangat kang akir wawacanirèki |  
sawusing Patekah |  
Surat Munapèk ingapti |  
adêge wus Kinunutan ||
72. Têng tahyat akir bakda salam nuli |  
ngamal pupujiyan |  
dikir donga limang bêkti |  
salawat asalaman ||
73. Wus paragak saliring sêmbah lan puji |  
Kae Adimuncar |  
angling yayi Arsèngbudi |  
sêdhênge sami umangkat ||
74. Ing aenjang mupung wanci maksih ratri |  
nambang ing aruna |  
Ki Arsèngbudi turnya ris |  
pan inggih sumanggèng karsa ||
75. Pra waela tata panggendhongannèki |  
nulya lumaksana |  
saking palinggihan sami |  
umahas wana wulusan ||
76. Alon lampahira karêmengan margi |  
ramya swarèng sata |  
-wana kang mraknya ngungongi |  
jangkrik-bêring dhawang jongkang ||

Jilid 12 - Kaca : 142

77. Cabak bubud brênggi gogik rangkok bintit |  
dhècu cing-golongan |  
garèndan darès srigunting |  
palatuk têngkèk kapodhang ||
78. Asri umung swaraning pêksi lit-talit |  
nacar karasula |  
kabur mèt mangsa woh kitri |  
wancènjang kambanging surya ||
79. Angatirah marbangbang nèng (ng)graning wukir |  
kadi netraning kang |  
rapuh byating wungu guling |  
tar bêtang trang apantara ||
80. Kalamukan ing ima ngawêng malangjring |  
sunaring karaba |  
nipat rêgêding ima brit |  
lir patra linut parada ||
81. Kênyaring Hyang Aruna angujwalani |  
sèsining kanangrat |  
arêsmi kawuryan asri |  
srang-srangan satyèng srèng-srèngan ||
82. Yata wau kang tumama ing wanadri |  
lêpas lampahira |  
nusup angayam wanadri |  
pagrênganing Wanasaba ||
83. Pan sadina tan pati raryyan lumaris |  
(ng)gyan waktu sêmbahyang |  
lêhêr wus bakda lumaris |  
tan karsa kampir padesan ||
84. Wanci waktu Ngasar samya raryan bêkti |  
bakda gya lumampah |  
tatas mahasing wanadri |  
taratabing pagrumbulan ||
85. Marga amalapat desa kanan kering |  
tanah Wanamarta |  
dhukuhe Kiyai Bayi |  
ing Têpus-cangkring Kalisat ||
86. Ing Jaha ing Bulu Balimbing Pêkiring |  
Wilis pakitrinya |  
tulus kang samya winiji |  
têgal pasabinanira ||
87. Anut marga pagêr patalunanèki |  
yata kang lumampah |  
andulur jalu lan èstri |

Jilid 12 - Kaca : 143

- nut tikunging pagalêngan ||
88. Kathah jalma papagan samya nimpangi |  
pan sami anduga |  
wong gêdhe anamur dhiri |  
amêndhêm kula tirakat ||
89. Miwah jalma kang samya têngal sasabin |  
mulat kang lumampah |  
samya ngucap jroning ati |  
baya wong ing ngêndi mana ||
90. Dene êlur akèh têngên kang lumaris |  
jalwèstri mangkana |  
wanci katungganging ardi |  
Kyai Muncar ris ngandika ||
91. Marang Kae Jayangrêsmi Jayangragi |  
pan sarwi lumampah |  
anakmas kalihe sami |  
kadipundi karsanira ||
92. Rêhne ta tas kapungkur marga wanadri |  
napak pangareyan |  
mênggah pasipêngannèki |  
punapi laju kewala ||
93. Lamun raryan ing pundi ingkang pinurih |  
dhukuh kang prayoga |  
kang wontên masigidnèki |  
paran anêngal animpar ||
94. Jayèngrêsmi mèsêm anauri aris |  
singgih lamun karsa |  
rêrêm ing dhusun saratri |  
sabaya dhukuh punika ||
95. Ingkang darbe rakanta Kangjêng Kiyai |  
kadi tan sumêlang |  
pan sampun pawong pribadi |  
wontên santri kulawangsa ||
96. Ing Pagutan santrinya aran Nuripin |  
angiras kinarya |  
babêkêl dhukuh pawingking |  
kukus gangsalwêlas samya ||
97. Sinungakên rêhipun marang Nuripin |  
lêbe ngiras lurah |  
katima damêlirèki |  
marang (n)Jêng Kyai rakanta ||
98. Kalihdene wus katanggêlan ing wanci |  
lamun linajêngna |

ragi kadalon sakêdhik |  
prayogi rêrêm padesan ||

99. Ing Pagutan pagriyanipun Nuripin |  
paran kono sira |  
yayi Kae Jayèngragi |  
ingkang rayi aturira ||
100. Inggih sakalangkung dening aprayogi |  
pan enjang kewala |  
tur uninga ing (n)Jêng Kyai |  
mangkana ing lampahira ||
101. Pan panuju Nuripin anèng ing sabin |  
angadhuk tanduran |  
talun ing pinggiring margi |  
tan wruh kang lumakyèng ngarsa ||
102. Kae Jayèngraga tumingal Nuripin |  
mèsêm angandika |  
lah sira iku Nuripin |  
kablabak ngadhuk nèng têngal ||

### **707 Balabak**

1. Ki Nuripin liningan mring Jayèngraga |  
kagète |  
andangèngèk pacul lineyangan tangan |  
doranne |  
Ki Nuripin sêmune pangling Jèngraga |  
dêlênge ||
2. Bêrkat lawas tan panggih lan Jayèngraga |  
laline |  
Jayèngraga sarwi nudingi saksana |  
wuwuse |  
apa lali sira tèmên marang ingwang |  
lah pothèt ||
3. Suwe-suwe Nuripin mari panglingnya |  
elinge |  
gupuh-gupuh Nuripin nulya ambuwang |  
pacule |  
sarwi nangis mèlat-mèlèt atur salam |  
wuwuse ||
4. Adhuh lae-lae bendaraku têka |  
karone |  
panyanaku têrus tan karsa kondura |  
marene |  
mêngko padha ting bêdhêngul kèh tunggalnya |  
kang (n)dhèrèk ||
5. Jayèngraga angling ya wus sun-tarima |  
sakèhe |  
pambagyamu maring wang lah uwusira |

sun-kèngkèn |  
lah muliya dhingin ngrêsikana langgar |  
dèn-age ||

6. Wruhanira ingsun kèdalon nèng marga |  
mulane |  
karsa mampir marang dhukuh wismanira |  
arèrèh |  
mung sadalu enjang atura uninga |  
mêngkone ||

7. Kang liningan Nuripin matur sêndika |  
ge-age |  
andhingini lakune agurawalan |  
tindake |  
têkèng wisma Nuripin anguwuh marang |  
rabine ||

Jilid 12 - Kaca : 145

8. Kutawèlan kamisosolên ujarnya |  
kapriye |  
iya ta lah iki paran polah-ingwang |  
bakale |  
iya ingkang ginawe suguh punapa |  
mêngkone ||

9. Wruhanira dhayoh ingkang arsa prapta |  
têmêne |  
Kae Jayèngrêsmi lawan Jayèngraga |  
kalihe |  
kang alunga ngulatan Bayi Panurta |  
lamine ||

10. Tan apanguh mêngko iki padha têka |  
nèng kene |  
akèh têmên jalu lan èstri rowangnya |  
kang (n)dhèrèk |  
kaya nora sêdhêng suguhe rong dangan |  
sêgane ||

11. Priye mono priye iki polahingwang |  
lan kowe |  
kang wadon ngling (m)bok ondhang para padesan |  
bênêre |  
wong abusuk thikluk kudu dadi lurah |  
dhêglone ||

12. Lah wus mara sira gagêndhong-gêndhonga |  
lêsunge |  
yèn wus têka jalukana suguh padha |  
uronne |  
Ki Nuripin nauri ya bènêr sira |  
rêmbuge ||

13. Ki Nuripin nulya marang palêsungan |  
gêndhonga |  
tan antara wau kang para ngawirya |  
praptane |  
dumarudug wau ingkang sêdya prapta |  
wismane ||
14. Samya tata alênggah anèng pandhapa |  
kabèhe |  
wus sinrantèn ing gagêlaran kalasa |  
lampite |  
Ki Nuripin (ng)gantêr anabuh lêsungnya |  
gêndhonge ||
15. Tan adangu tatangga parapat-desa |  
têkane |  
pinrentahan kinèn (ng)gawa suguhira |  
kabèhe |  
mêntah matêng miwah nyanyamikannira |  
rumate ||
16. Wus mangkana Nuripin marak ing ngarsa |  
gupuhe |  
laku-bokong angadhêpêk anèng ngarsa |  
ajune |  
atur salam ngabêkti miwah pambagya |  
rawuhe ||
17. Marang Kae Arsèngbudi Adimuncar |  
lan manèh |  
Cariksutra Malangarsa Mangunarsa |  
malihe |  
Anggungrimang Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
gêntine ||
18. Miwah sasalaman mring sadayanira |  
sawuse |  
samya ngujar kalangkung panrimaningwang |  
saure |  
wus mangkana ing wanci surya ngancala |  
Mahribe ||
19. Samya waktu ing Mahrib tumêkèng Ngisa |  
bakdane |  
Ki Nuripin samakta tata lungguhan |  
gupuhe |  
lanang wadon kaya têngpaling polahnya |  
bingunge ||
20. Paparentah tumandang langkung akopat |  
kapite |  
dènnya naosakên bubucu nèng arsa |  
gugupe |  
papanganan sinêngguh rampadan ulam |

Jilid 12 - Kaca : 146

klirune ||

21. Ginaguyu marang kang para ngawirya |  
srag-srêge |  
Jayèngraga gumuyu sarwi ngandika |  
wuwuse |  
lah (m)bok aja Nuripin kasusu sira |  
dèn-rèrèh ||
22. Lah sirèki Monthèl lan Cênthini sira |  
dèn-age |  
rewangana tata saosan nèng ngarsa |  
bêcike |  
kang liningan Monthèl lan Cênthini enggal |  
trampile ||
23. Wus tinata prayoga rampatannira |  
mungguhe |  
wusing ngancarakkên pasungatanira |  
nulya ge |  
samyak wanting (n)dan lêkas sami adhahar |  
kêmbule ||
24. Pra ngawirya kalawan para waela |  
nutuge |  
luwaran ambêng rampadan cinarikan |  
lorode |  
sinungakên marang kalawangsanira |  
ambênge ||
25. Wus warata sadaya tan ana kurang |  
warêge |  
gantya nyanyamikan lumampah ing ngarsa |  
suguhe |  
lah-olahan juwadahan myang wowohan |  
sangkepê ||
26. Ki Nuripin nyarakkên dhaharannira |  
ature |  
lah sumangga punika mangsêganira |  
ginême |  
dyan angalap sadaya sasênêngira |  
sêptane ||
27. Jayèngraga mèsêm aris angandika |  
sasambèn |  
dene kuwat Nuripin sira nyunggata |  
wong akèh |  
kang liningan umatur barkah sampeyan |  
sagêde ||
28. Sarta sawabipun (n)Jêng Kyai ramanta |  
yêktine |  
(ng)gih kawula darmi naoskên dhaharan |



- kêdhike |  
tan cinatur ing dalu kang samya lênggah |  
solahe ||
29. Yata enjing bakda Subuh tata lênggah |  
andhère |  
Jayèngrêsmi mèsêm aris angandika |  
wuwuse |  
hèh Nuripin sira sun-duta kalawan |  
si Monthèl ||
30. Lumakuwa mring karajan Wanamarta |  
karone |  
umatura marang (n)Jêng Kiyai Bapa |  
yèn mangke |  
pan manira lan si adhi Jayèngraga |  
sartane ||
31. Kae Adimuncar Kae Arsèngbudya |  
lan manèh |  
Kae Cariksutra Arundarsa miwah |  
Kae Sèh |  
Malangkarsa kalawan Sèh Mangunarsa |  
Rimange ||
32. Miwah ingkang samya nut para waela |  
wurine |  
sarta lawan mitranira kulawangsa |  
santrine |  
samya sêdya arsa papanggih sadaya |  
parlune ||
33. Pangabêktiningwang lan pra salamira |  
sakèhe |  
aturêna marang (n)Jêng Kyai Panurta |  
sartane |  
lawan ibu mring paman-paman sadaya |  
tuwane ||
34. Kang liningan santri Nuripin kalawan |  
Ki Monthèl |  
samya matur sandika nulya umangkat |  
ge-age |  
mring karajan Wanamarta tur uninga |  
lakune ||

### **708 Dhandhanggula**

1. Tan cinatur kang dinutèng margi |  
kang kocapa krajan Wanamarta |  
Kae Bayi Panurtane |  
pan maksih rumbu-rumbu |  
lagya sênggang grahira kèdhik |  
wus catur madya wulan |  
dènnira angukut |  
ingadhêp pra arinira |

Ki Suwarja Wiradhustha lan Panukmi |  
Panamar Kulawirya ||

2. Ki Jumêna Jêmpina Sêmbagi |  
Ki Lawatan Malangbong Lipura |  
Pangulu Basarodine |  
sadaya anèng ngayun |  
miwah garwa Nikèn Malarsih |  
Sumbaling lan Ni Daya |  
tansah anèng ngayun |  
Ki Suwarja lon lingira |  
kadipundi kakang-bok grahe (n)Jêng Kyai |  
paran wontên sênggangnya ||

Jilid 12 - Kaca : 148

3. Alon nauri Nikèn Malarsih |  
iya ana sênggange sakira |  
duk wingine wit sênggange |  
saprene datan rukut |  
mëndha dènnya apanas êtis |  
kang dadya jalarannya |  
iya mundhut rucuh |  
pêpêdhêsan rujak lumpang |  
kang kinarsan rucuh kluthuk babal cêngkir |  
kaduk asêm pêdhêsnya ||
4. Sun-palangi tan kêna pinênging |  
maksas bae kudu nadhah rujak |  
sapiring mêlêb (n)tèk dhewe |  
tan ana sisanipun |  
marmèng sun yèn muwuhi sakit |  
dadya kadya tatamba |  
rujak lir dhudhukun |  
rong wêngi rong dina nora |  
angop rumab pra nari umatur aris |  
kadya lajêng mulyanya ||
5. Ki Kulawirya angguguyoni |  
kados lamun lajêng asakeca |  
(n)Jêng Kiyai ing gêrahe |  
sampun kang gêrah wau |  
kula ingkang barêgas wiris |  
myarsakkên rujak lumpang |  
ngumêcêr ing idu |  
mundhak kêpengin angrujak |  
wong warasan wuwuh waras anyêgêri |  
cês ngilêr idunira ||
6. Ginaguyu pra kadangirèki |  
Nikèn Malarsih gumuyu mojar |  
lagi wong caturan bae |  
sira iku angilu |  
tarècèsan lir lare cilik |  
ambakna wong penganan |  
kêbangêtèn iku |

Ki Bayi mèsêm ngandika |  
cilik mula yèn adhimu si Wuragil |  
doyanane rujakan ||

7. Nora etung wayah rina wêngi |  
bêdhug têlu bakda Subuh ngrujak |  
yèn awan lingsir srêngenge |  
wong wus luput ing sêmbur |  
nora lumrah angluluwihi |  
sadhengah kang pinangan |  
nganggo tawa amung |  
sabên iku mangsa rujak |  
nora nganggo tawa maring anak rabi |  
êntèk tan nganggo sisa ||
8. Samya gumuyu kang para ari |  
langkung lêga tyasira anyana |  
kang raka laju sênggange |  
Ki Bayi ris amuwus |  
wong wus tuwa mono yèn sakit |  
tan liya kang karasa |  
mung parêk ing kubur |  
kewala anyipta ngajal |  
arah kumambang ing pasthi karsaning Widdhi |  
kagunganing Pangeran ||
9. Anging yèn ta kêna-a pinuji |  
nadyan kinarsaning ajalingwang |  
muga pinarêngna rêke |  
andulu marang sunu |  
kang samya nis salah sawiji |  
lamun tan mangkono-a |  
tansah dadya kalbu |  
prasasat tanpa tuduhan |  
woding pati awit panggrantêsing kapti |  
tan wun papa ngakerat ||
10. Sadaya samya angrês ing galih |  
myarsa linge Ki Bayi Panurta |  
pra kadang kulawangsane |  
kèndêl samya wêtu luh |  
ketang dènnya awlas ningali |  
Nikèn Malarsih saya |  
marawayan kang luh |  
kathah kagagas ing driya |  
datan mulat ing suta jalu lan èstri |  
salah sawijinira ||
11. Tan antara kang lagya tyas kingkin |  
pan kasar santri Luci prapta |  
umatur nêng paningrate |  
amba ngaturi wêruh |  
punika pun Nuripin prapti |  
lan santri Monthèl kadya |

Jilid 12 - Kaca : 149

wontên kang ngautus |  
Ke Bayi kagyat lingira |  
timbangana dèn-age Monthèl Nuripin |  
baya iya dinuta ||

12. Samya enggar sadaya kang galih |  
kang liningan Luci sigra mentar |  
nimbali Nuripin Monthèl |  
pangguh anèng ing pintu |  
lah suwawi adhi Nuripin |  
kalihe tinimbangan |  
mring ngarsa dèn-gupuh |  
Ki Luci arêrangkalan |  
lan Ki Monthèl Luci ngling (n)dika lujêng dhi |  
lujêng dhi lujêng (n)dika ||

13. Monthèl angling kang inggih kang inggih |  
Nuripin mojar ih nora jamak |  
smakeyan kang duwe ipe |  
(m)bagèkkên sungsun-sungsun |  
padha dene kang anauri |  
kaya wong nêmpur bêras |  
dhocêng mèlu payu |  
wawita êmpun dèn enggal |  
(n)dadak rêrangkalan nora uwis-uwis |  
kasuwèn yèn dinukan ||

14. Nulya samya kerit maring ngarsi |  
prapta samya nêmbah atur salam |  
miwah maring sadayane |  
binagyan kinèn lungguh |  
wusnya tata wong ro alinggih |  
Nuripin aturira |  
kawula ingutus |  
ing putranta Jayasmara |  
Jayèngraga lan garwa samya sung bêkti |  
katura ing paduka ||

15. Yèn ing mangke putra-dalêm kalih |  
lan kang garwa saking palêlanan |  
wus samya prapta samangke |  
akathah kang tut-pungkur |  
pra pandhita jalu lan èstri |  
myang santri kulawangsa |  
tiyang gangsal-likur |  
ing mangkya karsa araryyan |  
anèng ing pawisman-kawula saratri |  
dhukuh-dalêm Pagutan ||

Jilid 12 - Kaca : 150

16. Kados mangke praptanya mariki |  
sira wau Ke Bayi Panurta |  
langkung cumêplong galihe |  
lawan sadayanipun |  
samya suka sukuring galih |

Ni Malarsih karuna |  
myarsa aturipun |  
ngandika sarwi udrasa |  
dhuh sutèngsun êndi rupane kang prapta |  
sêlak yun-yunên ingwang ||

17. Kae Bayi Panurta lingnya ris |  
(m)bok dèn sarèh kewala tyasira |  
cinging tèmên sira Nikèn |  
mêngko rinêmbug patut |  
sabab sutanira praptèki |  
nora prapta priyanga |  
akèh kang tut-pungkur |  
jare padha pra pandhita |  
wajib kurmat marang ingkang sêdya prapti |  
malah mandar ngruktiya ||
18. Pasugatèng tamu kang prayogi |  
lêjar kang garwa sinabdèng raka |  
Ke Bayi ngandika manèh |  
ngrasa waras wakingsun |  
wus tan ana kang ngrasa sakit |  
pra ari aturira |  
mugi kang saèstu |  
putranta kalih kang prapta |  
aprasasat punika dadya usadi |  
anyarasakên lara ||
19. Anauri kaya iya ugi |  
pulunanira dadi tatamba |  
sih pitulunging Hyang rêke |  
alon malih amuwus |  
sapa pandhitane kang prapti |  
Nuripin aturira |  
kasupèn tan emut |  
ngriku dhi Monthèl matura |  
ing (n)Jêng Kyai (n)dika kang radi pratitis |  
wruh saking ngrika mula ||
20. Kae Bayi Panurta nglingnya ris |  
iya sira Monthèl umatura |  
sapa kabèh pandhitane |  
santri Monthèl umatur |  
pra pandhita ingkang umiring |  
ing lampaha putranta |  
pan sadayanipun |  
rinta Kae Adimuncar |  
lawan rayi andika Ki Arsèngbudi |  
lawan Ki Cariksutra ||
21. Rinta Arundarsa lawan malih |  
putra tuwan Ki Sèh Malangarsa |  
tuwin Sèh Mangunarsane |  
kalawan malhipun |  
Anggungrimang kapitunèki |

lan mitra kulawangsa |  
kang sami tumutur |  
Sèh Modang Sèh Pariminta |  
Ki Piturun kalawan Ki Palakarti |  
pitu pawong santrinya ||

22. Pra waelanipun kawansiki |  
rubiyahira Ki Cariksutra |  
Nikèn Wilapa wastane |  
kalawan garwanipun |  
Anggungrimang Ni Rancangkapti |  
lan rabinya Sèh Modang |  
(m)bok Plangi rannipun |  
Cênthini sakawannira |  
kang punika marma arinta pra sami |  
umarêk ing paduka ||

Jilid 12 - Kaca : 151

23. Andhatêngkên sih wulangunnèki |  
saking dahat rumêsêping driya |  
sabipraya ing ngunine |  
dadya mangke tumutur |  
ing salampah putranta mulih |  
angkating saking prênah |  
Wanantaka dhukuh |  
kang anguntap parah-paran |  
mung kaè Sèh Mangunarsa lan kang rayi |  
Rancangkapti Gungrimang ||

24. Jasad-kawula lawan Cênthini |  
Ki Piturun Palakarti ingkang |  
anganutkên ing lampahe |  
kang kinampiran laju |  
sadaya punika sami |  
prapta narèhkên lampah |  
anèng wismanipun |  
Ki Nuripin ing Pagutan |  
enjingipun kawula kinèn tur uning |  
dhumatêng ing paduka ||

25. Kae Bayi angandika aris |  
dene panuju pangampirannya |  
tan kalintang sasikine |  
Ki Kulawiryana matur |  
jamak mangkene wong tinuding |  
dadi wong amicara |  
lir Monthèl puniku |  
ature cêtha arata |  
aja kaya gègabêre si Nuripin |  
nora pakra dinuta ||

26. Ting basèyol kaya ting barêndhil |  
dhasar pancèn wong nora micara |  
ature nganggo kasupèn |  
ragi kasupèn gèpluk |

kayaimu ngapa si Ripin |  
digawe palawija |  
babu iku patut |  
tan kalêbu ing pakeyan |  
kajaba dikon angon bèbèk mring sabin |  
kambi amandhi sulak ||

27. Ki Nuripin tumungkuling ririh |  
kêmba uwang yèn nora (ng)gêgarap |  
maring wong moyoki bae |  
Ki Bayi mèsêm muwus |  
ya sabisa-bisanirèki |  
sabobote maningan |  
pilang-pilang tanduk |  
gumrah araling kawula |  
bênêr luput wah gingsir lali lan eling |  
gadhuhaning kawula ||
28. Ki Kulawirya anggrundêl ririh |  
andêlna yèn ngiloni santrinya |  
pan wus nora pilih wonge |  
bênêr luput winêngku |  
saking sihe maring ing santri |  
kae Bayi Panurta |  
alon dènyya muwus |  
lah uwus Ripin matura |  
marang para ngulama kang sêdya prapti |  
aturana dèn-agya ||
29. Mêngko manira anduta maring |  
wismannira ngaturi kang samya |  
sumêdya asih marang Ke |  
ingkang liningan gupuh |  
santri Monthèl lawan Nuripin |  
nêmbah lèngsèr sing ngarsa |  
karo gupuh-gupuh |  
Ke Bayi alon ngandika |  
yèn mangkono lah Kulawirya wong kuning |  
sira andhinginana ||
30. Mring Pagutan wismane Nuripin |  
aturana para mitranira |  
lan kapriye prayogane |  
mangsa bodhoa iku |  
ing patute pakurmat-mami |  
sarèhning kadhatêngan |  
ngulama linuhung |  
tur mitra saeka-kaptya |  
lan manira iku samya (n)dhatêngkên sih |  
-siniyaning agêsang ||
31. Samya umatur kang para ari |  
inggih sumangga karsa paduka |  
mrayogèkkên mring tamine |

Jilid 12 - Kaca : 152

paran kang dadya kayun |  
kawula kang samya angrukti |  
Wuragil Kulawiryia |  
alon nambung atur |  
kawula matur lumancang |  
lamun parêng ingkang karsa (n)Jêng Kiyai |  
papêthukan punika ||

32. Kawula kinèn mêthuk kariyin |  
mring Pagutan pinanggih sandika |  
rinta kakang sadayane |  
samya mêthukèng riku |  
nèng pêkên sarèrèyannèki |  
dèntên pra kalawangsa |  
amêthuka iku |  
anèng lèpèn lan pra lurah |  
santri-santri sadaya mêthuka sami |  
paduka aywa têbah ||
33. Lawan para sêpuh sadayèki |  
kewala nèng kori peregolana |  
Ki Bayi lon andikane |  
ya wus prayoga iku |  
rêmbugira mêthuk tatami |  
lah wus sira mangkata |  
mring Pagutan gupuh |  
nulya Kae Kulawiryia |  
lèngsèr saking ngarsa sigra dènnya nuding |  
marang rèrèyanira ||
34. Angandika Kae Kyai Bayi |  
hèh Aluci sira nêmbêlèha |  
gudèl myang bèbèk ayame |  
pêdhèt tanapi wêdhus |  
sata biri kathik gulathik |  
aywa na kang kuciwa |  
sugataning tamu |  
santri Luci tur sandika |  
wau lampahira Ki Kulawiryèki |  
angirit pawongira ||
35. Myang rèrèyannira Jayèngrêsmi |  
wong sudagar miwah rèrèyannya |  
Jayèngraga wong cêngkunge |  
myang wong kang bagoripun |  
samya ngiring mring Ki Wuragil |  
apan tigang rèrèyan |  
samyènggar kalangkung |  
umarêk lulurahira |  
ingkang lagya raryyan nèng Pagutan dèsi |  
wau ta lampahira ||

36. Santri Monthèl kalawan Nuripin |  
prapta ngarsanira Adimuncar |



- pra ngawirya sadayane |  
 santri Monthèl umatur |  
 amba sampun paduka tuding |  
 mring krajan tur uninga |  
 ing ramanta nêngguh |  
 (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |  
 yèn paduka ing mangke wus karsa mulih |  
 kèndèl anèng Pagutan ||
37. Tuwin angaturkèn salamnèki |  
 sadayanipun para ngawirya |  
 winangsulan pasalame |  
 ramanta sakalangkung |  
 suka sukurira Hyang Widdhi |  
 karsa nuduh pra kadang |  
 myang kulawangsèku |  
 tinata kang mèthuk lampah |  
 kadi mangka wontèn dutane (n)Jêng Kyai |  
 ngaturi sadayanya ||
38. Wusnya umatur Monthèl Nuripin |  
 tan adangu wau praptanira |  
 Ki Ragil Kulawiryane |  
 sadaya mingsêr lungguh |  
 (n)jujug (ng)gyannya Ki Jayèngrêsmi |  
 agupuh jawat-tangan |  
 kang putra rinangkul |  
 ingaras lungayanira |  
 sinambroma sarwi binagyasmu tangis |  
 kalihe ngêmu waspa ||
39. Winangsulan ing sabda basuki |  
 nulya sung salam mring Jayèngraga |  
 tan pae ararakêtane |  
 wusnya kabantu lungguh |  
 Jayèngrêsmi umatur aris |  
 marang Ke Adimuncar |  
 kang punika nêngguh |  
 kadangipun (n)Jêng rakanta |  
 gangsal kang nèm piyambak amuragili |  
 pun paman Kulawirya ||
40. Samya mangarti sadayanèki |  
 Ki Kulawirya gupuh tur salam |  
 sarta lawan pambagyane |  
 winangsulan kramayu |  
 langkung rahabira ing galih |  
 luwaring patêkêman |  
 malih salamipun |  
 marang Kae Arsèngdriya |  
 gantya salamira Ki Cariksutrèki |  
 miwah mring Arundarsa ||
41. Myang salam mring Sèh Malangarsèki |  
 salam kalawan Sèh Mangunarsa |

tuwin Sèh Anggunrimange |  
myang ming kulawangsèku |  
Ki Piturun lan Palakarti |  
miwah Sèh Pariminta |  
mring Sèh Modang wau |  
sung bagya mring pra waela |  
Ni Turida Rarasati angsung bêkti |  
ring paman Kulawiryà ||

Jilid 12 - Kaca : 154

42. Ingancaran pasugatèng enjing |  
Ki Wuragil angalap nyamikan |  
wedang myang papanganane |  
sarwi mèsêm amuwus |  
marang ingkang putra kakalih |  
wusira antaranya |  
manira tan wêruh |  
marang karone anakmas |  
yèn tumrapa lagi pasanakan mèksi |  
kaya pangling tumingal ||
43. Kongsì gong-gong anggane mikuni |  
jawane saking lamyandon-paran |  
Ki Jayèngrêsmi ature |  
apan inggih saèstu |  
lami paman datan udani |  
(n)dawêg kewala kadya |  
wontên gangsal taun |  
mèh sakêdhik pêndhak mangsa |  
Ki Wirya ngling malah ya wus pêndhak warsi |  
iba ing laminira ||
44. Ramanira kakang (n)Jêng Kiyai |  
kalangkung wulanguning driya |  
dhasar wus rong sasi kiye |  
kongsì tan bisa lungguh |  
lagi rada andhèngèk thithik |  
lagi sênggang rong dina |  
nuli sira rawuh |  
anduta atur uninga |  
ambêngênggèng lir jajaka (n)Jêng Kiyai |  
mulya (n)dadak sakala ||
45. Kaya banjur sênggang (n)Jêng Kiyai |  
jalaran mulya saka ing sira |  
kadyantuk usada grahe |  
marma laju anuduh |  
mring manira laku ngong iki |  
dalah rèrèyannira |  
sarèrèyanamu |  
tyas samya lir punagiya |  
nora kongsì salin sabuk lan kulambi |  
lumayu dharakalan ||

46. Padha karêpe yun wruh sirèki |  
 bêcik bêthèkên wong padha trêсна |  
 Ki Jayèngrêsmi ature |  
 miwah Jayèngragèku |  
 apan inggih (ng)gihipun ugi |  
 nulya ingawe samya |  
 sadaya mangayun |  
 rèyan wong sudagaran |  
 samya nêmbah tur salam mring Jayèngrêsmi |  
 miwah mring Jayèngraga ||
47. Miwah rèyanira pribadi |  
 wong balantik panêgar lan dhalang |  
 bagor badhur niyagane |  
 samya akusung-kusung |  
 dènya yun wruh bandaranèki |  
 samya lir punagiya |  
 dènnira wulangan |  
 marang Kae Jayèngraga |  
 para cêngkung myang kalulutira nguni |  
 gagambyong ronggèng lanang ||
48. Samya nêmbah tur salamirèki |  
 wus warata tan na kalintangan |  
 antara dangu nulya ge |  
 Kulawirya umatur |  
 marang Kae Dimuncar aris |  
 lampah kula punika |  
 dhapur dipun-utus |  
 ing Kyai Bayi Panurta |  
 wiyosipun kawula kinèn ngaturi |  
 paduka mring karajan ||
49. Wanamarta sadayanirèki |  
 sarênga ing salampah-kawula |  
 rakanta sru pangtyan-tyane |  
 ka-antu anèng pintu |  
 saking dènya amagut ing sih |  
 wau Ki Adimuncar |  
 alon dènya muwus |  
 singgih yayi Kulawirya |  
 reyng tinimbangan ing kakang Kiyai |  
 lan sagung pra ri putra ||
50. Singgih sumangga reyng umiring |  
 lah suwawi yayi Arsèndriya |  
 lan yayi Cariksutrane |  
 lan Sèh Malangarsèku |  
 Mangunarsa Gungrimang tuwin |  
 ingkang para waela |  
 tinimbangan laju |  
 sadaya matur sumangga |  
 sigra budhal lampahe kathah kang ngiring |

Jilid 12 - Kaca : 155

mring krajan Wanamarta ||

51.   Gumarêdêg lir ngarak pangantin |  
balabar nèng marga pasabinan |  
wong samya ingkang magawe |  
jalwèstri kang dèrèng wruh |  
apatakèn-tinakèn sami |  
sapa kae ta baya |  
dèn-iring gumrudug |  
apa wong ngarak pangantyan |  
ana ingkang nauri iku kang prapti |  
Kae Sèh Amongraga ||
52.   Lan kang garwa Tambangraras tuwin |  
Jayèngrêsmi lawan Jayèngraga |  
sagarwa myang Cênthinine |  
kang samya ndon ngalangut |  
maring pangumbaran wanadri |  
wus lawas mangkya prapta |  
pinapag ing laku |  
mangkana kang samya mojar |  
wong manca doh nuju papagan nèng margi |  
sumimpang ing dadalan ||
53.   Gêgêdaban angêbêgi margi |  
praptèng Kali Jamban pasabrangan |  
kang nèng pinggir lor kaline |  
wong kasêntanan mêthuk |  
myang pra lurah-lurahing santri |  
miwah wong kang niningal |  
jalu èstri agung |  
nèng gisik kali anjirab |  
samya sêdya tumingal kang lagya prapti |  
wau ta kang lumampah ||
54.   Saking kidul akathah kang ngiring |  
nabrang kali gumrah karubyakan |  
lir gêrah kambah ing kèh |  
têkèng sabrang lèripun |  
kapêthuk tur salamirèki |  
ngabêkti gantya-gantya |  
mring kang lagya rawuh |  
warata sadayanira |  
pra ngawirya dangu dènnya ananggapi |  
salame wong akathah ||
55.   Sawusira santri atur bêkti |  
nulya laju wau lampahira |  
pra santri umiring kabèh |  
sêlur marga supênuh |  
lubèr ambèr maring ing sabin |  
padamèn sinasakan |  
ka-abyaging laku |  
(m)bêlasah dhadhahing sawah |

Jilid 12 - Kaca : 156

- lampahira praptèng anèng Pasar Paing |  
pra kadang kang nèng pasar ||
56. Ki Suwarja lan Wiradhusthèki |  
Ki Panukma lawan Ki Panamar |  
lan pra putranira kabèh |  
Gus Monot lan Gus Dawud |  
Bagus Kanji lan Gus Ngajuji |  
Gus Janawi Gus Imram |  
lan misananipun |  
Ki Malangbong lan Lawatan |  
Ki Ulangan Jagasatru Jagawèsthi |  
myang para rèrèyannya ||
57. Kae Jayèngrêsmi matur aris |  
punika pra kadange rakanta |  
sakawan myang pra putrane |  
gya Dimuncar lingnya rum |  
singgih Alkamdulilahi |  
anulya Ki Suwarja |  
sakadangirèku |  
ramya gantya asung salam |  
anambrama winangsulan sabda yuning |  
sung salam mring kang putra ||
58. Jayèngrêsmi lawan Jayèngragi |  
pinèngkul-pèngkul mring kang para paman |  
èsmu waspa sadayane |  
saking dènnya wulangun |  
asih maring pulunannèki |  
wus kadya (ng)gènnya yoga |  
gantilaning kalbu |  
binagya putra ro nêmbah |  
miwah garwa Turida lan Rarasati |  
ngabèkti mring pra paman ||
59. Gantya pra putra misananèki |  
samyat tur sêmbah mring pra pandhita |  
wus warata sadane |  
gya laju lampahipun |  
praptèng padhadhahanirèki |  
masuk ing pakarangan |  
jibêg wong (n)dudulu |  
aturun têtèping dhadhah |  
nut tikunge magêr dabag glamit mirit |  
sabên lawang keringnya ||
60. Reka-reka pan sami pinipil |  
samyat sinung bale parèrènan |  
sarta lawan padasane |  
lawan paguponipun |  
lumrah sabên kang lawang kori |  
sami ukir-ukiran |  
jor-jinoran patut |  
mangkana ingkang lumampah |

61. Dangu lênggah nèng pantining kori |  
lawan kang para sanak pituwa |  
Ki Sêmbagi Jumênane |  
Jêmpina lan Ki Sampur |  
Ki Balongsong Gonjongcêlari |  
Sê mangko Onggadhuwa |  
Ki Dhawuk Ki Lêngkur |  
lawan Ki Kêrtisêdana |  
(n)Jêng Kiyai Bayi Panurta duk mèksi |  
samyawawasan tingal ||
62. Kae Adimuncar Arsèngbudi |  
Cariksutra lawan Arundarsa |  
lawan Sèh Malangarsane |  
lah Sèh Mangunarsèku |  
Anggungrimang myang sadayèki |  
parêng nguluki salam |  
Ki Bayi agupuh |  
kalawan kang para tuwa |  
angabuli ngalaekumu-salami |  
laju kering lampahnya ||
63. Kae Bayi Panurta nèng ngarsi |  
ngirit kang para tatamunira |  
têkèng tritis pandhapane |  
Ke Bayi lingira rum |  
lah Bismilah lajua linggih |  
gupuh kang ingancaran |  
sadaya alungguh |  
tata atap ing pandhapa |  
adu dhêngkul para tamunira sami |  
tinêpungan pra kadang ||
64. Miwah para pituwa nambungi |  
kulawangsa lurah santri kapang |  
nulya Adimuncar age |  
nêmbah tur salamipun |  
rinahaban basa basuki |  
pênêt ing patêkêman |  
nor sungku-sinungku |  
luwar sasalamanira |  
gantya Arsèngbudi sung salam basuki |  
tan pinae rahabnya ||
65. Wusnya nulya Ki Cariksutraki |  
Arundarsa Ki Sèh Malangarsa |  
Sèh Mangunarsa sawuse |  
Sèh Anggungrimangipun |  
Ki Piturun lan Palakarti |  
Sèh Modang Pariminta |  
sawuse pra tamu |

nulya kang putra mangarsa |  
Jayèngrêsmi sarêng lan Ki Jayèngragi |  
nêmbah anguswa pada ||

66. Pajêngkuwanira kanan kering |  
kang putra rinangkul kalih pisan |  
Ki Bayèsmu-tangis linge |  
dhuh kulup sutaningsun |  
nora nyana sira ya mulih |  
bapakmu mèh pralaya |  
angantu sirèku |  
mêngko wus sinung mastara(?) |  
marang sira nadyan ana karsèng Widdhi |  
tyas-sun wus tan sumêlang ||

Jilid 12 - Kaca : 158

67. Ingkang samya myarsa ngrês ing galih |  
bela waspa tyas sami rumangsa |  
têpa-têpa sarirane |  
agung sutrêsna sunu |  
lir tan pae kadi Ki Bayi |  
kang putra kalihira |  
angaran kang êmbun |  
wus kulup padha lungguha |  
nulya ingkang putra kalih samya linggih |  
gantya kang pra waela ||
68. Nikèn Wilapa lan Rancangkapti |  
Nikèn Turida lan Rarasatya |  
Pêlangi lan Cênthinine |  
samya tur sêmbahipun |  
Kae Rayi Panurta mèksi |  
kalangkung asihira |  
marang putra mantu |  
ingaras lungayanira |  
sarwi ngêmbêng waspa magêp dènnira ngling |  
dhuh babo sutaningwang ||
69. Asih tèmên sira karo nini |  
trêsna bêkti laki toh jiwangga |  
anokitkên ing lakine |  
Kamdulilah sirèku |  
tulus asih marang ing laki |  
wus nini alinggih |  
wus padha rahayu |  
kang putra mundur sih waspa |  
Kae Bayi Panurta ngandika malih |  
mring santri Luci sigra ||
70. Luci undangên nyainirèki |  
maring ngarsa iya nêmonana |  
dhayohe lawan sutane |  
ingkang liningan gupuh |  
lèngsèr saking ngarsa (n)Jêng Kyai |  
malbèng wisma kapanggya |

Malarsih alungguh |  
sadangunira angantya |  
tyas kadya drêng dènyarsa panggih lan siwi |  
mênggah ajrih ing raka ||

71. Anisani karsane ing laki |  
datan watak lumancang mancangah |  
kumambang rèhing lakine |  
ketang durakanipun |  
yèn anikêl nimpang ing tuding |  
tyas tan nêdya tumindak |  
lamun tan tinuduh |  
santri Luci aturira |  
nyai (n)dika tinimbangan ing (n)Jêng Kyai |  
manggihi tamu putra ||
72. Nulya lumaksana Nyi Malarsih |  
ingiring Ni Sumbaling Ni (n)Daya |  
tan dangu praptèng ngarsane |  
Ki Bayi ngandika rum |  
salamana lan rinirèki |  
gupuh Ki Adimuncar |  
atur salamipun |  
sadaya magantya-gantya |  
pra waela tur sêmbah salamirèki |  
kantun putra kalihnya ||
73. Nulya ingkang putra Jayèngrêsmi |  
Jayèngraga samya atur sêmbah |  
Malarsih angrangkul age |  
pan sarwi karuna sru |  
barung Nyai (n)Daya Sumbaling |  
Rarasati Turida |  
samya udrasa sru |  
Cênthini milya karuna |  
myang sadaya pra wadon mèlu anangis |  
dadya samya gumêrah ||
74. Kae Bayi Panurta srêt angling |  
lah ta uwis aywa na karuna |  
sumêlang lir wong kapatèn |  
anangis barung umyung |  
datan etang ana tatami |  
Arsèngbudya Dimuncar |  
samya lon umatur |  
saking gung sutrêsnanira |  
asusuta lir pêjah amanggih urip |  
lami datan tumingal ||
75. Wangwanging tamu lir tiyang pundi |  
lamun èstri pan sampun mupakat |  
trêsnane anèng tangise |  
sampun mênggahing sunu |  
nadyan liyan lamun dadyapti |

Jilid 12 - Kaca : 159



sih ya lantaran waspa |  
tandha sih kalangkung |  
Nikèn Malarsih tyasira |  
arapuh tan aring pangrêsirèng ati |  
kèndèl dènnira karuna ||

76. Magêp-magêp binagyan kang siwi |  
samyã uamtur raharjèng titah |  
(n)Jèng ramèbu barêkahe |  
kang ibu lon amuwus |  
sokur Alkamdudilah kaki |  
rinêksa ing Hyang Sukma |  
kaywanan sakayun |  
wus ginggang ing pasungkêman |  
sung salam ring kang Nini nDaya Sumbaling |  
pupuji ing kaharjan ||

77. Nulya ingkang putra mantu kalih |  
Turida Rarasati tur sêmbah |  
angujung nguswa padane |  
kang putra ro rinangkul |  
samyã asru karunanèki |  
winor pasambatira |  
dhuh sutèngngong mantu |  
ayu tèmên loro sira |  
ing sih bêkti sêtya tuhu maring laki |  
toh jiwa anrang baya ||

78. Angandhêmi lanja andêrpati |  
datan ana nini kaya sira |  
sokur bage sèwu dene |  
muga sira winahyu |  
santosèng tyas palaling Widdhi |  
wus lêjar marmèng suta |  
langkung sukèng kalbu |  
Ki Bayi aris ngandika |  
lah wus Nikèn Malarsih sira dèn-aglis |  
angruktiya sugata ||

79. Saanane ingkang sarwa suci |  
ngarah apa krana Lah kewala |  
samyã mring kupune dhewe |  
ingkang garwa agupuh |  
lèngsèr saking ngarsa anuding |  
marang pawongannira |  
jalwèstri gupuh |  
samakta tata sugata |  
santri Luci Nuripin lan Jalalodin |  
nudu pawong santrinya ||

80. Myang dhulang kang pinanggul ing èstri |  
kerit mring Ni Malarsih mangarsa |  
sasaji ring Kiyaine |  
tinata anèng ngayun |

- myang panatanira Ki Luci |  
pininta sa-ambêngnya |  
pakêmbulanipun |  
kang ponang tumpêng mêngana |  
sêkul golong liwêt pulên lan kabuli |  
angêt wuduk lan punar ||
81. Lalawuhan sangkêp amarnani |  
jangan mênir cupang kalamuncang |  
asêm bobor asêm bence |  
bècèk tim ladha bubus |  
padhamara pindhang bang-putih |  
dhakohan plêpah kuwah |  
dhublêg gile manggul |  
bêlothok brongkos kareyan |  
lam-ulaman dhèndhèng panjèn êmpal ragi |  
dhèndhèng age sujènan ||
82. Age tawon age lidhah ati |  
age umbut age tum-bêkakak |  
age ayam mêmmonthoke |  
srêgan kalêpon kapur |  
ginjêl lawan babat limpèki |  
buntut paru lan utak |  
êmpal kisi pênthul |  
sate abon rêmus wayang |  
pal-puk duduh koyoran dhèndhèng karipik |  
gadhon gécok-gênêman ||
83. Êtum mangut rêmpah srundèng gêbing |  
(n)dhog bêkamal pindhang cêmplok dadar |  
cêrubuk krupuk-têrunge |  
pèspèsan tambra palung |  
opor bèbèk basêngèk pitik |  
lawan balêbêd banyak |  
suwab binatang |  
kang pêtis lombok gulingan |  
ayêm tambra gorengan kathik gulathik |  
gangsir ampal andhungan ||
84. Sambêl-gorèng kacang dhêle wijin |  
sambêl kêmiri pècêl tarancam |  
lalaban kacang kaceme |  
kacambah cipir timun |  
pête jengkol kara kêrai |  
gudhe kumalandhingan |  
ranti kêmangipun |  
terong glathik kukuluban |  
kathokolan kangkung lêmbuyung sêmanggi |  
pintên myang gagan-gagan ||
85. Gundha kêmbang turi adhêm mati |  
luntas papasan kapas rêmpêlas |  
pêtis kakas kêsru sambèng |  
pare godha rêmakjun |

kudhu gondhong combrang sêmpirit |  
katu katambar aha |  
rajun kimpol paung |  
rang-urangan raranggitan |  
sangkêp salirira lalawuhan bukti |  
aglar sumadyèng ngarsa ||

Jilid 12 - Kaca : 161

86. Nulya para wong amagêrsari |  
prapta ambêkta kandhurinira |  
panjang layah myang ancake |  
sadaya pan nêmlikur |  
pinasrah ring Ki Santri Luci |  
wontên malih ambêngan |  
papanganan munjung |  
rongpuluh ambêng kèhira |  
sidhêkahe pawong kulawangsa sami |  
ngalujêngkên kang prapta ||
87. Kae Bayi angandika aris |  
Dene ana nak-putu kang padha |  
akajad sidêkah akèh |  
mara ta kono gupuh |  
sambungêna dadi sawiji |  
padha kèpungên dhawak |  
sing padha akèpung |  
enak kêmbul aroyoman |  
santri Luci authi tata kèndhuri |  
tuding-tuding miminta ||
88. Wus cucukupan sakupênganèki |  
Kae Bayi Panurta ngandika |  
lah Basarodin dèn-age |  
donganana Majêruk |  
ngalujêngkên ring wong sadèsi |  
salamête kang prapta |  
wus manggih rahayu |  
rinêksa dening Hyang Suksma |  
gya pangulu Basarodin angadêgi |  
andongani ambêngan ||
89. Majêruk Rajuk Tulak-bilai |  
Tawil-ngumur lan Salamêt mulya |  
Turun sih Sri Sêdanane |  
ingaminan gumrumung |  
asru barung kang amin sami |  
rambah ambata-rêbah |  
wus antara dangu |  
paragat pandonganira |  
Kae Bayi Panurta ris ngancarani |  
marang tatamunira ||
90. Lah suwawi awijikan sami |  
ing sawontênipun sumapala |  
krana Lah kewala rêke |

lan pra waela ngriku |  
samyâ kêmbul bae kang bêcik |  
ingkang liningan sigra |  
samyâ atuturuh |  
(n)dan lêkas sarêng anadhah |  
apikantuk dènnira sami abukti |  
sira Nikèn Wilapa ||

91. Mênggah-mênggah dènnira abukti |  
ngonjot-onjot sêrêt ing êlêtan |  
Ki Bayi ngling andikane |  
e ya ta lah ipeku |  
akangèlan dènnya abukti |  
Malarsih apa sira |  
kalalèn ipemu |  
lalagèhane anadhah |  
kudu nora pisah-pisah lawan warih |  
kalêmuk nèng ngiringan ||
92. Biyèn kae duk sira-paranni |  
dene wus nunggal nadhah sa-ajang |  
mokal yèn laliya kowe |  
Ni Malarsih angungun |  
matur inggih kasupèn mami |  
gupuh nuduh pawongan |  
amundhut kalêmuk |  
tan dangu katur ing ngarsa |  
punika bok-adhi pangunjukanèki |  
raka-(n)dika priyanga ||
93. Maklumipun kewala bok-adhi |  
saking kirang kêrahaban-kula |  
Nikèn Wilapa ature |  
kang botên-botênipun |  
dene kados tiyang ing pundi |  
kawula datan cipta |  
riringa ing kalbu |  
inggih angangkah punapa |  
tiyang sampun wontên jangananipun mênir |  
tan susah nginum toya ||
94. Sajatinya samadèsmu isin |  
mring ngakathah tan mêtihar prasaja |  
Ki Cariksutra wuwuse |  
lah ora-a sirèku |  
bakayune amirantèni |  
de sira kakurangan |  
animbangi tanduk |  
marmanya sira sinungan |  
wus kuningan adate sira yèn bukti |  
tan kêna pisah toya ||
95. Ni Wilapa sinambramèng laki |  
rumangsa yèn kaluputannira |

Jilid 12 - Kaca : 162

- nulya tanduk lir sabène |  
kokoh jangan nèng tuwung |  
lam-ulaman amêratani |  
cinaruh rab-uraban |  
sapulukanipun |  
rong pulukan linut toya |  
Kae Bayi Panurta ngandika aris |  
manira yèn tumingal ||
96. Dènnira nadhah ya ipe-mami |  
bok Wilapa sawarêganeya |  
mèlu akèh panadhahe |  
ngapenginakên kalbu |  
mèlu enak manira bukti |  
drêku bok-ipe aywa |  
êngah dèn-anutug |  
wong wus wismane priyangga |  
Ni Wilapa mèsêm aturira aris |  
kados botên yèn êngah ||
97. Angandika malih Kyai Bayi |  
ênggèh ta lah yayi Cariksutra |  
bok aja ipeku kuwe |  
ingajak anut pungkur |  
adoh-adoh praptèng mariki |  
wus tan kengang lulungan |  
maningan puniku |  
awak lir tan kengang gawa |  
mandahane duk lumampah anèng margi |  
iba rêkasanira ||
98. Bok liyane bae salah siji |  
apan ipeku sapirang-pirang |  
dadak sing gèdhe awake |  
Cariksutra turipun |  
pan kumêdah-kêdah papanggya |  
[---] |  
ing paduka nêngguh |  
Ke Bayi mèsêm ngandika |  
ênggèh yayi kalangkung panrima-mami |  
dènnya sutrêsnèng kadang ||
99. Sadayanira ingkang mangarti |  
Nikèn Wilapa rubiyahira |  
sira Ki Cariksutrane |  
samyawok andulu |  
ing gèdhene awakirèki |  
sêmbada panadhahnya |  
cèkoh manganipun |  
akèh amicarèng nala |  
iya ta lah rabine Cariksutrèki |  
nglêmbarah nora lumrah ||

100. Kae Bayi tanpyantuk bukti |  
 sabab lagya nêmbene asênggang |  
 dèrèng rumangsa ecane |  
 miwah pra ngawiryèku |  
 Adimuncar Ke Arsèngbudi |  
 Kae Sèh Malangarsa |  
 Sèh Mangunarsèku |  
 Cariksutra Arundarsa |  
 Anggungrimang Jayèngwèsthi Jayèngragi |  
 Turida Rarasatya ||
101. Samya wus rèpèh tan pati bukti |  
 Kae Bayi Panurta lingira |  
 wawi yayi sadayane |  
 (m)bok kang samya pakantuk |  
 rèyang dimèn eca abukti |  
 akêmbul babancakan |  
 lawan anak-putu |  
 ingkang liningan turira |  
 (ng)gih sumangga sasêlotipun abukti |  
 dhatèng (n)dhèrèk kewala ||
102. Para kadang myang pituwa sami |  
 amêmêne dènnira anadhah |  
 angli ring tatakramane |  
 ingkang para linangkung |  
 datan pati sura abukti |  
 dadya untap-untapan |  
 kacikiranipun |  
 pakantuk rasaning driya |  
 kikhmahing tyas dènnira sabar ing bukti |  
 sor rasaning atadhah ||
103. Sira Ki Pangulu Basarodin |  
 dènnira mangan sadangunira |  
 ambungkik-bungkik puluke |  
 Ki Kulawiryandulu |  
 dènnya nadhah Ki Basorudin |  
 bibisik dènnya mojar |  
 mèsêm èsmu guyu |  
 kalawan Kyai Lawatan |  
 lo puniku tènagane Basarodin |  
 angaya-aya pangan ||
104. Ki Lawatan lawan Ki Sêmbagi |  
 samya gumuyu sinamun nadhah |  
 mulat mring Basarodine |  
 Ki Kulawiryaya sêgu |  
 sêgu watuk andhêdhèhèmi |  
 winoring paliringan |  
 paman dhawuh wau |  
 adêrês gêng têlthokira |  
 kados banjir jawah tan ngarang-ngarangi |  
 punapi mot lèpènnya ||

105. Ki Lawatan Sêmbagi nganthuki |  
 Ki Basar ngling ririh garundêlan |  
 andêlna Gus Wirya kuwe |  
 anggêgarap wong tan wus |  
 (n)dadak nganggo nyêman-nyêmoni |  
 wong dhasar kêmba uwang |  
 yèn tan angguguyu |  
 Ki Kulawirya alatah |  
 suwe lamun têtamuwan pra utami |  
 Ki Bayi mèsêm tanya ||
106. Paran kang sira guguyu Ragil |  
 matur punika pun kakang Basar |  
 amangan dadi wong bithèn |  
 tanganipun abikut |  
 datan kenging dipun-sêlani |  
 kiwa têngên maragang |  
 tan wontên gopipun |  
 lir ngampêr bata ing linggan |  
 Ki Baywa-ngling wong wus tandange abukti |  
 maningan biyèn mula ||

Jilid 12 - Kaca : 164

107. Para tamu samya mèsêm mèksi |  
 marang sêsambèn kang pêpoyokan |  
 Ki Jayèngraga wuwuse |  
 pantês tèmên Ki Ngulu |  
 maksih kadi adate nguni |  
 sabên panggya lan paman |  
 anggung dèn-wawangun |  
 Ki Basar nauri sabda |  
 (ng)gih puniku tan wontên luwasing gêtih |  
 pamandika Ki Wirya ||
108. Kajawi padha mantun moyoki |  
 yèn maksih sami gêsang mèsungsang |  
 mangsa mariya medane |  
 kang myat samya gumuyu |  
 Ki Wuragil Kulawiryèki |  
 alatah sarwi mojar |  
 wakane Pangulu |  
 kongsi jamurên maningan |  
 nora uwis dadi poyokan Ki Rodin |  
 pilang-pilang tan gêrang ||
109. Jêr wangune patut dèn-poyoki |  
 badan sakojur tan kabênêran |  
 (n)jêlèhi wajarane |  
 busana nora patut |  
 mung yèn wuda anggigilani |  
 ginuyu ing akathah |  
 Ki Basar amuwus |  
 non iku Ki Kulawirya |  
 saknèh-nèhe ngaranni wong kaya jongkit |

kathik nganggo wajaran ||

110. Saya ginaguyu rewange linggih |  
wus antara dangunira nadhah |  
luwaran tuturuh kabèh |  
Ki Santri Luci gupuh |  
Jalalodin Nuripin aglis |  
nudu pawong rowangnya |  
nyarik ambêngipun |  
sinungkên pamburinira |  
kandhurine dinum barêkatirèki |  
warata sadayanya ||
111. Gantya dhadharan lumadyèng ngarsi |  
sasaosanira Ki Panurta |  
pasugata ring tamune |  
kathah nyamikanipun |  
lah-olahan wowohan asri |  
sangkêp kang juwadahan |  
jênang dodol kênul |  
kolèh grêndul candhil caca |  
kalong sagu cinantèn brêm tumpu criping |  
kêpêl pang-limpung kupa ||
112. Manco cucur jalabiya rangin |  
mamêniran bantalan sêmpora |  
lèn-ulèn gêmblong lèmpènge |  
wug-awug apêm pasung |  
kocak kicak kanyut lan kèci |  
srikaya pipis tuban |  
rondhakèli mëndud |  
cêlorot gêthuk jumunak |  
sêmar-mëndêm garubi pênama utri |  
wajik tape walangan ||
113. Sagon wayangan ledre surati |  
miwah pala-gumantung kasimpar |  
nangka pèlêm kuwènine |  
manggis duryan lan dhuku |  
pisang suluh salak kêcapi |  
balimbing lan talêbak |  
jambu lan kapundhung |  
kêrai timun sêmangka |  
talês kimpul katela uwi gêmбили |  
muncar munggèng rampadan ||
114. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
singgih sumangga yayi punika |  
mamangsêgan tamba mise |  
awon kèndêl ing ngriku |  
sumapala ana misrani |  
karana Lah kewala |  
ing sawontênipun |  
ingkang liningan agêpah |

Jilid 12 - Kaca : 165



samya ngalap nyamikan sasênêngnèki |  
wedang pangananira ||

115. Kae Bayi angandika malih |  
ingkang garwa lah Malarsih sira |  
dhayohmu pra waelane |  
iya sadayanipun |  
aturana maring wismèki |  
dimèn lèlèswan samya |  
Ni Malarsih muwus |  
sumangga yayi Wilapa |  
lan Palangi Turida lan Rarasati |  
Rancangkapti mring wisma ||
116. Nikèn Wilapa umatur aris |  
singgih sasêlotipun kewala |  
rêke agampil ing mangke |  
sawêg rêrêm alungguh |  
Ni Malarsih ngecani kapti |  
anulya ingkang prapta |  
wong Wanamartèku |  
pamagêrsari sudagar |  
jalwèstri sarta lan kandhurinèki |  
liya punjungannira ||
117. Sêkul ulam dhaharaniyadi |  
kang wus kapanggya lan Jayasmara |  
pan samya mundur gagêntèn |  
kang samya yun papungguh |  
tur pupunjung miwah kèndhuri |  
sarya tur salam sêmbah |  
mring kang lagya rawuh |  
kèndhuri laju dinongan |  
kajatira ngalujêngakên kang prapti |  
punjungannya tinampan ||
118. Nyai-nDaya lan wadon Sumbaling |  
juru anampani pupunjungan |  
wong Wanamarta kajate |  
kang wus kapungguh wau |  
ulihira karya kèndhuri |  
sapunjungannira |  
wangsul atur-atur |  
ingkang nampani ambêngan |  
santri Luci Nuripin lan Jalallodin |  
kinêpung nèng pandhapa ||
119. Kae Adimuncar Arsèngbudi |  
Arundarsa lawan Cariksutra |  
Carikmudha lan Kae Sèh |  
Malangkarsa puniku |  
Ki Sèh Modang Parimintèki |  
Kae Sèh Mangunarsa |  
lan Gungrimang nêngguh |  
sadaya pra tamunira |

120. Wus saengga pomahan bupati |  
datan ana wisma mangkana-a |  
gunge myang pasang rakite |  
ing patanêmanipun |  
tiris kitrinira mêpêki |  
papagêr pakêliran |  
gêbyognya klimis alus |  
mawi natar pananggungan |  
masjid Mangu agênge sèbêt acèkli |  
gasik toya tumumpang ||
121. Samya micorèng sajroning ati |  
para tamunira samadaya |  
sukur pangalêmbanane |  
dene sarwa pinunjul |  
baya saking mangunahnèki |  
banjar pawismanira |  
kadi-kadi dudu |  
pasang anggoning ngulama |  
pantên ênggon dalêming pra wirya mukti |  
wibawa ahli donya ||
122. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
Kae Adimuncar Arsèngdriya |  
tuwin jêbèng sadayane |  
punika warninipun |  
garumbuling Wanamartèki |  
tinut nak-putu kathah |  
samy nut dudunung |  
nèng ngriki kèdah karasan |  
rêke kathah kewala pakantuknèki |  
samy jênêg gagriya ||
123. Dene wisma manira puniki |  
sagêd samantên agênging griya |  
manira darmi angangge |  
saking ing karsanipun |  
para anak ingkang bupati |  
urunan yasa wisma |  
sinungkên maring-sun |  
kinèn jênêg anganggeya |  
saput ingkang piranti yayasan sami |  
reyang kantun manggiha ||
124. Samya-ndhêku sadaya miyarsi |  
para tamu ing wau wuwusnya |  
(n)Jêng Kiyai Panurtane |  
samy sukuring kalbu |  
èsmu ngungun sajroning galih |  
mangkana Cariksutra |  
aris wuwusipun |

dhuh kakang Bayi Panurta |  
wus sanyata antuk nugrahaning Widdhi |  
dadya pangayomannya ||

125. Sagung santri ing wetan pasisir |  
baya datan ana tumimbanga |  
ing tata miwah harjane |  
myang rakit-rakitipun |  
kadya praja datan na bêkti |  
lamun dhukuh ngasrama |  
wit katon gêngipun |  
tan ana ingkang kuciwa |  
datan ana ing bang kilèn kang nimbangi |  
kalawan Wanamarta ||

Jilid 12 - Kaca : 167

126. Kyai Bayi myarsa angling aris |  
mung sadarmi kawula ing titah |  
Allah makatên karsane |  
inggih harkahing napsu |  
mutmainah reyang antêpi |  
sumarah karsèng Sukma |  
ingidhêp ing kalbu |  
makatên salaminira |  
lampah reyang amung ngantêpi sawiji |  
mutmainah ing tekat ||

127. Cariksutra mèsêm aturnya ris |  
kadipundi kakang pandumira |  
kang napsu catur warnane |  
wus lami ulun-ngrungu |  
mung kèwêdan dènnira amrih |  
tataning linampahan |  
ing sadintênipun |  
yèn rina sajroning nala |  
kadi-kadi darbe gêsangira sami |  
arêbut lampahira ||

128. Kyai Bayi angandika aris |  
(ng)gih manawa katuju ing karsa |  
kang napsu patang warnane |  
mutmainah rumuhun |  
dadya jêjêr anggung mamardi |  
sakèh tyas kang mrih harja |  
bêkti myang sumungku |  
narima sarèh ing driya |  
satitahe ing karsa datan angudi |  
harda angangsa-angsa ||

129. Nanging anggung lir tinêmpuh jurit |  
dening napsu kang titiganira |  
sadina-dina arame |  
anèng jroning tyasipun |  
napsu katri kang langkung sakti |  
luamah lan amarah |

supiyah trinipun |  
ari ratri lir ayuda |  
jroning nala kadya arêbut tatandhing |  
masesa driyanira ||

130. Kasaktène luamah abukti |  
ngangsa-ngangsa kadi ambebasna |  
mangan kèh sanalikane |  
lumuh kantuwa dangu |  
mumah mumuh turu abukti |  
pamirihira supaya |  
kèh sumêngahipun |  
ngapêspês mring mutmainah |  
de amarah kasaktènnira mrih juti |  
nginggit harda druhaka ||
131. Rêngu-rêngu pan anguring-uring |  
riwut ngawut kadi anglêburna |  
kalawan rinêmêk bae |  
ngêngungakên têngabur |  
sumbar ngina-ina sakalir |  
dènnira mrih pralaya |  
mutmainahipun |  
supiyah kasaktènnira |  
papenginan marang kang tan patut wajib |  
mamêksa papenginan ||
132. Tan cipta wrat angèl wêrit rungsit |  
kaya-kaya gampang ingalap |  
mangsa wurunga kadarbe |  
kusung-kusung milalu |  
mring kang datan layak binudi |  
kudu nuli-nuliya |  
kang tan kêna luput |  
anruwêng jubriyannira |  
amrih akêkêsa mutmainahnèki |  
sajuga binut tiga ||
133. Singgih pintên banggi dèn-ayunni |  
tangèh kita lamun sumêla-a |  
saking babagan ngarale |  
kadi punêndinipun |  
yèku yayi Ki Arsèngbudi |  
binudi ingkang dadya |  
kalirahanipun |  
wiwinih rubêd rubeda |  
saking pundi mutmainah kasirèki |  
katutup ing tri hawa ||
134. Anauri aris Arsèngbudi |  
yèn pamanggih manira priyangga |  
rubeda puniku èmèng |  
pangange paminipun |  
bathik lurik wulung lan putih |

Jilid 12 - Kaca : 168

singa kang dèn-anggeya |  
yêkti datan wurung |  
yèn ngangge seta (ng)gih seta |  
myang ngangge bathik lurik wulung bang kuning |  
singgih makatên uga ||

135. Sabab samantên kita puniki |  
lamun angilo paesan duryat |  
marga bab insan kamile |  
ngriku panglilingipun |  
saking akatdiyat wadati |  
wakidiyat lan arwah |  
ajasad puniku |  
alammi alam insan |  
kamil pan wus purna dadining adadi |  
titah kita punika ||
136. Saking alam arwah kang nêngahi |  
pan akadiyat wujuding Êdat |  
wahdat wujud sipat rêke |  
wakidiyat asmèku |  
alam arwah apêngal nênggih |  
martabat tri kang awal |  
pan gaibul-guyub |  
akadiyat lawan wahdat |  
wakidiyat kang bangsa latakyun latib |  
martabat tri akhirnya ||
137. Alam jasam misan insan kamil |  
takyun sani nalirah kawijah |  
tri wiwinih hawa rêke |  
napsu luamah nêngguh |  
lan amarah supiyahnèki |  
dening ingkang kaucap |  
ing ngajêng puniku |  
tri wiwinih mutmainah |  
alam arwah wiwinih ihtiyar singgih |  
pamilihing apêngal ||
138. Pamilihe ing kalih prakawis |  
mring babagan budi klawan ala |  
kewala sami wênange |  
mungguh Hyang Kang Mahagung |  
datan nuduh datan pêpênging |  
mring sawijining titah |  
sakayuning mahluk |  
bênêr luput nêng ihtiyar |  
marma kita kumêdah angati-ati |  
ywa korup maring hawa ||
139. Murka nadhah guling murka wêngis |  
murka papenginan mring rajah tamah |  
punika pan sisingkêle |  
narik cipta tan tuhu |

ngungas-ungas ngangas-angasi |  
tan kenging botên uga |  
pan duryat kadyèku |  
kadi-punêndi ing karsa |  
yayi Carikсутra ing ngriku tinuding |  
sami muwasaratan ||

140. Ki Carikсутra lingira aris |  
kasinggihan sabdanta tetela |  
pan sampun makotên jume |  
ing agêsang puniku |  
datan wagêd kita puniki |  
angirigakên hawa |  
bangsa ngam angumum |  
tumindak kalawan hawa |  
amung amimirit saking sidhang-siring |  
sarwa sakêdhik sewang ||
141. Purun maha kêdhik ênggah kêdhik |  
alam ahli swarga sumapala |  
ngalap naraka sêpèlèng |  
ènthèng-ènthèng sinangkul |  
swarga nraka narima kêdhik |  
ngangkat ingkang rêkasa |  
yèn tan lawan wahyu |  
sayêkti datan kaduga |  
kang lir caritane ki dhalang ngaringgit |  
lalakon srat Wiwaha ||
142. Dananjaya duk amangun-tèki |  
anèng (ng)graning Ancalendrakila |  
sang Dwija Mintaragane |  
angga tuhu lir tugu |  
manik datan sêdya bah osik |  
mamati jroning gêsang |  
anggêgêsêng kalbu |  
kang tan kêna winikalpa |  
alpaning tyas angilangakên sak-sêrik |  
sêrik lamun runtika ||
143. Anirakên suba-sukèng galih |  
cêngèng lêngèng ngêningkên nêngira |  
mung amasang lulungide |  
ing dalêm kalih pandum |  
angga malat gêgamannèki |  
Pasopati grannira |  
pyuh graning pandulu |  
lumancar anggroning grana |  
kang pinusthi papasthèn èsthining kapti |  
kapati bratèng laga ||
144. Amaladi si sêmadi êning |  
nêngèng karsa nêgêr karsaning Hyang |  
maksude pancadriyane |  
pinêlèng ing pandulu |

dalaning kang sandining sêpi |  
titis grana gusika |  
pusakaning kayun |  
kayungyun kahyanganing Hyang |  
lêpasing tyas mêrana ngulati pati |  
patitis kang tan tiwas ||

145. Nalika wus kêncêng cêngêngnèki |  
tiwas pamawasing kawaspadan |  
kalawan pucuk bédhore |  
sumungku-a sidêku |  
dêging jêmpol jari jêmparing |  
sêrêng lênging lêngira |  
paguting pandulu |  
dulu datan kadaliyan |  
lila lalu malulu lir socaning pring |  
nir pringganing wardaya ||
146. Yèn mungguh-a agamaning Nabi |  
êtrap ingkang makatên punika |  
kenging winastan wus kusne |  
khawasuning asuhul |  
bisa mêsat hawa tri juti |  
yèn tyas wus kadyèka |  
pintên bangganipun |  
kita punika (ng)dungkapa |  
anirnakkên hawa kang angrêregoni |  
muslim mring kajatmikan ||
147. Samya suka mèsêm aningali |  
mring Ki Carikutra dènnirojar |  
angondhèkkên pudyarsine |  
Ki Adimuncar muwus |  
Kae jêbèng Mangunarsèki |  
kadya paran karsanta |  
purnaning awuwus |  
supados dadosa palal |  
ing tyas kadung padungkapanirèng ngèlmi |  
kèndêling pandêlingan ||
148. Ki Sèh Mangunarsa anging malih |  
singgih rêke sampun kasinggihan |  
(ng)gyannipun ngibaratake |  
saèstu yèn kadyèku |  
kulaning Hyang mukmin kang muslim |  
sadaya kang ingujar |  
tan na lêpatipun |  
pan sami ugi kewala |  
amung kaot sakêdhik jalarannèki |  
undha-usuk kang karsa ||
149. Ingkang sampun sinung bisa mèksi |  
ing kasidan sup nèng kagayuhan |  
hawa kang catur sikine |

Jilid 12 - Kaca : 170

dados dadosanipun |  
nêpsu hawa kawan prakawis |  
luamah lan amarah |  
supiyah katêlu |  
pat kalawan mutmainah |  
dadya panguntaping tokit mring kadadin |  
saking kalawan hawa ||

150. Mokal bodho karsaning Hyang Widdhi |  
karya asor luhuring kawula |  
kalawan napsu hawane |  
yèn tan kalawan napsu |  
yakti titah datanpa kardi |  
sabarang rèh kitarsa |  
dadi lawan napsu |  
amarah murka atingal |  
tadhah guling rosa pangêlihirèki |  
suka bukti sapala ||

151. Amarah napsu awênga wêngis |  
krodha nênggala jrih mring niaya |  
dèn têtèng narima sarèh |  
rèrèh tan ngadhul-adhul |  
sikaranya akait juti |  
rinosan sinêmbadan |  
lan tawêkalipun |  
tinawêkaling amarah |  
dèn-tumêkèng hawa dadi wahyu budi |  
kabudayèng wardaya ||

Jilid 12 - Kaca : 171

152. Napsu hawa supiyah papengin |  
kapengina marang kautaman |  
ingkang sipat linuhunge |  
tan pengin loba mumuh |  
krana dènnya nalikanèki |  
myang tadhah rajah tamah |  
pon datan kalulun |  
sirnane hawa tri loba |  
apan luluh anukma dadi sasiki |  
tri mutmainah uga ||

153. Datan paê panunggalanèki |  
mutmainah marang ing tri hawa |  
tri hawa mutmainahe |  
anèng ing dalêm kasdu |  
dènnya pagut atampa titih |  
aluamah amarah |  
lan supiyahipun |  
mangsud dadya mutmainah |  
kang makatên (n)dungkap kadadeyannèki |  
kang wus amintaraga ||

154. Lamun mutmainah mangsud maring |  
luamah lan amarah supiyah |



dadya kèh loba kibire |  
agung têtakaburipun |  
tan kabuka daliling ngèlmi |  
kang maring kamuksanan |  
dene jalaripun |  
kang wus sidik rasa sabda |  
ngujubriya têtakabur sumêngah kibir |  
kang wukakên kadadyan ||

155. Wa-makatên kawulaning Widdhi |  
samyā tinakdir pribadinira |  
ing dalêm ngagêsang rêke |  
datan ketang kinayun |  
kaya apa kayunning jalmi |  
pan wus samya kinarsan |  
dening Hyang Kang Agung |  
kalawan priyangganira |  
asor luhur wus dadya kaladuk nguni |  
sadèrèngipun bakal ||

156. Kae Bayi Panurta duk myarsi |  
sabdānira Ki Sèh Mangunarsa |  
kadya kinuras driyane |  
ana karasèng kalbu |  
mring putranya Sèh Amongragi |  
sasolah bawanira |  
lèlèjèming wuwus |  
wingiting pasêmonira |  
miwah rimbāg ing warna datan nêbihi |  
saujunging sarira ||

157. Ciptaning tyas tan na paenèki |  
mring Sèh Mongraga myang Mangunarsa |  
kadya kinarya lirune |  
miwah sadayanipun |  
ingkang kadang kulawangsèki |  
samyā mulung tyas trêсна |  
mring Mangunarsèku |  
mangkana ing wancinira |  
lingsir dungkap waktu Luhur kapara kir |  
kaecan ararasan ||

Jilid 12 - Kaca : 172

158. Saking dènnya rêna aniniling |  
ing murade Ki Sèh Mangunarsa |  
tan amapali jarwane |  
nadyan anom rinêngkuh |  
sasêpuhing mukmin khakiki |  
kang pangra tuwèng wayah |  
kang anom sumungku |  
mring Kae Sèh Mangunarsa |  
ingêgungkên tinamu-tamu utami |  
golonganing ngulama ||

159. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
nakmas jêbèng Kae Mangunarsa |  
suwawi awêktu age |  
Lohor mring masjid Agung |  
miwah yayi sadayanèki |  
dhangang ingkang liningan |  
ingkang para tamu |  
mudhun saking palungguhan |  
maring masjid Mangu ngambil toyastuti |  
apan samya sêmbahyang ||
160. Kewala cukup tamunirèki |  
pra waela salat anèng langgar |  
pra kadang kulawangane |  
salat nèng masjid Agung |  
ana ingkang banjur amulih |  
pra tamu ingkang salat |  
anèng masjid Mangu |  
Sèh Mangunarsa ngancaran |  
kinèn angimami wêkuning ngabêkti |  
nulya Sèh Mangunarsa ||
161. Tan lênggana majêng angimami |  
wus antara danguning asalat |  
tartib tumêkèng bakdane |  
paragad sadaya wus |  
asalawat salaman sami |  
Kae Bayi Panurta |  
lon andikanipun |  
prayogi wangsul ing wisma |  
Kae Adimuncar aturira aris |  
pênêd akaliyêgan ||
162. Mring masjid Gêng kawula yun uning |  
Kae Bayi Panurta ris mojar |  
ênggèh langkung prayogine |  
nulya sami amudhun |  
pra tamunya kang sadayèki |  
maring masjid Gêng prapta |  
midêr andudulu |  
pasang rakiting patirtan |  
binotrawi toyanya kalangkung wêning |  
ngingonan ulam kathah ||
163. Bêbêngane balumbang ngubêngi |  
binêngawan têpining tinaman |  
sangkêp saliring sarine |  
myang patirisanipun |  
pala kitri gumantung asri |  
samya nêdhêng wohira |  
putya dênta sinung |  
pucang ranti rinambonan |  
tanjung sawo asinang wohira (n)dadi |  
tinumpak sinaciwah ||

164. Kae Adimuncar Arsèngbudi |  
Arundarsa Kae Cariksutra |  
kalawan pra tarunane |  
lan Sèh Malangarsèku |  
Mangunarsa Gungrimang tuwin |  
Sèh Modang Pariminta |  
miwah Ki Piturun |  
Palakarti pra santrinya |  
lawan Jayèngrêsmi Jayèngraga tuwin |  
Wuragil Kulawirya ||

Jilid 12 - Kaca : 173

165. Kang wus bakda salat anèng masjid |  
para kadang Swarja Wiradhustha |  
Panukma lan Panamare |  
miwah kang para sêpuh |  
Ki Pangulu lan Ki Sêmbagi |  
Ki Jumêna Jêmpina |  
Lawatan Malanggung |  
Luwaran Kardisêdana |  
samy mudhun sing masjid samya umiring |  
mring kang samya ningal ||

166. Kang pra tamu amicarèng ati |  
nora jamak Ki Bayi Panurta |  
mêtu têmên mangunahe |  
dudu prajaning dhukuh |  
lir karajaning bupati |  
kêtêbe wong mah-omah |  
kèh bêcik gung agung |  
kaya wong rongèwu ana |  
kathah wong kang kuwat-kuwat kang rijêki |  
malah asor wong kutha ||

167. Ngalim wus mijil mangunahnèki |  
samy pupuji sukuring driya |  
mring Ki Bayi Panurtane |  
nutug dènya (n)dudulu |  
têpunggêlang ngubêngi masjid |  
ing wanci waktu Ngasar |  
samy mèt toyastu |  
kadas sami salat Ngasar |  
nèng masjid Gung sabakdanira ngabêkti |  
kondur maring ing wisma ||

168. Para kadang kulawangsa sami |  
umiring maring pawismannira |  
atata palungguhane |  
anèng pandhapanipun |  
sasajinya sampun miranti |  
wedang myang nyanyamikan |  
wus andhèr nèng ayun |  
miwah kang para waela |  
Ni Malarsih Turida lan Rarasati |

tamu Nikèn Wilapa ||

169. Ni Palangi lan wadon Cênthini |  
Nyai-nDaya Sumbaling tan têbah |  
Kiyai lon andikane |  
sumanggèng karsanipun |  
nyamikane ginape sami |  
kang liningan norraga |  
anginggihi wuwus |  
angalap sasênêngira |  
dene para magêrsari ingkang prapti |  
sarta lan kandhurinira ||
170. Pupunjunganira tinup saji |  
mring Ki Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
samyat tur salam sêmbahe |  
Ki Bayi lon amuwus |  
marang santri Luci Nuripin |  
lah iku kandhurinya |  
nak putu kang kolur |  
padha kèpungên priyangga |  
lan wong akèh aja susah maring mami |  
ing kono kumpulêna ||
171. Dèn-akapang angêpung kèndhuri |  
si Basarodin andonganana |  
kang kajat nyalamêtake |  
mêngko yèn ana kantong |  
ambêngane kumpulna dhingin |  
yèn wus sadasambêngan |  
donganana gupuh |  
lah ta wus kono Bismilah |  
Basarodin ngalih acêdhak kandhuri |  
anèng wetan kadohan ||
172. Mangulona ywa tambah sirèki |  
nulya Ki Pangulu Basar sigra |  
ngalih mangulon ênggonne |  
Kulawiryat gumuyu |  
kang Pangulu lèh impèn bécik |  
kèh bêrkate angayang |  
layak payon wayuh |  
wolu kasanga lanangan |  
Ki Pangulu ngacêmut mèsêm anolih |  
dene kaya kambangan ||
173. Samyat gumuyu ingkang miyarsi |  
para tamu mulat para kadang |  
rêsêp asih pandulune |  
rumêksa wong sadulur |  
maring kadang tuwa langkung jrih |  
sumungku kamawula |  
anggêp angguguru |  
kang samyat kajat sidêkah |

Jilid 12 - Kaca : 174

dinonganan mring Pangulu Basarodin |  
nadhah gya pinarucah ||

174. Ki Wuragil Kulawirya angling |  
kang Pangulu Basar dènnya mangan |  
tumrapa pring ros bangkote |  
kêrêp têmên amuluk |  
kongsi lali olèh ngitungi |  
pipirane amangan |  
tan kaduga ngetung |  
abênêr jarwa sutanya |  
ran pangulu tukang angulu sayêkti |  
suka sakèh miyarsa ||
175. Kae Bayi angandika aris |  
Swarja Wiradhustha lan Panukma |  
Panamar Kulawiryane |  
ring masjid Mangu iku |  
tarubana kang sarwa sri |  
sungana patilaman |  
kang samêkta mungguh |  
sarwa sukci ywa kuciwa |  
(ng)gyannya kadangira ingkang samya prapti |  
para ri tur sandika ||
176. Samya mangsuli turira aris |  
lamun parêng ing karsa paduka |  
kawula nunuwun rêke |  
rinta sasikinipun |  
amba nuwun nèng wisma mami |  
pun adhi sadayanya |  
inggih anunuwun |  
mugi pinarênging karsa |  
pan kawula ingkang rumêksa supadi |  
ing tyas datan sumêlang ||
177. Ke Bayi mèsêm nauri angling |  
iya prayoga iku turira |  
samyam amamanuhake |  
atêpung sih sadulur |  
mupung padha sinung papanggih |  
singgih yayi Dimuncar |  
myang sadayanipun |  
pênêd samya kukupuhan |  
têmbe ngalap kadang sih-siniyan sami |  
utami rarakêtan ||
178. Andhaupkên sarasaning kapti |  
kang liningan samya nor turira |  
langkung samya pirênane |  
singgih sadèrèngipun |  
paduka ngling kawula kapti |  
nukêri pra arinta |  
ing sasikinipun |

Jilid 12 - Kaca : 175

- pan sampun kasêdyèng driya |  
langkung sukur suka pirênaning kapti |  
dumunung ing pra kadang ||
179. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
e yayi sukur Alkamdulilah |  
sumêdya sih ring kadange |  
Ke Bayi malih muwus |  
lah Suwarja muliha dhingin |  
ruktinên wismanira |  
yèn mêngko kinayun |  
ring kakanta Adimuncar |  
ing karsanya dumunung wismanirèki |  
kang rayi tur sumangga ||
180. Angandika lah Wiradhusthèki |  
iya muliha dhingin ngruktiya |  
ing wismanira dèn-age |  
mêngko kakangirèku |  
Arsèngbudi yun awowori |  
rèrèh nèng wismanira |  
sanalikanipun |  
kang rayi matur sandika |  
ngling malih lah Panukma muliha dhingin |  
rumatana wismanta ||
181. Yayi Cariksutra kang ayun sih |  
wismanira mêngko dinunungan |  
Panukma sandika ture |  
lan Panamar sirèku |  
iya age muliha dhingin |  
rêsikana wismanta |  
ing mêngko kinayun |  
mring rakanta Arundarsa |  
dene sira Wuragil muliha dhingin |  
tata-tata-a wisma ||
182. Kakangira Ki Carikmudhèki |  
lan Sèh Modang ingkang nèng wismanta |  
kang rayi sandika ture |  
de Pangulu sirèku |  
angruktiya wismanirèki |  
rinta Sèh Parinminta |  
dimèn nèng sirèku |  
Ki Basar matur sumangga |  
nulya lèngsèr sadaya ingkang tinuding |  
mulih asowang-sowang ||
183. Angling malih maring santri Luci |  
lah ya Luci lan Nuripin sira |  
miwah pra lurah santrine |  
umiringa sirèku |  
mring riningsun ingkang sêdyapti |  
dumunung anèng wisma |  
-nira pra-kadèngsun |

santri Luci tur sandika |  
kang pra tamu ingacaran mring Ki Bayi |  
amurih pajênêkan ||

Jilid 12 - Kaca : 176

184. Kae Adimuncar Arsèngbudi |  
Cariksutra Ki Sèh Arundarsa |  
Carikmudha tanapi Sèh |  
Modang Parimintèku |  
samy aatur salam ngabêkti |  
wusing anjawat-tangan |  
nulya lèngsèr mundur |  
mring wismane para kadang |  
Kae Bayi Panurta maksih alinggih |  
lan Ki Sèh Malangarsa ||
185. Lawan Ki Sèh Mangunarsa tuwin |  
Ki Sèh Anggungrimang lawan sira |  
Jèngrêsmi Jayèngragane |  
Palakarti Piturun |  
pra waela sadaya misih |  
Kae Bayi Panurta |  
angandika arum |  
lah Ke jêbèng Mangunarsa |  
yèn sèmbada ing karsa wontèn ing ngriki |  
masjid Mangu kewala ||
186. Sampun kêtêbihèn lawan mami |  
Sèh Mangunarsa matur norraga |  
sumanggèng karsanta rêke |  
Ke Bayi malih muwus |  
lah anakmas Malangarsèki |  
prayoga arêrêba |  
anèng wismanipun |  
arinta Ki Jayasmara |  
nak Sèh Anggungrimang padunungannèki |  
wismane Jayèngraga ||
187. Samya umatur sandika sami |  
nulya lumèngsèr kang ingancaran |  
mijil maring pawismane |  
sasantrinya tut-pungkur |  
sira Ki Sèh Mangunarsèki |  
lumèngsèr saking ngarsa |  
maring masjid Mangu |  
kang kantun para waela |  
ingancaran anèng dalêm wetan singgih |  
dalême Tambangraras ||
188. Pangandikanira Kyai Bayi |  
marang para waela sadaya |  
de sutaningsun katrine |  
sira kumpulèng ngriku |  
wismanipun Nikèn ing nguni |  
lamun arsa papanggya |

lan kakungirèku |  
iya pangguha sadhela |  
krana padha rumêksa tamunirèki |  
kalawan ibunira ||

189. Ni Malarsih nambung wacana ris |  
pituhunèn linge bapanira |  
lawan sun iki katêmbèn |  
langkung wulanguningsun |  
lawan sira miwah (m)bok-yayi |  
mupung padha sinungan |  
bisa-a papangguh |  
gêlise satêngah wulan |  
sasêdhênge ana-a saka tri sasi |  
sukur salaminira ||
190. Apan paguywan sami pawèstri |  
nulya aluwaran alungguhan |  
kundur marang ing dalême |  
santri Luci aibut |  
lan Nuripin wadon Sumbaling |  
angundur kang rampadan |  
sadayanira wus |  
gêdrahan wus kinêsudan |  
Kyai Bayi tulus mulyaning asakit |  
dening praptaning putra ||
191. Tan cinatur ing waktu Mahêrib |  
bakda Ngisa Ki Bayi Panurta |  
karsa anadar mumule |  
kataman Kur'an agung |  
santri Luci amandhegani |  
pragatan bèbèk ayam |  
menda gudèl lêmbu |  
angrèh wong magêrsarinya |  
lanang wadon Ni-Daya lawan Sumbaling |  
ngratêngi lah-olahan ||
192. Karya asahan ambêng kêndhuri |  
wau sira Ki Bayi Panurta |  
lênggah anèng pandhapane |  
wis rinumat sadarum |  
gagêlaran kalasa lampit |  
kang badhe palinggihan |  
-nira santri agung |  
wau Ki Sèh Mangunarsa |  
ingatan tan dangu anulya prapti |  
lênggah assalaman ||
193. Nulya Ki Sèh Malangarsa prapti |  
lawan Jayèngrêsmi sarêngira |  
ingirit dening santrine |  
lênggah tur salamipun |  
gya Sèh Anggungrimang kang prapti |

Jilid 12 - Kaca : 177



lawan Ki Jayèngraga |  
tur salam alungguh |  
kalawan kulawanganya |  
Ki Piturun Palakarti anèng wuri |  
kinèn lungguh pra kula ||

194. Tan adangu ingkang samya prapti |  
Kae Adimuncar Ke Suwarja |  
Arsèngtyas Wiradhusthane |  
miwah Cariksutrèku |  
lan Panukma sarèngannèki |  
Rundarsa Ki Panamar |  
lan sasantrinipun |  
Ki Carikmudha Sèh Modang |  
sarèng lan Ki Wuragil Kulawiryèki |  
ingiring santrinira ||
195. Pariminta lan Ki Basarodin |  
sasantrinira wong Pakauman |  
ingkang prapta sadayane |  
samya tur salamipun |  
tata kèpungira alinggih |  
anulya ingkang prapta |  
pra kulawangsèku |  
Ki Sèmbagi lan Jumêna |  
Ki Jêmpina Lawatan Malangbong tuwin |  
Luwaran Jalipura ||
196. Kardisadana lan Jagapati |  
Singabarong Bèlongsong Ki Mandra |  
pra tuwa kulawangane |  
pra kaponakanipun |  
Bagus Kanjir lan Gus Ngujajir |  
Gus Mèkèt Gus Sarakal |  
Gus Bahri Gus Dawud |  
myang pra lurah santrinira |  
samya kèpung akupèng jajar alinggih |  
supênuh ing pandhapa ||
197. Pra sudagar miwah magêrsari |  
kang samya pènèd angaji Kur'an |  
pan wus pèpak sadayane |  
Ke Bayi ngandika rum |  
paran uwis katog kang prapti |  
kang sèmada wus kêna |  
wawasanirèku |  
Ki Kulawiryana turira |  
(ng)gih punika ingkang sring rahab angaji |  
Kur'an siyang dalunya ||
198. Iya sapa ingkang angimami |  
rawatib iki kataman Kur'an |  
kang miwiti prayogane |  
pra ari samya matur |

Jilid 12 - Kaca : 178

anjawi paduka (n)Jêng Kyai |  
ingkang ambawanana |  
Ke Bayi amuwus |  
bênêr (ng)gyanta anduduga |  
nanging ora yèn mungguh ingong pribadi |  
Ke jêbèng Mangunarsa ||

199. Kang pra kadang sarêng turirèki |  
kasinggihan langkung utaminya |  
mapangat ngalap barkahe |  
Ke Bayi lingira rum |  
Kae jêbèng Mangunarsèki |  
pun bapa amiminta |  
karana Lah-ipun |  
jêbèng mugè andhangana |  
amba wani nadar kawula rawatib |  
kataman mukadaman ||
200. Ki Sèh Mangunarsa turira ris |  
amba maksih kuciwa taruna |  
utami kang sêpuh rêke |  
Ke Bayi lingira rum |  
nadyan anèm sampun utami |  
pan wus kapudyèng driya |  
angluwari wuwus |  
manadar sukuring Sukma |  
ing mangkin pun bapa sinungan pamanggih |  
lan jêbèng samadaya ||
201. Sarta rinta kalih sami prapti |  
kang pra tamunira anambroma |  
marang Sèh Mangunarsane |  
samyang anjurung sukur |  
kang ngancaran tan nikêl tuding |  
Kae sèh gya amaca |  
Têkabal-lalahu |  
mikum sinauran kathah |  
sadaya sru minna waminkum ya karim |  
nulya Sèh Mangunarsa ||
202. Amiwiti maca Bismilahi |  
kawiting juj surating saminga |  
langkung pasèkat kir'ate |  
lagu Ambyola pemit |  
tunmènawèt sajak Klawirsin |  
lir tuwan wêton Ngarab |  
sadaya angungun |  
santri tuwa nom sadaya |  
cipta datan kadugi ngaji kadyèki |  
lir Ke Sèh Mangunarsa ||
203. Swara gêtas rênyah rum amanis |  
êmpuk mêmbat gêtêr muluh rêmak |  
karya kêsar tyasing akèh |

- antara akiripun |  
 nuju t k ng apalir ki |  
 ngalaika kibbulah |  
 ala innalahu |  
 umul muslikun anulya |  
 binarungan sadayanira pra santri |  
 tamat maca Takabal ||
204. Nulya Kae Dimuncar gumanti |  
 surat Kasar amaca Bismilah |  
 ilhar kewala kir'ate |  
 antara dangunipun |  
 pan wus t k ng ayat kang akir |  
 tamat maca Takabal |  
 sinauran asru |  
 tinampan Ki Ars ngdriya |  
 Kur'anira wit winaca Bismilahi |  
 apan surat Muskinah(?) ||
205. S dh ng kewala kir'atir ki |  
 kadung kaduk ilhar wawacannya |  
 mung m t titis kalimahe |  
 pan t k ng akiripun |  
 tamat macaT kabaln ki |  
 nulya Ki Cariksutra |  
 gumantya andarus |  
 apan kang Surat Jukinah(?) |  
 wus antara tamat Takabal anuli |  
 sira Ki Carikmudha ||
206. Apan Surat Mustakim d n-aji |  
 wusnya tamat amaca Takabal |  
 gya Ke Arundarsa r ke |  
 tamat samwacanipun |  
 nulya Ke S h Malangkars ki |  
 apan Surat Jumungah |  
 tamat Takabal wus |  
 nulya Ki S h Anggungrimang |  
 apan Surat Munap k ingkang ingaji |  
 tamat maca Takabal ||
207. Nulya s r n mring Ki Jay ngr smi |  
 Surat Takabun ingkang winaca |  
 gantya Ki Jay nragane |  
 Surat Talak dinarus |  
 nulya Ki Piturun angaji |  
 Surat Takrim atamat |  
 tum k ng ing  jus |  
 maca Pasankurusnawa(?) |  
 akulu lakum paos wilu amri |  
 ilalah innalaha ||
208. Basirun ngiban barungan santri |  
 lan pra santri kathah langkung ramya |  
 gya Ki Bayi Panurtane |

mundhut mukadamipun |  
wangsul katur marang Ke Bayi |  
Panurta gya amaca |  
miwiti Surat juj |  
anuju Surat Mubarak |  
Kae Bayi nulya maca Bismilahi |  
apan ilhar kewala ||

Jilid 12 - Kaca : 180

209. Anging cêtha kalimahanèki |  
datan pati rikat nanging mapan |  
kewala kampil dulune |  
antara dangunipun |  
tamat maca Takabal nuli |  
sinauran ing kathah |  
nulya Ki Pangulu |  
Basarodin maca Surat |  
Surat Êsun ilhar wawacanirèki |  
rindhik rikuh kangèlan ||
210. Tan pati cêtha kalimahnèki |  
tinuntun sahipun ing kalimah |  
marang ing kiwa têngêne |  
Ki Wuragil gumuyu |  
lan rowange linggih ngling ririh |  
ta lah kang Ngulu Basar |  
(n)darus |  
sêmada kapanca-baya |  
krêp kasandhung ing klimah tan na lêstari |  
kaya morod-moroda ||
211. Nora pati janji yèn angaji |  
pan namung (n)dongani kang ambêngan |  
ingkung kang dèn-jangjèkake |  
jawane kang Pangulu |  
saking krêpe andodongani |  
ambêngan dalu siyang |  
mring Kur'an tan wanuh |  
nèk ngaji kae jêg rikat |  
krêp ambiyak kêbêtane ngong tan uning |  
yèn dèn-grêmêng kewala ||
212. Samya gumuyu ingkang miyarsi |  
Ki Pangulu dènya maca Surat |  
langkung sangêt talèndhone |  
tan talatèn kang nuntun |  
sinêlak Ki Pangulu isin |  
tamat maca Takabal |  
nulya kang sumambung |  
kang andarus Ki Suwarja |  
Surat Kakah arikat dènnira ngaji |  
pan ilhar kir'atira ||
213. Gya Wiradhustha Surat Mangarid |  
antara tamat maca Takabal |

anulya Ki Panukmane |  
kang winaca Surat Nuh |  
tamat gya Ki Panamar ngaji |  
Surat Tin kang winaca |  
tamat Takabul wus |  
anulya Ki Kulawirya |  
kang gumantya amaca Surat Mujamil |  
tamat nulya Sèh Modang ||

Jilid 12 - Kaca : 181

214. Kang winaca pan Surat Munamir |  
tamat nulya Ki Sèh Pariminta |  
apan Surat Kiyamah-e |  
tamat ingkang sumambung |  
[---] |  
Ki Sêmbagi Suratnya |  
Mursalat-ing gupuh |  
maca pamadat kupunya |  
wa akulu lakup paop wiluamri |  
ilalah innalaha ||
215. Basirun bil ngiban barung santri |  
kathah langkung gumuruh swaranya |  
Ke Bayi pangandikane |  
padha aso kuruhun |  
kari sajus ngaringkên dhingin |  
lah Luci dèn-arikat |  
pupuluranipun |  
wedang lawan nyanyamikan |  
wêtokêna lan kêmbang borèh dèn-aglis |  
gupuh ingkang liningan ||
216. Nuding para kasinoman santri |  
kinèn mêdalakên pupuluran |  
rampadan papanganane |  
wedang pawohonipun |  
sêkar konyohira tan kari |  
samyã lumadyèng ngarsa |  
wrata sadayèku |  
Ke Bayi aris ngandika |  
ngancarani marang tamunira sami |  
miwah mring kulawangsa ||
217. Gupuh ingkang ngancaran anuli |  
pan samya ngalap sasênêngira |  
wedang myang nyanyamikane |  
ingkang nginang audud |  
boborèhan sami susumping |  
antara dangunira |  
dènya kukurpular |  
santri kèh pating kucapah |  
nutug dènya sasambèn sami nyanyamik |  
tuwuk sadayanira ||

218. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
paran wus nak-putu sadayannya |  
dènnya padha anggêgape |  
yèn wus padha anutug |  
lah Bismilah padha awiwit |  
sapa bènêre maca |  
pra kadang umatur |  
inggih pun paman Jumêna |  
Kae Bayi Panurta Têkabal nuli |  
sinauran ing kathah ||

Jilid 12 - Kaca : 182

219. Wit juj Surat Ngama Suratnèki |  
gantya Ki Jêmpina ingkang tampa |  
apan Wanaji Surate |  
tamat ingkang sumambung |  
Ki Lawatan ingkang angaji |  
apan Surat Ngabangsa |  
tamat takabal wus |  
Ki Malangbong kang gumantya |  
Surat Ida-samsu kuwirat anênggih |  
tamat gya kang gumantya ||

220. Para kapenakan Bagus Kanjir |  
Surat Ida patakun patapak |  
tamat gya Gus Ngajujire |  
apan Surat Waèlul |  
mutapipin tamat anuli |  
Gus Monot Surat Ida |  
Samangun sakat wus |  
tamat nulya kang atampa |  
Bagus Bahri Surat Wassama ki natin |  
buruji nulya tamat ||

221. Gus Sarakal Surat Sasamai |  
Patariki Gus Dawud atampa |  
apan Sabikin Surate |  
Ki Luwaran sumambung |  
Surat Alhataka anuli |  
Ki Jalapura tampa |  
Surat Alpajli ku |  
nulya Ki Kartisadana |  
Surat Lakuk Ki Balongsong Suratnèki |  
Wasamsi walukaha ||

222. Ki Singabarong Surat Walèlli |  
Kyai Canthu pan Surat Waluka |  
barung tinakbiran ngakèh |  
anulya Kyai Sampur |  
Surat Alam nasrah ingaji |  
gantya Ki Jagapatya |  
surat Watini wus |  
Ki Genjong pan Sura Ikrak |  
gantya magêrsari Pak Rajiyah ngaji |

223. Pak Juminah Surat Lam yakunil |  
Pak Basiyah Idajul Suratnya |  
Pak Radiyan pan Surate |  
Walngadiyadi nêngguh |  
Pak Burerah gantya angaji |  
Pan Surat Alkapiyah |  
nulya kang sumambung |  
Lurah santri Gus Munada |  
Surat Alhakumut Gus Yasim Wal ngasri |  
anulya Bagus Ilyas ||
224. Surat Wolul nulya Gus Jamjani |  
Surat Lam-tara nulya Swaka |  
Surat li-ila arèrèn |  
Kyai Muhkamat Yunus |  
Surat Araital anali |  
Ki Amat Mangawiyah |  
dènnira andarus |  
pan Surat Ina aktèna |  
Ki Matngali Surat Kulya-ayu singgih |  
nulyua Ki Amatdiman ||
225. Apan Surat Idaja-a nuli |  
Ki Monthèl wèkasan Surat Tabat |  
tinêbiran sru barung kèh |  
anulya Surat Kulhu |  
barungan sakathahing santri |  
winaca kapling tiga |  
Surat Kulhu-nipun |  
nulya Surat Palakinas |  
lan Patekah wus tamat laju waratib |  
[---] ||

226. Asmangil Kusni dipun-singiri |  
Sèh Mangunarsa Sèh Anggungrimang |  
amênyêt driya sajake |  
wong nonton èstri jalu |  
yêg-uyêgan têpung pandhapi |  
samyang ngayun-hyun mulat |  
mring kang lagya rawuh |  
Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
miwah marang pra pandhita kang pra tami |  
tumêkèng Wanamarta ||
227. Mangkya samya uning warnanèki |  
takon-tinakon lan rowangira |  
aranne siji-sijine |  
ana kang wus kèh tutur |  
angarani durung patitis |  
namane kang pandhita |  
misih salang sêngguh |

sawiji kang wus tetela |  
mung Sèh Mangunarsa kang dèn-uningani |  
kabèh sapanontonan ||

228. Langkung pangalêmbananirèki |  
marang sira Ki Sèh Mangunarsa |  
rimbage paprèjèngane |  
satu pasêmonipun |  
lawan sang Sèh Adi Mongragi |  
wênèh ngaranni uga |  
yêkti lamun iku |  
lakine Ni Tambangraras |  
Sèh Mongraga dènnya lèlana wus prapti |  
sagarwa kadangira ||
229. Kang wus cêtha anjawil nuturi |  
wruhanamu iku mono uga |  
apan iya sapungkure |  
Sèh Mongraga kang nglangut |  
wasta Ki Sèh Mangunarsèki |  
kang tinuturan dhamang |  
sarwi manthuk-manthuk |  
sakèhe ingkang tumingal |  
jalu èstri pra santri gawok ningali |  
mring Ki Sèh Mangunarsa ||
230. Kadang kulawargane Ki Bayi |  
miwah para sadaya pandhita |  
samyajrihasihdriyane |  
mring Sèh Mangunarsèku |  
rumangsa yèn kasoran budi |  
tan ana lumawanna |  
sakêdaling wuwus |  
majêmukaning akathah |  
pan katongton kasingitanira ngindhaki ||
231. Ciptanya Ki Bayi Panurtèki |  
miwah pra kyai ing Wanamarta |  
mulat Sèh Mangunarsane |  
mangsup samya (ng)guguru |  
geyonganing kawruh sajati |  
tan pae mring Mongraga |  
nadyan-tuk liliru |  
lir datan kèlingan trêсна |  
suka sukur maring Sèh Mangunarsèki |  
tan wus kang ngalêmbana ||
232. Dènnya ratib Asmaul Kusna-ni |  
(n)dungkap dhikiran lan agonan |  
ngayun-yun pampêg swarane |  
asru langkung gumuruh |  
ramya rahab dèn-sisingiri |  
anganjat wiwiridan |  
tarki tinangajul |

Jilid 12 - Kaca : 185



- kang kalawan nafi isbat |  
wus antara dikir antuk kawan tasbih |  
bakda ing pajungkungan ||
233. Atawapul kusuk ing Hyang Widdhi |  
tratib rikat winaca ing kathah |  
sami kewala rahabe |  
tamat dènnya asawub |  
laju maca salawat Nabi |  
atasing kulawarga |  
kêrasa sadarum |  
wusnya nulya maca donga |  
Ki Sèh Mangunarsa andongani Kamil |  
Aplal kataman Kur'an ||
234. Jayèngraga ingkang anasibi |  
imbal kalawan Sèh Anggungrimang |  
swara ro tumbuh pinilèh |  
swara samya rumipun |  
kadya barang dèn-panêrusi |  
aminnira arambah |  
ambabata-rubuh |  
sakèhe wong Wanamarta |  
myarsa swaranira Kae Jayèngragi |  
lir agring antuk tamba ||
235. Nirnakakên rasaning kang sakit |  
saking dènnira asuka bungah |  
tan na winalang-atine |  
tamat pandonganipun |  
atakabul salawat Nabi |  
anulya sasalaman |  
angadêgi gupuh |  
makmum maring santri kathah |  
dêr-idêran dènnya tur salamirèki |  
mring Ki Sèh Mangunarsa ||
236. Wus warata sadayaning santri |  
wangsul tata palungguhanira |  
Kae Bayi Panurtane |  
pangandikanira rum |  
marang santrinira Ki Luci |  
lah wus Luci wêtokna |  
kandhurinirèku |  
ingkang liningan agêpah |  
santri Luci Nuripin lan Jalalodin |  
ngatak pawong rencangnya ||
237. Nyaosakên kèndhuri ring ngarsi |  
ambêng gêng munggèng panjang-giri bang |  
miwah sarêrampadane |  
kang ambêng panjang agung |  
marang para (n)jêng kyai-kyai |  
kang ambêng lalayanan |

Jilid 12 - Kaca : 186

rolas ambêng munjung |  
liya kang ancak supitan |  
miwah ambêng kang saking pamagêrsari |  
nèng dhulang tampi tampah ||

238. Ambêng papanganan anèng ngarsi |  
kinèn amrutah dinum barêkat |  
wus warata sadayane |  
ambêng lumadyèng ngayun |  
wus tinata pamintanèki |  
ambanjêng nèng pandhapa |  
ambêng kalih puluh |  
myang ambêng makmum sidhêkah |  
Kae Bayi Panurta ngandika aris |  
mring Ki Pangulu Basar ||
239. Lah wis donganana Basarodin |  
kajat majêruk kataman Kur'an |  
akurmat Nabi mumule |  
mring pra oliya kang wus |  
sinung rahmat swarga donyèki |  
kalawan kirim donga |  
èstri lawan jalu |  
lan luwure wong sadesa |  
Wanamarta luware punagi-mami |  
salamête kang prapta ||
240. Sigra Ki Pangulu Basarodin |  
andongani amin ingakathah |  
ambata-rubuh amine |  
antaranira dangu |  
wus tamat dènnira (n)dongani |  
Ki Bayi angandika |  
hèh Luci sirèku |  
pètakèn ambèganira |  
kang warata kabèh nak-putu ywa kari |  
jalwèstri kang niningal ||
241. Kang liningan tur sandika aglis |  
nulya dinuman sadayanira |  
jalwèstri tuwa nom rare |  
kêpung ambèganipun |  
sêkul papangananirèki |  
cukup tan ana kurang |  
papanthan (ng)gyannipun |  
Luci matur wus samêkta |  
Kae Bayi Panurta ngandika aris |  
marang pra tamunira ||
242. Sumangga jêbèng sami wawanting |  
tuwin yayi samadayanira |  
samyak kêmbulan kèndhurèn |  
kang ingacaran gupuh |  
awawanting lèkas abukti |

- pakantuk dènnya nadhah |  
 antaranya dangu |  
 luwaran tuturuh asta |  
 kandhurine samya cinarikan sami |  
 dinum barêkatira ||
243. Sa-ambênge ngloroni nêloni |  
 kang mapati akathah bêrkatnya |  
 sêkul lan papanganane |  
 mèh tan kêlar pinanggul |  
 kacu amba kongsi jêmiwit |  
 santri cilik adrêdah |  
 rêrêbutan pandum |  
 kapyukan sarundèng sêga |  
 ting jalêrit sasabêtan sapit abing |  
 gumêrah lês-ilêsan ||
244. Ana ngiloni anake nangis |  
 mrambat salin babah padha tuwa |  
 têngdhang-tinêngdhang arame |  
 udrêg jagur-jinagur |  
 tan karawun ingkang pinêndir |  
 krêngan awut-awutan |  
 bithèn ting gêrabug |  
 kang nêng natar kagègèran |  
 ting jarêlih kèh wutah barêkatnèki |  
 kang rinêbut ing rowang ||
245. Samya mudhun santri nêng pandhapi |  
 andêlêng kang padha kakêrêngan |  
 Ki Kulawirya ge-age |  
 sarya ngling sru hus hus hus |  
 ho yah ho yah thèthèkan santri |  
 Cêmplon Singgang Sayadan |  
 setan sapa iku |  
 sing padha kêrah agidrah |  
 mêngko ana uwong cocote dak-lêmbing |  
 nêng kene kakêrêngan ||
246. Kênêng sibat angêgèt-êgèti |  
 apa nora wêruh cêplose mana |  
 lagya (n)Jêng Kyai kêtamon |  
 padha wong edan taun |  
 nora angon tinon si Jopris |  
 kang ingaruhan bubar |  
 samya glis lumayu |  
 ana kang matur punika |  
 tan kantênan wiwitipun rare alit |  
 nuntên dados wong tuwa ||
247. Samya sampun lumajêng mring jawi |  
 Ki Bayi ngling alah uwis Wirya |  
 ywa sasrêngên maningane |  
 wong padha rêbut puluk |  
 kaya aku biyèn dhèk cilik |

arame rarêbutan |  
mangan kêmbul rusuh |  
wus adate santri bocah |  
kang pra tamu sami mèsêm aningali |  
mring Ki Bayi Panurta ||

Jilid 12 - Kaca : 188

248. Lingsir dalu wayahe kang wêngi |  
Kae bayi alon dènningrojar |  
anak putu sakabèhe |  
sêdhêng bubaran mundur |  
sesuk arêp anambut kardi |  
gupuh ingkang liningan |  
pra santri sadarum |  
myang magêrsari sudagar |  
gumarêdêg samya mundur bubar mulih |  
kantun kang para kadang ||
249. Miwah para tuwa samya linggih |  
Kae Bayi Panurta ris nabda |  
maring kang para kadange |  
padha majuwa lungguh |  
paparêkan bae abêcik |  
nulya samya mangarsa |  
kupêng têtung dhêngkul |  
Ki Suwarja Wiradhustha |  
Ki Panukma Panamar Kulawiryèki |  
Kae Pangulu Basar ||
250. Kang pra tuwa Jumêna Sêmbagi |  
Ki Jêmpina Malangbong Lawatan |  
myang para kaponakane |  
lungguh nèng wurinipun |  
uwakira Kiyai Bayi |  
Ki Sêndhi Kulawiryaya |  
mèsêm dènnya muwus |  
wakane Ki Ngulu Basar |  
barêkate rong ikêt mêtêp bak isi |  
cupêt sinambung tampar ||
251. Bok santrine kèn ngulihkên dhingin |  
angandhukur sinandhing kewala |  
Ka Basar ngling hêng kajênge |  
Ki Wirya sru gumuyu |  
binarungan rewange linggih |  
Ki Bayi atatanya |  
apa kang ko(k)guyu |  
Ki Kulawiryaya turira |  
pan punika kang Pangulu Basarodin |  
tan pisah lan bêrkatnya ||
252. Angandhukur buntêlan nèng wuri |  
kawula kèn ngantukkên rencangnya |  
sauripun hêng kajênge |  
bangêt têtên kang Ngulu |

dènya datan ngandêl mring santri |  
Ki Pangulu anjola |  
ngalih dènya lungguh |  
sarwi barkate ginawa |  
lêt patang wong (ng)gèn dalêm kula alinggih |  
sarwi agarundêlan ||

253. Yèn sandhingan lawan Ki Wuragil |  
jêlèh bosên wong sok pinoyokan |  
tan ana luwasing gêtèh |  
pancèn rada kêbanjur |  
anggêgarap mêngdêng wong siji |  
(m)bok ya towang sapisan |  
sabên-sabên têtumu |  
angajêg bae (ng)gêgarap |  
gur-anggure maring wong ajowal-jawil |  
tan kêna sinandhingan ||

Jilid 12 - Kaca : 189

254. Samya suka gumuyu kang myarsi |  
Ki Wuragil Kulawirya latah |  
e e kang Ngulu ngalih (ng)gon |  
dèn-plalah usung-usung |  
ngungsèkakên bêrkate cicir |  
ambakna tan andêlan |  
dèn-êtohi lampus |  
iku sing diandêl sapa |  
têka bangêt têtêmên wong ing jirmujjir |  
cêthil nanging cêtholan ||

255. Saya (n)dadya paguywan Ki Rodin |  
Kae Bayi Panurta ngandika |  
wong wus watak mono priye |  
ya iku lungguhipun |  
wong narima rêjêkèng Widdhi |  
sukur rahmaning Sukma |  
panganing tumuwuh |  
iku kang bènêr maningan |  
pintêr ngati-yati sarating aurip |  
watir katilap pangan ||

256. Yèku ran ngandêl dina kang kèri |  
sesuk manèh ana kang pinangan |  
ngawruhi mutawatire |  
pamrih samono iku |  
pèndah nêngguhakên tyasnèki |  
kang supaya rosa-a |  
pangibadahipun |  
asarat kalawan pangan |  
pan utama wong gêmî marang rijêki |  
sêmpulur sandhang pangan ||

257. Ki Pangulu mèsêm namur liring |  
sêgu-sêgu sêmu tyase bungah |  
dèn-bênêrakên watêke |

ngliringe anglêlêngguk |  
asasmita marang Ki Wragil |  
Ki Kulawirya mulat |  
anjêngèk gumuyu |  
i i bilah wakne Basar |  
dene muncu-muncu kaya ngêmut klênthing |  
èsême bêranahan ||

258. Pirang-pirang pèngang ting kêcumik |  
gènti dhuwur pipine kang Basar |  
kongsi apego wangune |  
sadaya gêr mumuyu |  
myat kang poyok dene patitis |  
cèplês kang pinoyokan |  
pantês ambubusur |  
yata wau pra waela |  
Ni Malasih Wilapa lawan Palangi |  
Turida Rarasatya ||
259. Mijil saking wisma mring pandhapi |  
sarwi ngirit kang nampa dhudhulang |  
rampadan dhadhaharane |  
laju tinatèng ngayun |  
Ni Sumbaling wadon Cênthini |  
samyang ngandhèr rampadan |  
wusnya samya mundur |  
Ki Bayi alon ngandika |  
lah sumangga punika pangusap amis |  
won kèndêl mamangsêgan ||
260. Ingkang cinaran sadayanèki |  
samyang angalap sasênêngira |  
wowohan sasêgêrane |  
Ki Bayi ris amuwus |  
Kae jêbèng Mangunarsèki |  
pun bapa atatanya |  
rèhne sampun sêpuh |  
kêdah angupaya sabda |  
kang sanyata kawruh dènnya praptèng akir |  
sampurnaning agêsang ||

Jilid 12 - Kaca : 190

261. Kadi kang sampun kasêbat Kadis |  
têtêrusanipun kang mutêlak |  
mênggah tanggap kita rêke |  
pangandêl kang saèstu |  
kang kaucap ing kitab singgih |  
kang ingupamakêna |  
jalma ingkang luhung |  
kang dhingin ngandêl ing Allah |  
lan angandêl ing malaekating Widdhi |  
angandêl ing Utusan ||
262. Ngandêl ing kitab lan dina akhir |  
untung bêcik lawan untung ala |

- saking Allah iku rêke |  
singgih ingkang punika |  
pan pun bapa dèrèng andêling |  
mênggah pangandêl kita |  
kadipundinipun |  
trap ngandêl mungguhing Allah |  
sadayanya ing pangandêl kadipundi |  
mugi andhanganana ||
263. Ki Sèh Mangunarsa turira ris |  
murading ngèlmi kang wus kaucap |  
ing kitab Sitin yaktine |  
mirat raosing ngèlmu |  
tan tanasup maring sawiji |  
sarak ingkang ahli kak |  
pae mangsudipun |  
kêdah lid kalih prakara |  
sarengatan kang ahli mangaripati |  
pan pae panganggêpnya ||
264. Yèn ing bangsa sarak agêmnèki |  
pangandêlipun mungguhing Allah |  
angandêl dening napine |  
pasthi kuwasanipun |  
karya titah lawan pribadi |  
gaib sakarsanira |  
tan kenging winêruh |  
akarya sapta bantala |  
sapta kasa dumadi saisinèki |  
datan lawan rêkasa ||
265. Sarta warna-warna malèkatim |  
seasya-adabah istitdêlal |  
jirim mukim makluk kabèh |  
sapangkat-pangkatipun |  
pae-pae paekanèki |  
tan wontên kang sarupa |  
solah-bawanipun |  
ambedakkên sèsining-rat |  
sarta datan kapindho karsaning Widdhi |  
dadi lawan sapisan ||
266. Nitah pati urip dan ming-kalih |  
karya elok tamating atitih |  
lajêng tan ana sampune |  
kalawan malhipun |  
ngandêl maring malekat nênggih |  
latib sinung babagan |  
ingkang murakabun |  
sakawan pangibadahnya |  
Jabarail nurunkên wahyu nulisi |  
kang panggawe utama ||
267. Mikail kang nurunkên rêjêki |  
tuwuh kalawan siraming toya |

Israpil pangaibadahe |  
niyup sasangkanipun |  
amadhangkên surya lan sasi |  
gêng aliting maruta |  
Ijrail kang juru |  
mêcat sakèh panguripan |  
nurunakên lalara tumêkèng pati |  
kang tan kêna tinambak ||

Jilid 12 - Kaca : 191

268. Kaping tri ngandêl Rasuling Widdhi |  
panjênênge Nabi kang kinarsan |  
pautusaning Hyang rêke |  
kang wus sinungan ngèlmu |  
tinurunkên saking Hyang Widdhi |  
kalawan amuruka |  
kwulaning Hyang Agung |  
kang bangsa mukmin kang ngaral |  
amardiya ing pakon kalawan sirik |  
kang mrih agama mulya ||
269. Anyêgaha panggawening eblis |  
atas kalawan winêruhêna |  
marang agama sukciné |  
rare tumêkèng pikun |  
pinandhitakakên ing Nabi |  
wong tuwa kang dadi Man |  
musanip dinunung |  
Nabi wrananing Hyang Sukma |  
kinarilan sasèrèn bakdaning Nabi |  
panjênênging narendra ||
270. Datan pae lan jênênging Nabi |  
pangastanira adil kukumah |  
anrapkên tan kêna mêngèng |  
miwah pamardinipun |  
maring dasih ywa tibèng nisthip |  
dosa durakèng Sukma |  
naraka tinêmu |  
rangu ngatokkên dadalan |  
maring ala bènêr bêcik lawan sisip |  
jrih sungkêm ing agama ||
271. Pangandikaning narendra pasthi |  
tunggil pangandikaning malekat |  
nabi wali sasamine |  
dadya idayat tuhu |  
sasat pangwikaning Hyang Widdhi |  
tan inang ing kahanan |  
ring dasih sawêgung |  
nabi wali lan malekat |  
kapat ratu kinarya badaling Widdhi |  
warananing Hyang Sukma ||



272. De angandêl ing dina kang akir |  
singgih ngagêsang kita punika |  
wêkasan pati tan wande |  
muslim ing dalêm kubur |  
tampi purbanira Hyang Widdhi |  
siksa lawan ganjaran |  
ing sakadaripun |  
mung têngsandha kewala |  
ingêngèyan mangke maksih angêntosi |  
(n)dungkape dina bangas ||
273. Anèng ngriku panêksiring Widdhi |  
kathah kêdhik ngamaling ngagêsang |  
miwah lawan kiyante |  
pan samya tinaraju |  
ing pasiksanira pribadi |  
kang êntèk anèng bangas |  
miwah ingkang durung |  
bisa êntèk anèng bangas |  
têtêp kékêl anèng sajroning yomani |  
lan kang pinanci swarga ||
274. Wontên têlas nêng bangase kèksi |  
wontên têlas siksa nêng kuburnya |  
wontên têlas duk donyane |  
nir tan na dosipun |  
tan pae lan kang ngadosèki |  
siniksa duk nêng donya |  
têkèng siksa kubur |  
kongsi têng dina bangas |  
laju têtêp nêng nraka salaminèki |  
mêntas-mêntas yèn pasa ||
275. Untung ala lawan untung bêcik |  
pan kagunganing sira Pangeran |  
kang sipat kamurahane |  
asih ing akiripun |  
langgêng datan kênawah gingsir |  
kita kulaning Sukma |  
tan ngrasa angaku |  
pan kumambang ing wisesa |  
mung Alkamdulillahi rabbil ngalamin |  
wala-wala kuwata ||
276. Illa hilabil ngaliyil ngalim |  
pan makatên lir murading makna |  
kabastu ing têtamtune |  
kang mungayaning ngèlmu |  
Kadis kadi saraking Nabi |  
Kae Bayi Panurta |  
myang sadayanipun |  
ingkang amiyarsa sabda |  
cipta sakalangkung tan bisa ngundhaki |

Jilid 12 - Kaca : 192

titise liding murat ||

277. Nadyan sami bisa amuradi |  
maknani lapal Kadis nèng kitab |  
pan kaot dhèmês amoncèr |  
tan amapali wuwus |  
marang Ki Sèh Mangunarsèki |  
ramping rampungannira |  
Ki Bayi angungun |  
miwah ingkang para kadang |  
myang pra uwa cipta tan ana bedaning |  
mring sang Sèh Amongraga ||
278. Dadya samya wêwah jrihira sih |  
marang sira Ki Sèh Mangunarsa |  
miwah Ki Bayi angêne |  
kadya maksih kadulu |  
putra mantu sira Mongragi |  
cumêplonging wardaya |  
susurupanipun |  
miwah kang para waela |  
Ni Malarsih sumêdhot raosing galih |  
myat ring Sèh Mangunarsa ||
279. Datan siwah lan Sèh Amongragi |  
salêkêring pamuluwanira |  
mung swara manis arume |  
saratane pamuwus |  
sakalire datan ngêdohi |  
Kae Bayi Panurta |  
ris andikanipun |  
Kae jêbèng Mangunarsa |  
langkung mindhak dhangane raosing kapti |  
miyarsa liding murad ||
280. Kadi alit satunggile malih |  
padhangêna jêbèng ta pun bapa |  
Sèh Mangunarsa ature |  
ambêg pangandêlipun |  
ingkang ahli mangaripati |  
mangandêle ing Allah |  
dene ananipun |  
alawan pribadinira |  
ingkang datan kalingan raina wengi |  
tan kalingan ing padhang ||
281. Tan kalingan ing papêtêng tuwin |  
tan kalingan ing bantala kasa |  
sèsining rat sadayane |  
tan kalingan sa-amun |  
siring angin pon tan ngalingi |  
pan maujud balaka |  
pan tansah kadulu |  
ing dalu kalawan siyang |

Jilid 12 - Kaca : 193

tansèng tingal tan kawêran ingêksi |  
tan kalingan ing aran ||

282. Katon bae tan ambêloloki |  
saparanne kang tanpa pinaran |  
katon saparibawane |  
tur langgêng ananipun |  
salaminya datan kasilib |  
saking sakêdhap netra |  
êkak ananipun |  
tan ninang kaanannira |  
anganakkên anane ingkang dumadi |  
jumênêng dhawakira ||
283. Pangandêle para malekati |  
pan angandêl ing pangucapira |  
kang tan kalawan lathine |  
singgih sakawan dunung |  
myarsa tanpa karnanirèki |  
ningali tanpa netya |  
ngambu tan granèku |  
rêke sami babagan kak |  
amastara ing dhiri lawan pribadi |  
amanat rasa sabda ||
284. Pamiyarsa kang muntalèk dêling |  
paningal kak kawasing kasidan |  
kang mutlak wujud mokale |  
wus talèk ing pangambu |  
kang minangka wanana-dhiri |  
dhadhar kalawan dhawak |  
pangandêling Rasul |  
karsa rasaning alapa |  
surasaning tahên galinggang inapti |  
ciptamayèng wardaya ||
285. Cipta ripta rasa budi singgih |  
alantaran lan pribadinira |  
angandêl dina akire |  
ing agêsang puniku |  
datan ana patinirèki |  
lamun ta yèn matiya |  
tan na uripipun |  
angandêl ing urip kita |  
urip ingkang datan ambêg srana bukti |  
angujlat nadhah brangta ||
286. Pati tan kingang ingaran mati |  
rêke kewala ngalih panggonan |  
kalawan ing pribadine |  
untung ala lan ayu |  
saking dhawakira priyanggi |  
wus kawas sing kasidan |  
muhung ing Hyang Agung |

Jilid 12 - Kaca : 194

mardika sasamèng titah |  
datan cawuh ing sawênياهوipun jalmi |  
wus wisuswaning Sukma ||

287. Wa-punika sumangga ing kapti |  
rèhne atanggap dungkaping rasa |  
pinardiyèng tyas kajatène |  
Ke Bayi Panurtèku |  
duk miyarsa wêdharing pangling |  
sarya nor wuwusira |  
sumangga ing kalbu |  
rêke andhèrèk kewala |  
rèhning sampun purna surasaning ngèlmi |  
kadadyaning kasidan ||
288. Ewa samantên ing ngriku sami |  
yayi Adimuncar Arsèngdriya |  
lawan para sadayane |  
singgih manawinipun |  
taksih wontên raosing galih |  
sumangga winardiya |  
surasaning wuwus |  
sadaya samya norraga |  
turira tan wontên sumêlanging kapti |  
rèh wus sampurna sabda ||
289. Kang pra kadang myang pra tuwa sami |  
langkung dènnira narimèng driya |  
sarta pangalêmbanane |  
mring Sèh Mangunarsèku |  
kang wus putus ing kawruh jati |  
kang sampurnaning rasa |  
sabda kang linuhung |  
cipta anggugu sanyata |  
tan pae lan mring sang Sèh Adi Mongragi |  
samya sudud ing driya ||
290. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
marang sira Ki Sèh Mangunarsa |  
Ke jêbèng saupamine |  
pun bapa yun papangguh |  
lan rakanta Sèh Amongragi |  
saking dahat pun bapa |  
wulangun kalangkung |  
punapi singgih sagêda |  
Ki Sèh Mangunarsa aturira aris |  
mring Ke Bayi Panurta ||
291. Mênggah karsa paduka (n)Jêng Kyai |  
kadi dèrèng kenging kinantêna |  
sabab wus babagan sae |  
sampun mangsa sah-alus |  
datan cawuh sasamèng janmi |  
ginanaling dadakan |

Jilid 12 - Kaca : 195

- tan bastu ing kayun |  
wontên ing priyangganira |  
kêdah mawa adudupa ing ngasêpi |  
anèng ing pasimparan ||
292. Pan kinayun kalawan prihatin |  
sarat benjing ing malêm Jumuwah |  
angayun-hyun manawine |  
wontên karsanya rawuh |  
Kae Bayi turira aris |  
singgih jêbèng sumangga |  
kewala tumutur |  
paran kang dadya rêhanta |  
Kae Adimuncar lan Ke Arsèngbudi |  
miwah Ke Cariksutra ||
293. Carikmudha Arundarsa tuwin |  
Sèh Malangarsa samya ris nabda |  
marang Sèh Mangunarsane |  
yèn pinarênging kalbu |  
singgih kula puniki sami |  
dahat ayun papanggya |  
marang kang maha-lus |  
nujêmba Sèh Amongraga |  
mugi Kae jêbèng sung jalar udani |  
sakêjat ing paningal ||
294. Sèh Mangunarsa nauri aris |  
mugi-mugi samya sinêmbadan |  
kayuwanan pangahyane |  
sawusira samya yun |  
Kae Bayi Panurta angling |  
sêdhêng sami luwaran |  
wus lingsiring dalu |  
kewala enjing wangsula |  
majêmukan sarèhne nêmbè papanggih |  
yayi kalawan reyang ||
295. Kang liningan tan lêngganèng kapti |  
samya tur salam sadayanira |  
lèngsèr mijil mring dununge |  
Ki Bayi Panurtèku |  
maring patajuganirèki |  
para waela marang |  
dalême anêngguh |  
wismane Ni Tambangraras |  
tan cinatur ing dalu kang samya guling |  
enjing bakdaning salat ||
296. Wusing Subuh nulya Kae Bayi |  
pan pinarak anèng ing pandhapa |  
samêkta gagêlarane |  
mijiling surya mèru |  
Kae Bayi nuding mring santri |  
kinèn angaturana |

sadaya pra tamu |  
agupuh ingkang liningan |  
santri Luci Nuripin lan Jalalodin |  
Monthèl samya lumampah ||

Jilid 12 - Kaca : 196

297. Tan na dangu ingaturan prapti |  
sira Ki Sèh jaka Mangunarsa |  
ngancaran lênggah nulya ge |  
samya sung salamipun |  
lênggah nulya wau kang prapti |  
Jayèngrêsmi kalawan |  
Sèh Malangarsèku |  
tur salam nulya kang prapta |  
Ki Sèh Anggungrimang lawan Jayèngragi |  
tur bêkti tata lênggah ||
298. Tan na dangu ingkang samya prapti |  
Kae Adimuncar Arsèngdriya |  
Rundarsa Cariksutrane |  
Carikmudha tan kantun |  
Ki Sèh Modang Parimintèki |  
Ki Piturun kalawan |  
Palakarti pungkur |  
miwah ingkang para kadang |  
Ki Suwarja Wiradhustha lan Panukmi |  
Panamar Kulawirya ||
299. Miwah Ki Pangulu Basaroddin |  
pra tamu samya tur salamira |  
tur sêmbah para kadange |  
têpung tata alungguh |  
nulya para tuwa kang prapti |  
Ki Sêmbagi Jumêna |  
Jêmpina tan kantun |  
Malangbong lawan Lawatan |  
Jagacatur Jagipura Janggapati |  
lawan Kartisapala ||
300. Ki Bêlongsong Ki Gonjong Ki Tamil |  
Ki Luwaran miwah Ki Abungan |  
myang kang pra kaponakane |  
tur bêkti samya lungguh |  
atap andhèr anèng pandhapi |  
miwah kang pra waela |  
marêk anèng ngayun |  
Nikèn Malarsih Wilapa |  
Ni Palangi Turida lan Rarasati |  
Malarsih nuding rowang ||
301. Nyai-nDaya Sumbaling Cênthini |  
kinèn nyaoskên nyamikanira |  
ingkang ingatag nulya ge |  
miwah pra santrinipun |  
jalu èstri samya ngladèni |

dhadharan (n)jing-enjingan |  
rampadan agung |  
Sumbaling Cênthini-nDaya |  
kang anata lancar anèng ing ngarsi |  
wedang pawohanira ||

302. Nyanyamikanira amêpêki |  
carabikang lan juwadah jênang |  
dodol kupat balendrange |  
kêtan kalawan madu |  
gêmblong lèmpèng ulèn gulali |  
ledre lan puthu mayang |  
jêmunak wug-awug |  
bakaran dhèndhèng gêpukan |  
gêgorèngan prit-pêking kathik gulathik |  
rèngan gangsir ampalan ||
303. Wusnya tata mundur kang ngladèni |  
nulya rubiyahira pra-kadang |  
prapta tur dhadhaharane |  
laju tinatèng ngayun |  
kabantonan ambêng kêndhuri |  
kang dèrèng tur punjungan |  
sa-ambênganipun |  
[---] |  
ingkang sampun nadar maring putra kalih |  
nadar mring Mangunarsa ||
304. Miwah randha ingkang sugih-sugih |  
samyat tur kêndhuri punjungan |  
anggili sarèng praptane |  
anèng pandhapanipun |  
kinumpulkên para kêndhuri |  
Kae Bayi Panurta |  
lon andikanipun |  
sumangga kang pasèmèkan |  
sumapala (ng)gyanningsun ngukus pribadi |  
(m)bomkayu jêngandika ||
305. Kang ingancaran umatur inggih |  
samyat angalap sasênêngira |  
wedang myang nyanyamikane |  
jalwèstri samya mulung |  
pupuluran sasukanèki |  
Kae Bayi Panurta |  
angling mring Pangulu |  
lah Basar wus donganana |  
salamête nak-putu kajat kêndhuri |  
Pangulu tur sandika ||
306. Sarwi angalih (ng)gyannira linggih |  
amangulon mêdhaki ambêngan |  
Ki Kulawirya guyune |  
angguguk sarwi muwus |

Jilid 12 - Kaca : 197

i i bilah kang Basarodin |  
mak blênnyêng lèhe lunga |  
tan kongsi tinuduh |  
akêbat cukat tangginas |  
bagas kuwarasan yèn ana kèndhuri |  
asrigak tandangira ||

307. Sakèhing lara sami abali |  
sakèh lèsu-lupa sami lunga |  
nangguh ambêngan dulune |  
sakèh boja tan luput |  
ing kang êmpuk milihirèke |  
suwe-suwe mêmaman |  
kan sing atos katut |  
kang Basar lamun dèn-undang |  
yèn tan nganggo ambêng glis jare panastis |  
rumab adhêrodhogan ||

308. Gêr gumuyu sakèh kang miyarsi |  
Ki Basarodin agarundêlan |  
andêlêna yèn angomèh |  
ngladèni wong kêbanjur |  
kêmbe uwang yèn tan moyoki |  
angur mênêng kewala |  
adawa nyang umur |  
anulya amaca donga |  
sangsaya sru sadaya tan kobêr amin |  
tamat pandonganira ||

309. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
Luci yèn ana ambêng prayoga |  
têka têtung ambêng bae |  
santri Luci agupuh |  
milih ambêng kang panjang giri |  
apan wontên sakawan |  
sinaoskên ngayun |  
kang kari pinandum kathah |  
wong sawidak ambênge angloloroni |  
maksih lanjar ambêngan ||

Jilid 12 - Kaca : 198

310. Sinungakên ing santri pamburi |  
Ki Pangulu angambil kewala |  
barkat têtung ambêng dhewe |  
nadhah milya ing ngayun |  
barkat kinèn dinoking wuri |  
awor lan Ki Lawatan |  
dènnira alungguh |  
Ki Bayi mèsêm ngandika |  
bok ing kono tunggal dhi-adhimu linggih |  
awora padha tuwa ||

311. Ki Pangulu umatur o inggih |  
ngriki kewala sampun sakeca |  
tan wontên kang ngorèg-orèg |



- kaop sami balilu |  
 asandhingan tiyang anglungit |  
 jrih mring kang angrêncaka |  
 tan wande dèn-wangun |  
 Ki Kulawirya alatah |  
 ih du-bithi mêtù gagambènirèki |  
 kathik nanggo mrênjaya ||
312. Dene kaya wong pujangga wasis |  
 ulah prana nabda kawirêja |  
 tur ta tan wruh pa [pa] pincange |  
 muwuskên luhung-luhung |  
 ngêgèt-gèti kumêrki dhidhis |  
 yèn kang Pangulu Basar |  
 guna-gunanipun |  
 amandêng wong dundum bêrkat |  
 papanganan kacèk kalècane siji |  
 umrês dadi prakara ||
313. Ngaku balilu Ki Basarodin |  
 nèng (ng)gon-kulon lèh bêrkat wutuhan |  
 ngetan mèlu mangan kene |  
 singgane nganggo dinum |  
 barêkate pan olèh maning |  
 dhèk makotên kang Basar |  
 dobol (ng)gih kang Ngulu |  
 gêr ginuyu ing ngakathah |  
 Ki Pangulu mèsêm anggarundêl ririh |  
 ambakna wong nanêrka ||
314. Kêbangêtên dadi wong Ki Sênji |  
 tèmên kabacut olèh sêmbrana |  
 mêmoyok anjêlirake |  
 têkan kang tan kawêtu |  
 tan kawasa simpên dudugi |  
 giniyarakên kathah |  
 pèk makotênipun |  
 pan wus limrahing ngakathah |  
 dadi kula makotên karêpanèki |  
 drêma dèn (ng)go paguywan ||
315. Mèsêm sadaya ingkang miyarsi |  
 têka kumécêg pamoyokira |  
 Ki Bayi lon andikane |  
 ya wus bènêr sirèku |  
 priye manèh wong angingoni |  
 anak rabi maningan |  
 Ki Basar umatur |  
 o inggih mila punika |  
 kadar pintên tiyang amlang angulati |  
 rijêkining Pangeran ||
316. Kae Bayi Panurta ngling malih |  
 lah suwawi sami wiwijikan |  
 kêmbul sasèmèkan rêke |

ingkang liningan gupuh |  
jalu èstri sami wawanting |  
kêpung ambêng priyangga |  
pra waela kakung |  
(n)dan lêkas sami anadhah |  
apakantuk dènnira sami abukti |  
kalawan santri kathah ||

Jilid 12 - Kaca : 199

317. Ting kucapah pra santri gêng alit |  
wus antara dangunira nadhah |  
luwaran turuh astane |  
ambêngannya pinandum |  
wus antara sadayanèki |  
Ki Pangulu ambêrkat |  
sa-ambêng dhewe gung |  
Kulawirya gumuyo-jar |  
lah ta apa bêrkate kang Basarodin |  
gênêp bojone papat ||
318. Patang ambêng lan sakacu mlipis |  
dudu kacupan ikêt balaka |  
kongsi jêmiwit buntêle |  
Ki Pangulu amuwus |  
dhasar tukang ngaruh-aruhi |  
nora (n)dadèkna bêlang |  
ngur mênênga uwus |  
ngladèni wong kêmba uwang |  
karêpane angguguyu wong malênthi |  
bungahe wong saomah ||
319. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
iya bènêr si Rodin maningan |  
wong padha mikir pakolèh |  
lan wus mèluwa Ngulu |  
suwe-suwe mênèk garipis |  
yèn gêrang kaya wungkal |  
uwakmu kang lêmu |  
wis ta muliya dèn-kêbat |  
lan (ng)gawa-a manèh panganan nêm piring |  
Ki Pangulu agêpah ||
320. Ngling lah inggih anuwun (n)Jêng-kyai |  
nulya ngambil nêm piring sinuntak |  
ginembol nèng kulambine |  
Kulawirya gumuyu |  
lo lo dadak amimilihi |  
bok aja sing nak-enak |  
bae kang dèn-jupuk |  
pêlêm dodol jruk pacitan |  
manggis duryan surabi bang lawan wajik |  
juwadah puthu-mayang ||
321. Ki Basarodin mèsêm nauri |  
dandanan wong wontên yèn pakangsal |

sapintên niki sapele |  
taksih kathah kang kantun |  
rêjêkine (n)Jêng-Kyai Bayi |  
sarwi ngadêg kabotan |  
(ng)gawa bêrkatipun |  
ambêntoyong sagembolan |  
kang binuntêl ing srêbèt ginawa santri |  
lawan patang ambêngan ||

322. Ginaguyu mring sakèh kang uning |  
myang santri sadaya abubaran |  
sami anggawa bêrkate |  
kantun kang para tamu |  
miwah kadangira para ri |  
angingkup palungguhan |  
têpung adu dhêngkul |  
Ki Wuragil Kulawirya |  
anêmbrama nor patanyanira aris |  
mring Kae Cariksutra ||

Jilid 12 - Kaca : 200

323. Aminto-jar ngong kakang Kiyai |  
amyarsakkên ling paduka kakang |  
duk wingi paduka rêke |  
saking jujuling kalbu |  
dèrèng pati (n)dungkap tyas-mami |  
sadalu (ng)gèn-kawula |  
angraoskên wuwus |  
kakang Kae Cariksutra |  
angondhèkkên srat Wiwaha pun-purwani |  
Parta Amintaraga ||
324. Madyèng mamati jroning ngaurip |  
kadhatêngan cobaning Bathara |  
wranggana sapta sikine |  
tyasnya têguh tan keguh |  
datan lèmèr mring widadari |  
juwêt samya-(n)jajawat |  
jawata tan uwus |  
anggodha sang Dananjaya |  
Sang Hyang Gurupati Hyang Maha Pramèsthi |  
rupa Kilatarupa ||
325. Nukmèng kasantikanira pinrih |  
mêtyag ganal akrak kara-kara |  
kêrangkus mijil batine |  
Jagadnata linuhung |  
ingubayan Parta naguhi |  
ngênirkên gar sukêrtan |  
-nira jawata gung |  
kalêngsananirèng aprang |  
soring ripu dur mati pinasopati |  
rêksasa tanpa sesa ||

326. Wusing ganjur ginanjar apsari |  
 sakêthi dyah wrangganèng Kaendran |  
 nèng Tejamaya kayange |  
 pura mangka swarga gung |  
 sinung tênggran Prabu Kalithi |  
 syu(?) Kumbang-alinglingan |  
 antuping ngapupuh |  
 tulus muktyèng Ngendraloka |  
 Janaloka Sang Karithèng Suranadi |  
 tumunlyan laku lara ||
327. Inggang punika kakang Kiyai |  
 kadipundi dhadhaupanira |  
 trap tingkahipun samangke |  
 inggang sèstu kadyèku |  
 jarwakêna inggang patitis |  
 sidadari lirira |  
 kajateyanipun |  
 myang dewa kajateyannya |  
 lawan Dananjaya nèng Tejamayadi |  
 tan anèng Marcapada ||
328. Anèng pundi sajatinirèki |  
 sakalangkung kawula tan (n)dungkap |  
 ondene ngèlmu lèjême |  
 Cariksutra gumuyu |  
 de pèrmana tèmên dhi Ragil |  
 atanya kajatènan |  
 andhèyaning ngèlmu |  
 kula ragi kakirangan |  
 paribasan dhadhalang tan wruh ing ringgit |  
 dadya dongèng kewala ||
329. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
 kasinggihan Kae Cariksutra |  
 lèrês rinta patannyane |  
 singgih patannyanipun |  
 angindhaki kikmating ati |  
 amanggihakên dhangane |  
 susurupanipun |  
 mèsêm Kae Cariksutra |  
 pan sumangga ing ngakathah amastani |  
 kawula nut kewala ||
330. Kae Adimuncar angling aris |  
 Arsèngbudi Kae Malangarsa |  
 samya ris pangandikane |  
 mangga sami winuwus |  
 patannyannya yayi Wuragil |  
 supadi musawarat |  
 surasaning wuwus |  
 Ki Cariksutra ris nabda |  
 yayi Kae Wuragil Kulawiryèki |

Jilid 12 - Kaca : 201

bisa gawe kangèlan ||

331. Kawruh misih sruwang-sruwanging ngling |  
dèrèng kenging winatês jatinya |  
amung omong-èmèng bae |  
mangkya rampunganipun |  
nèng Kae Sèh Mangunarsèki |  
ngong grabahi kewala |  
wawadhaganipun |  
dèrèng darbe kakêncêngan |  
mugi mangke kang sami nêdya maoni |  
marma ing kasisipan ||
332. Kang miyarsa mèsêm nauri ris |  
inggih yayi Kae Cariksutra |  
aywa sandiyèng driyane |  
ing sapikantukipun |  
inggih sami rinêbating ngling |  
kadi datan salaya |  
papagutanipun |  
Ki Cariksutra ris mojar |  
yayi Sêndhi mungguh palimpinganèki |  
sang dwija Mintaraga ||
333. Lirnya dènnya amamati-raga |  
pandak amidak ing dukacipta |  
alangkat pasêmadine |  
kawidikaning wahyu |  
ayuwa na saking dur-wèsthi |  
waskithaning Bathara |  
thikaning driyèstu |  
inastuti tataning tyas |  
wus kawawas ing wêkasan wus matêsi |  
têgêsing kasantosan ||
334. Nir sariranira liru dhiri |  
dhiri Sukma jiwangganta raga |  
ngalela tanpa awêne |  
pendah sela tumugu |  
têgêl lalis kalis salirning |  
jati jalma jatmaka |  
linang Sukma tuhu |  
sarira mari karênga |  
sang dwija nung manêkung nis ing pangikis |  
anukma ring Sukmana ||
335. Para rum-raya ningali ringgit |  
lawan Ki Jatar manjur-mangunjar |  
yèn pisah lan pulunane |  
yayi ingkang puniku |  
widada ri lamun ingringgit |  
datan tumamèng karsa |  
maring sang amêngku |  
ing (n)don muga kasamana |  
inggih sawêg kulinèng pangèksi nunggil |

336. Sangkan paran kang karasa dening |  
cacangkoke saking panggaotan |  
kêsêl linu lupa cape |  
yèku dadya pamurung |  
kang pangrusaking tapa yayi |  
Ki Kulawirya mojar |  
sarwi wor gumuyu |  
yèn kadi makatên kakang |  
kadulu salêmut mangka widadari |  
kang pra endah namanya ||
337. Samya suka gumuyu pra sami |  
Ki Kulawirya malih tatanya |  
mungguhing karêp bontose |  
Ki Cariksutra muwus |  
kang jumênêng iman sajati |  
pan datan mong saêrah |  
lêmbut jatênipun |  
sipat langgêng kawujudan |  
mijil saking pangayunaning kapti |  
pawitèng brantaning tyas ||
338. Pan sakawan bangsaning dumadi |  
undhuking tawang tumamèng nir tyas |  
pêncar sakawan paranne |  
kawiluting ngawuyung |  
tan liyan margèng saking pangèsthi |  
anrusing iman raga |  
luhunging pandulu |  
maot yèn wus kajumbuhan |  
sinung rahmat kang badhe sujanma luwih |  
gadhangan bangsa klimah ||
339. Têguh cêngêngira tan mêngêti |  
nging sakalir kang was wus kawawas |  
dadya tama salawase |  
sakèh mosiking laku |  
kayangane Teja-maladi |  
jumênêng Hyang Surasa |  
jalma kang wus luhur |  
kèksatmata niring tingal |  
langlang datan campuh sasamining janmi |  
dunung kradyaning swargan ||
340. Ajujuluk sang Prabu Karithi |  
Kombang ngali-yali têngêsira |  
karsa kang binagusake |  
niringrat kang rahayu |  
datan ninang karsaning Widdhi |  
sakyèh barang pratingkah |  
wiji wisesaku |  
tunggal tan salayèng karsa |

ganal alit linukita sangsayaning |  
mung Hyang Latawal Ujwa ||

341. Winong ing sakayunirèng osik |  
dèn-mangrêp sang syuh Kumbang-ngalingan |  
klilan ngrurah rum-arume |  
sasmitaning aluhung |  
ngingsêp madu mungêling sari |  
sari ruru ring kisma |  
kantun ganda marbuk |  
puspita kari anggana |  
Dananjaya winong (ng)gyannya (n)dan-mangungsir |  
ngingsêp maduning sêkar ||

Jilid 12 - Kaca : 203

342. Ambêking dyan ring sasana adi |  
kadi punapa lamun unggula |  
puspita ring brêmarane |  
katingkês rêhning kayun |  
jalma ulah utamèng lungit |  
tan wrin sakèhning gama |  
angulapi luhung |  
kang endah-endah kaèstha |  
yèkti mokal sinistha bisa abêsmi |  
kaluhuran wus tama ||
343. Sampun bêdhol rêrasan upami |  
mangsa-borong pan sumanggèng karsa |  
kita mung rêke andhèrèk |  
paranên mênggah etung |  
sami ugi kajatyannèki |  
sumangga ngewahana |  
sukur ing pamuwus |  
kadi ta toya sumrambah |  
Kae Kulawirya langkung sukèng galih |  
marang Ke Cariksutra ||
344. Basa-thika wau kang ginupit |  
wau amawi thikaning driya |  
kêkêling rasa lawase |  
yèn thikaning driyèstu |  
wahananing tyas ngati-ati |  
Bagawan Mintaraga |  
lèlèjêming sêmu |  
yèku tulising wardaya |  
singgih pan wus tètèse prana kang adi |  
carita jro wardaya ||
345. Kulawirya gumuyu sarya ngling |  
nora jamak Kae Cariksutra |  
nglêngês wilêt ngês jarwane |  
alêbda para tangguh |  
sor dhadhalang amanggung ringgit |  
tan kewran ing lampahan |  
gal-lêmbut winêngku |

ring prana kasatmata-a |  
kaecanên myarsa swara kang mamanis |  
Ki Sêndhi Kulawirya ||

346. Dene suka myarsakkên rêrasih |  
punapi yayi botên angumpak |  
dene asuka guyune |  
nadyan sayêktinipun |  
mung kinarya ondhe upami |  
sadaya kang miyarsa |  
pan sarêng gumuyu |  
Ki Kulawirya alatah |  
e jawane kasisipan suka mami |  
saking nrus sukèng driya ||
347. Botên ngumpak sayêktose naming |  
saking kalajêng manah pasaja |  
panuntune tyas lajêre |  
pra kadang anèm sêpuh |  
Ki Suwarja lan Palakarti |  
Jêmpina lan Panamar |  
samy nambung wuwus |  
e anak Ki Cariksutra |  
yèn arinta pun Sêndhi lahan sayêkti |  
myang kadang sadayanya ||
348. Langkung sami trusthanirèng galih |  
wawatake ingkang lalajowan |  
ênggèh kewala balèkèn |  
anggèr trusên ing wuwus |  
andêlêna sirèku Sêndhi |  
watakmu tan wang-wangan |  
kabudaning dangu |  
lêng-lênging sagara wiyar |  
sing pangrasa pangan wus sêpatanèrèki |  
murad karena Allah ||
349. Singgih yayi Ke Cariksutrèki |  
arinta Ke Sêndhi Kulawirya |  
katêlah kala alite |  
sangêt marusulipun |  
karêmane ningali ringgit |  
lawan Ki Jayèngraga |  
pupundhuanipun |  
tan pisah lan pulunannya |  
marmanipun yèn wontên carita ringgit |  
tan brèbèl amiyarsa ||
350. Inggih botên cotho ing agami |  
malah rahi amêmpan piyambak |  
mring kitab murat lokate |  
nging sêngsêm maring Suluk |  
dèn-gêgaol ing siyang ratri |  
yèn nuju dhadhayohan |

Jilid 12 - Kaca : 204



anraoskên Suluk |  
kalamun arêbat rasa |  
pundi wontên jagongan kongsi rong bêngi |  
nglalah tinggal sêmbahyang ||

351. Samya gumuyu kang samya sinung-ling |  
mulat mring Ki Sêndhi Kulawirya |  
pra-tamu karênan kabèh |  
ngalêmbana ing kalbu |  
rahab amicara patitis |  
samya ngling jroning nala |  
layak Ki Waruju |  
andêle kakang Rundaya |  
wong sêmbada ekal-ekal duwe budi |  
micara lêlêmbutan ||
352. Kae Cariksutra angling aris |  
singgih kakang Ke Bayi Panurta |  
rinta Ke Kulawiryane |  
[---] |  
kadi pantês ngêntasi kardi |  
watak cêkak-aosan |  
gathèk gathuk rampung |  
akase dadya pikulan |  
lêmêsipun (ng)gih pantês dadya tatali |  
gal lêmbat kacakupan ||
353. Ki Kulawirya anjola angling |  
lah apa ta nuli kawalêsan |  
dene mangkene rasane |  
kaya wong kajalungup |  
mak-sar liyan ati atitir |  
mèsêm sarwi lon mojar |  
sang Cariksutrèku |  
sadaya-daya êboda |  
rèhne ta kanggonan tutunggangan dhingklik |  
luhung nuntên wangsula ||
354. Samya gumuyu kang amiyarsi |  
Ki Wuragil Kulawirya latah |  
kapagut tyas kaprananne |  
dènya muwus wor guyu |  
kakang kae dhasar mêtèni |  
tan kaop ngarah-arrah |  
manawa kaladuk |  
Ki Bayi suka miyarsa |  
dènya samya rahaban condhonging kapti |  
apundhuh kêbyantonan ||
355. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
bok suwawi won kèndêl ingalap |  
punika nyanyamikane |  
kang liningan lon matur |  
singgih mapan sampun dumugi |

Jilid 12 - Kaca : 205

salong sami angalap |  
nyanyamikanipun |  
Ki Wuragil Kulawirya |  
mèsêm matur ring raka Kiyai Bayi |  
rinta Ki Cariksutra ||

356. Kaèngêtan kula duk ing nguni |  
kala lèlana mring Galèkwulan |  
ing Lèmbuasta prajane |  
kang sring kawula matur |  
rinta Kidang Wiracapèki |  
lawan Ki Cariksutra |  
tan na kaotipun |  
lan Ke Kidang Wiracapa |  
tungtumane ukara dènnya muradi |  
dhangane cêtha arata ||
357. Datan wontên kojah kang kalêmpit |  
tuwin kaol kang magol pinapal |  
aramping karampungane |  
wasis wuwusira lus |  
tutug guyu ambêbanyoli |  
aparap paringgitan |  
sasènggolaniipun |  
alêbda panabdanira |  
mantri dhasar ngulama apramakawi |  
sarwa sarwi sêmbada ||
358. Kadumugèn tan ana nimbangi |  
lir Ki Rangga Kidang Wiracapa |  
tanah ing Galèkwulane |  
Ke Cariksutra muwus |  
Wiracapa sintên dhi Sêndhi |  
Ki Bayi gumuyojar |  
punapi tan emut |  
Kidang Wiracapa (n)dika |  
duk samya lit sami ngaji maring Bangil |  
tunggil saekapraya ||
359. Dene andika kang mamarabi |  
Gus Daka Ke Kidang Wiracapa |  
wit dening akas dhangane |  
dadya katêlahipun |  
karan Kidang Wiracapèki |  
ing mangke dados dêmang |  
ngiras amumuruk |  
anèng krajan Lèmbuasta |  
tanah ing Galèkwulan jênêng Ngabèi |  
kang tinutur arinta ||
360. Punapinggih kasupèn ta sami |  
Kae Cariksutra Adimuncar |  
Arsèngbudi Rundarsane |  
miwah Carikmudhèku |

- samya (n)jola gumuyu angling |  
e inggih kaèngêtan |  
kawula ing dangu |  
Gus Daka kang pinaraban |  
Kidang Wiracapa sakathahing santri |  
alulut binanyolan ||
361. Yèn muradi caritaning tapsir |  
lambung tangane polatanira |  
tinêpa winayangake |  
cucut bisa mèt kalbu |  
sring sinêndhu mring gurunèki |  
dènnya carita wayang |  
Ki Guru tan rêmbug |  
nging santri kèh samya rêna |  
kasinggihan panggunggungipun Ki Adhi |  
mring Kidang Wiracapa ||
362. Sabarang ngèlmu datan tinampik |  
dhasar nglangkungi rumiyin mila |  
iba indhkipun mangke |  
Ki Kulawirya (ng)guyu |  
inggih ta lah kakang Kiyai |  
lamun kula tumingal |  
ing mimitranipun |  
rakanta (n)Jêng Kyai kakang |  
pan sadaya tan wontên ingkang sor budi |  
numbras sami utama ||
363. Mèsêm angling Ki Cariksutrèki |  
e Ki Adhi (ng)gih-(ng)ghipun uga |  
kula pajar sadayane |  
puniki ingkang lungguh |  
Kyai Muncar Ki Arsèngbudi |  
lan manira punika |  
Ki Carikmudhèku |  
kalima Ke Arundarsa |  
Sinduraga Wargasastra Tekawardi |  
Ki Datuk Danumaya ||
364. Kidang Wiracapa sadasèki |  
sawêlasipun raka andika |  
Kae Bayi Panurtane |  
pan samantên puniku |  
rimbag budi asatu kapti |  
tan wontên salayèng tyas |  
kupu sabiyantu |  
tan na kadung kakadangan |  
lami-lami samya mênçar (ng)gyannirèki |  
bagi wus karsaning Hyang ||
365. Nambung wuwus Ki Kulawiyèki |  
lêrês paduka pajar punika |  
pra mitranta sadayane |  
kawula wus anjujug |

duk dinuta ing (n)Jêng Kiyai |  
angupaya putranta |  
Sèh Mongraga nêngguh |  
kang mentar tilar sasana |  
kalampahan kawula lan Jayèngrêsmi |  
katri Ki Jayèngraga ||

366. Lawan santri satunggil Nuripin |  
mendra paran ring wana Wulusan |  
pawukiran guwa-rèjèng |  
jurang ingkang asamun |  
têkèng tanah kitha Kêdhiri |  
ngilèn Selamanglèngan |  
wontèn jalma luhung |  
nèng (ng)graning wukir Klêlêngan |  
adhedhepok paparab Sèh Ragayuni |  
ahli sabda sasmita ||

Jilid 12 - Kaca : 207

367. Tan-pati tyas kula andungkapi |  
amung lèjême sampun amêca |  
tan mêdhar kajatèhane |  
laju lampah andarung |  
têkèng tanah ing Pranaragi |  
kapanggya lan pandhita |  
anèng ngardi Tajug |  
wasta Kae Sinduraga |  
inggih mitra-paduka wau dèra ngling |  
kandêl agaminira ||

368. Parêk pura pêngkêr kitha lami |  
nulya kapanggih malih pandhita |  
nèng ngarga Padhangehane |  
Wargasastra rannipun |  
ahli sastra Jawa Rab wasis |  
tunggil mitra-paduka |  
ran Sèh Sidalaku |  
dènnira angalih aran |  
laju ngalih maring arga Bayangkaki |  
kapanggih lan pandhita ||

369. Nèng Marantèn lambung Bayangkaki |  
wasta Kae Datuk Danumaya |  
sarwi èdi panabdane |  
anulya malih laju |  
maring Lêmbuasta ing Galik |  
pangguh lan Kae Kidang |  
Wiracapa nêngguh |  
apan ragi karèrèyan |  
anèng Lêmbuasta langkung kurmatnèki |  
wus kadya darbe karya ||

370. Ambaladhah wisma lan pandhapi |  
atatarub sarta tutuwuhan |  
anguyu-uyu gangsane |

salendro pelogipun |  
andhatêngkên suruhanèki |  
langên suka pirêna |  
nutug karsanipun |  
antawis sadasa dina |  
siyang dalu tan pègat mumulang ngèlmi |  
mring kula lan putranta ||

371. Pan angangge sajaking priyayi |  
anging tan kèndhat ibadahira |  
rarasan sajroning rame |  
asangêt dènnira lul |  
kang katingal ingkang kapyarsi |  
pinèt rasaning murad |  
kasampurnanipun |  
jinarwan sadayanira |  
sakathahing pandamêl dipun-kawruhi |  
Ke Kidang Wiracapa ||

372. Ki Wuragil sinasmitan liring |  
maring kang putra Ki Jayèngraga |  
manawa ngandhar wadine |  
kang paman wruh ing sêmu |  
pan cinèndhak tuturirèki |  
tan kawistarèng sabda |  
dènnya nambung wuwus |  
nuntên kawula sadaya |  
pamit laju umangkat lampahira glis |  
panggih malih pandhita ||

Jilid 12 - Kaca : 208

373. Pan awasta Ki Sèh Tekawardi |  
mung saratri kathah wulangira |  
enjing umangkat lampahe |  
laju sami umantuk |  
Kae Cariksutra ngling aris |  
sukur yayi kapèndhak |  
dene sakalangkung |  
ing lampah mundhak utama |  
Kae Bayi Panurta ngandika aris |  
nèdhèng sami rèrèyan ||

374. Mangke kewala bakda Ngasêri |  
sami wangsula malih papanggya |  
nèng riki laju Magribe |  
lamun saèstunipun |  
amimidik anèng panêpin |  
ring pungkur Pasimparan |  
ngayun hyun yan rawuh |  
sang Sèh Adi Amongraga |  
sarat andodonga pinarêngna ugi |  
praptane kang sinêdya ||

375. Kang liningan samya sukèng galih |  
para kadangira bibisikan |

- pan wus dadya ing rêmbuge |  
 Ki Suwarja umatur |  
 mring kang raka Kiyai Bayi |  
 lamun pinarêng karsa |  
 rinta sadayèku |  
 nuwun andhèrèk nanimpar |  
 sakalangkung rinta sadaya yun panggih |  
 lawan putra-paduka ||
376. Kae Bayi angandika aris |  
 kadipundi jêbèng Mangunarsa |  
 pamanta pan sadayane |  
 samya hajat papangguh |  
 sakalangkung wulangunnèki |  
 Kae Sèh Mangunarsa |  
 aturira arum |  
 inggih prayogi kewala |  
 apupuji ing ratri marang Hyang Widdhi |  
 mugi pinarêngêna ||
377. Wus mangkana samya atur pamit |  
 kang para tamu asasalaman |  
 wusnya sasalaman lèngsèr |  
 luwaran sadayèku |  
 maring pamondhokanirèki |  
 ingkang para waela |  
 maring ing wisma gung |  
 Ke Bayi maksih alènggah |  
 nèng pandhapa kalawan Ki Santri Luci |  
 Sumbaling Nyai-nDaya ||
378. Samya angundur sasajwan ngarsi |  
 rèrèbètanira kinêludan |  
 Ki Baywa-ngling mring santrine |  
 Luci undangên gupuh |  
 Ki Wuragil Kulawiryèki |  
 Ki Luci sigra mentar |  
 animbali gupuh |  
 tan adangu nulya prapta |  
 nêmbah lungguh Ki Bayi ngandika aris |  
 marma sira sun-undang ||
379. Rêsikana ing panêpèn wuri |  
 jroning tajug langsênana seta |  
 prayoganên ing patute |  
 ingkang samya alungguh |  
 sakabèhe dèn-sarwa suci |  
 mangsa bodhowa sira |  
 kang rayi umatur |  
 sandika nuduh mring rowang |  
 lan wus payo Luci kalawan Nuripin |  
 undangên lurah-lurah ||

380. Santri têka rolas bae aglis |  
 santri Luci tinuding gya mentar |  
 Ki Kulawiryanya nulya ge |  
 maring panêpèn pungkur |  
 lan pra kaponakanirèki |  
 myang lurah santrinira |  
 anambut karyèku |  
 ing panêpèn tinaruban |  
 pinalisir linungsir sarwa seta di |  
 sri patilamanira ||
381. Akarya kêmbang mayang sarakit |  
 tuwuhan pisang gêmandarasa |  
 cêngkir têbu-rêjunane |  
 soring wrêksa trênggulun |  
 pinagêran bêtepe asri |  
 sajrone ginêlaran |  
 lampit kêlasa lus |  
 sawawine tinaruban |  
 rinêsikan sinapon sêla-sêlaning |  
 ingkang pasêsêkaran ||
382. Kae Bayi lan Nikèn Malarsih |  
 anjênêngi lan kang nambut-karya |  
 Malarsih alon wuwuse |  
 ingkang nambut-karyèku |  
 apa nganggo ngingon-ingoni |  
 Kulawiryanya turira |  
 inggih-inggihipun |  
 sayah ingkang nambut-karya |  
 Ni Malarsih anuduh maring Sumbaling |  
 kinèn mundhut ingonan ||
383. Wadon Sumbaling lan Santri Luci |  
 mundhut bubucu lan pupuluran |  
 wedang rokok lan kinange |  
 tan adangu prapta wus |  
 pan tinata sadayanèki |  
 wontên malih ambêngan |  
 saking (n)jawi (n)dulur |  
 nêmbêng sêga panganan |  
 kang ajakat ngalujêngakên kang prapti |  
 Malarsih mèsêm mojar ||
384. Wêruha yèn ana ambêng prapti |  
 tan sun-wêtokakên pupuluran |  
 Ke Bayi lon andikane |  
 bêcike kang awuwuh |  
 rijêkine kang nambut-kardi |  
 warêg olèhe mangan |  
 kèh barêkatipun |  
 hèn Luci tatanên pisan |  
 ambênganmu sapa kang duwe kèndhuri |  
 matur king pangindhungan ||

385. Wus kinumpulakên ambêgnèki |  
gya Pangulu Basarodin prapta |  
Ki Bayi ngling lo lah kene |  
kabênêran sirèku |  
têka anêmoni kêndhuri |  
Ki Sêndhi gumuyojar |  
ih wakne Pangulu |  
kang dadi têluh ambêngan |  
nora kêna layah tampah dèn-sasabi |  
bêdhêngul nuli prapta ||

Jilid 12 - Kaca : 210

386. Ambakna wong awas maring takir |  
kumliwêr saênggonne kawruhan |  
wus matêng têtêmên etunge |  
ayake kang Pangulu |  
mêngkonone iku wus ngaji |  
pagandam mring Madura |  
katêmu ingambu |  
nadyan ambêng dèn-pêndhêma |  
pan konangan mring Pangulu Basarodin |  
sêga panganannira ||

387. Ki Pangulu mèsêm anauri |  
panyana-kula Ke Kulawirya |  
ana ing kono ênggone |  
wus dèn-incih ing kalbu |  
saparanku dipun-anani |  
mung pêrlu anggagarap |  
maring ngong tan uwus |  
apa wus dèn-jênthot mana |  
kêbangêtên ambakna wong amrangguli |  
tan na kêmlêthonira ||

388. Ki Bayi ngling mring Ki Basarodin |  
lah wus donganana salamêtan |  
nulya dinonganane |  
kajat salamêtipun |  
sadayanya brayat sadèsi |  
sawusira dinongan |  
(n)dan lêkas akêmbul |  
aroyom nadhah ambêngan |  
tutug samya warêg sadayaning santri |  
ambêngipun barêkat ||

389. Pan wus dadya dènnya nambut-kardi |  
ing panêpènira pinrayoga |  
rampung sakaliring gawe |  
Ke Bayi lon amuwus |  
yèn wus padha bubara mulih |  
matur Ki Kulawirya |  
apan inggih sampun |  
pra santri kang nambut-karya |  
samya abubaran mêtù padha mulih |



mampir ring masjid salat ||

390. Sawusira Lohor tan winarni |  
mangkana ing wanci bakda Ngasar |  
Kae bayi Panurtane |  
anèng pandhapanipun |  
lawan santrinira Ki Luci |  
tata gèlarannira |  
lampit kalasa lus |  
miwah kang para waela |  
Rancang kapti Wilapa lawan Palangi |  
Turida Rarasatya ||
391. Nikèn Malarsih umatur aris |  
punika rinta Nikèn Wilapa |  
kalawan (m)bok Palangine |  
lamun kaparènging hyun |  
pan tumutur nimpar ing ratri |  
kalangkung pahyunnira |  
dènnya ayun pangguh |  
lan putranta Sèh Mongraga |  
saking dèrèng uninganipun ing warni |  
langkung kumèdahira ||
392. Kae Bayi angandika aris |  
iya mêngko manira popoyan |  
maring Sèh Mangunarsane |  
lamun parènging kalbu |  
sutanira lamun nglilani |  
payo padha pinaran |  
maring masjid Mangu |  
kang garwa sumanggèng karsa |  
Kae Bayi nulya tindak maring masjid |  
Mangu ing Pananggungan ||
393. Nulya tindak wau Kae Bayi |  
maring masjid Mangu Pananggungan |  
pra waela ing wurine |  
Luci Nuripin sukur |  
sarwi (m)bèkta sèlpanirèki |  
tan dangu nulya prapta |  
ing masigid Mangu |  
kokobok toyèng balumbang |  
Ki Sèh Mangunarsa mulat mring Kiyai |  
Bayi Panurta prapta ||
394. Angingsêri (ng)gyannira alinggih |  
lênggah atata sasalaman |  
pra waela nèng keringe |  
Ke Bayi lon amuwus |  
Monthèl Luci lawan Nuripin |  
lampit kalasanira |  
ing pandhapa mau |  
gèlarèn kene kewala |

Jilid 12 - Kaca : 211

lamun ana kang prapta dimèn mariki |  
ingkang luwih prayoga ||

395. Inggang samya liningan nulya glis |  
mundhut gagêlaran nulya prapta |  
rinakit lampit klasane |  
Ke Bayi lon amuwus |  
Kae Jêbèng Mangunarsèki |  
bibinta samadaya |  
samya yun papanggih |  
mring rakanta Sèh Mongraga |  
alon matur singgih kawula utami |  
pra bibi yun papanggya ||
396. Lêga tyasira sami pupuji |  
tan adangu wau ingkang prapta |  
Kae Sèh Malangarsane |  
lan Jayèngrêsmi nêngguh |  
Anggungrimang lan Jayèngragi |  
Piturun Palakarta |  
atur salamipun |  
ngabêkti putra kalihnya |  
nulya Kae Adimuncar Arsèngbudi |  
Suwarja Wiradhustha ||
397. Prapta atur salam tata linggih |  
kang rayi nêmbah nulya kang prapta |  
Rundarsa lan Panukmane |  
miwah Carikmudhèku |  
lan Panamar Sèh Modang tuwin |  
Ki Pariminta miwah |  
Kiyai Pangulu |  
Basarodin atur salam |  
ring Ki Bayi para ari angabêkti |  
samya tata alênggah ||
398. Ni Malarsih anuduh Sumbaling |  
kinèn naoskên dhadharanira |  
wedang lan nyanyamikane |  
ingkang lininngan gupuh |  
naosakên sugatanèki |  
cumaos anèng ngarsa |  
prapta amakêndhung |  
rampadan anjrah nèng ngarsa |  
cinarakkên angalap sasênêngnèki |  
anadhah dhadhaharan ||
399. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
kadipundi yayi Adimuncar |  
ing panêmbah katrimane |  
miwah puji kang katur |  
maring Allah Kang Maha Sukci |  
surasaning panêmbah |  
kadospudinipun |

Jilid 12 - Kaca : 212

kang utama linampahan |  
manirèki ywa kongsi tumêkèng sirik |  
purna-a ing panêmbah ||

400. Kae Adimuncar turira ris |  
inggih utami sabdanta kakang |  
sarèhning sami anganggo |  
sunat kalawan parlu |  
majibakên naoskên bêkti |  
yèn ing kula priyangga |  
kang kapyanggèng kalbu |  
wikanta lamun mêmpana |  
lan kêmule wontên wasesaning takdir |  
karsèng sira Pangeran ||
401. Pangintèning kang rèh maring tokit |  
kawajiban ngèlmi rasa tunggal |  
tan kengang mamak gaibe |  
anèng wasesanipun |  
Maha Suci Hyang Maha Jati |  
rupa wasesa kayan |  
molahkên rohipun |  
marah rupa samadiyah |  
amêpêki uripipun ing sabumi |  
urip kahar sampurna ||
402. Akmalul ngèlmi pan saking tokit |  
tokit dadya tètèbènging ngadam |  
singgih makripat tokite |  
Nabiyolah (ng)gyannipun |  
larèrahe nèng donya singgih |  
yêkti kang kinawruhan |  
kang dumadi nênggah |  
saha Dad tigang prakara |  
mutanikirah mutawasitah tuwin |  
sadam muta-awilah ||
403. Muta-awilah punika gaib |  
anêksèni marang dhawakira |  
nêksèni sinaksèn dhewe |  
tan na Pangeranipun |  
anging Allah Pangeran jati |  
karêm mutawasitah |  
Allah ngawruhi ku |  
angawruhi pribadinya |  
tan kakalih mungguhing Allah naksèki |  
kalawan pribadinya ||
404. Angawruhi Muhkamad puniki |  
kinon Sukma kang mutanakirah |  
kang sadadad mukmin rêke |  
mutawasitahipun |  
sadamipun kang para wali |  
sadam muta-awilah |  
Nabi ingkang (ng)gadhuh |

duk dèrèng jagad gumêlar |  
awang-uwung ngandika Hyang Maha Sukci |  
nabda mring alam arwah ||

Jilid 12 - Kaca : 213

405. Dudu ingsun Pangeranirèki |  
sakèhing duryat martabat insan |  
atut amba panêmbahe |  
nêmbah ring Hyang Maha Gung |  
kadi rontal tan mawi tulis |  
paran baya budinya |  
yèn muniya suwung |  
sêrik sirik yèn muniya |  
wêkasannya aroro Pangeran jati |  
sasar yèn dèn-rorokna ||
406. Ungêlipun apan tan kakalih |  
kalle langgêng kewala satunggal |  
kadya wawadhah pamine |  
gung pênuh isinipun |  
kawadhahan mutakirahi |  
dadya mukmin kalbunya |  
pan jujulukipun |  
ingaran hidayatolah |  
kang punika dadya papan mawa tulis |  
tulis punika kodrat ||
407. Dadosipun sing sêmbah lan puji |  
kalbuning mukmin pan kanugrahan |  
sêmbah puji ing amore |  
dadya Mukhamad tuhu |  
ing wujud tan kêna gingsir |  
singgih Nabi Mukhamad |  
pan omahing ngèlmu |  
ngèlmu omahing Pangeran |  
pan Pangeran omahing jalma sayêkti |  
kula jatining Sukma ||
408. Kêmbul jiwa tan na wujud kalih |  
wêkasing tingal dadya tan ana |  
non-tinon dhirinya rêke |  
tan na kadudonipun |  
Maha Sukci jênênging latip |  
apan tanpa sasama |  
saking kang Maha Gung |  
tasbihira Hyang Wisesa |  
datan kadya tasbihing sawiji-wiji |  
ing wujuding ngapiyah ||
409. Dad mutêlak Maha Sukci nênggih |  
ngèsthi jiwa rihing dhawakira |  
lêstari ing lalakone |  
anglaut tanpa banyu |  
pan adharat datanpa bumi |  
muluk tanpa gagana |

muksa tanpa samun |  
langgêng nami isbatira |  
datan owah kidam bakane wus pasthi |  
sampurna jiwaraga ||

410. Wa-punika sumangga ing kapti |  
mangsa-borong rêke ing ngakathah |  
manira têka andhèrèk |  
Ke Bayi manthuk-manthuk |  
pan karênan dènya miyarsi |  
anandhês rasa sabda |  
surasaning wuwus |  
murade Ke Adimuncar |  
langkung dènya kamasuk raosing galih |  
atêrang tan sumêla ||

411. Myang pra kadangira ngling ing kapti |  
èstu lamun tuhu pinandhita |  
amêdhar rasa wuwuse |  
Ke Bayi ngandika rum |  
marang sira Ke Arsèngbudi |  
yayi kadi punapa |  
rarakitanpun |  
kang lir nglinge Kya-Dimuncar |  
mugi samya andhanganakên ing kapti |  
ngalap kasil utama ||

Jilid 12 - Kaca : 214

412. Ki Arsèngbudi turira aris |  
singgih sampun tan wontên kumlamar |  
lir kang wus winuwusake |  
Ke Adimuncar wau |  
purnanipun sêmbah lan puji |  
pan wuwus karungsitan |  
apan panukmèng Hu |  
sinukma sajroning Sukma |  
amrih nulya dulu-dinulu pribadi |  
lir andulu paesan ||

413. Sêdya andulu ing rupanèki |  
apan andulu ing wawayangan |  
amalêsi pandulune |  
tan liyan ingkang pandulu |  
pan andulu lawan pribadi |  
ngaranni ingarannya |  
lawan dhawakipun |  
tan liyaning ngarannira |  
anêksèni sinêksèn priyangganèki |  
ambuka lêlarangan ||

414. Kang ginêdhong kinêkêr piningit |  
manunggale rasa sajatinya |  
kajatèn saksi karsane |  
karsa ingkang saèstu |  
tunggaling Dad wisesa jati |

singgih tunggaling nama |  
ajal jatnipun |  
têgêse ajal wiwitan |  
datan wontên ingkang amiwiti dhingin |  
pan ananing kapurba ||

415. Saniskara dèrèng wontên mosik |  
Sang Maha Karsa wus sêdya murba |  
mojud pêsthi ing anane |  
lawan pribadinipun |  
singgih ananipun pribadi |  
karya têtelaning Dad |  
jujuluk wahdatu |  
nyata anèng wakidiyat |  
karsa sêdya nama tunggal jatinèki |  
latip sadat mutêlak ||
416. Anêksèni sinêksèn pribadi |  
têgêsipun pan purwaning ajal |  
datan ana kawitane |  
Pangeran kang Maha Gung |  
tan na lawas tan na kang dhingin |  
tan na wujud kang purba |  
ing purwakanipun |  
apan purbanira dhawak |  
purba rupa purba wujud purba dhiri |  
kalawan purba ngajal ||
417. Purba purwa purba wêsanèki |  
purba wahdat kang tan kenging rusak |  
kang tunggal kajatêhane |  
saha Dad jatnipun |  
ing anane jatining saksi |  
naksèni namanira |  
ing pribadinipun |  
Dat rasa tunggal priyangga |  
nir syuh sirna lêbur kang jagad dumadi |  
ana tanpa wêkasan ||
418. Purbaning Dat purbaning Sipati |  
purbaning Asma purbaning Apngal |  
Dat ana tan ana rêke |  
Sipat rupa kang bêstu |  
tanpa rupa Asma namèki |  
tan anduwèni aran |  
Apngal panggaweku |  
kang tanpa panggawenira |  
apan purba-wasesa kan catur siki |  
alanggêng ananira ||
419. Nyata ingèski hirabbi Datti |  
wus tan wênang wênayah kanyatahan |  
ayun wruha ing anane |  
anèng ing dhawakipun |

Jilid 12 - Kaca : 215

tanpa karya kita puniku |  
datanpa wujud kita |  
ananing Dat tuhu |  
Sipat tanpa rupa kita |  
Asma tanpa aran kita Apngal singgih |  
tanpa panggawe kita ||

420. Suhul tunggal jatinipun pasthi |  
batin sanyata ing lahirira |  
masuk ing lair batine |  
batin Dat Kang Maha Gung |  
tan sawênyah ingkang ngawruhi |  
tan liyan sang Maha-karsa |  
-nira dhawakipun |  
kakalih karsanirèng Dat |  
kaelokan ing batin karsanirèki |  
Dat ngèsthi Nur Mukamat ||
421. Jinatèning Hyang Kang Maha Sukci |  
kajatèyanira kinon nêmbah |  
rahsa jati suhul Date |  
pan jatining pangutus |  
nyata tunggal sêmbah lan puji |  
sira duk jatining Dat |  
sanalikanpun |  
tan gênti kula Pangeran |  
pamujining Sukmaning Dat kang Ma-Suci |  
puji jatining wus man ||
422. Pan makatên ing sêmbah lan puji |  
lir pêksi pêrkutut amêrdangga |  
dêrkuku munya asèngsèng |  
asênggani munya gung |  
tan prabeda nêngira singgih |  
sosiknya datan liyan |  
pujinya anguyu |  
apan pujining kawula |  
kang pinangka lantaraning jomblah ngèsthi |  
ing wawalêsaning Hyang ||
423. Pan punika kawula sarèhning |  
kapiyambak yèn dèrèng muayan |  
ing ngakathah mutamate |  
ing raos kususipun |  
ngriku yayi Cariksutrèki |  
sami (ng)gih minuradan |  
suraosing wuwus |  
Ke Bayi nambungi sabda |  
inggih yayi Cariksutra ingkang mugi |  
sami musawaratan ||
424. Kae Cariksutra turirèki |  
bab sêmbah puji kita punika |  
pintên bangga katrimane |

- ing kasampurnanipun |  
ing atitah ngakên punapi |  
dene ta bara-bara |  
katrimèng Hyang Agung |  
angaku dede pantêsnya |  
sêtun namung têtat dhadhalang ngaringgit |  
inggih ingkang ingucap ||
425. Kilap dora lan yaktose sami |  
miwah lèrês lèpate punika |  
tuwin kirang lan langkunge |  
yêktos lan botênipun |  
pan wus anèng caritanèki |  
amung ngalap sambada |  
-nipun ingkang mungguh |  
carita sakèh nagara |  
tanah sabrang ing prang sor ungguling jurit |  
kang dadya lalampahan ||
426. Cinaritakakên Dhalang ngênting |  
tur ta Ki Dhalang durung lèledhang |  
mring kang cinaritakake |  
mung lèrêsing panggayuh |  
cêlak têbih kenging binudi |  
lèn sèsining bantala |  
winêngku kawêngku |  
ginraita lan prayoga |  
rarambatan wiwinih carita nguni |  
pinèt sambunging kata ||
427. Pinatut lawan sasêndhon gêndhing |  
pangayuting tyas marang kadewan |  
kinahanan ing wujud |  
myang pakayanganipun |  
pra jawata ing Suranadi |  
kacupaning Ki Dhalang |  
anggunggung sawêgung |  
kang ganal rêmpit winêdhar |  
purbaning tyas lan kang purbaning sakalir |  
salir sêmbahing Dhalang ||
428. Ajujuluk ing Dhalang-sajati |  
siniliyan wênang sih-siniyan |  
pon wus tan kêna pindhahe |  
lan Sukma Kang Maha Gung |  
karane bisa angringgit |  
ingaranira dhawak |  
Datira Hyang Agung |  
agung kang misesèng jagad |  
wayang kang wus wujud anyata kaèksi |  
lalakon takdirolah ||
429. Sang Dhalang Agung Sukma sajati |  
murwa carita madya wusana |  
andora tan na gorohe |



sisilihing Sukma gung |  
karya lèjêm lakuning urip |  
kabèh dadya sasmita |  
titis tan ana wuk |  
pratingkah lampahing sêmbah |  
ing atuwa guru ratu ing Hyang Widdhi |  
lantaring kaluhuran ||

430. Tuwin kang tan wruh pmnganjali |  
marang ing dunung catur panêmbah |  
nistha papa ing uripe |  
druhaka sor ing tuwuh |  
pan gagêdhêg apês ing budi |  
kabuncang tan kawilang |  
ing Sang Maha Catur |  
prakara dununging sêmbah |  
marma parlu ngagêsang tata ngabêkti |  
maring wau punika ||

Jilid 12 - Kaca : 217

431. Ingkang anduwèni pangabêkti |  
datan liyan ing catur prakara |  
karya sidaning kadadèn |  
karya wurunging tuwuh |  
rêke bisa karya ngabêcik |  
jalaring kawurungan |  
saliring ngaluhur |  
wajib utama bêktiya |  
ing patuwanira guru ingkang muslim |  
ing narendra kang nyata ||
432. Kaping catur mring ratu kang luwih |  
jêr punika badaling Pangeran |  
sor rucah kauripane |  
tan kanjating ngaluhur |  
nisthip bae akêthip-kêthip |  
sojare Kae Dhalang |  
dènya mèt sasêmu |  
sing sapa tumumyèng sêmbah |  
ginantungan ing kabêcikanirèki |  
thikil wiji utama ||
433. Mijil saking sêmbah lawan puji |  
tatkalanipun ing elingira |  
anêbut eling namane |  
tatkalan paminipun |  
nêbut ing piyambakirèki |  
iman tokit makripat |  
paranning panêbut |  
sinungkên nugrahaning Hyang |  
pan nugraha puniku sajatinèki |  
ingkang aduwe aran ||
434. Angaranni aranne pribadi |  
ingkang aran sajatining jalma |

akathah tètèbèngane |  
rinasa ing ngalangut |  
paran sakecaning angalinggih |  
paran ecaning pangan |  
ecaning aturu |  
paran ecaning lumampah |  
paran ecanipun ngagêsang puniki |  
paran ecaning pêjah ||

435. Paran wuwus winuwus ing lathi |  
paran wuwus winastarèng tingal |  
paran wus pinirsakake |  
paran uwus dinulu |  
paran uwus dipun-ulati |  
pinanggih tinambuhan |  
pundi kang binastu |  
wus pinacak ing lampahan |  
pundi Dhalang kang sajati amumpuni |  
sajatining nugraha ||

436. Nugraha aranne kang sinung sih |  
anugraha aranne kang ngaral |  
pan ana dudu rupane |  
ranne dudu rupèku |  
karyane dudu rannerèki |  
ana ran dudu rupa |  
ran dudu karyèku |  
iya aran iya rupa |  
iya karya datanpa kaanannèki |  
yèn nora na arannya ||

Jilid 12 - Kaca : 218

437. Kang tanpa rupa tanpa karyèki |  
tanpa aran tanpa karyanira |  
dinalih awang-uwunge |  
ana dinalih suwung |  
dalih suwung ananirèki |  
dadya sêmbahnya sasar |  
sinoring pangridhu |  
sêmbah kédah kang waskitha |  
pan dede maha sukci kita puniki |  
pan pangayunaning Hyang ||

438. Rêke dene urip kita singgih |  
têgêsipun pakaryaning Sukma |  
dede mulya kita rêke |  
anane Sukma luhung |  
naim kaim punika singgih |  
wus karsaning wisesa |  
katêtêpanipun |  
têtêping kita ya sira |  
iya iku ing sanyatanira iki |  
dadi sira siniyan ||

439. Wus siniyan kita aran mami |  
 ihtiyarira tuladhaning Hyang |  
 kang luwih anèng jagade |  
 Sukma ro tanpa tutur |  
 padha Sukma atunggal dhiri |  
 lirpendah madukara |  
 mamanisanipun |  
 amuji pinuji dhawak |  
 apan sêmbah sinêmbah pribadinèki |  
 tan pae pinaeya ||
440. Kang punika ing pamanggih-mami |  
 sawêg samantên kapadungkapan |  
 sumangga lalawêdane |  
 nak Sèh Malangarsèku |  
 tuwin jêbèng Mangunarsèki |  
 kula kumambang karsa |  
 kewala nêbaruk |  
 Ki Bayi Panurta nabda |  
 singgih nakmas Kae Sèh Mangunarsèki |  
 kadipundi rujuknya ||
441. Ki Sèh Malangarsa turira ris |  
 pan wus tan ana kang kêkirangan |  
 paripurna sadayane |  
 sami kewala rujuk |  
 sêtun pae pangambilnèki |  
 (n)dungkape tan prabeda |  
 surasaning ngèlmu |  
 alêrês Ke Cariksutra |  
 ing ngagêsang ngawruhi salir dumadi |  
 patitising panêmbah ||
442. Patitising sêmbahyang dèn pasthi |  
 kang bènêr supaya kawêca-a |  
 ingandêla upamane |  
 maring kang karya tuwuh |  
 mulyèng titah lamun ngabêkti |  
 pan paugêrannira |  
 ngagêsang puniku |  
 wajib sami ngangkah-angkah |  
 patitising niyat patitising puji |  
 patitising ngèlmunya ||
443. Patitising ngidhêp kang khakiki |  
 lan patitisipun ing kasidan |  
 patitise pati rêke |  
 kang pitung prakarèku |  
 yèn tan wruha patitishnèki |  
 kainaning ngagêsang |  
 kadya paksi pingul |  
 atilar patuting seta |  
 saba toya malêcit wêktu binukti |  
 tan wruh ing batal-karam ||

444. Liring puji kang tan salah-kardi |  
 sumungkune sukuring panrima |  
 liring niat kang anongge |  
 maring dalam rahayu |  
 aywa wèngwèng wêngkuning kapti |  
 liring ngèlmu dèn-panggya |  
 susurupanipun |  
 kang tan tumpangso ing sabda |  
 liring ngidhêp kang sanyata idhêpnèki |  
 kang datan kumalamar ||
445. Liring kasidan angati-ati |  
 kang datan sêlaning pandaliyan |  
 liripun amati rêke |  
 kang sura surasèng hyun |  
 anglêgawakakên ing pati |  
 mamati jroning gêsang |  
 pajununannipun |  
 tan ana panyananira |  
 ing wiwilangane kang awarni-warni |  
 mêngakkên tutuping tyas ||
446. Yèn sampun mênga tutuping ati |  
 (ng)gih punika kantiling nugraha |  
 punapi rinaosake |  
 wus kanyatahan tuhu |  
 kadya mangkya dipun-ulati |  
 tan wruh yèn sumandhinga |  
 kang dèn ayun-ayun |  
 anrang ngulati Hyang Sukma |  
 wruh ingaran tan wruhing rupanèki |  
 anggung angaya apa ||
447. Kang wus buka ing dalêm sawiji |  
 sarwa sarwi ing pribadinira |  
 kayuwanan ing kayunne |  
 angèningakên wujud |  
 angênêrkên ingkang majaji |  
 dudu iku ing-iya |  
 iki jatinipun |  
 kang akantha iya kita |  
 tan sanepa ibarat ondhe upami |  
 wus pon pandhawakira ||
448. Manawi ta kang makatên ugi |  
 sungapipun (n)dungkaping panêmbah |  
 wa-punika lamun dèrèng |  
 kawula kewala nut |  
 rèhning sami ngraoskên ngèlmi |  
 ing ngriku pan sumangga |  
 yayi kalhipun |  
 Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
 anauri kawula dhatêng umiring |

rèh tan wontên kuciwa ||

449. Ki Sèh Malangarsa sasmita ring |  
Ki Sèh Mangunarsa angandika |  
rêke tan wontên pinae |  
ulam upaminipun |  
sakarsane dènnya ngolahi |  
sampurnaning panêmbah |  
tan kenging dinunung |  
apan kahananing jalma |  
anon-tinon marmanya tan aningali |  
kalingan ing paningal ||

Jilid 12 - Kaca : 220

450. Tidhêm kayun tidhêming ngabêdkti |  
datan wontên ingkang katingalan |  
pan amung anane dhewe |  
wujud kang lêngêng lêngut |  
tan mulat tan paja mugani |  
monêng ing marga sonya |  
nugrahaning ngèlmu |  
ing sajati datan bakal |  
sanalika pagut lan pribadinèki |  
pan tan lawan kinarya ||

451. Saking parêng tunggal sihing Widdhi |  
kalawan ing piyambak priyangga |  
nging mangsa tan kenging pinèt |  
dene pamujinipun |  
tatakrama lampahnya singgih |  
sêmbahyang dèn-lumunta |  
têtêping ngawêktu |  
pangartinya ing kapurnan |  
asasadu aling-aling ambodhoni |  
datan liliyèng lampah ||

452. Linampahan sandining utami |  
sukur tapakur pana bêktinya |  
tinungalkên ing kalihe |  
tan wiyah ing pandulu |  
pandalihe datan gumingsir |  
muhung Hyang Maha Mulya |  
singgih ananipun |  
ingkang datan kawikanan |  
yèn tan wikan maring ananing ngasêpi |  
lan sêpining kaanan ||

453. Mungguh lirnya aningali sêpi |  
pangucap kang tan kalawan lesan |  
Sumkma-jati pangintêne |  
ing panunggalanipun |  
ananira ing oranèki |  
pan tan ora tan ana |  
nalirahanipun |  
lirnya sêpining kahana |

apan wujud kang sêpi datan kakalih |  
kang tan kalawan badan ||

454. Tunggal pangintêne Sukma-jati |  
kajumbuhan ran kêna ran tunggal |  
tan kêna ranne rorone |  
pasthi sawijinipun |  
sêpinira kahanannèki |  
ya sêpiya kahana |  
ya Hyang Kang Maha Gung |  
kang katon lan kasatmata |  
kang tan kèksi ingkang tansah kapandêling |  
lawan pribadinira ||

455. Sampurnane sêmbah lawan puji |  
tan andulu anane sarira |  
lêbur jati ing anane |  
lêburing tulisipun |  
kahanannya tan ana kari |  
pan wus anèng Pangeran |  
paran kang winuwus |  
pan tan wontên paran-paran |  
kula Gusti nyatèng pribadinirèki |  
katingal kang sampurna ||

456. Sampun ngantos klèntu anampèni |  
wadinipun mubarang kahanan |  
lan kang ati santa rêke |  
norannpun puniku |  
dening noranipun pribadi |  
ananipun priyangga |  
tan saèngan sêngguh |  
purnaning ro maha juga |  
wus kawêngan kalawan tutuping ati |  
waluya jati Sukma ||

Jilid 12 - Kaca : 221

457. Rèhning anèm sumangga ing kapti |  
marmanya yyan karoban ing riya |  
maklumipun sadayane |  
lêstarinirèng wuwus |  
manawi ta tumibèng sisip |  
sarèh ing wirayatan |  
punika rahayu |  
singgih nut-tinut kewala |  
aywa ngantya kang riyonan saliring ngling |  
dipun mutabangatan ||

458. Tan sinatmatan ing sabda liring |  
samyang nor jiwa sadayanira |  
Kae Bayi Panurtane |  
langkung tyasira sukur |  
alon dènnya wijiling kang ngling |  
kalangkung karahmatan |  
saraosing kalbu |

pun bapa langkung pirêna |  
aprasasat antuk idayating Widdhi |  
linging para ngulama ||

459. Para kadangira Kae Bayi |  
Ki Wuragil lawan Wiradhustha |  
Panukma lan Panamare |  
manut kahananipun |  
marang para tamunirèki |  
kang sami ararasan |  
sarasaning ngèlmu |  
Ki Wuragil Kulawirya |  
mèsêm nabda sarya nor sasmita liring |  
mring Kae Cariksutra ||
460. Singgih ta lah Ki Cariksutrèki |  
langkung sae saraosing sabda |  
wau kang kawuwusake |  
murad surasèng ngèlmu |  
asenggolan janturan ringgit |  
dadya ondhe upama |  
lèjême tumuwuh |  
yèn kados makatên kakang |  
singgih kula sadaya punika sami |  
kalêbèng wawayangan ||
461. Kang lir wayang rêngon lawan sigid |  
dudugangan dhagêlan lan buta |  
wangunnya salalakone |  
ketang pinèt ing ngriku |  
baya kakang Cariksutrèki |  
sun-duga yèn mungguha |  
wawayanganipun |  
pantês lir Krêsna micara |  
kae Cariksutra anjola ngling aris |  
dene botên kadosa ||
462. Jêngandika Ki adhi Wuragil |  
ngentha-entha ring kula Sri Krêsna |  
ya têka dede sepane |  
ing agêsang punika |  
yêkti kadya ringgit nèng kêlir |  
tumindak lan pangucap |  
saking dhalangipun |  
amolah lamun pinolah |  
ugi sagêd kumèdhêp myarsa ningali |  
iya kalawan dhalang ||
463. Ngong puniki sêtun-sêtun kadi |  
parampogan abyaganning kathah |  
sarêmpah lumampah kabèh |  
tan kawilang sadarum |  
tan kacrita jênêngirèki |  
payo-payo ing kathah |

Jilid 12 - Kaca : 222

- abyung maju mundur |  
 Ki Kulawirya alatah |  
 samya suka sadaya kang aningali |  
 sabda tan tilar rasa ||
464. Dangu dènnya ararasan ngèlmi |  
 wus antara wanci Hyang Karaba |  
 titih ing ancala sore |  
 Ke Bayi lon amuwus |  
 lah sumanga sami abêkti |  
 dhangang ingkang liningan |  
 samyarsa mrih wêktu |  
 nyamikannya cinarikan |  
 sinungkên mring santri pamburi waradin |  
 tuwuk tan ana kurang ||
465. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
 Luci Nuripin lan Monthèl sira |  
 wong tri maringa panêpèn |  
 ngruktiya ratus rabuk |  
 pakutugan cawisna dadi |  
 kang ramut samadaya |  
 ywa kongsi kaliru |  
 sira nang kana kewala |  
 ing panêpèn sakathahing hari mami |  
 maranga palanggatan ||
466. Wus kinumpul para kadang-sami |  
 miwah wau kang para waela |  
 kundur maring pawismane |  
 mriksa sasajinipun |  
 ingkang dèrèng pantês rinukti |  
 ing mangkya dènnya salat |  
 kewala ing tajug |  
 sira Ki Bayi Panurta |  
 anèng masjid Mangu lan pra tamunèki |  
 samya maring mahèran ||
467. Sêdhêng wanci ing wêktu Mahêrib |  
 wusnya ngambil toyastuti kadas |  
 miwah santri sadayane |  
 kang dahat swaranya rum |  
 wusnya sunat ramya pupuji |  
 anulya kinamatan |  
 ngangkat waktu parlu |  
 Sèh Mangunarsa ngancaran |  
 angimami yun lênggana pinêksa glis |  
 gya angimami salat ||
468. Ngangkat usalinira patitis |  
 anêkani kasdu takrullira |  
 yaktine niat parênge |  
 nuju lapal Allahu |  
 pangikale tibaning takbir |  
 -ratulekram lir-pendah |



Sudama sumunu |  
sapandulon lawan Arka |  
nis tilême Sudama tan dadi Rawi |  
kagëntyan tranging Surya ||

469. Ikram munajat lawan tubadil |  
ikram cêngêng tubadil kagantyan |  
munajat sapocapane |  
yêktinya kang Maha Gung |  
angandika tan lawan lathi |  
elok ananirèng Hyang |  
muwus tanpa wuwus |  
tubadil gantya tan panggya |  
Allah saking aksara THA kang pinusthi |  
wus dinaskithèng driya ||

Jilid 12 - Kaca : 223

470. Kang Alip mutakalimun waktu |  
Lam-tabêngil lawan Lam-jaidah |  
He ukat Lip lan Tamsure |  
Kap-kabirah Be-suhu |  
biyah Re rappingul drajadi |  
purna lawan sapisan |  
pan kapindho ing hyun |  
dumadi jênênging salat |  
bar-jumungah wus tadaim ismu ngalim |  
lawan mulyaning niyat ||

471. Sadaya samya tumutur takbir |  
wusnya ing kalbèng wajah iptitah |  
gya amaca Patekahe |  
pasêkhat kir'atipun |  
tan ninang-mat lan karsanèki |  
myang kandêl tipisira |  
kalimahanipun |  
sakathahe kinawruhan |  
nuju lapal wallala landhung awasis |  
lir pêksi birmadhala ||

472. Wusing Patekah sunatirèi |  
Kulya-ayu rêkangat kang awal |  
rêkangat akir surate |  
wusing Patekah wau |  
nulya Surat Birabinnasi |  
antaranira salat |  
tumulya asujud |  
gya maca Kamas-waeta |  
nulya salam bakda laju apupuji |  
barung lan santri kathah ||

473. Alalegon pujiyan adhikir |  
antara-ntuk catur tasbèh purna |  
andonge limang waktune |  
pragat sunatira wus |  
laju salat kang sunat Wabin |

nêm rêkangat tri salam |  
bakda gya tujunun |  
kadi patatus anulya |  
wêktu perlu panjinging Ngisa nulya gilis |  
adan gya kinamatan ||

474. Andadèkkên niyat kamulyaning |  
lêngênging takbir sarêning niyat |  
pyuhing karsa upamine |  
lir (m)bun tumibèng ranu |  
tan kengang ngisayèng pangèksi |  
rêke kewala juga |  
kajumbuhanipun |  
tan bakal jênênging salat |  
sida luluh tan-polih wujuding Widdhi |  
Maha Kasucinira ||
475. Wusnya tumaninahira tartib |  
rêkangat awal wusing Patekah |  
Surat Jumungah ayate |  
rêkangat akiripun |  
aran Surat Munapèk singgih |  
têkèng patang rêkangat |  
asalam bakda wus |  
antaranira gya sunat |  
wus parapat Minal-Witri Ngatal-Witri |  
pra santri samya bubar ||
476. Gya Ki Bayi lon panabdanèki |  
samya ngaturan marang ing wisma |  
nulya kerit sadayane |  
malêbèng dalêmipun |  
tata têtung dènnira linggih |  
kadang myang pra waela |  
tansah anèng ngayun |  
sarwi naoskên pawohan |  
Kae bayi Panurta ngandika aris |  
yayi Kae Dumancar ||
477. Paran mangke lan tumuntênèki |  
marang pungkur langgar pasimparan |  
Ke Adimuncar ature |  
sumanggèng karsanipun |  
aKae jêbèng Mangunarsèki |  
yèn ta amba priyanga |  
luhung nuntênipun |  
Sèh Mangunarsa ris nabda |  
lamun èstu ing karsanta (n)Jêng Kiyai |  
mêmidik ing pasimpar ||
478. Utami mupung awaling ratri |  
Kae Bayi aris dènnirojar |  
sukur sumanggèng karsane |  
lah wis Wirya dèn-gupuh |

Jilid 12 - Kaca : 224

lumakuwa anèng ing ngarsi |  
kan rayi tur sandika |  
lan pra kadêngipun |  
mring panêpèn mawa pandam |  
nulya lumaksana sadayanirèki |  
mring tajug pamidikan ||

479. Para kadang apan datan kari |  
korinya wus sinorog binuka |  
samyamalbèng panêpènne |  
asri pangrêngganipun |  
para tamu rêna ing galih |  
panti prantining tilam |  
tutuwuhan tarub |  
suluhing pandam lir rina |  
kêmbar mayan ngapit ing langse seta di |  
dupa mrik rum angambar ||

480. Langkung rêsepira aningali |  
para tamu mulat ing parênggan |  
ing langgar reka-rekane |  
samyamicarèng kalbu |  
sagêdira Kiyai Bayi |  
karya wuryaning tilam |  
pahyun-hyuning kalbu |  
pratandha sih asusuta |  
pakurmate kadya wus ana alinggih |  
ingkang pininta prapta ||

481. Kae Bayi Panurta ngling aris |  
sumanggèng Ke jêbèng Mangunarsa |  
ing pamudya prayogine |  
prayogi kang saèstu |  
rakanta sang Sèh Amongragi |  
kang wus ahli nujêmba |  
gongsul ngalamipun |  
mugi karsa kamastara |  
anêkani kahyun-hyuning kawlas-asih |  
sung pangèdhènganira ||

Jilid 12 - Kaca : 225

482. Ki Sèh Mangunarsa turira ris |  
manawi parêng lawan bêgyanta |  
kadhatêngan sakajate |  
ingkang pinudya rawuh |  
putranta sang maha-lul-wingit |  
sahagra siswanira |  
rinasan sing kayun |  
lir pendah sèmi maruta |  
aplalunya kaluwianing sakalir |  
kinarsan Hyang Wisesa ||

483. Kae Bayi anauri aris |  
inggih sumangga borong ing karsa |  
kewala andhèrèk rêke |

sasmita ring sadarum |  
samyā abipraya ing kapti |  
wawi samya karsanta |  
kewala jumurung |  
ngrasèhkên condhonging karsa |  
(n)dan trap dènnya ingamilakên rawati |  
tan asru barung swara ||

484. Sèh Mangunarsa ingkang ngimami |  
pra waela makmuming apriya |  
pinyyarsa asri swarane |  
anganyut-anyut arum |  
kadya suling dèn-panêrusi |  
singir Aswanul-kusna |  
sajak amlas-ayun |  
tan sarênti alonnira |  
wusnya ratib laju trap sasilah dhikir |  
abengat kawiritan ||
485. Makam satariyah nakisbandi |  
barjah jalalah pangguyêrira |  
anulis sastra ubêde |  
anor jiwaragèku |  
angakêni mupid muktadi |  
lawan panarikira |  
napi ibatipun |  
sarta pangucap kalimah |  
lailaha-ilalah tanajul tarki |  
lawan pambukanira ||
486. Ingkang lawang-ati kang puat nênggih |  
panganjate mring nakisbandiyah |  
sipat jamal pangguyêre |  
srah jiwaraganipun |  
yèku murid kang mutawasik |  
lawan panarikira |  
napi jinisipun |  
tan kêna kinaya-apa |  
ngucap kalimah ilalah ilalahi |  
anging Allah naminya ||
487. Pambukaning lawang ati-siri |  
panjawate mring wirit barêjah |  
tulise rêke guyêre |  
rumangsa raganipun |  
angakêni yywan murid kamil |  
lawan panarikira |  
isbate Hyang Agung |  
ananing Hyang tan karena |  
pan angucap kalimah Allah Allahi |  
lawan pambukanira ||
488. Pan lawang-ati kang puat nênggih |  
panganjate mring wirit jalalah |

- tulise nêtu guyêre |  
wruh ing jiwaragèku |  
akên murid amil-muhamil |  
lawan panarikira |  
Dad wajibulwujud |  
anane tanpa upama |  
lawan kasdu ngucap hu hu hu hu tuwin |  
Allahu lan Huallah ||
489. Pambuka lawang ati-maknawi |  
panganjatira ring ripangiyah |  
tulise aib guyêre |  
lêngêng jiwangganipun |  
wus ta murid-minurid singgih |  
lawan panarikira |  
tan ana kasamun |  
iya napi iya isbat |  
lan amuni a a i i ih ih ih ih |  
hoh hoh hi hi èh èh ha ||
490. Pan kalawan pambukaning nênggih |  
iya iku lawang-ati puat |  
kalimputan ing anane |  
tan wimbuh tan kawimbuh |  
wus tan kengang dinugèng kapti |  
pon jiwaraganira |  
kusuk junun suhul |  
(m)brastha pancadriyanira |  
kusuk junun suhul Hyang Kang Maha Sukci |  
tan kawêran warana ||
491. Wau kang ngabèngrat wirid dhikir |  
samyã anyantêr pangguyêrira |  
(n)dungkap panaul-banane |  
antaranira kantu |  
anggulinting pendah kaywa king |  
winot sèwu kalimah |  
ing sanapasipun |  
lagya toh jiwangganira |  
tanpa kasdu sanalikanira ningrat |  
kang pra priya waela ||
492. Enêngêna kang apana guling |  
yata wau kang ingucapêna |  
kang nêng jaman kanêngane |  
sang mahatul bangsa lus |  
wus nujêmba bongsul ngalami |  
sênêt ring kasamunan |  
-nirèng Jurang Jangkung |  
Kae Sèh Adimongraga |  
tansèng graha Ni waela Selabrangti |  
ya Nikèn Tambangraras ||
493. Tansah lawan siswanta sasiki |  
pari-mitranira sang Nubaya |

pawitrèng deta tapake |  
Ragasmara rannipun |  
dera santya budya-mbêg suci |  
priyastu animpuna |  
tar liyan dinulu |  
lan bangsa lul di nujêmba |  
ahli kikmah lan sartane ahlul-ngakli |  
tan adoh dening asya ||

Jilid 12 - Kaca : 227

494. Adunung tanpa dunungannèki |  
basluning karsanèng pribadinya |  
sadaya dadya alame |  
mangkana Sèh Mongluhung |  
angandika arum mring rabi |  
yayi Kèn Tambangraras |  
wruhanta ing kalbu |  
ana kawulaning Sukma |  
subrangtèng tyas sumêdya minta ring kami |  
saêstu lan angganta ||
495. Amimidik anèng (ng)gyan kang sêpi |  
pasimparan langgar pakadharan |  
ramanta lan ibu rêke |  
kèh rowange (m)biyantu |  
rinta karo lan pra ngulami |  
katrima pamudyanya |  
maring Hyang Maha Gung |  
utama padha tinêkan |  
jalma luwih kang ahyun marang sirèki |  
kalawan angganira ||
496. Miwah manèh ta Ki Ragarêsmi |  
payo yayi lumaksanèng pana |  
nêkani pudya kang nunge |  
maring Wanamartèku |  
Tambangraras turira aris |  
amba kumambèng karsa |  
saking kang linuhung |  
sung sih tyas kang sukarêna |  
nadyan yèn tinuding supyèng jro yomani |  
dasihta tan sumimpang ||
497. Saha manganjalèng gurulaki |  
katarimèng tyas nulya wisata |  
tansèng siswa sasikine |  
kunèng kanênganipun |  
sanalikanira duk prapti |  
nèng made pamidikan |  
magut kang langgat hyun |  
patêmyan nèng ka-alusan |  
kang sinidhi widagda mêdhar pangaksi |  
nèng sajroning kanêngan ||

498. Paiksanira ing dalêm ngarip |  
cipta riptamira samadaya |  
pendah wantah pandalihe |  
marang ing sang Maha Lul |  
tan rasa ywa pandulyèng jêrnih |  
asukur sukarêna |  
pamulyaning kalbu |  
rahab pasalamanira |  
sadaya wus binagyan samya pupuji |  
miwah para waela ||

499. Bakda salamira nakisani(?) |  
madyanirèng pajununnira |  
kang para ngulama rêke |  
tarkinira tanajul |  
wangsuling sawênياهوirèki |  
pangikale salsilah |  
uculing ngasuhul |  
sambung ing napas listara |  
tan kêsotan miwah tingalnya lêstari |  
tan sêlaning paningal ||

Jilid 12 - Kaca : 228

500. Lan paningalira jroning arip |  
anging saking pasuhullanira |  
tan na owah pandulune |  
maring kang lagya rawuh |  
ing kahanan tan na ngêgèti |  
saprênahing alênggah |  
sira maksih tuhu |  
sang Sèh Adi Amongraga |  
graha siswa Tambangraras Ragarêsmi |  
nèng madyaning papajang ||

501. Mèdhar karamatirèng pangaksi |  
ambuncang cipta surasèng driya |  
kang gung brangta wulangune |  
tyasing kang marang sunu |  
mangka mangke mangkana panggih |  
têkane pajununan |  
têkèng bakda suhul |  
tan pae paèksanira |  
surasèng tyas kadi tan rumangsa ningit |  
dene tanpa antara ||

502. Miwah tuwukira mulat kadi |  
wus satata kulina andina |  
andoning (n)don lir sabène |  
tan suka datan wuyung |  
amung panarimanirèki |  
kang wantah kadya saban |  
wus tan sangsayèng hyun |  
luwar kung rimanging driya |  
santri Monthèl Nuripin Cènthini Luci |

angrukti pakutugan ||

503. Datan kênndhat kêluning dupa mrik |  
mrik saji-saji samya binuka |  
Cênthini marêk sang Nikèn |  
acadhang sakarsèng hyun |  
wau ingkang para ngulami |  
sira Ke Adimuncar |  
lawan Arsèngkalbu |  
miwah Kae Cariksutra |  
myang Rundarsa Carikmudha tême mèksi |  
maring Sèh Amongraga ||
504. Samya gawok dènnira ningali |  
sênênning cahya gumilang-gilang |  
pamulu jênar rumêmbé |  
wingit pasêmonipun |  
kèksi paenira ngaluwih |  
samya tan na kawawa |  
paguting pandulu |  
sêmuné lan waelannya |  
cahyanira lir lintang parak ing sasi |  
kèsisan ing jalada ||
505. Tuwin para kadangira sami |  
mulat marang pupulunanira |  
Nikèn Tambangraras rêke |  
kalangkung saenipun |  
kaidayat marang ing laki |  
ahotaning wanita |  
lakine linuhung |  
samya micara ing nala |  
apandudu kaote lawan duk nguni |  
ing mangkya wus minulya ||
506. Ana sujalma pêdhêk sasiki |  
baya apane tême tumingal |  
angèmpêri pasêmoné |  
paran siswanirèku |  
kulawangsa sami pra sami |  
pawitra tansèng wuntat |  
akukula tuhu |  
marang sang adi-utama |  
dulunira lir wus tan tinahèng kapti |  
bêgyantuk paripurna ||
507. Sang Kae Sèh Adi Amongragi |  
arum wijiling pangandika |  
mring garwa lah sira Nikèn |  
ngabêktiya ramèbu |  
Tambangraras nulya ngabêkti |  
marang ing ibu rama |  
ingaras kang êmbun |  
pupuji sukur ring Sukma |

Jilid 12 - Kaca : 229



- myating putra wus sampurna ing kajatin |  
babare jalma tama ||
508. Ke Dimuncar lawan Arsèngbudi |  
Arundarsa Kae Cariksutra |  
samyã micorèng jro tyase |  
sukur samya papangguh |  
lan Kae Sèh Adi Mongragi |  
palaling Hyang ring kita |  
gegeyonganipun |  
watès wèkasaning sabda |  
padungkaping kasidan maring kadadin |  
sampurnaning agêsang ||
509. Sèh Mongraga angandika aris |  
singgih utami apaparêkan |  
kewala lalênggahane |  
samyã talabul ngèlmu |  
parlu sarta wajibing urip |  
arahab kang liningan |  
samyã ngaju lungguh |  
miwah kang para waela |  
Ni Wilapa Pêlangi gawok ningali |  
maring sang maha prapta ||
510. Sarira rum angambar kasturi |  
cahyanira sumunu anawang |  
tahu binagus warnane |  
lawan rubiyahipun |  
yu utama Ni Selabranti |  
tunggal sênênning cahya |  
anrang ing pandulu |  
lir tan bisa-a-tumingal |  
marang kalihira sang maha awingit |  
kang misesèng kamuksan ||
511. Ratri ing wanci kaluruk siji |  
ingkang samya majêruk animpar |  
anèng sanggar panêpènè |  
sadaya kang nèng ngriku |  
tridasa tri jalma jalwèstri |  
lan Ki Bayi Panurta |  
Jayèngrêsmi nêngguh |  
kalawan Ki Jayèngraga |  
lan pra kadang Suwarja Wiradhushèki |  
Panukma lan Panamar ||
512. Lawan Ki Sèndhi Kulawiryèki |  
Ki Pangulu Basarodin miwah |  
kang pra tamu sadayane |  
Dimuncar Arsèngkalbu |  
Cariksutra Carikmudhèki |  
Arundarsa Sèh Modang |  
Sèh Parimintèku |  
Sèh Mangunarsa Gungrimang |

513. Santri Luci kalawan Nuripin |  
sang Kae Sèh Adi Amongraga |  
siswa Ragasmara rêke |  
kang pra waelanipun |  
Tambangraras Nikèn Malarsih |  
Rarasati Turida |  
Ni Wilapa tamu |  
Palangi Cênthini miwah |  
Nyai-nDaya kalawan wadon Sumbaling |  
dene kang dèrèng wikan ||
514. Marang Kae Sèh Adi Mongragi |  
ngulama lima lan ro rubiyah |  
Dimuncar Arsèngbudine |  
lan Ke Carikstrèku |  
Arundarsa Carikmudhèki |  
Ni Palangi Wilapa |  
dadya wong pipitu |  
kang samya katêmbèn mulat |  
wruh ing aran durung wruh warnanirèki |  
ing mangkya amastara ||
515. Langkung dènnya kayungyun ing brangti |  
ningali sang Adi kang winus man |  
pra ngulama kalimane |  
lir pendah prawan kêncur |  
sêdhêng mêpêkira birai |  
paês paèksanira |  
branta maring kakung |  
tyasira widhak-widhikan |  
angahyun-hyun karsane priya priyanggi |  
anjatèni duhkita ||
516. Adimuncar nêmbra turnya ris |  
dhuh sang Kae Sèh Adi Nujêmba |  
pun bapa tuwèng wayahe |  
rasèng noming pamuwus |  
tyasing duwul awawaling ngling |  
wicaling pakaolan |  
kathah kang karungu |  
mugi tuwan tuduhêna |  
ing cipta-yu supadi angga kitèki |  
wruhing tata dungkapan ||
517. Sèh Mongraga angandika aris |  
singih apèllal langkung utama |  
ngagêsang punika rêke |  
wau ta sadayèku |  
samya bukuh (n)dêlingkên angling |  
tanggaping tyas cacadhang |  
tibaning pamuwus |

kang supaya kadriya-a |  
pangalape bêrkah wiwinih ing jêrnih |  
andhêdhêring wardaya ||

518. Pan tumungkul tumuhu ing kapti |  
wau sang Aotadi Mongraga |  
arum ing pangandikane |  
singgih kang para lul |  
ing ngatitah rêke puniki |  
sèstuhèng priyangganta |  
kang pinêlêng ing hyun |  
tan kêna ginampangêna |  
yêkti angèl yèn kinarya ngèl pribadi |  
gampang angèl nèng kita ||

Jilid 12 - Kaca : 231

519. Kadi ta rèh ngagêsang puniki |  
angrasani Hyang Kang Maha Mulya |  
amurba kajatèhane |  
lawan pribadinipun |  
akukula kang langgêng Gusti |  
Maha Suci Wisesa |  
rêke dhawakipun |  
awimbuh tan kawimbuhan |  
sasolahe lir nopèng tingal sajati |  
dulu-dinulu juga ||

520. Panglonging Hyang Sukma Purbajati |  
muksèng ana nir tanpa tuduhan |  
tan yuwana ing kayunne |  
kandhêging tingal luhung |  
paran marganipun pinanggih |  
kraya-rayu rêkasa |  
saking pucuk gunung |  
anrang kalêngkaning jurang |  
sing lulungan kapati dènyu ngulati |  
tan wruh yèn juga dhawak ||

521. Kang ngulati mèlu angulari |  
kandhêg laju parah saparannya |  
marang ingkang nama rêke |  
tan wruh ing kawruhipun |  
yèn nutake kang dèn-ulati |  
adat tan wruhing ngulat |  
dadya angêlangut |  
lir kikinjêng tanpa soca |  
maksa nêmên mawas angiling-ilingi |  
brantaning kawuyungan ||

522. Kêdah wuyunge narik mring supi |  
supinira pan kinon ing wahya |  
jatmika liring-liringe |  
aywa liring kalurung |  
nêrak larangane pribadi |  
têmah anir gaibnya |

pêsamudanipun |  
kandhêg nèng pasinang kita |  
kadyanggane kang sêkar kentir ing warih |  
nir gandaning puspita ||

523. Muwus linakon kalawan lair |  
kalawan mandêng imaning driya |  
pintên bangginipun têmebe |  
pangguh kajatènipun |  
Sukma datan adoh lan dhiri |  
makuwoni kanêngan |  
ramening ngasamun |  
atêbih yèn tinêbihna |  
singgih cêlak yèn cinêlakana ugi |  
marma tan kaduluwan ||
524. Kandhêg kasêlak wimbuh ing Widdhi |  
pangadhang ngêrat kadaliyan |  
tan wun doh tan na wangêne |  
luwih parêk tan rangkul |  
panggih sasat datan pinanggih |  
nèng jro kadhaton mulya |  
prana jêrnihipun |  
kalingan dening suweda |  
kita pendah pandung katungkul ingkang sir |  
tinêkêk tan uninga ||

Jilid 12 - Kaca : 232

525. Utami telat tuladan yêkti |  
wruh èmpêre kang ingèmpêr dhawak |  
nêtêpi tatakramane |  
sarengat kang linuhung |  
lan tarekat panggèndèngnèki |  
maring ing kajatmikan |  
kakekat kang nuduh |  
mring èmpêring kajatènan |  
kang makripat nampurnakkên kang pandêling |  
èmpêr sajuga rupa ||
526. Anging tutup ingèmpêr sajati |  
maha kasuciyaning Hyang Sukma |  
kang kabênêr utamane |  
sarengat pan rarungkut |  
tarekat marga jro ngati |  
kakekat suluhing tyas |  
kanyatahanipun |  
makripat waspadèng tingal |  
ing Dattolah isbat nèng sajroning napi |  
tuntuming paêsêman ||
527. Ewa punika osikên malih |  
Sukma purba dèn-pratelakêna |  
padungkapaning jatine |  
Sukma purba puniku |  
sajatine jênênging bêcik |

ingkang luwih utama |  
kasuciyan ayu |  
kalintang parêk atinya |  
anglimputi wimbuh sèsining dumadi |  
kasukmèng Suksma purba ||

528. Murdaningkung kang wus wruh ing wangsit |  
lir dom ingobong cinlup ing toya |  
kêdah ingucap kang rinèh |  
tan anèng swara sêru |  
sabab sabda rungsit arêpit |  
pawore rasa swara |  
lan kumandhang nguwung |  
nguwunge yêkti ngumandhang |  
jati rasa tanpa rasa anggrantêsi |  
tumamèng angganira ||

529. Trusing rasa punika Kiyai |  
pan kakekating bantala kita |  
kalawan uripe dhewe |  
rip tan kênanane luluh |  
wawayanganing Dat sajati |  
jati-jatinipun Sukma |  
Ywang ingkang Murba Gung |  
awayangan Dat Mutêlak |  
ingkang pasthi anane lawan pribadi |  
maujud datan ngadam ||

530. Rêke trusing kang swara puniki |  
pan makripat ing akasa kita |  
kêjêpe pati uripe |  
paluluting ngalêngut |  
satyèng pati sajroning urip |  
langgêng kahananira |  
Hyang ingkang Maha Gung |  
awayangan napi salat |  
apan pasthi napi tan kalawan wiji |  
nis nir tanpa tuduhan ||

531. Rasa lan swara têrusnya salir |  
limput tyasnya condhong kajumbuhan |  
bantala ngakasa rêke |  
pan suhul batinnipun |  
têtêp-tinêtêpan Kiyai |  
akasa lawan kisma |  
kajatèyanipun |  
datan kengang pinaeya |  
kang bantala anukma jroning wiyati |  
kasa nukmèng jro kisma ||

532. Bumi sapta langit pitu nênggih |  
ingisènan swarga lan naraka |  
loh kalam dhindhing jalale |  
têrus kajatènipun |

sampun dening Sukma nur singgih |  
ing ngriku manawia |  
cêlak èmpêripun |  
têtèbèng gêdhonging Sukma |  
kang jinêman langkung agêng wêrit rungsit |  
tan kengang ginampang ||

533. Lamun tan wruha puniku kapir |  
yèn ta lamun awêruha kopar |  
pon sampun gagantungane |  
marmanta ing tumuwuh |  
tansah pangguh rubeda dening |  
apêse tyas kang ina |  
saking mahanipun |  
piyambak cakêp tan (n)dungkap |  
inggang samya myarsa tumungkul sarya ngling |  
nuwun nuwun kewala ||
534. Saking karikuhanira sami |  
Kae Adimuncar Arsèngdriya |  
katri Ke Cariksutrane |  
samya nor lon umatur |  
marang Kae Sèh Amonggragi |  
papangkalaning sabda |  
dadya kapir kupur |  
kang uning tan uning juga |  
ing lripun punika ta kadipundi |  
pun bapa minta warah ||
535. Sèh Mongraga angandika aris |  
kita punika yèn datan wruha |  
dadi yakti balilune |  
tan wruh pisan ing ngèlmu |  
pêpêt datan salir mangêrti |  
sampun takdir tan bisa |  
kapiire tan wêruh |  
ing ngèlmu rasaning kata |  
kapiripun satata lan sato najis |  
de tan na pangidhêpnya ||
536. Kang sampun wruh dadya koparnèki |  
sabab wus wruh surasaning swara |  
gampile lawan angèle |  
lohat lan muradipun |  
wruh êlide lan muradnèki |  
kalle datan sumêdya |  
anglampahi ngèlmu |  
karêp kang maring kasidan |  
amung wêruh ing bêbasan milang-milih |  
kumawon ginawokan ||
537. Jalma kang ahli micarèng ngèlmi |  
ujaring wong ahli sarengatan |  
langkung dening utamine |  
tinimbang lan kang busuk |

luhung ingkang pintêr abêcik |  
pae lan kang ahli kak |  
tan micara ngèlmu |  
milang milih kalal karam |  
cêgah pakon wus tan nêdya angingusi |  
lamun kalabêtana ||

Jilid 12 - Kaca : 234

538. Mung anungge brantinirèng Widdhi |  
ingkang tan lawan kêcaping lesan |  
sêdya anêkani rêke |  
ring niat ingkang luhung |  
purbaning tyas maring kadadin |  
tan ayun ahli kata |  
sanalikanipun |  
dènnira andhêdhêr niat |  
tumanême cukup nèng lèlèran tokit |  
tanpa mandêng ing tingal ||
539. Tingal jati anirnakkên liring |  
liring awas murcitèng paningal |  
sung sinunge tingal mangke |  
marmanya tan dinulu |  
tingal jati kandhêh tan liring |  
katingal kang sung tingal |  
luhung kang kadulu |  
inggihi ugi dhawakira |  
kang kadulu lan dinulu tan kakalih |  
layap paranning tingal ||
540. Sampurnane tingal lan papalih |  
tan mulat ing nala jiwaraga |  
tingale wus brastha kabèh |  
kabèh luyut tan emut |  
kandhêg tingal ing karsa jati |  
sakarsa dera molah |  
kajatèyanipun |  
singgihi ugi kang wasesa |  
dasih awas tansah pinolah ing jati |  
amawas winaspadan ||
541. Wontên pralambi dhalang wignya di |  
anukma sêdya sakarsanira |  
tan ana wruh ing anane |  
tar wikan wontênipun |  
wruhing dhawakira pribadi |  
wruhing saparipolah |  
kawignyan myang kahyun |  
lawan wruh solahing wayang |  
sadèrèngipun wontên wayang lan kèlir |  
tansah dènnya awayang ||
542. Wawayange tan suka tan kingkin |  
wayang akingkin suka priyangga |  
cinatur guna bisane |

ing ngriku duk angaku |  
lamun dhalang wignya di luwih |  
dhalang amêdhar karsa |  
wus sinamuting hyun |  
anyatakkên ing sarira |  
nyatèng wayang nyataning dhalang nèng ringgit |  
sampurnaning paningal ||

543. Dhalang wayang tan suka prihatin |  
dening sirna paningaling wayang |  
kèsthi kang ngamayang sihe |  
marmanipun angayut |  
jiwa raga datan kaèsthi |  
dhalang kanguningana |  
wus kalimput ing hyun |  
kandhêg ing asmaranala |  
lênglêng mangu sukma-jati anggantyani |  
dhalang Sukma-wisesa ||

Jilid 12 - Kaca : 235

544. Datan ana sêmbah kang kaèsthi |  
tan liyan muhung kahananing Sukma |  
tan wrin ing ala bêcike |  
pan anggung branta wuyung |  
tan mastara kawula Gusti |  
anane anèng Sukma |  
-jati lulut-luyut |  
wus luluh sajroning karsa |  
karsa jati anirnakakên ing kapti |  
kapti anunggal karsa ||

545. Waluya rêke kadi duk nguni |  
tan ngukumi sêmbah kang sinêmbah |  
anirnakakên sakalihe |  
tan wontên wikan tan wruh |  
kandhêg kèrêm ing jalanidhi |  
dadya têmahan bathang |  
kang kagayuh alus |  
tingkah lan polah tilarsa |  
malbèng karsa ing ngriku amanggih urip |  
urip tansèng hènawa ||

546. Sukma langgêng rip tan kêrêm pati |  
kang tan liyan sih sahe kang mong-raras |  
sapocapan jro ênênge |  
anangis jroning guyu |  
driya mendra lagi ing kapti |  
tan ana sinangsaya |  
mung wignya mong lulut |  
lir palwa drês kapawanan |  
tan uninga parannya ing drênging angin |  
tan kengang winangênan ||

547. Liyan lêngut anane tan kèsthi |  
tanpa jiwa datan amangeran |



-jati minangka jiwane |  
raga jiwa tan nuwus |  
layap laut aliru dhiri |  
parau mot sagara |  
kawimbuhan lulut |  
asmara kandhihan raras |  
kang andulu kadulon kang angsung liring |  
larangane Pangeran ||

548. Yèn tan sapandulon tan pribadi |  
nihan pancadriya dèn-karêksa |  
dasa-ndriya dèn-katalèn |  
ywa wèng-wèng dèn akukuh |  
kinirangan bukti lan guling |  
rumêksèng rajah-tamah |  
manah asêdya-yu |  
ring rubeda karêksa |  
pasimpanganing takiyur dèn-atokit |  
dèn-wikani pinangka ||

549. Pinangkaning sêmbah sêbut puji |  
datan liyan rêke kawisesa |  
kang tansah amurba ing rèh |  
anduming ala ayu |  
kang aniksa angganjar ing sih |  
ambagi ka-akiran |  
swarga naraka gung |  
ing dalêm dunya akirat |  
kang alanggêng ing karsa tan na ngowahi |  
tan gingsir tan awêwah ||

Jilid 12 - Kaca : 236

550. Rupaning kêlir tan kita jati |  
marmanipun sinung-jati awas |  
ing rupa kadi rupane |  
rupa jro carmin agung |  
kanyatahan ing rupa jati |  
rurupan katitipan |  
tan beda rupèku |  
dene akêmbar lan Sukma |  
rupa-jati tansah rupa Maha Sukci |  
tan wontên sanepanya ||

551. Tanpa sasama ananing Widdhi |  
datan miyat datan kalamangsa |  
saking prênah parênahe |  
mangka duk rapalipun |  
yèn dinulu dera Hyang Widdhi |  
tan dihat tan musapat |  
wontên kan andulu |  
tan wontên kulon lan wetan |  
êlor kidul ing têngah ngandhap myang nginggil |  
Hyang Maha Sukci juga ||

552. Ing ngagêsang punika Kiyai |  
tan sampurna angaji sêmbahyang |  
anêbut myang muji rêke |  
andodonga Tawasul |  
dèn-kongsi mênirên kang lathi |  
sêmbahyang dèn-kongsiya |  
bênjut bathukipun |  
datan antuk wawangsulan |  
kang angaji gumrêmêng punika sami |  
lan wong omong-omongan ||
553. De kang antuk wangsulan kang jati |  
ngirigakên sakèhing Apêngal |  
ing kasab pangibadahe |  
suku bau calathu |  
datan ayun aminangkani |  
mung sèstuning wardaya |  
ginulang ginêlung |  
aningsalakên kal donya |  
maha sucèkakên niyat mring kajatin |  
tan cambor ing panyipta ||
554. Miwah tan pepeka ing pangaksi |  
datan sêlan marang pandaliyan |  
pasèdhènganing awèngwèng |  
têbih saking takiyur |  
tyas numama maringi napi |  
tan ana inisbatan |  
mung napi sinungku |  
tinokitakên ing driya |  
tan kumlamar kumalêndhunging pangèksi |  
angomplangakên cipta ||
555. Pan wus tanpa sêmbah tanpa puji |  
tanpa solah muni lawan muna |  
tan nadhah tan nendra rêke |  
tan sêksi tan sung-sinung |  
ing sasaminirèng dumadi |  
amuhung pribadinya |  
tanjul ing panaul |  
lalyèng toh jiwangganira |  
kawaspadan tan ana ingkang kaèsthi |  
mung tunggal ing panunggal ||
556. Sukma rimbag wutuh dèn-tingali |  
saosike ya Sukma bëlaka |  
wujuding Sukma tan-pae |  
wus tan kengang binastu |  
woring jati kula lan Gusti |  
Maha Gusti ta kula |  
sih kajatènipun |  
lamun kita tan kadyèka |  
kula misih kula Gusti misih Gusti |  
tan kengang wor-winoran ||

557. Jalma ingkang ahli Sukma singgih |  
 tan sawênyahira ing panêmbah |  
 kalawan Dad lesanane |  
 pan namung bangsa kalbu |  
 ing kanênganipun ginanti |  
 baksana inalapan |  
 sabusananipun |  
 mênêng sakaliring karsa |  
 tanpa pepeka marang ing sakaptinèki |  
 ngêningkên ênêngira ||
558. Nalikanya ing dalêm sawiji |  
 paalêmanipun ing antara |  
 sapta sasi sasikine |  
 sumungku ing ngalimut |  
 sêlan sira tingkah ing nguni |  
 tan ngunandikèng driya |  
 sara surasèng hyun |  
 ywa kadadyaning kawukan |  
 muhung kadungkapanira ing kadadin |  
 sumêdya purnèng karsa ||
559. Wondening kang winastan ingangling |  
 sajatine ngèlmu yêkti niyat |  
 niyat kang brangta angluwe |  
 tawêkal ing pangridhu |  
 tyas kang sura lêgawèng pati |  
 papa pantakèng driya |  
 santosa ing kalbu |  
 jatmika tan kajaruhan |  
 menak tadhah tahên mung sariring angin |  
 sor kulup kang rinasa ||
560. Ingkang sinasmitaning pandêling |  
 samya anor palungguhanira |  
 angapurancang jarine |  
 Ke Bayi manthuk-manthuk |  
 andhêkoni tasbèh winilis |  
 sadaya ingkang myarsa |  
 aniniling wuwus |  
 sami nyathêt ing wardaya |  
 sira Kae Adimuncar Arsèngbudi |  
 miwah Ke Cariksutra ||
561. Samya ngunandika jroning ati |  
 tuhu lamun winus-man ing Sukma |  
 arampung ramping aranne |  
 lir kang ingucap wau |  
 mungguh Allah kang Maha Sukci |  
 jumênêng lawan hawa |  
 ing kahananipun |  
 yèn na kaya Asmanira |  
 dadi Ingsun iki Hyang Kang Maha Sukci |

dene tan jênêng Allah ||

562. Têka samya mèsêm jroning ati |  
wau sira Ki Sèh Amongraga |  
kapatu jroning driyane |  
amanggut sik-ing kalbu |  
mèsêm pangandikanira ris |  
Kae Sèh Adimuncar |  
Kae Arsèngkalbu |  
katri lan Ke Carik sutra |  
cipta lamun yèn ingsun iki Hyang Widdhi |  
de tan inguwuh Allah ||

Jilid 12 - Kaca : 238

563. Cipta ingkang makatên Kiyai |  
apan botên singgih jatinèka |  
mungguhing Allahu khake |  
nèng wujud kita tuhu |  
kang kadulu pribadinèki |  
tan lyan kang amastara |  
dhawak kang maujud |  
sawêktu kanênganira |  
ngèsthi suci kang mulya tan ana malih |  
rupa rupaning Allah ||

564. Allah dede rupa kang kaèksi |  
dede badan kita kang kawulat |  
angga jiwa raga dede |  
Dat ingkang Hyang Maha Gung |  
ênêng kita ingkang mustakik |  
mukik kang kak mutêlak |  
langgêng jatinipun |  
ing jaman kanêngan kita |  
pan kanêngan puniku wujuding nabi |  
tan kengang kinaya pa ||

565. Mahasukci nucèkkên pribadi |  
kang wus (n)dungkap ngèsthining kanêngan |  
mulya kadi duk orane |  
ing nguni datan suwung |  
mangke kita tan anggêdêri |  
ing têtah kajêrnihan |  
tan rame tan samun |  
sêpi samya sanalika |  
ing sakêdhaping netra salaminèki |  
tan kêkêl lan sakala ||

566. Anèng dalêm sawijining gaib |  
marma kita tan anjênêng Allah |  
saking napine Hyang rêke |  
saking saèstu bastu |  
ing (m)botêna lan wontênèki |  
anane nanging ora |  
orane ing wujud |  
wujude tanpa karana |

pasthi anèng pribadinira Hyang Widdhi |  
dhawakira ya kita ||

567. Kang puniku tan kengang ngakêni |  
Asmaning Hyang sawênnyahing jalma |  
kaanan sapapadhane |  
laranganing Hyang Agung |  
nakdirkên ing dalêm sawiji |  
sanadyan kang sampun man |  
ing Hyang kang Maha Gung |  
pon uga tandha ga asma |  
yan muayat sajuga sayêkti gidib |  
goroh pangakênira ||
568. Langgar kewala soso dera ngling |  
ngaku anung kasiku ing sarak |  
myang wajar ahli balade |  
kawisesa ing ratu |  
kang rumêksa saraking Nabi |  
anrapakên kukumah |  
panjênêngan ratu |  
kakisas sarana donya |  
mring wong ahli nunggal Asmaning Hyang Widdhi |  
ratu kang kawajiban ||

Jilid 12 - Kaca : 239

569. Nampurnakkên donya praptèng akir |  
panguntape mungguh ing kasidan |  
nirkên gidib lairahe |  
têkèng kamulyanipun |  
jalma yyan kadyèka Kiyai |  
wus jomblah ing surasa |  
lan ingkang sinuhun |  
samyababagan manpangat |  
wontên emba singgih kawulaning Gusti |  
kadi-kadi kadyèka ||
570. Jalma ahli wingit tur akunci |  
amamanggut surasaning driya |  
kang dadya pangahyun-hyune |  
maring kamuksanipun |  
minta jalarang nayarati |  
kasiranning kadadyan |  
ayun wruhing dunung |  
jiyarah têpyang samodra |  
alalangkat lawan siswanya kakalih |  
ngalairkên salsilah ||
571. Tan na lami janma kang ataki |  
wêntar kaèksan ing Ngaksiganda |  
dening siswa ro gumyahe |  
pinulung wèng sang ratu |  
janma taki linangkat ing sih |  
sasiki tanpa siswa |  
pinardikèng luyut |

dinunung nêng ing Tunjungbang |  
wus kapadhaning karsa sang ginastuti |  
datan antara muksa ||

572. Têtêp kamulyanira inapti |  
rahmat dhatêng padungkapanira |  
sang Sinuwun pangatêre |  
kang agung maha luhung |  
aminihi kusuma-aji |  
amanat jiwa Sukma |  
ngudanèni kalbu |  
tan silong ing samar-samar |  
suprandene datan arsa angakêni |  
pan panunggaling Asma ||
573. Wontên malih kawulaning Widdhi |  
anglairkên panunggaling Asma |  
angakêni sawantahe |  
lamun pribadinipun |  
pasthi Allah Kang Maha Sukci |  
kawêntar ing Bintara |  
majêmukanipun |  
pra ratu wali mong sarak |  
wus tan kilap kang minta (n)dungkap ing akir |  
Ki Ngabdul Siti Jênar ||
574. Sinampurnakakên ing kajatin |  
kisase agama lan gagaman |  
marga mring kasuciyane |  
brastha sasiswanipun |  
lawan pangadilanira ji |  
rumêksa ing sarengat |  
sarta lawan hukum |  
marma titahing ngagêsang |  
lamun malih dèrèng santosa ing tokit |  
tokit maring kanêngan ||
575. Kang kanêngan punika Kiyai |  
ngudi agama kang kinarêpan |  
sumungku tan wangwang-wèngwèng |  
punapi prabotipun |  
mapan sampun wontên pribadi |  
sarengat lan maripat |  
pae ahlinipun |  
wontên tokite priyanga |  
tata sarak tan kengang ngucap pribadi |  
kêdah ngumum muayan ||
576. Lawan ngibadah tartip kang suci |  
anglampahi sukur suka-rêna |  
janji cêgah lan pakonne |  
Adalil Kadisipun |  
ngutamèkkên agama Nabi |  
Islam ingkang minulya |

Jilid 12 - Kaca : 240

ayuning tumuwuh |  
kalawan nyandhang amangan |  
ingkang sarwa-kal marganing pakarti |  
supadi santosa-a ||

577. Pangibadahira ing Hyang Widdhi |  
amangeran isbat napining Hyang |  
anane mung isbat bae |  
anêbut ing Hyang Agung |  
anarima napining Widdhi |  
kang nora warna rupa |  
tan kengang kinalbu |  
untung bêcik lawan ala |  
saking Allah Tangala ingkang (n)darbèni |  
sakèhing puji sêmbah ||

578. Tarekate sarengat puniku |  
atakabul ngèlmu ing punggahan |  
ayun wruh têngês-têngêse |  
Dalil madêlulipun |  
pangalaping Kadis kudêsi |  
Ijêmak lawan Kiyas |  
wajan mutadèku |  
angêkêh-kêhkên ngibadah |  
ngêkêh-kêhkên puji dikir pangabêkti |  
sumêdya ahli gama ||

579. Kakekate sarengat kang ngèlmi |  
anyatakkên ing panêmbahira |  
sunat kalawan parlune |  
ing siyang dalunipun |  
ngêkaskên utamining ngèlmi |  
tan sêdya jamak ala |  
tan sêdya pot wêktu |  
sumêdya brangtêng panêmbah |  
maring Allah kang asipat murah asih |  
angêgungkên Asmanya ||

580. De makripating sarengat nênggih |  
maha-nucèkakên ing panêmbah |  
kalawan eklas jêrnihe |  
suci badanirèku |  
lawan tumaninah kang tartip |  
sucine lesanira |  
amicara ahlul |  
katri suci atinira |  
lawan mukaranatuhu ing Hyang Widdhi |  
tan angloro Pangeran ||

Jilid 12 - Kaca : 241

581. De ta tokit ing makripat nênggih |  
anirnakên ing paningalira |  
(m)brastha tyas toh jiwanggane |  
nala nalikanipun |  
datan mangkya datan ing nguni |

- tan mulat ing Pangran |  
tan mulyat lyannipun |  
ring badanta pon tan mulat |  
pangulate mosik kalawan pribadi |  
datan lawan kinarya ||
582. Sarengate makripat Kiyai |  
anggigalkên ngamal ing kal-donya |  
cêgah nadhah lan gulinge |  
lumuh misil donyèku |  
miwah rajah tamah kawuri |  
tan ana kinarêpan |  
papaès myang puluk |  
rasaning boga tuwuhan |  
datan ngingus andadurus ngaji jilid |  
kitab kalawan Kur'an ||
583. Tarekate makripat puniki |  
amèndra nis ngikis ing sasana |  
nimpar tan bastu unggyanne |  
andhewe dhawakipun |  
tan sêdya wor marang sasami |  
tan sukur wèh-winèhan |  
asêlang pamuwus |  
sapandulon lawan jalma |  
solah muna-muni sênênge pribadi |  
beda badan budinya ||
584. Kakekat makripat kang yakti |  
angyaktèkkên khake dhawakira |  
tan ana pandalihane |  
kang lyan-lyan ing pandulu |  
tan kadulonnirèng pandêling |  
mangeran ing dhirinya |  
pribadi dinulu |  
maha sukci priyangganta |  
datan tawang tuwang tuwin jirim mugin |  
wontêna dhawakira ||
585. Makripating makripat kang ngèlmi |  
rila dharat wiyat tan winulat |  
mulya suwung kajatène |  
plêng komplang angga muncu |  
tan angêntha ing badan budi |  
wus tan mangeran ing Hyang |  
Inggang Maha Agung |  
tan mangeran ing dhawaknya |  
tan mangeran ing dalêm sakalir-kalir |  
ênêng tanpa karana ||
586. Kang makatên punika Kiyai |  
datan kengang camboring panduman |  
salaya lawan takdire |  
tan wontên kikhmahipun |  
lamun maksih anandhang bukti |



tansah ring rajah tamah |  
misil kal-donyèku |  
kumêdah wruhing Dattolah |  
lir padhati agiling anèng jaladri |  
palwa ngambah ing lêsta ||

Jilid 12 - Kaca : 242

587. Pinèt lampahe ingkang lêstari |  
saking punapi lamun sagêda |  
anggampilakên kang angèl |  
tuwas tiwas tan ayu |  
lir bintaro kèli ing kali |  
tinututan nèng dharat |  
pundi marganipun |  
bintaro yèn kagayuha |  
atèn-atèn luhung lir rayap prayogi |  
anêlatèni pangan ||
588. Wrêksa kisma rijêkinirèki |  
tan melik mring pangananing manungsa |  
saking mukul panrimane |  
bali wruh takdiripun |  
tinitah kalawan abukti |  
makatèn malih uga |  
ahli sarak Rasul |  
dèn-anungge ing sarengat |  
cêgah miwah pakon mokal lawan wajib |  
tinuhon linampahan ||
589. Anging wontèn wajibing aurip |  
parlu amrih ngèlmuning Pangeran |  
angguguru ngaji rêke |  
kitab Kur'an dinarus |  
narik bodho mring pintêrnèki |  
ngupaya pangulatan |  
ngulama gung jamhur |  
Sarapdin ahli mumulang |  
anêlaskên sarasaning ngèlmu wajib |  
marma sami rinasa ||
590. Samya enggar tyasira kang myarsi |  
dènya kagunturan sabdatama |  
pan sadaya wardayane |  
kathah paedahipun |  
kadya papan cinitrèng sungging |  
tuturutaning pulas |  
tan na kang tan surup |  
raosing tyas kagawokan |  
ing wuwuse Mongraga anuju kapti |  
sing ngarsa dèn-lakokna ||
591. Dhininganan ing pamuwus aris |  
samyang anggalih dening mangunah |  
wruh durung winuwusake |  
saosikirèng kalbu |

sinauran kalawan angling |  
tanggap pasang surupan |  
-nira tan kaliru |  
tyasnya kadya sinuluhan |  
mèdèt mentar kabuka kabuling kalbi |  
kababaring wacana ||

592. Lir wuwuse wau Sèh Mongragi |  
amayangga sêmining Tunjungbang |  
anyenggol paliringane |  
tan dinoh ing asêmu |  
ngêkêr dhiri mukir ngêngkoki |  
nata ing Nayaganda |  
cihnane ngapulung |  
lèjême jaman biragat |  
Ki Lêmahbang kinambang anèng para ji |  
ajiwa Sukma mulya ||

Jilid 12 - Kaca : 243

593. Limang siki siswanta kaswasih |  
kaèsisan sukaning mabèlan |  
purna pupul kamulyane |  
pranyata ahli luhung |  
Sèh Mongraga jalma-di luwih |  
lèlèjêmirèng sabda |  
tan mantra ing sêmu |  
lumuh kawanguraning lyan |  
langkung dening kawêrit wingit akunci |  
pacuhan kaoncèkan ||

594. Sira Kae Bayi Panurtèki |  
mulat ing putra tyasira kadya |  
tan anglala ing praptane |  
sing pangumbaranipun |  
datan pae kadya duk misih |  
anèng ing Wanamarta |  
lawan antênipun |  
miwah pra kadang sadaya |  
tan prabeda lan cipta kadya Kiyai |  
tan nyana mêngtas ngendra ||

595. Alon matur Kae Arsèngbudi |  
tuwan Kae Sèh Adi Nujêmba |  
maklum tuwan mring ngong rêke |  
pun bapa pan kumudu |  
minta rèhing sang Adiluwih |  
sampurnaning ngagêsang |  
supadi ywa mangguh |  
kadudoning dalêm titah |  
pintên banggi swarga kir yuning yomani |  
maniking kanikmatan ||

596. Sèh Mongraga angandika aris |  
singgih rêke Kae Arsèngdriya |  
kewala ing sasênênge |

ing agêsang puniku |  
pundi ingkang dadya wiwinih |  
manah prênahing titah |  
tinuhoning kalbu |  
nut palalirèng Hyang Sukma |  
punapi ta sarengat paranning branti |  
paran branti makripat ||

597. Lamun branti ing sarengat singgih |  
dèn-maksud wajibing Rasullolah |  
kang sidik amanat tablèk |  
lawan mokaling Rasul |  
gidib kyanat kikmat puniki |  
lirning sidik dèn-nyata |  
ring tri prakarèku |  
kang bènêr solahing badan |  
pangibadahipun salat kang asukci |  
tatakramèng panêmbah ||
598. Bènêr solahing lesan puniki |  
kang asuci pangucaping salat |  
myang pamuji panêbute |  
sakêcapirèng ngèlmu |  
kang abènêr solahing ati |  
amung karanat tuhu |  
kasuciyanipun |  
asalat kalawan driya |  
manggut ikram mirat munajat tubadil |  
nalika nèng kanêngan ||
599. Lire amanat kapracayanèki |  
dèn-pracaya badannira salat |  
kalawan dhangane rahabe |  
anèkani ing waktu |  
tumaninahipun kang tartib |  
tan ngênêngakên salah |  
pangibadahipun |  
tan molahakên kanêngan |  
sarta datan andhinginakên kang kèri |  
tan sumêlang ing tingkah ||
600. Kang pracaya ing lesanirèki |  
anuhoni sauning sastra |  
kir'at sarta pasêkate |  
suci barang winuwus |  
wuwus kang tan andurakani |  
juwêt anêbut Asma |  
ingkang agung-agung |  
anyêgah catur alahan |  
rêke karêp kewala misiling ngèlmi |  
kang kalawan utama ||
601. Kang kapracaya marang ing ati |  
datan ninang tanggaping wacana |

Jilid 12 - Kaca : 244

parênging batin laire |  
tan salaya ing kalbu |  
lawan lesan badanirèki |  
kang dêling anèng driya |  
muna-munipun |  
ing waktu ngibadah salat |  
ing pratingkah anêbut muji Hyang Widdhi |  
kalawan dhawakira ||

602. Lirnya tablih kang ngandêl kang ngèlmi |  
mungguh ing badan kangge sasalat |  
sêmbahyang pangibadahe |  
ngumut asihing wêktu |  
datan wontên poting ngabêkti |  
antênging palungguhan |  
kuwat pangguh tamu |  
arosa tapakuring Hyang |  
angluluri linakon tan angêlongi |  
santosa ing agama ||

603. De kang ngandêl lesanirèki |  
ingkang ngutamèkkên ngèlmu sarak |  
mijiling Dalil Kadise |  
Ijêmak Kiyasipun |  
tan kalêmpit murat rasèki |  
wruh surasaning sastra |  
kitab agung-agung |  
anggunngung Asmanira Hyang |  
atawasul ngamalakên ngèlmi salih |  
ngêgunghakên Hyang Sukma ||

604. Kaandêle mungguh mara-ati |  
mantêp dhatêng kal ngibadah moka |  
salat wujude Hyang rêke |  
tokit kalbuning Rasul |  
maha sucèkakên Hyang Widdhi |  
mantêp iman Pangeran |  
Agung Maha Luhur |  
kang asipat bijaksana |  
tyas sru masud ing agama sarak Nabi |  
Mustapa dutaning Hyang ||

Jilid 12 - Kaca : 245

605. Lirnya mokal ing Rasul pan gidib |  
kiyanat kikman ingkang punika |  
mokal yèn kinarsakake |  
goroh palacidrèku |  
lan angumpêt lripun nênggih |  
apan gorohing badan |  
mangan mumah mumuh |  
anêdya sirih puwasa |  
angalibi tyas maring mungsuhing Widdhi |  
amor agamanira ||

606. Palacidraning badan puniki |  
karêm anendra dalu lan siyang |  
narajang wayah wêktune |  
tan kabuka ing ngèlmu |  
tan sinungan akal tan salih |  
meda lara dumadak |  
pot wêktuning ngudur |  
badan tan têngèng utama |  
rêke andhap kewala agamanèki |  
tansah dadya paguywan ||
607. Lire anyumpêt badanirèki |  
lamun sêngsêm karêm ing sahuwat |  
dening istijla junube |  
angêndhak cipta luhung |  
kasuciyaira mring Widdhi |  
anggung kula kulina |  
kalangênanipun |  
mring wanodya dadya sudra |  
agamanya tan (n)dungkap manggaripati |  
yèn sisip ngro Pangeran ||
608. Dènta goroh ing lêsanirèki |  
pangucapira tan linaksanan |  
(ng)guguyu kèh lêlahane |  
tan sêmbada ing wuwus |  
ngaji tutur tan wruh ing tulis |  
dadya tuna dungkapan |  
tan titis ing ngèlmu |  
de palacidraning lesan |  
pangucap anggêgawok paksa luwih |  
wuwus kudu gumisa ||
609. Tur tan rujuk sambunging anging |  
ngarat-arat lumaku tinut-a |  
ujare kang angèl anèh |  
yèn tinut-a tur kumprung |  
karya samar kang bodho ngèlmi |  
limya ngumpêt kang lesan |  
micara kang dudu |  
angangèl-angèl kang gampang |  
anggampangkên kang angèl kinarya gampil |  
ya tanggung donya kerat ||
610. Wani katêmpuh dènnya matêsi |  
langar langguk majibkên kang mokal |  
mokalkên kang wajib rêke |  
gumaib ningit wuwus |  
pan lumaku dèn-guguroni |  
sayaktine angupa |  
jiwa kang kadyèku |  
aramban sandhang lan pangan |  
wondene kang agoroh mungguhing ati |  
ambatalakên niyat ||

611. Niyat kang marang agama sukci |  
 datan yuning niyate kang tama |  
 pan akèh-akèh dinalèh |  
 pan muhung ing aluhung |  
 lamun ati pasangan Widdhi |  
 tansah akaya-kaya |  
 kang angêthul kalbu |  
 takiyur agamanira |  
 dene palacidra kang mungguhing ati |  
 pepeka sêlanyana ||
612. Ura rubeda ngalih pandalih |  
 dadya tan (n)dungkap maring kanêngan |  
 mamang sêmang-sêmang wèngwèng |  
 saking tyas tan pituhu |  
 ning sir êsir rarai eblis |  
 ikrame karamayan |  
 tan pintêr tapakur |  
 kur-ukur agamanira |  
 wondene kang angumpêt mungguhing ati |  
 takaburing panyipta ||
613. Amaido salirirèng osik |  
 ngunandika nukarta ing nala |  
 datan wontên nalikane |  
 tan angèl mung tinuhu |  
 tan na laku kang ginagati |  
 tan wruh ing kasisipan |  
 -nira ing tumuwuh |  
 tuwah tuwas katiwasan |  
 kang makatên puniku Ke Arsèngbudi |  
 tan dadya kasidannya ||
614. Marma sarak sarengating Nabi |  
 kêdah kita mawas nokitêna |  
 ngèlmu kang pinarlokake |  
 wajib mokaling Rasul |  
 ingkang mangsub marang ing wajib |  
 kang kipat marang mokal |  
 tan arus angingus |  
 ambatalakên agama |  
 kang liningan Adimuncar Arsèngbudi |  
 katri Ke Cariksutra ||
615. Samya anor tumungkul sinung ling |  
 saking kasinggihanirèng sabda |  
 pra tuwa sukur ciptane |  
 Mongraga malih muwus |  
 de kang ahli mangaripati |  
 tan ngudanèni kabar |  
 ring sastra kang agung |  
 ya mung sabar lan tawêkal |  
 rila sukur marang ahline sakalir |

Jilid 12 - Kaca : 246

sakalir wus takdirnya ||

616. Tan wor lan wong kang agama Nabi |  
pan wus karsa ajaman priyangga |  
anungge ing pribadine |  
mung tuhu kang binastu |  
salat mati sajroning aurip |  
kang urip tan kalawan |  
langgêng jatinipun |  
aurip sajroning pêjah |  
tan kêna dinunung ingaranan pati |  
patitising kasidan ||
617. Kewala ngalih panggonannèki |  
datan pae ing wau ing benjang |  
ing sih wus tan na wangêne |  
paran sakarsanipun |  
apan sarwa kewala dadi |  
langgêng tan winangênan |  
suwungira mujud |  
mujude tan kasamunan |  
wus tan kengang kinaya-pa ing pandalih |  
juga tan paja muga ||
618. Wontên sanepa emba pralambi |  
tunjung tuwuh anèng madyantara |  
awungkul nanduk gandane |  
ing warna tan saèstu |  
kaêlêban ing jalaniddhi |  
laute tanpa tirta |  
hawa tanpa uwung |  
asênêt tanpa sasana |  
ganda milêg tanpa ambu anglabêti |  
nyataning kanyatahan ||
619. Anèng pambukaking manah êning |  
marma jalma kang ahli makripat |  
sênêt nèng kaelokane |  
tan bastu ing padunung |  
amêmutung pribadinèki |  
tan wikan ing priyanggan |  
-nira wus maha gung |  
tan ayun kawangurana |  
maha nucèkakên kalawan pribadi |  
abadan budinira ||
620. Lir patanyaning jalma kang luwih |  
ahli rasa surasaning sabda |  
wus amêngku saliring rèh |  
pan kalih prakarèku |  
kang tinanya marganing pati |  
lan ênggoning patinya |  
pundi sèstunipun |  
lamun ta datan wêruha |

Jilid 12 - Kaca : 247

ing agêsang punika sirik tur kapir |  
patine siya-siya ||

621. Ke Cariksutra kapranan kapti |  
osiking tyas yun tinanyakêna |  
ing mangke winêdharake |  
asru suka gumuyu |  
winantonan ing guyu sami |  
ing rasa wus anduga |  
kapatujon kalbu |  
Ki Cariksutra ris nabda |  
kasinggihan sang Adi nujwa dènnya ngling |  
kadipunêndinira ||

622. Sèh Mongraga angandika aris |  
singgih linge Kae Cariksutra |  
dadalane pati rêke |  
alul iman ing ngèlmu |  
kang tan samar paningal ngèsthi |  
hu êlaking mubarap |  
kalaratul maut |  
psthèning duryat wêkasan |  
datan wontên ing marga simpanganèki |  
kêncêng donya ngakerat ||

623. Lêstari marga gung ingkang suci |  
gamblang apadhang tan kumalêndhang |  
ajêmbar tan na sikune |  
tanpa pinggiranipun |  
myang tan ana lyan kang lumaris |  
amung pribadinira |  
alampah ing ngriku |  
tan ana pancabayanya |  
lêlampahan limangatus taun naming |  
salayaping paningal ||

Jilid 12 - Kaca : 248

624. Langkung endah marga gung mring ngakir |  
botên (n)dêlarèh lir marga donya |  
margendah saupamine |  
marga ahlining ngèlmu |  
ngèlmi patang prakara nênggih |  
marga Dalil akerat |  
kabar yakin tuhu |  
wiwinih ngèlmu sarengat |  
ngènul yakin wiwinih tarekat nênggih |  
khakul-yakin winihnya ||

625. Kakekat lawan akmayul-yakin |  
wiwinih ingkang ngèlmu makripat |  
ing pati wus bisa dhewe |  
datan lawan dinunung |  
babing pati wus anduwèni |  
ing karahmatanira |  
langgêng tan na uwus |



- kakyun-yakin pan wus nyata |  
angêngkoki uripe prasasat pati |  
sakêjale paningal ||
626. Ngênul yakin sayêktine pati |  
datan owah sawênayahing titah |  
sampurna kauripane |  
wontên pribadinipun |  
ing pamanggihirèng pangaksi |  
kabar yakin punika |  
warta ingkang tuhu |  
ing pati wus kadalilan |  
Ijca Kiyas tan ninang mungguhing pati |  
pamanggihing ngakerat ||
627. Ngèlmi patang prakara pan dadi |  
dadalaning pati tan utama |  
kalawan iman kang salèh |  
krana dadalan agung |  
pangingkuping marang ing napi |  
ing kalanggênganing Hyang |  
kajumbuhanipun |  
nèng jaman kanêngan baka |  
sakèh makluk gêng alit jalu lan èstri |  
tunggal sawiji patya ||
628. Makluk kang sinung nraka lan swargi |  
lagi (n)dungkap lan pati pan padha |  
andhap lan luhur tan pae |  
kang sasar kang marga-yu |  
datan wontên prabedanèki |  
pan sami kawimbunan |  
sadayane makluk |  
ing pati tan kêna ora |  
mungguh ta kita ki pamanggihing ngèlmi |  
sayêkti beda-beda ||
629. Punapi takdirira pribadi |  
takdir nabi takdir waliolah |  
takdir ratu nurbuwahe |  
takdire pra mukminun |  
takdir Islam lan takdir kapir |  
punika pamanggiyan |  
-nira bakdal-maut |  
pangucap kang sarengat |  
(ng)gonning mati nèng kubur makam paraki |  
pangguh swarga naraka ||
630. Kang tarekat tur ênggonne pati |  
apan anèng kubur makam jamak |  
manggya lalan yune reke |  
kakekat pan anyatur |  
(ng)gonning patinèng kubur singgih |  
makam jaminul jamak |

- mangguh lali emut |  
 ucape kang mangaripat |  
 (ng)gonning pati kubur makam baka singgih |  
 urip tan kênèng pêjah ||
631. Marma langgêng kewala ing akir |  
 kang cinatur mungguh swarga nraka |  
 ngibarat upama bae |  
 rêngganing janma luhung |  
 lan rêngganing janma sor urip |  
 kang maksih sinung hayat |  
 kauripanipun |  
 wênang akarya penganan |  
 lawan wênang ing sorah karya wêwêdi |  
 supadi praptèng tama ||
632. Pinindi ing ngèlmi pat prakawis |  
 sarengat lan tarekat kakekat |  
 makripat rêke tan pae |  
 ing kajatèyanipun |  
 kang mangka idayattolahi |  
 purbaning ngèlmu papat |  
 pedah apituduh |  
 marang ing agama mulya |  
 supamine sujalma sinuprih luwih |  
 punjul samèng tumitah ||
633. Krana ngèlmi wus nampik amilih |  
 ngèlmi kang pedah mring kaluhuran |  
 wahyu donya akerate |  
 kikmah kamulyanipun |  
 lan ngèlmi mrih sosoring urip |  
 pituduh kang agiwar |  
 mring Sang Maha Catur |  
 ngèlmining Hyang Kang Minulya |  
 yakti dadya dadalaning pati urip |  
 pamanggiyan kamulyan ||
634. Miwah pamanggiyan durakèki |  
 datan kèna linyok ing panduman |  
 ala kalawan bêcike |  
 pasthi mijil sing ngèlmu |  
 wulang wuruk tuduh bibisik |  
 pan saking ngèlmu uga |  
 tan lyan saking ngriku |  
 ihtiyar pamilihira |  
 swarga nraka ala ayuning pamanggih |  
 ing kauripanira ||
635. Miwah pamanggih sawusing pati |  
 inggih ingsa Allahu Tangala |  
 wa hu-aklam pambagine |  
 ala kalawan ayu |  
 pasthi datan uwus pinanggih |  
 kadi banyoling murat |

wawadhaganipun |  
dalaning pati ginawa |  
mring dalangung gêdhe ywa nimpang ing margi |  
kang tutug ing kuburan ||

Jilid 12 - Kaca : 250

636. Lamun nimpang satêngahing margi |  
ambêlasak marang ing pomahan |  
ambubrah dhadhah myang bêthèk |  
ngambah dudu dalangung |  
pasthi nêmu srêngêning jalmi |  
dèn-balak ingakathah |  
sêdya ambabêntur |  
malah patut binlojodan |  
babathange kinèn ngèlèkkên ing kali |  
kang gawa jinêmalan ||
637. (ng)Gonning pati linuwang ing bumi |  
tinunggilkên kuburing wong kathah |  
dèn-atulus pamêndhême |  
ewa makatênipun |  
anggènnira amêndhêm jisim |  
anèng natar pomahan |  
tuwin joganipun |  
amêsthi manggih babaya |  
malah-malah rinampas sadarbèknèki |  
bangkene kinèn (m)buwang ||
638. Jisimira sami lawan wêrjit |  
pati siya-siya anggagawa |  
marang bilaining akèh |  
Kiyai kang puniku |  
datan têbih raosing ngèlmi |  
ingkang sampun kacupan |  
kadya ngajêng wau |  
marma kang samya narima |  
sarta lila ing driya marang ing ngèlmi |  
agal alusing sorah ||
639. Lir puniku guguyoning alim |  
karya lèlèjêm saruning sorah |  
wus maklum ngèlmu kabèhe |  
prèjènganing aluhung |  
datan ninang kajatyanèki |  
nadyan nistha èng sabda |  
utami tinêmu |  
lah duk sawiji ing tangat |  
ing manpangat mêngêti angaramati |  
marang bangsa agama ||
640. Ke Cariksutra mèsêm angliring |  
kagawokan surasaning nala |  
kacupan sakarêntêge |  
kalancanganing wuwus |  
asasmitèng Kulawiryèki |

kang sinasmitan tanggap |  
ing naya apagut |  
gumuyu Ki Kulawirya |  
binayantu sadaya suka ing galih |  
kalêjaraning driya ||

641. Têrang jêrnihira binarêsih |  
dènnira sang Sèh Adi Nujêmba |  
lir kitri katranganing we |  
mangka kadrêsan jawuh |  
sêgêr ronnya ngudaya sêmi |  
kêmbang mèsi mardapa |  
enggal hyunnya tuwuh |  
tyase kang para ngulama |  
pendah ratri kadipan dening Hyang Rawi |  
kawulat sèsining-rat ||

Jilid 12 - Kaca : 251

642. Tuwin pra waela mulyan kapti |  
kadya mina katêlêngan tirta |  
jêmbar kalautan tyase |  
tan na sangsayèng kalbu |  
rasa kaidayating ngèlmi |  
minulyakakên dènta |  
kasuciyanipun |  
katarik katrakanira |  
padungkapaning tyas tan malangatèni |  
jalwèstri samadaya ||
643. Yata ing wanci kaluruk ratri |  
ratri poting palilah ijabah |  
(n)dungkape wêktu Subuhe |  
samyã kinèn awulu |  
mring pahèran mèt toyastuti |  
sawusnya samya kadas |  
asêmbahyang Subuh |  
sira Sèh Adi Nujêmba |  
angimami ing asalat Subuh nênggih |  
andadèkakên niyat ||
644. Tan rêkasa ing karsa lêstari |  
parênging takbir wus tan kinarya |  
lir alun lan samodrane |  
toyane tan kawuwus |  
kawimbuhan jênêng jaladri |  
kaobaning sagara |  
kulatan rah makluk |  
slira Pangeran balaka |  
datan Sipate Asma Apêngalirèki |  
pon Maha Sukci juga ||
645. Kang mangkono salating ngaluwih |  
datan ngêngkoki datan apasrah |  
tan mokal lan Kalèk rêke |  
lir tan kêna dinunung |

pacampuhing kawula Gusti |  
lir sastra kinakata |  
datan kasaliru |  
ranning sastra lan uninya |  
sadurunge ngunèkkên uni wus muni |  
anèng piyambakira ||

646. Ikram kasuciyaning Hyang Widdhi |  
tubadilira wajah istitah |  
mukramahe Patekahe |  
pasêkat kir'atipun |  
sakathahe datan kalêmpit |  
swaranya rum kajiman |  
tan na imbanipun |  
wawacane wus Patekah |  
apan surat Sujada awalirèki |  
rêkangat sinujudan ||

647. Wusing Patekah rêkangat akir |  
Surat Kasar dêge Kinunutan |  
gya tahyat akir tartibe |  
lan tumaninahipun |  
salam bakda laju pupuji |  
dikir purna anulya |  
donga limang wêktu |  
tawasul Asmakul-kusna |  
wus paragat salawat salaman sami |  
warata sadayanya ||

Jilid 12 - Kaca : 252

648. Wangsul tata palungguhanèki |  
sang Sèh Adi Nujêmba ngandika |  
yèn parêng rêke ing mangke |  
singgih Kae ramèbu |  
kawula yun ngèski kawingkis |  
jiyarah ring kanêngan |  
mupiting ngasamun |  
lan putranta Ni Waela |  
Salabranta kang darbe siswa sasiki |  
panêngran Ragasmara ||

649. Paduka sami kantun basuki |  
andodonga kuwating ngibadah |  
ngutamèkkên pamujine |  
ingkang sukuring ngèlmu |  
atêpakur marang Hyang Widdhi |  
nuwun salamêt donya |  
myang akeratipun |  
tuwin Kae Adimuncar |  
Arsèngbudi Rundarsa Carik Sutrèki |  
miwah samadayanya ||

650. Samya anor jumurung turnya ris |  
singgih sumangga sakarsa tuwan |  
sang Adi Nujêmba ring rèh |

sami anor tumungkul |  
nulya asung salamirèki |  
mangarsa mring kang rama |  
nulya sadaya wus |  
Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
Ki Sèh Malangarsa Sèh Mangunarsèki |  
lawan Sèh Anggungrimang ||

651. Samya nguswa ing pada ngabêkti |  
mring kang raka Sèh Adi Nujêmba |  
Sèh Mongraga lon dêlinge |  
marang ing garwanipun |  
Nikèn Tambangraras sirèki |  
lan siswa ngabêktiya |  
marang rama ibu |  
Ni Waela Selabranta |  
tur pranata mring rama Kiyai Bayi |  
ngaras êmbuning putra ||

652. Atur sêmbah ring ibu Malarsih |  
saha kinuswa lungayanira |  
gantya mring pra waêlane |  
pan asung salamipun |  
Ni Wilapa wadon Palangi |  
Rarasati Turida |  
Rancangkapti tan wun |  
samy nêmbah maring raka |  
nulya siswa Ragasmara atur bêkti |  
mring Ki Bayi Panurta ||

653. Miwah mring ibu Nikèn Malarsih |  
tumulya tur salaming sadaya |  
sawusnya kadyèka rêke |  
sang Sèh Adi Mongluhung |  
uluk salam sanalika nis |  
sagraha siswanira |  
wisatèng ngasamun |  
mursita ing palungguhan |  
sinauran ngalaekumu-salami |  
kang nis tan kaduluan ||

654. Wus mangkana wau kang alinggih |  
katilaring sang Adi Nujêmba |  
kamangunahan driyane |  
lir galinggang tinunu |  
mèntèr antèr antaranèki |  
mongah-mongah awangwa |  
marab mawa urup |  
tan kocor tahên matarang |  
pra ngulama tyasnya kadi bisa ugi |  
anganjat kajatmikan ||

655. Turun sata mèh raina enjing |  
karukrukan sawung kaswabawa |

- atêtêgar ring natare |  
amèt cucukanipun |  
barung asri swaranya asri |  
jalak thilang kapodhang |  
cocak mrak manguwuh |  
nyangungong ngakak jag-jagan |  
tuwu hantu wantu nèng wrêksa gung inggil |  
kokolik guligikan ||
656. Kadya bantu pangènggaring galih |  
pra ngulama kang katranganing tyas |  
lir wastra binarsihake |  
tan na guguluhipun |  
pantên lamun kangge tumuli |  
mangkana isthanira |  
myang sringing kang dhukuh |  
karajaning Wanamarta |  
kadya agring ing mangkya antuk usadi |  
myang lya cêcêning(?) desa ||
657. Mabang kambanging taruna mijil |  
ring pracima nitih (ng)granning arga |  
nirat sèsining rat kabèh |  
kitri katrangan nrawung |  
kakajêngan wuryaning rêsmi |  
tiris dênta myang pucang |  
ambabar mayang rum |  
lumrang sinranging sadpada |  
sari wêgar-wêgar kawêdharan dening |  
kaèngêl ing jarahan ||
658. Akêtêran kairiting angin |  
tiyuning pang pradapa ngalayang |  
adhodhor ronnira rongèh |  
lir milya suka sukur |  
kêkêjale kadya nganthuki |  
mring kang antuk sih sabda |  
-nirèng jalma luhung |  
pala gumantung ngungalwah |  
kadi-kadi atuduh raganya manis |  
supadi binuktiya ||
659. Yata wau kang samya alinggih |  
nèng panêpèn langgar pasimparan |  
Kae Bayi Panurtane |  
ngandika mring pra tamu |  
pênêt lunggyèng maring pandhapi |  
sadaya kang liningan |  
tan lêngganèng kayun |  
nulya mijil sing sasana |  
mring pandhapa atata dènnira linggih |  
pra waela ring wisma ||
660. Ngrukti pasugatèngirèng tami |  
wus samêkta samadayanira |

anuduh pawong rowange |  
ingirit marang ngayun |  
santri Luci wadon Sumbaling |  
Malarsih praptèng ngarsa |  
Ni-nDaya abikut |  
anata rampadanira |  
pasèmèkan sarwa angêt sadayèki |  
andhèr anèng ing ngarsa ||

Jilid 12 - Kaca : 254

661. Kae Bayi alon ngancarani |  
sumangga sami tuturuh asta |  
sasarapan sawontêne |  
kewala sami kêmbul |  
kasayahan anatas ratri |  
ingkang liningan agya |  
jalwèstri tuturuh |  
(n)dan lêkas sami anadhah |  
apakantuk dènnira sami abukti |  
sarwa ngêt (n)jing-enjingan ||
662. Wus antara nutug dangunèki |  
aluwaran dènnira anadhah |  
turuh asta sadayane |  
ambêng cinarik sampun |  
sinungakên santri pamburi |  
anadhah ting kucapah |  
wradin samya tuwuk |  
nulya dhadharan mangarsa |  
cinarakkên punika pangusap amis |  
adhahar mamangsêgan ||
663. Kang ingancaran samya angambil |  
nyanyamikan ing sasênêngira |  
myang pra waela anggape |  
wau ta para tamu |  
Adimuncar Ke Arsèngbudi |  
Rundarsa Carikсутra |  
myang Carikmudhèku |  
lan Kae Sèh Malangarsa |  
lan Sèh Modang lan Ki Pariminta tuwin |  
Kae Sèh Mangunarsa ||
664. Sèh Gungrimang lan Kulawangsèki |  
Ki Piturun Palakartinira |  
paguting tyas sasmitane |  
kang samya ning asêmu |  
Kae Adimuncar ngling aris |  
kakang Kae Rundaya |  
yèn parênging kalbu |  
kawula yun papamitan |  
miwah para rinta sadayanirèki |  
minta madal pasilan ||



665. Mapan sampun kalampahan mangkin |  
 kajat papanggya lawan paduka |  
 kaidayat ing wulang rèh |  
 sasurasaning ngèlmu |  
 gègeyongan sinungan dening |  
 sang Sèh Adi Nujêmba |  
 nampurnakkên kawruh |  
 aprasat kakang uga |  
 kang asung rahmating tyas ing pandêling |  
 jalar pangguh paduka ||
666. Sagêd patêmyan lan jalma luwih |  
 marang sang Sèh Otadi Mongraga |  
 nujêmba gosul ngalame |  
 gawe wruh sung pitutur |  
 Kae Bayi nauri angling |  
 singgih saking bagyanta |  
 priyanga amangguh |  
 wulang mangunahing driya |  
 pan manira amung darmi anaidi |  
 mugi pinarêngêna ||
667. Sru kacaryan ingkang para tami |  
 (n)dan samapta pakartining lampah |  
 Ki Bayi kèh pisungsunge |  
 pan santri têtung puluh |  
 kang mimikul sanguning margi |  
 miwah pakintunira |  
 gya budhal lumaku |  
 warata (ng)gyan jawat-asta |  
 sukèng driya wau kang arsa lumaris |  
 nadyan ingkang tinilar ||
668. Pan wus laju kang arsa umulih |  
 maring dhepokira sowang-sowang |  
 tarlèn karantan driyane |  
 anawung sukèng kalbu |  
 ing samarga anggung dhinisik |  
 cipta antuk nugraha |  
 wahyuning Hyang Agung |  
 kang lumantar sang Nujêmba |  
 Amongraga mong kawêkasing panggusti |  
 wus sampat paripurna ||
669. Tan winarna roroncèning margi |  
 lalangèning marga têba-têba |  
 kasongan ing tyas sukane |  
 nanging datan winuwus |  
 lampahira sang Amongbrangti |  
 tan ana ngrasa sayah |  
 sadaya kang laju |  
 lèrême mung yèn asalat |  
 lamun ratri sipêng satibaning margi |

Jilid 12 - Kaca : 255

kawilut ararasan ||

670. Ngècèr laku ingkang wus aprapti |  
dhèpokira nênggih sowang-sowang |  
susugun maring tamune |  
tan inang lan ing dangu |  
enjangira laju lumaris |  
ingkang anglantun lampah |  
maring dunungipun |  
mangulon tujuning sêdya |  
saya suda lampaha kang arsa mulih |  
pamungkas Wanantaka ||
671. Pan pinugut wêdharing palupi |  
punang Sêrat Canthini karannya |  
wawêjangan pamungkase |  
mamardi marang kawruh |  
ing kajatèn jatining urip |  
wikanne rèh kahanan |  
ananing Maha Gung |  
sajati-jatining jalma |  
wus jinajah jêjêring janma majaji |  
kang jinurung ing sêja ||
672. Kadarpaning panggalih sang aji |  
kang jinumput wêjanganing kata |  
tinaliti saturute |  
têtelane tinutur |  
titi tatas tataning gati |  
sakwèhning kang kinata |  
wus samya ingimpun |  
ala ayuning pakaryan |  
kawruh miwah ngèlmuning kang lair batin |  
winêdhar mring pra mudha ||

Jilid 12 - Kaca : 256

### 709 Sinom

1. Wontên sujana taruna |  
midêr-midêr andêr-pati |  
nusa Jawa prênahira |  
sing tanah wus dèn-idêri |  
Balambangan Patani |  
ing Cêmpa Palembangipun |  
Surapringga Tandhêsan |  
ing Tuban miwah Kêdhiri |  
ing Koripan myang Giri ing Lêmbuasta ||
2. Jatiswara wasthanira |  
janma ulah laku luwih |  
pandhita nèm tanpa wisma |  
wayahe satriya brangti |  
kalih sanak sang brangti |  
padha pandhita satuhu |  
tur dinunung dening Hyang |  
lagya kocap lampahnèki |

anèng marga samadyaning wana-wasa ||

3. Têngah dalu lampahira |  
tan kandhêg ing marga sungil |  
tan ana durgama ketang |  
sangêt brangta ing Hyang Widdhi |  
marmane wuwuh brangti |  
dening sinungan swarèku |  
margane anglalana |  
nênggih wontên sanaknèki |  
Amongraga wastane ujaring swara ||
4. Sun-ulati tan kapanggya |  
kapan ta baya kapanggih |  
ingkang aran Amongraga |  
yata wau kang winarni |  
kang lumampah janma di |  
Mongraga lan garwanipun |  
tejanira sumirat |  
kalawan Ki Ragarêsmi |  
Jatiswara kampita narka gurnita ||
5. Jatiswara uluk-salam |  
Amongraga anauri |  
ngalèkum ngalèka salam |  
sinunga rahmating Widdhi |  
cundhuk sampun apanggih |  
jawat-tangan marga iku |  
miwah Ki Ragasmara |  
pan sampun atata linggih |  
Amongraga angucap sapa sinambat ||
6. Jatiswara aran-ingwang |  
sêdyaningsun angulati |  
sanakingsun Amongraga |  
ujare kang angsung warti |  
Amongraga nauri |  
sapa wèh wartèng sirèku |  
Jatiswara angucap |  
ujaring swara kang lêwih |  
kinasihane ing Hyang mèsêm Amongraga ||
7. Aris ing pamuwusira |  
lah ing pundi wismanèki |  
ingkang aran Amongraga |  
Jatiswara lingira ris |  
tan kantênan wismèki |  
midêr-midêr tanpa kuwu |  
gumuyu Amongraga |  
katambêtan sira bayi |  
iya ing sun ingkang aran Amongraga ||
8. Jatiswara aris mojar |  
kalingane tuwan iki |  
kang aran Ki Amongraga |

sumaur ingkang sinung ling |  
duraka awak-mami |  
lumaku mung ali tutur |  
anglêngkara oliya |  
sihing Hyang kang praptèng jati |  
wong kasasar sun iki ambêg birawa ||

Jilid 12 - Kaca : 257

9. Wus atêmu lawan tuwan |  
lah paran karsanirèki |  
Ki Jatiswara lingira |  
punika lamun lastari |  
sêdya kawula amrih |  
sinampara ing Hyang Luhung |  
yèn kinasudènana |  
Amongraga anauri |  
tuhu daya ingakuwa kinasihan ||
10. Tan kawasa ing manira |  
angakuwa ing sirèki |  
pan iku uga larangan |  
sapa ngaku wong puniki |  
ing sarat kang lêstari |  
anging Hyang Wisesa iku |  
polahira punika |  
darma pinolah ing dhiri |  
Jatiswara angling atut yèn mangkana ||
11. Nanging pangêsthi-manira |  
yèn sambada karsanèki |  
ing tyas pandame tan samar |  
anut ujaring swarèki |  
yèn tuwan sanak-mami |  
nadyan tan arsa angaku |  
tan kondur ing kawula |  
Amongraga anauri |  
karsanira manira darma punapa ||
12. Lah ta araryan sa-saat |  
yèn arsa sanak ing mami |  
pan manira nêdha karsa |  
eca dènnya angrasani |  
paguyon lawan mami |  
nimpang wau dadinipun |  
sakêdhap wontên taman |  
pinggiring marga tulya sri |  
kagèt mulat Jatiswara kagawokan ||
13. Tirta midêr ing mandhapa |  
sêkar kapawanan milir |  
sumyar gandane angambar |  
Jatiswara lir angimpi |  
sampun sami alinggih |  
ing made-kambang (ng)gènnipun |  
Jatiswara lingira |

Ki Amongraga asakti |  
Ragasmara linggih lan Ni Selabrangta ||

14. Jatiswara ngrasa kewran |  
mulat warnaning patani |  
iku tandhaning mangunah |  
ya ing mêngko karsa-mami |  
sun takon ujar jati |  
yèn uga mangke anêmu |  
tandhane wong utama |  
tuhu wus awor ing Widdhi |  
sun-atanya inggih sintên aran-tuwan ||
15. Ki Amongraga ling suka |  
nora wikan manirèki |  
pae silih wong ngulama |  
mudha-dama manirèki |  
Ragasmara tinari |  
janji manawa sira wruh |  
mojar Ki Ragasmara |  
manawi kakang-(m)bok iki |  
yèn wikanna mèsêm Nikèn Selabrangta ||
16. Ki Amongraga lingira |  
lah ta saurana yayi |  
lamun sira sampun wikan |  
Selabrangta matur inggih |  
tan lênggana ing laki |  
puniku manira ngrungu |  
[---] |  
aranning Hyang kang sêjati |  
janma kabèh punika manira myarsa ||
17. Jatiswara anggratta |  
wong iki wus padha wasis |  
katarèng sêmu basanya |  
alantip pasang wadi |  
wacana sêmu sandi |  
bisa sastra-sandya iku |  
tandhaning yèn ulama |  
masalah tiba pawèstri |  
pan kèwêdan wacana lawan wanodya ||
18. Ki Amongraga angucap |  
lah ta saurana yayi |  
wacanane rabiningwang |  
aywa riringa yèn èstri |  
sampun ta salah tampi |  
mapan tan prabeda iku |  
bullah ingsun bisa-a |  
lah mara ta lah dèn-aglis |  
Jatiswara amuwus sarêng ing wuntat ||

Jilid 12 - Kaca : 258

**710 Pangkur**

1. Anging ta rêke manira |  
 anêdha ta ing apuranirèki |  
 karasa dede kramaku |  
 Amongraga lingira |  
 pindho-karya rêke karsanira iku |  
 pra ilanging wong agama |  
 ing karsa dipun lumaris ||
  
2. Balik paran karsanira |  
 pan jawabe wong pawèstri puniki |  
 atut rêke kang kadyèku |  
 apa ta karannèku |  
 ingaranan rêke kanugrahan iku |  
 jatining manungsa ika |  
 Selabrangta anauri ||
  
3. Punika manira myarsa |  
 karane ingaran nugrahanèki |  
 jênêng wawayangan iku |  
 Jatiswara lingira |  
 nênggih atut mangkana sabda puniku |  
 Jatiswara malih ngucap |  
 kadipundi karsanèki ||
  
4. Ana masalah mangkana |  
 ing têngêse Sêlam ta kadipundi |  
 kadya punapa karsèku |  
 têngêse kapir ika |  
 lah ucapna têngêse ing karonipun |  
 angucap sajroning nala |  
 yèn uga jawab puniki ||
  
5. Nyata lêwih ing ngakathah |  
 Selabrangta aris dènnira angling |  
 nênggih manira angrungu |  
 têngêse wong kang Sêlam |  
 pasthi kapir nênggih manira angrungu |  
 têngêse kapir punika |  
 Sêlam ing kajatinèki ||
  
6. Amuwus Ki Jatiswara |  
 kadipundi kang Islam lawan kapir |  
 patitissêna ing wuwus |  
 Selabrangta angucap |  
 pamyarsèngsun nênggih Sêlam-e puniku |  
 dene wus atêmu ika |  
 ênggèn manira amanggih ||
  
7. Kapiripun dening kèpyan |  
 lali lamun tan ana kang kaèsthi |  
 dene sihira Hyang Agung |  
 kawimbuhaning Sukma |  
 upamane lir malam kabrama ngapyu |  
 sirna tan ana ingucap |

Jilid 12 - Kaca : 259

Jatiswara takèn malih ||

8. Apa aranne manungsa |  
yèn ailang ing ngèndi parannèki |  
Selabrangta sauripun |  
nênggih rêke ilangnya |  
anèng kanugrahan kang purba puniku |  
jênênge yèn wawayangan |  
dadya sira ing Dat iki ||
9. Mulih ing jatine ika |  
ana-dene ênggone ta puniki |  
sapa wruha ing jronipun |  
tunggale dhawakira |  
nora ana ingkang wêruha puniku |  
wikanning pribadinira |  
tan ana kang ngudanèni ||
10. Prandene kang sampun nyata |  
mung lampahe tan kandhêg papan-tulis |  
tan ketang tatakramèku |  
Jatiswara (ng)graita |  
mandhane Ki Amongraga puniku |  
rabine kalangkung lêpas |  
lan sakèhe anglampahi ||
11. Kang alul surambi ika |  
iya nyata yèn kasor Amongragi |  
lami ingsun dèrèng nêmu |  
manungsa kang mangkana |  
nyata lamun kinasihan ing Hyang Agung |  
Ni Selabrangta angucap |  
manira tatanya aki ||
12. Ana masalah mangkana |  
karya-paran têngêse ingkang napi |  
lan punapa têngêsipun |  
kang ingaran isêbat |  
kaya-paran puniku ing têngêsipun |  
jawabên dèn-tetela |  
Jatiswara lingnya manis ||

### **711 Dhandhanggula**

1. Nênggih rêke ing têngêse napi |  
nyata iku rêke lamun isbat |  
kang isbat napi jatine |  
iku manira ngrungu |  
ing têngêse rêke kang napi |  
mèsêm Ni Selabrangta |  
kaya pa puniku |  
lah ta rêke padhangêna |  
Jatiswara mangke sira anauri |  
manira amiyarsa ||

2. Inkgang napi anênggih puniki |  
sajatine ananing paesan |  
kang isbat tunggal jatine |  
nora liyan puniku |  
ing anane isbat puniki |  
napi mapan mangkana |  
manira angrungu |  
singa tanpa wuwus ika |  
kang atanggap sajati-jatining napi |  
tan kêna ucapêna ||

Jilid 12 - Kaca : 260

3. Selabrangta alon muwus aris |  
asung cipta marang ingkang raka |  
manira sampun asèrèn |  
Amongraga amuwus |  
Ragasmara alon tinari |  
yayi lah atampa-a |  
kakangira iku |  
manira darmi miyarsa |  
Ragasmara wau alon anauri |  
kakang manira nêdha ||

4. Ragasmara alon atanya ris |  
masalahe rêke pan larangan |  
pan angèl ing masalahe |  
Jatiswara tinêmbung |  
kaya ngapa karsanirèki |  
wontên rêke pawarta |  
manira angrungu |  
sapa baya biyangira |  
pira kêhe wong atuwa kang sajati |  
lah rêke ucapêna ||

5. Jatiswara alon anauri |  
lah inggih rêke wong-tuwaningwang |  
tigang prakara kathahe |  
yèn ingkang lair iku |  
amêtokkên ing raga iki |  
[---] |  
[---] |  
[---] |  
yayi puniku ingkang sajati iku wijiling Sukma ||

6. Wontên rêke sasmitaning wangsit |  
sira ingsun anaking camêra |  
putuning asu wartane |  
iku ingsun angrungu |  
kabèh-kabèh anaking anjing |  
mèsêm Ki Amongraga |  
Ragasmara muwus |  
sampun ta sampun dinawa |  
Amongraga gumuyu pan sarya angling |  
anaking asu bêlang ||



7. Margane ana sira puniki |  
 dening asu rêke marganira |  
 Ki Jatiswara wuwuse |  
 anut ujar puniku |  
 sang Atapa sêmune wadi |  
 jatining lampahira |  
 mapan janma luhung |  
 anglir ta landhêping pêdhang |  
 kang atapa jatining alim puniki |  
 yogya pagurokêna ||
8. Singa maca lalandhêp puniku |  
 dipun-kêna rêke rasanira |  
 yèn luput dadi sasare |  
 angèl ujar puniku |  
 nora nana ing papan-tulis |  
 iku bêgja cilaka |  
 pamarah-sun iku |  
 dudu ngèlmuning sarengat |  
 Jatiswara yata sigra anauri |  
 Amongraga tinêmbang ||
9. Manira iki takèn sajati |  
 lan anêdha rêke sih pawarta |  
 wontêna ngucap mangkene |  
 apa nyatane iku |  
 yèn andika anaking anjing |  
 lamun nyata punika |  
 êndi nyatanipun |  
 Ki Amongraga angucap |  
 dening apa yèn ora nyata puniki |  
 Jatiswara sru mojar ||
10. Apa karane kantong puniki |  
 lamun nyata anaking camêra |  
 Ki Amongraga wuwuse |  
 apa kang katon iku |  
 dudu iku anaking anjing |  
 pan kurungan kewala |  
 anane puniku |  
 yèn sira ayun mangkana |  
 ulatana sajatining asu iki |  
 lah payo tututana ||
11. Payo-payo rewang-ingsun iki |  
 aja kari ayo padha ilang |  
 umuksa tumbuh paranne |  
 Jatiswara umangu |  
 (n)jêngêr mangu tan kêna angling |  
 nyata yèn raga-Suksma |  
 anane dinulur |  
 Ki Jatiswara angucap |  
 kari apa yèn olèh Hyang Suksma-jati |

Jilid 12 - Kaca : 261

Jatiswara wus ilang ||

12. Amongraga mangkana winarni |  
angalaya anèng awang-awang |  
amor ing mega prênahe |  
Jatiswara tan kantun |  
lah ing pundi ênggènnirèki |  
ana layang-layangan |  
awor mênthung-mênthung |  
kang mênthung mênthunging Sukma |  
gêbyar-gêbyar tejaning manungsa adi |  
awor padhanging wulan ||
13. Amongraga mèsêm aningali |  
pan alinggih saluhuring mega |  
lan rabine sarowange |  
Jatiswara pan wêruh |  
ing prênahe Amongragèki |  
tumulya pinaranan |  
Amongraga muwus |  
asêkti Ki Jatiswara |  
nulya prapta ing ngarsa padha wong sêkti |  
mèsêm Ki Jatiswara ||
14. Ki Jatiswara anulya angling |  
lah ta payo ingsun ulatana |  
wus ilang saking ngarsane |  
Amongraga tumutur |  
parêng ilang sarewangnèki |  
Jatiswara nèng guwa |  
tejane sumunu |  
Ki Amongraga wus wikan |  
nulya prapta ing ngarsa sami alinggih |  
lah apa ujarira ||
15. Jatiswara angling jroning galih |  
iya nyata sêkti Amongraga |  
tan ana ing papadhane |  
anging ta karsanipun |  
sumawita dadya prajurit |  
mangke sun dadi toya |  
yèn uga sirèku |  
wikan maring raganingwang |  
nyata lêwih dudu rewanging ajurit |  
mundur dadi sagara ||

### **712 Durma**

1. Amongraga sampun wruh ing polahira |  
mring Jatiswara singgih |  
yèn dadi sagara |  
Amongraga anyipta |  
kang palwa sakêdhap nuli |  
sarewangira |  
anitih palwa sami ||

2. Padha suka manaha lir acangkrama |  
 Ragasmara pan tunggil |  
 lan Ni Selabrangta |  
 padha kagèt duk kapan |  
 ana sagara puniki |  
 Ki Jatiswara |  
 gawok dènnya ningali ||
  
3. Padha suka duk apa ana baita |  
 tau ta ingsun iki |  
 ana ing sagara |  
 Jatiswara kèwêdan |  
 dènirarsa tandhing jurit |  
 Ki Amongraga |  
 sun sidhêp mundur ajrih ||
  
4. Amongraga tansah mèsêm jroning nala |  
 tumon polahirèki |  
 Amongraga mojar |  
 lah mara Jatiswara |  
 t êkakna karsanirèki |  
 dènnira yuda |  
 payo aja na gingsir ||
  
5. Amongraga susumbar mring Jatiswara |  
 dèn-yatna yudanèki |  
 lah ta Jatiswara |  
 Amongraga anyipta |  
 gêni saking sarirèki |  
 anulya muntab |  
 dahana ngingsêp warih ||
  
6. Mubal-mubal anèng saluhuring toya |  
 ing ngèndi ana iki |  
 gêni ngingsêp toya |  
 tandhaning wong kuwasa |  
 ambadan Sukma linuwih |  
 Ki Jatiswara |  
 sangsaya ingkang ati ||
  
7. Sanalika sagara anuli saat |  
 Jatiswara karsèki |  
 nyipta dadi barat |  
 Amongraga pinanah |  
 pinrih ilanga tumuli |  
 Ki Amongraga |  
 wus wikan karsanèki ||
  
8. Sanalika ana gunung ngarsanira |  
 Amongraga yitnèki |  
 wus anèng ing guwa |  
 wong titiga puniku |  
 sami suka aningali |  
 Ki Jatiswara |

kewuhan ing ngajurit ||

9. Jatiswara anêdha ing tapanira |  
sanalika kang prapti |  
naga gêng kang prapta |  
punika mangsa Sukma |  
gêngipun kagiri-giri |  
Ki Jatiswara |  
dinulur ing Hyang Widdhi ||
10. Tan antara kang naga prapta ing ngarsa |  
Amongraga wus uning |  
karêpe kang naga |  
lamun arsa amangsa |  
tumulya Amongraga glis |  
anèng gagana |  
kang naga dèn-anciki ||
11. Tanpa polah sanalika nulya ilang |  
Amongraga sira glis |  
anèng gigirira |  
Jatiswara kèwêdan |  
kapupugan karsanèki |  
Ki Amongraga |  
sêktine tanpa tandhing ||
12. Lah kariya Ki Amongraga ing guwa |  
Jatiswara anuli |  
muksa saking guwa |  
sapraptanirèng jaba |  
ngambarèng jumantara di |  
ngalaya mulya |  
tan na sinêdyèng galih ||

Jilid 12 - Kaca : 263

13. Amongraga sampun mêdal saking guwa |  
Jatiswara tan kèksi |  
mapan kinawruhan |  
nêngêna Amongraga |  
kari brangti ing Hyang Widdhi |  
tan kawarna-a |  
kang antuk rasa manis ||

### **713 Dhandhanggula**

1. Wontên malih masakèh winarni |  
alul sastra amangun sahadat |  
ing Wanacandra dhukuhe |  
kalangkung ngamalipun |  
wong alinggih alul surambi |  
kinêpung sinaroja |  
dening sabatipun |  
amupugi wong kasiyan |  
bagus anom jatmika asih ing santri |  
lumaku lawan kondhang ||

2. Lampahing dana lir toya mili |  
awèh sandhang rêke ing kawudan |  
asung pangan wong kaluwèn |  
tur ambêg santa sadu |  
tan agingsir ing alamnèki |  
nora anggunggung lampah |  
tan anggunggung ngèlmu |  
lakune tansah sinamar |  
dèn-srahakên lakune nyata yèn napi |  
yèku lampah utama ||
  
3. Isêlamira dipun-alingi |  
mung kapire dèn-abèrkên ngarsa |  
dèn-jèrèng nistha damane |  
ala lan miskinipun |  
cêla ingkang dèn-lampahi |  
sabar rila sukuran |  
alinggih ing ngayun |  
datan angrasa gagadhah |  
sakathahe nyata kagungane Widdhi |  
rumasa yèn titipan ||
  
4. Iku lampah ambathang namèki |  
tan angrasa yèn aduwe karkat |  
anunggoni ing ngamale |  
tan gingsir ulah ngèlmu |  
Insan-kamil kang dèn-lalari |  
masjidira anganggrang |  
balumbangira gung |  
kèdêran ing sarwa sêkar |  
babanjaran argulo pèthak mëlathi |  
gambir mênur angsoka ||
  
5. Santrinira akèh padha ngaji |  
agêng alit umyang kang tilawat |  
lir pasar lagya nêdhênge |  
wênèh amaca Suluk |  
kang asahir kang gènti muni |  
wênèh ana narêbang |  
ana turun guyu |  
ana kang amaca Kitab |  
rêbut akal ambuka rasaning tulis |  
rame musawaratan ||

7 (Ki Jatiswara dumugi ing dhusun Wanacandra)  
Ki Jatiswara dumugi ing dhusun Wanacandra ing dalêmipun Ki Ragamana.  
Jatiswara nyuwun puruita, lajêng bantah bab ewuh-ayaning agêsang.  
Jatiswara kasugata sacêkapipun. Dalunipun dipun-prêpêki dening anakipun  
èstri Ki Ragamana wasta Ni Sakati, karon lulut. Enjingipun pamit  
nglajêngakên lampah, dipun gondhèli botên purun, lajênging lampahipun  
dumugi ing guwa partapanipun Sèh Baka. Nyuwun pitêdah, dipun-dhawuhi  
mêndhêt sêsotya ing guwa kanthi lawang tundha sanga, kalêksanan, lajêng  
nêrusakên lampah kapanggih adhinipun wasta Ki Sajati, inggih punika Ki  
Ragasmara ingkang suwita dhatêng Sèh Amongraga lan Ni Selabrangti.

### 713 Dhandhanggula

6. Gumêr swarane wong kathah ngaji |  
papantêse wong alul sarengat |  
angêsahakên rapale |  
ana arêbut hukum |  
manjing mêdal saking surambi |  
tur padha (ng)gawa Kitab |  
maring gurunipun |  
aminta rasaning makna |  
rare akèh amasuh sabak mring kali |  
ana lagi nunurat ||
7. Rara ngangsu rame ting saliring |  
tuwa anom parawan wulanjar |  
kang ngangsu akèh warnane |  
miyos ing masjid iku |  
saking kali pating suliri |  
wênèh ana nênannga |  
awêdhak apupur |  
sawênèh anguncang tingal |  
gêlung kêmbang ki santri dèn-kêndhèrèki |  
tur sami anjêjawat ||
8. Santri kathah ika padha angling |  
ingkang gumuyu asuka-suka |  
padha wikan ing sêmune |  
Jatiswara winuwus |  
lagya prapta jabaning masjid |  
arsa atatakona |  
ika karsanipun |  
katuju ana wong mêdal |  
Ki Marêbot karsanira maring kali |  
jinabat (ng)gawa landha ||
9. Dènya lumaku tumungkul ririh |  
nora wikan yèn ana dhatêngan |  
angling ing wawayangane |  
Jatiswara amuwus |  
Ki Marêbot kagèt ningali |  
kakêtêgira sumyar |  
dènya nyapa asru |  
dèning nora asabawa |  
nora wikan ing suba-sita wong iki |  
mèsêm Ki Jatiswara ||
10. Lah anêdha paman apurèki |  
dipun agung paman martanira |  
luput manira agêdhe |

sun singgih wikan mring sun |  
kalingane tan angranuhi |  
Ki Marêbot angucap |  
ulate arêngu |  
tur sarwi mengo angiwa |  
karsanira lêstari marang ing kali |  
Jatiswara lingira ||

11. Lah ing pundi wastane puniki |  
kya pa manira atanya |  
dèn-agung pangapurane |  
bênêr têkèng sirèku |  
Ki Marêbot yata nauri |  
nênggih ing Wanacandra |  
wastane puniku |  
tuwan ing pundi kang wisma |  
Jatiswara yata sira anauri |  
wong midêr anglalana ||
12. Tanpa wisma manira puniki |  
midêr-midêr sapanan amoyang |  
arsa taki-taki rêke |  
marang kang sampun junun |  
lamun ana kang sudi misik |  
marang wong suwe ara |  
kasiyan talimbrung |  
wingi ingsun amiyarsa |  
nênggih kene wartane ana wong ngarip |  
manira yun uninga ||
13. Ki Marêbot aris anauri |  
kalingane arsa puruita |  
marang kijaiku kene |  
lah anêdha tumanduk |  
maring masjid bilih kiyai |  
pinarak sun-awarta |  
mring kiyai guru |  
lan anêdha tut-wurinya |  
Jatiswara yata sira anauri |  
paman manira nêdha ||
14. Ki Marêbot age-age mulih |  
nênggih rêke matur gurunira |  
agya prapta ing wismane |  
asung wruh gustinipun |  
yèn dhatêngan wong anom pêkik |  
guru lagya anendra |  
nyaine sumaur |  
paran karyanira baya |  
age-age têka mamarasi ati |  
lah ta apopoyana ||
15. Ki Marêbot anauri aris |  
nênggih rêke manira dhatêngan |

Jilid 12 - Kaca : 265

kiyai tinakèkake |  
anjujug karsanipun |  
bagus anom brangti ing Widdhi |  
nyainipun angucap |  
sêmbrana sirèku |  
kiyai lagya anendra |  
kang aguling alon dènnira alinggih |  
pupungun sarya ngucap ||

16. Sèh Ragamana wus angawruhi |  
lamun sira rêke adhatêngan |  
katon ing jro supênane |  
Ragamana amuwus |  
lah undangên kaki mariki |  
ujarira dhatêngan |  
mau sun-angrungu |  
rabine mèsêm ing nala |  
Ki Marêbot gupuh mêtal angaturi |  
marang ingkang dhatêngan ||

17. Ingulatan kapanggih ing masjid |  
Jatiswara rinubung wong kathah |  
padha kanyaran tingale |  
santri padha sih lulut |  
aningali marang sang brangti |  
padha amojakrama |  
akathah kang ujung |  
Ki Marêbot nulya prapta |  
ris umojar Jatiswara dèn-aturi |  
pinarêka ing wisma ||

18. Yata tumurun saking ing masjid |  
nulya kèring wau marang wisma |  
dupi manjing ing wismane |  
Ragamana amuwus |  
saking panti tur anuruni |  
lah rêke tumanduka |  
dèn-enggal puniku |  
sampun agêlar kalasa |  
Jatiswara alon dènnira alinggih |  
gya winijilan sabda ||

Jilid 12 - Kaca : 266

### 714 Mijil

1. Lah bageya ingkang lagi prapti |  
saking pundi kang wong |  
ing ngarsa paran sêdyane mangke |  
Jatiswara anauri aris |  
tanpa wisma mami |  
sêdya mring sirèku ||
2. Ki Ragamana amuwus aris |  
punapa kang gatos |  
arsa panggih lan manira mangke |  
Jatiswara alon wacana ris |



- karan ingsun ugi |  
panggih mring sirèku ||
3. Dene tuwan kasusra ulami |  
akathah kang wartos |  
dèn karena amurah ambêke |  
mapan kadunungan ngèlmu luwih |  
upama wak-mami |  
atut angguguru ||
4. Ki Ragamana alon nabda aris |  
yata awak-ingong |  
pan dèn-sidhêp ngèlmuningsun kabèh |  
Ragamana anguwuh ing rabi |  
lah mundhuta nini |  
pamucangan gupuh ||
5. Rabinira sumaur agipih |  
wus kèsthi dèningong |  
sigra asung pawohanira ge |  
wadhahira bokor kancana di |  
sakêdhap gya prapti |  
munggèng ngarsanipun ||
6. Jatiswara nulya dèn-carani |  
mucanga sang anom |  
sampunnya mucang alon dêlinge |  
Ragamana maring rabinèki |  
ujare pan sami |  
balakan satuhu ||
7. Lah saosa sêkul dipun-aglis |  
sasajiya gupuh |  
rèhning wong lagya dhatêngan mangke |  
adoh sangkane dhatêngan iki |  
sadarbene miskin |  
susuguha gupuh ||
8. Jatiswara pan sampun atampi |  
wiraos mangkono |  
mapan manira anêdha rêke |  
pan larangan ujar kang puniki |  
kinasihani Widdhi |  
pilih jatnipun ||
9. Ing laku punika sun-miyarsi |  
nèng dunyèku yêktos |  
apan ta dadi susukêr bae |  
alon mèsêm Ki Ragamana ris |  
kang tinêdhèng Widdhi |  
nutug siyang dalu ||
10. Têkakêna ing duraka sami |  
iku jatiningong |  
pan ta dene yèn ipèn padhane |

Jatiswara alon wacana ris |  
lah ta kadipundi |  
ing karsanirèku ||

11. Dening anêdha duraka yêkti |  
pan kaya pa uwong |  
Ki Ragamana alon èsême |  
Ragamana tan wikan sêmuning |  
marang ing Hyang Widdhi |  
kèwuhan ing laku ||
12. Ragamana yata sira angling |  
undhangana gupoh |  
para marbot ingkang kinon age |  
undhangana anak-anak-mami |  
mumpung wontên tami |  
tur asugih ngèlmu ||
13. Aja tungkul alul sastra ugi |  
tan wruh wêkasing wong |  
aja katungkul sêmbahyang bae |  
Ki Marêbot wus linggar tumuli |  
lan kaumirèki |  
angundhangi gupuh ||
14. Jatiswara wuwus sêmu wadi |  
kadipundi ingong |  
apan (n)jajaluk duraka bae |  
ing jatnipun ta kadipundi |  
Ragamana angling |  
wus anèng sirèku ||
15. Aja ana kang tinahan ugi |  
jêbèng anak ingong |  
apan sampun anèng sira dhewe |  
Jatiswara alon dènnira ngling |  
paman nêdha ugi |  
pamulangirèku ||
16. Mapan wontên pan ujaring Dalil |  
pilih-pilih uwong |  
ingkang awas maring Pangeranne |  
mapan gêdhe dosaniku ugi |  
iku sun-miyarsi |  
Jatiswara muwus ||
17. Atut paman yèn mangkana ugi |  
pamiyarsaningong |  
Ragamana nambungi sabdane |  
yata wus wikan sêmuning wadi |  
Ki Jatiswarèki |  
alon èsêmipun ||

Jilid 12 - Kaca : 267

18. Kaumira kabèh padha prapti |  
Ragama-nabda lon |  
pan ta padha kukulaka kene |  
awarta-a ing laku ta ugi |  
mumpung ana iki |  
ingkang sampun luhung ||
19. Mundhak kathaha kawruhirèki |  
ngalapana gupoh |  
ing sapangat pan mundhak kawruhe |  
sumadinah(?) bapa ingsun iki |  
maksih kurang ugi |  
ing kawruhirèku ||
20. Datan wikan ing jatine ugi |  
sabat matur gupoh |  
lah ta nêdha manira jatine |  
pinarênga mundhak kawruhnèki |  
mugi ingsun ugi |  
dèn-idhêpna kawruh ||
21. Jatiswara anauri aris |  
têmên panêdhèng-ngong |  
anggêguru sajatine mangke |  
karane jêbèng tingkah puniki |  
kongsi awak-mami |  
tumêkèng sapurug ||

Jilid 12 - Kaca : 268

22. Dening utama laku anênggih |  
singgih pilih uwong |  
ingkang purun narajang kunthunge |  
amêgata balabar sirèki |  
dadya ibu ugi |  
tan sinungan wêruh ||
23. Apan katungkul angolah tulis |  
kang dèn-atos-atos |  
mung Kitabe tiningalan bae |  
tanpa gawe nyêkêl Kitab ugi |  
Jatiswara angling |  
èsême lir madu ||

### **715 Dhandhanggula**

1. Jatiswara wuwuse amanis |  
kadipundi karsa pakênira |  
laku ingkang sajatine |  
dadine laku iku |  
lawan paran dadine iki |  
nora kalawan sastra |  
kang jati puniku |  
yèn nora lawan sêmbahyang |  
kadipundi Ki Ragamana nauri |  
dadi lawan duraka ||

2. Upamane kang sarengat iku |  
 kadyangga-ning wong ulah sasawah |  
 anggaru maluku rêke |  
 karya lèlèrannipun |  
 yèn wus dadi tumrap kang wiji |  
 wiji pan saking ing Hyang |  
 ngèlmu arannipun |  
 mangkana dèn-tandurana |  
 yèn wus dadi lèlèrannipun sajati |  
 mangka dèn-banyonana ||
  
3. Inggang pundi rêke banyunèki |  
 inggang toya ta rêke punika |  
 pangucaping wiji rêke |  
 Ragamana amuwus |  
 dipun-nyata ing rèhirèki |  
 iku minangka toya |  
 ngèlmining Hyang iku |  
 kalawan asangu aran |  
 sampun kandhêg ing sêmbah kalawan puji |  
 yèn ayun wruhing paran ||
  
4. Yèn pinuwung sarengat puniki |  
 ingaranan rêke maksih bakal |  
 dèrèng wikan ing jatine |  
 nyatane maksih bingung |  
 ing nyatane tan wruh ing jati |  
 dening amisih bakal |  
 sangsaya kalurung |  
 misih kandhêg tatakrama |  
 pasthi gampang yèn kinarya papan-tulis |  
 manira amiyarsa ||
  
5. Upamane ing laku puniki |  
 yèn katêkan kadi amimitra |  
 sarta lawan jarumane |  
 mapan jaruman iku |  
 yèn tininggal kathah ngirèni |  
 dhingin kalawan sastra |  
 pan ping kalhipun |  
 jaruman kalawan badan |  
 ping tigane jaruman Eroh puniki |  
 iku dadining lampah ||
  
6. Jatiswara alon anauri |  
 kasinggihan karsa-pêkênira |  
 sambada lawan têngêse |  
 angèl ujar puniku |  
 lamun dudu jarumanèki |  
 iku marga sampurna |  
 kanugrahan kawruh |  
 wontên kari jakat badan |  
 pira-pira larane dènnya nglampahi |

Jilid 12 - Kaca : 269

coba lawan bancana ||

7. Kang duraka ta kadi punapi |  
kang ingaran lampah kang sampurna |  
punapa rêke têngêse |  
Ragamana amuwus |  
nênggih rêke manira manggih |  
iku mulane awas |  
ananing Hyang Agung |  
sawuse kêna ing coba |  
iya iku mulane duraka jati |  
manira amiyarsa ||
8. Apan wontên ing ujar ing Dalil |  
anukupi coba lan rêncana |  
damare wong Arab rêke |  
iku manira ngrungu |  
Jatiswara alon nauri |  
nyata lamun mangkana |  
ing wuwus puniku |  
sabate padha angucap |  
kadipundi jatining warta puniku |  
manira mas tan wikan ||

### **716 Maskumambang**

1. Nênggih wontên anake wadon sawiji |  
dene wistanira |  
Ni Sakati yu linuwih |  
ayu anom dèrèng krama ||
2. Pan akathah wong anglamar samya bali |  
mring Ni Sakati ka |  
nèng têpas dènnira linggih |  
lan arinira satunggal ||
3. Tansah tinurunan arinira mangkin |  
ngarsaning ibunya |  
ing nguni bêngi sun-ngipi |  
aturu lawan wong lanang ||
4. Anging biyang sampun ngandika baribin |  
manawi amirsa |  
mring rama pasthi sun isin |  
ibunira aris mojar ||
5. Bokmanawa têmên ipèn iku ugi |  
lan sun-pajarana |  
dèn-tetela kang sayêkti |  
tan adoh lan jatinira ||
6. Ni Sakati alon tutur ipènnèki |  
biyang wong punika |  
kang katon jro supènnèki |  
patute mèmper si rama ||

7. Jatiswara punika wastane singgih |  
kang katon jroning tyas |  
lawan Ki Jatiswarèki |  
katon sumandhing anendra ||
8. Malah mangkin biyang masih dadi ati |  
tansah awèh rimang |  
Ki Jatiswara wong sigit |  
katon sapari-polahnya ||
9. Ibunira gumuyu pan sarya angling |  
anakingsun baya |  
mandah wêruha sayêkti |  
dening brangta ing supêna ||
10. Ni Sakati ibunira dèn-jiwiti |  
biyang atiningwang |  
bungahe kapati-pati |  
pinuliran lambenira ||
11. Ibunira gumuyu pan sarya angling |  
anakingsun sira |  
apan sêdhêng wus birai |  
Ni Sakati nulya mêdal ||
12. Saking wisma ulate asawang sasi |  
asêngkang kancana |  
sisinom mijil awilis |  
remanira ngandhan-andhan ||
13. Pan ing wayah sirêping janma pra sami |  
lanang wadon samya |  
sirêp kabèh samya guling |  
Ni Sakati mudhun enggal ||
14. Panggonanne Jatiswara dèn-paranni |  
tan ketang ing wirang |  
têka sumandhing alinggih |  
pan sarwi atur pawohan ||
15. Lah nginanga kakang-êmas jatining sih |  
ingsun (ng)gantênana |  
mara iki kadipundi |  
atiningsun cipta-cipta ||
16. Mung andika kang katon jroning kang galih |  
paran wisayanya |  
wikan maring awak-mami |  
warassêna dèn-waluya ||
17. Mara iki lara têka ing sirèki |  
angling Jatiswara |  
amicorèng jroning galih |

Jilid 12 - Kaca : 270

raganingsun duk agêsang ||

18. Pan akathah bêncana saindêngnèki |  
anulya angundang |  
lah Cili lunga-a yayi |  
kang rinêksa ing bancana ||
19. Iku mapan dadi bênduning Hyang Widdhi |  
agawe cilaka |  
wus mantuka kusuma di |  
dèn-wikan ing èstrinira ||
20. Iya kakang karsanira angaranni |  
mangsa ta dèdèya |  
têka ing karsanirèki |  
ingsun iki wêlasana ||
21. Ing sakarsanira ingsun tan amulih |  
lah suwawi kakang |  
umantuk ing wisma aglis |  
sampun dangu anèng (n)jaba ||
22. Manawi kauningan mring rama mangkin |  
suwawi mring wisma |  
tan purun kesah ing ngriki |  
siyang ratri tan suminggah ||
23. Jatiswara nauri sabdanira ris |  
kèmêngan ing driya |  
lah ta Cili ari-mami |  
kusuma yu pagulingan ||
24. Gya kinanthi Ni Sakati lon lumaris |  
wus prapta ing wisma |  
anjujuk ing jinêm-wangi |  
tan adangu tangkêp gubah ||
25. Ni Sakati manahe bungah kapati |  
têka pyuh ujarnya |  
kakunge tansah dèn-jawil |  
dèn-parêk kakang alênggah ||
26. Anglanggati Ki Jatiswara mrêpêki |  
alênggah ajar |  
ingaras-aras arungih |  
sarya ngayuh payudara ||
27. Tansah dèn-rarêpa anèng tilam-sari |  
sawusnya mangkana |  
mèh raina wayahnèki |  
apan wayah tabuh tiga ||
28. Alon wungu wau ta ingkang karon-sih |  
marang ing patirtan |

Jilid 12 - Kaca : 271

kêtêmu arsa susuci |  
karsanira pan sêmbahyang ||

29. Wusnya bakda samya linggih ing surambi |  
alon Jatiswara |  
karsanira arsa pamit |  
marang ing Ki Ragamana ||

30. Ragamana gupuh-gupuh dènnira-ngling |  
lan babo nak-ingwang |  
aja lunga têka ngriki |  
têka wisma-a nèng kamal ||

### 717 Sinom

1. Manira arsa mit kesah |  
Ki Ragamana mangkya angling |  
aduh nyawa anak-ingwang |  
punapa karsanirèki |  
ayun dhatêng ing pundi |  
sampun kesah anak-ingsun |  
asru pangampahira |  
gilang pasir kari sêpi |  
dalêmira asamun sêpi asunya ||

2. Yyan sira ta mangkoa |  
supaya manira iki |  
dadosa anak-manira |  
lêng-lêng sakèh wong ing ngriki |  
nêhêr kang sida brangti |  
sampun lèngsèr dènnya lungguh |  
lumaris lampahira |  
katiwang-tiwang samargi |  
wus alêpas tan kandhêg ing lampahira ||

3. Lumampah sarya lon-lonan |  
dening marga limut wêrit |  
tan etang ing wana pringga |  
dening lampus manahnèki |  
sira subrangtèng Widdhi |  
birai marang Hyang Agung |  
rêna satitahing Hyang |  
warnanên kang kari agring |  
Ni Sakati kalawan Ki Ragamana ||

Jilid 12 - Kaca : 272

4. Ênêngna kang anggung brangta |  
Jatiswara kang winarni |  
kang lagya antuk nugraha |  
lampahe tansah ing wukir |  
tan arèrèn ing margi |  
raina wêngi lumaku |  
kandhêg mangu ing marga |  
sumêngka lampahirèki |  
pan sadina lampahe datan araryan ||



5. Wus lêpas ing lampahira |  
narajang parang asungil |  
anut ing têtining arga |  
wus tumurun sing marga writ |  
sampun ngungkang jaladri |  
asri wau kang kadulu |  
lampah kalunta-lunta |  
prapta têtining jaladri |  
apan wontên dhukuh asri katingalan ||
  
6. De kang darbeya samodra |  
Kyai Sèh Baka anênggih |  
panggènanne anèng guwa |  
punika tansah prihatin |  
tan mangan tan aguling |  
nèng guwa têtining ranu |  
warna tan kadi janma |  
singa myarsa sami wingwrin |  
ing padhukuhane Kiyai Sèh Baka ||
  
7. Pilih ta ingkang uninga |  
maring Ki Sèh Baka lêwih |  
singa kang arsa uninga |  
pan tapa puniku dhingin |  
yèn tan atapa ugi |  
pilih uwong kang awêruh |  
yata Kiyai Baka |  
wus ngawruhi polahnèki |  
maring wau saosiking Jatiswara ||
  
8. Tan ana samaraneya |  
sira Ki Jatiswarèki |  
umure pan satus warsa |  
datan abukti aguling |  
mung patra kang binukti |  
sajêge umur puniku |  
iku tan mawa brama |  
têmên tahan lampahnèki |  
têmên tahan puniku lampah utama ||
  
9. Yata sira Jatiswara |  
apan maksih anglumaris |  
wau ta ing sêdyanira |  
arsa ngampir-ampir margi |  
anulya alêstari |  
umampir mandhêg ing pintu |  
yata wontên wijilan |  
puniku amêgat warih |  
sitinira alêbak parang pancuran ||
  
10. Kumrusuk swaraning toya |  
panggènanne langkung asri |  
kacaryan Ki Jatiswara |  
Ki Sèh Baka mulat aris |  
yèn wontên tamu prapti |

bagus anom warnanipun |  
dangu datan sinapa |  
alon Ki Jatiswarèki |  
Ki sèh Baka alon dènnya (ng)gula-drawa ||

Jilid 12 - Kaca : 273

### **718 Dhandhanggula**

1. Anêmbrama ing tamunirèki |  
lah ta jêbèng sira lumajuwa |  
padha-a linggih ing kene |  
Jatiswara mituhu |  
lan anêdha marang Kiyai |  
Ki Sèh Baka madhapa |  
dènnira alungguh |  
punapa lanang sinêdya |  
lan ing pundi sasana ingkang kawuri |  
Jatiswara angucap ||
2. Jatiswara lingira amanis |  
tanpa wisma Kiyai manira |  
wong amoyang tanpa ênggon |  
tan wontên kang jinujug |  
wong kasiyan manira iki |  
aran Ki Jatiswara |  
saênggèn adunung |  
angucap Kae Sèh Baka |  
tan prabeda lanang lan manira iki |  
atut lan sabdanira ||
3. Ki Sèh Baka alon muwus aris |  
Jatiswara babo anak-ingwang |  
yèn sira arsa ing mangke |  
pawong sanak lan ingsun |  
mindha ina tuna ing budi |  
pun bapa atatanya |  
ing karsanirèku |  
punapa kang dera sêdya |  
anglalana amatèkkên raganèki |  
Jatiswara angucap ||
4. Anampani ing sêmunirèki |  
ing rarasannira Ki Sèh Baka |  
manira anêdha rêke |  
sabda tuwan puniku |  
kang sun-têdha raina wêngi |  
êndi ta coba tuwan |  
Ki Sèh Baka muwus |  
Ki Lanang sun-têdha sira |  
lamun sira atakon cobaning Widdhi |  
malêbuwa jro guwa ||
5. Ing jro guwa samarre kapati |  
pilih-pilih lanang kang wikanna |  
pan ana sosotya rêke |  
tan sirna yèn sira wruh |

lah pundhutên gawanên mijil |  
Jatiswara angucap |  
lah anêdha têngsun |  
ing pundi marganing guwa |  
Ki Sèh Baka amuwus wacana manis |  
lah bapa mareneya ||

6. Ki Sèk Baka yata muwus aris |  
lah ta iku margane kang guwa |  
lawang mênga minêb dhewe |  
pilih-pilih kang wêruh |  
bangkit têmên kang anginêbi |  
iku ta kawruhana |  
dèn-awas andulu |  
ing guwa kang katingalan |  
gêbyar-gêbyar gêbyare awor lan thathit |  
sigra malêbu guwa ||
7. Têkèng guwa wijil kang kariyin |  
nulya pindho wijil kaping tiga |  
prapta tundha kaping pate |  
têkèng wijil ping pitu |  
aningali padhang nêlahi |  
ana mancur katingal |  
Jatiswara mangu |  
apikir ing nalanira |  
anênêdha ing Sukmanira kang asih |  
ing dunya ing akerat ||

8 (Ki Bayi Panurta gêrah mbadal saliring usada)  
IV. Ing Wanamarta, Ki Bayi Panurta gêrah mbadal saliring usada. Ing kaênêngan Sèh Amongraga rêraosan kalihan Ni Selabrangti bab gêrahipun Ki Bayi, sampun ndungkap dumugi janjinipun lan sakalangkung ngajêng-ajêng dhatêngipun Ni Selabrangti. Lajêng sami mahawan dhatêng Wanamarta, Sèh Amongraga nguntapakên sedanipun Ki Bayi Panurta, lajêng kasusul dening sedanipun Ni Malarsih. Gègèr têtangisan, layon kalih lajêng karukti sae lan kasarèkakên ing sawingkinging masjid. Jayèngrêsmi nggêntosi kalénggahanipun Ki Bayi Panurta, kabiyantu dening Jayèngraga ingkang nyêpêng paprentahan dhusun ing sadintên-dintênipun. Sasampunipun para tamu sami wangsul, Ki Bayi Panurta kambuh gêrahipun, mbadal sakathahing usada. Watawis sawulan sampun botên karsa dhahar. Bilih sare tansah gêmremêng botên cêtha kadosdene ngucapakên namaning putranipun Nikèn Tambangraras. Ing kaênêngan Sèh Amongraga sampun pirsu bilih Ki Bayi sampun ndungkap sedanipun lan tansah ngarsa-arsa putra putrinipun. Mila Sèh Amongraga lan Ni Selabrangti lajêng dhatêng ing Wanamarta. Sèh Amongraga nguntapakên sedanipun Ki Bayi Panurta. Sarêng Ni Malarsih mangêrtos kakungipun seda, sanalika lajêng kantaka dumugi ing sedanipun. Mila sampun ubaya bilih badhe sarêng ing sedanipun. Gègèr têtangisan, layon kalih sami karukti lan kasarèkakên ing sawingkinging masjid.  
Kaca 274 – 287.

8. Jatiswara asru pikirnèki |  
 ingkang cahya wau sampun ilang |  
 guwa padhang pêtêng manèh |  
 yata sru manahipun |  
 Jatiswara limput ing ati |  
 dhuh katuwone ingwang |  
 nalanira kanyut |  
 karasa-rasa tan pègat |  
 saya asru ragane pinrih ngêmasi |  
 yèn jinurung ing karsa ||
9. Wus jinurung ing karsaning Widdhi |  
 Jatiswara praptèng wijil sanga |  
 sotya kapanggih ing rêke |  
 ana linggih pitêkur |  
 Jatiswara dèn-pitambuhi |  
 dening sosotya mulya |  
 kewran manahipun |  
 KI Jatiswara angucap |  
 ing ciptane punika osiking ati |  
 mèsêm sosotya mulya ||
10. Jatiswara anggraitèng ati |  
 paran marma ika angucapa |  
 ingsun asaloka rêke |  
 ing jro guwa puniku |  
 paran baya isine ugi |  
 lan pira warnanira |  
 yèn tan wruha iku |  
 kudu-kudu anèng guwa |  
 yèn wêruha ing raga rêke puniki |  
 iya guwa sampurna ||
11. Ingsun iki midêr andêr-pati |  
 durung wikan bakaning sarira |  
 sajatining jati rêke |  
 baka-baka puniku |  
 ingkang baka ta kadipundi |  
 ingkang baka punika |  
 Ki Sèh Baka iku |  
 sajati jatining baka |  
 durung jati yèn tan wruha rupanèki |  
 lamat dèrèng sampurna ||
12. Anèng guwa sirnaning anêpis |  
 pispi ênêng ênênge kewala |  
 tur ta dèrèng wruh jatine |  
 êndi ramon(?) puniku |  
 ing atapa prapta sirèki |  
 ing êndi pispi-nèka |  
 ing guwa puniku |  
 yèn sêpi durung sampurna |  
 ingkang prapta yèn rame agêlis iki |  
 ujure kang anggula ||

13. Pan cinatur lampahirèng nguni |  
Jatiswara dènnira lalana |  
adrèng ngupaya arine |  
Sajati parabipun |  
mangkya panggih ingkang linuri |  
wus luhung salin aran |  
Ragasmara masud(?) |  
anyisma(?) Ni Selabrangta |  
wus pamitan ingajak wangsul nagari |  
angrèbat nagri Cêmpa ||

Jilid 12 - Kaca : 275

14. Sang kalih wus biniyantu dening |  
para kadang santana myang wadya |  
anundhung maring ratune |  
nanêka prajanipun |  
ing Pratokal ingungsir bali |  
asor prabawèng yuda |  
asrah putrinipun |  
anungkul nata taruna |  
madêg aji Jatiswara turun kaki |  
Ki Sajati patihnya ||

15. Kunèng ingkang wus umadêg aji |  
Jatiswara nèng nagari Cêmpa |  
Prabu Satmata juluke |  
Sajati pathipun |  
tata-harja ingkang nagari |  
adil aparamarta |  
ing pamêngkunipun |  
menak tyasnya wadyabala |  
de winêngku ing nata adil martani |  
satuhu waliolah ||

16. Pan wus krama kakalihirèki |  
kèh garwane sang nata wanudya |  
ayu endah suwarnane |  
kalangkung muktinipun |  
anutugi mangun karêsmin |  
sih lulut para garwa |  
mamarune rukun |  
sangking bangkiting narendra |  
dènnya amèt sihira kang para sori |  
wasis ulah asmara ||

17. Kawuwusa caritaning nguni |  
ing karajan nênggih Wanamarta |  
dèrèng lami antarane |  
wangsulira pra sunu |  
Jayèngraga lan Jayèngrêsmi |  
saking ing Wanantaka |  
wangsulira wau |  
wus wangsul ing kasunyatan |  
lan kang ipe Sèh Mongraga datan lirip |

laraping rèh sopana ||

18. Gangsal warsa raharjaning janmi |  
Wanamarta tan ana kawarta |  
tinunggu para gurune |  
Ki Bayi Panurtèku |  
sru angêmong marang ing santri |  
ajrih asih sadaya |  
tyasira sumungku |  
marang Ki Bayi Panurta |  
mung sakêdhik kang antuk buntasing ngèlmi |  
wulanging para putra ||

19. Kacarita kèh kadang kang lalis |  
para tuwa titiga wus lena |  
Ki Sêmbagi lan arine |  
kantun gangsal kang sêpuh |  
kadangira wau Ki Bayi |  
mangkana kang winarna |  
nênggih gêrahipun |  
Kiyai Bayi Panurta |  
nandhang roga madal saliring usadi |  
kongsi antara lama ||

20. Ni Malarsih sru sungkawèng galih |  
mulat marang gêrahe kang raka |  
dhasar wus sêpuh wancine |  
tan arsa nadhah nginum |  
jroning cipta ingkang pinusthi |  
amung putra Ni Rara |  
Tambangraras iku |  
lan garwa Sèh Amongraga |  
pinrih prapta saking onênging kapati |  
manawi dadya tamba ||

Jilid 12 - Kaca : 276

21. Tigang candra gêrahe Kiyai |  
datan suda malah wimbuh lupa |  
ngalayung lapa anggane |  
pra kadang samya tugur |  
sarta putra kalih nênggani |  
giliran pra santana |  
siyang dalunipun |  
jalu èstri wus tinata |  
kakancuhan dènnira sami nênggani |  
titindhah para kadang ||

22. Kang ngladèni wau (n)Jêng Kiyai |  
Ni Malarsih lan mantu kalihnya |  
kang tansah anèng ngarsane |  
ring ratri akapuluh |  
Ni Turida lan Rarasati |  
ketang mirmaning nala |  
marang mara-sêpuh |  
mulat pucating wadana |

asru nglayung sawang kunarpa (n)Jêng Kyai |  
wus dangu tan ngandika ||

23. Nahan ingkang nandhang nawung wingit |  
Kyai Bayi Panurta sakadang |  
miwah pra putra mantune |  
sadaya bela wuyung |  
datan ana kasukan sami |  
silêp sêpên asunya |  
tan ana sumêngkung |  
tidhêm krajan Wanamarta |  
tan kapyarsa sabawa têrbang lan gênjring |  
tanapi kalênèngan ||
24. Saking dènnya bela gung wiyadi |  
mring gêrahe Ki Bayi Panurta |  
dadya wong sakrajan mangke |  
tan ana sukèng kalbu |  
darbe karya parlune siwi |  
tan amawi sabawa |  
amung (m)buru pêrlu |  
tidhêm tanpa pamiwahan |  
sinamayan kasukanira ing wuri |  
kalamun wus aludhang ||
25. Sigêg ingkang sami nawung kingkin |  
wong ing krajan Wanamarta mangkya |  
wau kang nêng kanêngkane |  
sasana sang Mongluhung |  
lawan garwa Ni Selabrangti |  
ris pangandikanira |  
dhuh yayi sun-dulu |  
para kadang Wanamarta |  
waktu mangkin sami kandhahan wiyadi |  
gerahe ramanira ||
26. Baya uwus wangkiting pinasthi |  
Kyai Bayi wangsul kamulyannya |  
mung yayi sira dèn-ame |  
sangking onênging kalbu |  
paran mangkya karsanirèki |  
miwah ingkang pamawas |  
apa ta wus jumbuh |  
matur Nikèn Tambangraras |  
datan pae lawan paduka sayêkti |  
saking paningal-amba ||
27. (n)Jêng Kiyai wus arsa mungkasi |  
alam kabir ngancas ing kasidan |  
mung cipta anganti mangke |  
rawuh paduka tuhu |  
pinrih nguntapakên ing pati |  
ywa kongsi sêmang-sêmang |  
pamawasing kalbu |

Jilid 12 - Kaca : 277

- Sèh Amongraga ngandika |  
 adhuh yayi apa wus wantala yêkti |  
 nguntapêna (n)Jêng Rama ||
28. Yèn kadangon satuhu kaswasih |  
 (ng)gènnira gung anandhang roga |  
 lamun wus rila sira-nggèr |  
 dèn-tawêkal ing kalbu |  
 kudangane yayah lan bibi |  
 maring suta wanudya |  
 (ng)gumatèni tuhu |  
 duk kalane nandhang roga |  
 bubuhane suta pawèstri sayêkti |  
 mangka walêsing trêсна ||
29. Wruhanira têmebe iku yayi |  
 ibunira prasêtya nut lena |  
 pan wus dadi pangidhêpe |  
 marmanta aywa giyuh |  
 ing tyasira nêmebe nungkuli |  
 lenane yayah rena |  
 utamèng tumuwuh |  
 antuk nugrahaning Sukma |  
 kudangane wanudya bêkti ing laki |  
 muksa barêng sadina ||
30. Duk miyarsa wau Selabranngti |  
 andikaning raka kang mangkana |  
 tumungkul nahên waspane |  
 ketang ing trêsnanipun |  
 yayah-rena ingkang langkung sih |  
 salami pamongira |  
 mring putra sang ayu |  
 tinurut ingkang paminta |  
 datan kongsi kacuwan saking panggali |  
 mangkyarsa tinilara ||
31. Sèh Mongraga angandika aris |  
 adhuh nyawa mugè di-santosa |  
 tyasira ing mêngko anggèr |  
 wus jamake wong iku |  
 urip anèng dunya puniki |  
 pindha mampir ing desa |  
 kandhêg adhudhukuh |  
 tan lami tinilar lunga |  
 wangsul marang prajanira kang sajati |  
 mulih mulya pinanggya ||
32. Ya pagene sira wus udani |  
 purwa madya wasananing gêsang |  
 ing awal miwah akire |  
 sadaya wus sumurup |  
 têka (n)dadak kogèl ing galih |  
 dhuh yayi ramanira |  
 gêrahe wus dangu |



rusaking kang sarira |  
baya têtah karya rusaking tyas êning |  
bawur pamawasira ||

33. Lah ta mara parêngan tutuwi |  
mèt wêkasan pamarêming prana |  
aywa yayi ing kasuwèn |  
mamêlas raganipun |  
duk miyarsa Ni Selabrangti |  
gadgadeng tyas sanega |  
ambirat tyas wuyung |  
nulya aris aturira |  
dhuh pukulun suwawi amba umiring |  
sampun sandeyèng driya ||

Jilid 12 - Kaca : 278

34. Langkung suka Mongraga nut myarsi |  
ing aturing garwa wus siyaga |  
tan wangwang malih nalane |  
samana sigra laju |  
mêsat marang Wanamartèki |  
kawuwusa samana |  
malêm Sukra nuju |  
ing wancine bakda Ngisa |  
Kyai Bayi Panurta saya ngranuhi |  
kadya praptèng antaka ||
35. Para kadang putra garwa sami |  
pêpak tugur ana ing pandhapa |  
ingkang cêlak nèng gubahe |  
Ni Malarsih nèng ngayun |  
mantu kalih ingkang ngladosi |  
Rarasati Turida |  
kang tansah nèng ngayun |  
lan kalih putrane priya |  
para ari gangsal sami ngirid rabi |  
cakêt marêg ing tilam ||
36. Jayèngraga miwah Jayèngrêsmi |  
Ki Panukma Panamar Suwarja |  
Wiradhustha Ki Wiryane |  
kalangkung wlas andulu |  
maring raka gêrahirèki |  
aris dènnya atanya |  
Ki Suwarja wau |  
maring Ni Malarsih ika |  
dhuh kakangbok pintên laminira mangkin |  
gêrahira kang raka ||
37. Ni Malarsih aris anauri |  
tigang lapan yayi gêrahira |  
raka-ndika prapta mangke |  
wiwite gêrahipun |  
Sukra Krêsna nênggih marêngi |  
wêdalannira raka |

jangkêp yuswanipun |  
suwidak sakawan warsa |  
amung kaot kawan wulan lawan mami |  
ngênèmi sawatara ||

38. Ki Panukma anambungi angling |  
ing salami gêrahe rakanta |  
dhahar punapa karsane |  
ingkang taksih kinayun |  
Ni Malarsih nauri aris |  
ing nguni dhaharira |  
bubur mawi madu |  
duduhing ayam kêlêman |  
nging sawulan punika tan ana bukti |  
amung tajin kewala ||

39. Miwah duduh êtim dara-piyik |  
ing watara samangkok sadina |  
datan arsa malèh-malèh |  
wedang ingkang kaunjuk |  
susuh paksi sandawa ugi |  
miwah kêmbang têmpayang |  
kalèngkèng cinampur |  
gêndhis arèn sawatara |  
mung sacangkir sadintên watara apti |  
liyan datan kinarsan ||

Jilid 12 - Kaca : 279

40. Langkung ngungun Ki Panukma tuwin |  
para kadang miwah para putra |  
Ki Panamar muwus age |  
mênggah usadanipun |  
raka-ndika punapa apti |  
angunjuk lolohira |  
Ni Malarsih muwus |  
yèn usada warni toya |  
pira-pira sakêdhik ingunjuk ugi |  
miwah bobok borèhan ||

41. Nging tan ana sudaning sasakit |  
lamun nendra kadi awacana |  
dede dalêmingan bae |  
nanging tètèh kang wuwus |  
angucapkên namaning siwi |  
Tambangraras winêca |  
anèng ing pamuwus |  
anggrantês laguning kata |  
nging tan cêtha wêdaling swara kapyarsi |  
gumrêmèng mulung swara ||

42. Wau ingkang samya amiyarsi |  
kadang putra mantu ipe samya |  
kalangkung angrês driyane |  
Ki Bayi tuhu lamun |  
onèng maring suta pawèstri |

dadya sadayanira |  
gya angèsthi kalbu |  
pênêt anggayuh sopana |  
Sèh Mongraga kalawan Ni Selabrangti |  
ingkang ciniptèng driya ||

43. Sruning mupit suhuling tyas dadi |  
ginêlêng mêsu ing pangèsthinira |  
samana madya ratrine |  
kawistara kang rawuh |  
Ki Sèh Amongraga lan swami |  
ririuh auluk-salam |  
wus lênggah nèng ngayun |  
Tambangraras jajar lawan |  
ingkang ibu kagyat putranira prapti |  
mèh supe anyabawa ||
44. Kadya anjrit sakala duk mèksi |  
marang putranira Tambangraras |  
manguswa pada ramane |  
adrês dera kapiluh |  
dangu dènya nungkêmi sikil |  
Sèh Mongraga sandhingnya |  
nguswa astanipun |  
sadaya mingsêr lênggahnya |  
sasalaman warata aganti-ganti |  
pra ari nguswa asta ||
45. Tambangraras mingsêr dènya linggih |  
maksih waspa nyêlaki ibunya |  
nulya anukup sukune |  
mangèstu padanipun |  
drêsing waspa kongsi ngêbêsi |  
mangkana Sèh Mongraga |  
ririuh dènya muwus |  
dhuh bibi miwah pra paman |  
yayi karo praptaningwang gung wiyadi |  
dadya wêkasanira ||
46. Ywa sungkawa sadaya puniki |  
titah namung nut karsaning Sukma |  
ri ratri kèntir iline |  
lir sarah munggèng ranu |  
kombak-kombul alun jaladri |  
ana wêkasanira |  
pangrurahing layu |  
ambirat ingkang busana |  
gagayuhan jasat saking Maha Suci |  
wus pantog karyanira ||
47. Nulya wangsul marang Maha Suci |  
karsaning Hyang sumewa ing dhampar |  
tansèng ngarsa pangadhêpe |  
kamulyan kang pinangguh |

- marma ugi dèn-rila sami |  
kamulyaning (n)Jêng Rama |  
ing mangke wus bastu |  
praptèng jangjine tumitah |  
datan kurang datan luwih (ng)gwan dumadi |  
mangsane tilar raga ||
48. Angèn-angèn ginèndholan sami |  
karya sêmang samaring wardaya |  
yêkti tan nana bêcike |  
ingkang arsa amurut |  
lir kacancang sukunya kalih |  
kang tinilar sadaya |  
karantaning kalbu |  
karya pêtênging paningal |  
raga lupa karasa sadaya sakit |  
luhung sami lilakna ||
49. Sa-antara sawusira angling |  
Sèh Mongraga nyêlak ingkang rama |  
ana ing kering prênahe |  
lênggah nèng salunipun |  
ingkang asta dipun-cêpêngi |  
sami kering kang asta |  
anulya tumêlung |  
kadya ambisiki karna |  
ingkang kering saksana wau Ki Bayi |  
asêgu babar layar ||
50. Nulya dhikir nut lêbu lan mijil |  
uswanira lir èngêt sakala |  
dhela-dhela ing èngête |  
nanging katungka laju |  
pangikise marang kajatin |  
pangrasanira lir nendra |  
wisata ngalangut |  
ninggiring Sèh Amongraga |  
alalana ananira jaman akir |  
lêyêp laraping angga ||
51. Sa-antara kumêclaping jisim |  
wus palastra Ki Bayi Panurta |  
wadana katon cahyane |  
sumilak asumunu |  
prabanira langkung nêlahi |  
mubal arum suganda |  
jro wisma amarbuk |  
miwah padhang tarawangan |  
lir kênyaring sasangka purnama siddhi |  
sadaya kêkês ing tyas ||
52. Sèh Mongraga dèrèng angingkiti |  
anèng keringira kang palastra |  
nulya anata astane |  
sidhakêp kalhipun |

ingkang kanan nèng pulung-galih |  
asta kiwa tumumpang |  
tumindhih puniku |  
kadya sidhakêping salat |  
kaotira ing kanan dipun-tindhihi |  
dening kering kang asta ||

Jilid 12 - Kaca : 281

53. Liyêpira kang netra nyarêngi |  
lawan tutuk ingkême samada |  
wus rapêt kêjêpe |  
padanira anjujur |  
palandhungan datan jinêpit |  
tumumpang ing wêntisnya |  
adhêkêt ing suku |  
jêjêg ujure kang sawa |  
mujur ngalèr wiwit gêrahnya Kiyai |  
Panurta wus lêgawa ||
54. Madya ratri sedane (n)Jêng Kyai |  
wus tetela (n)tuk nugrahèng Sukma |  
katon ana prabawane |  
ngalamat dadinipun |  
ingkang laku kasidan jati |  
lêgawa paramarta |  
sasama sih lulut |  
patitis praptèng wêkasan |  
Kyai Bayi nugrahane dunya akhir |  
datan kuciwèng patrap ||
55. Lêgèh lêga sèlèhing kang jisim |  
suka rêna lir mèsêm kang nitya |  
amung kadi sare bae |  
mangkana kang nèng ngayun |  
para kadang tanapi siwi |  
tyasira lir sinêndhal |  
marêgêl kang êluh |  
kawuwusa garwanira |  
Ni Malarsih kang nèng cakêtira linggih |  
lan Nikèn Tambangraras ||
56. Anggraita yèn raka wus lalis |  
putêking tyas kapêtêking driya |  
kabyatan nandhang wirage |  
ketang ing trêsnanipun |  
tuhu sêtya bêkti ing laki |  
Ni Malarsih salama |  
mring raka mituhu |  
anut saliring rèh priya |  
tan kumêdhap anyipta sarênga lalis |  
pinêntog jro wardaya ||
57. Nglêsing nala sumusup kalalin |  
liyêp lêpas angganya marlupa |  
kadya linolos ngalèlèh |

ngalumpruk kadya kapuk |  
pêgat-pêgat uswanirèki |  
kalaratirèng Sukma |  
sumalah aluyut |  
wus murcitèng kaênêngan |  
Tambangraras waspada gita nadhahi |  
saking pungkur sinundhang ||

58. Kadya sèndhèn isthanira linggih |  
suku kalih salonjor ngarêncal |  
gugup kakalih mantune |  
parêng dènnira nubruk |  
Ni Turida lan Rarasati |  
anyêpêng sukunira |  
kakalih pinangku |  
mangkana Malarsih nulya |  
mancal sigra saking dunya têmah lalis |  
layap lyêping netra ||

59. Wus tetela Ni Malarsih mangkin |  
lena labuh sarêng lakinira |  
sadaya langkung gidhuhe |  
Sèh Mongraga lon muwus |  
para paman miwah para ri |  
aywa guguping tindak |  
iku tan pakantuk |  
mapan wus pasthine samya |  
pedah paran tandangira briga-brigi |  
dipun-sarèh kewala ||

Jilid 12 - Kaca : 282

60. Wus tetela rama miwah bibi |  
samya tilar maring sagung putra |  
tanapi ing kadunyane |  
eklasing (ng)galih luhung |  
paran malih dipun-ulari |  
lêhêng sami (ng)galiha |  
pangruktinya wau |  
papan pasucianira |  
ingsun pasrah marang sira yayi kalih |  
ruktine samudaya ||

61. Jayèngraga miwah Jayèngrêsmi |  
mapanakên layone bu-nira |  
wus jinèjèr anèng bale |  
tinata ujuripun |  
tinuguran kang para ari |  
Basarodin samana |  
nèng (n)jaba angrungu |  
sabawa udrêging wisma |  
paksa malbu marang wisma duk ningali |  
layon maksih jinajar ||

62. Anggraita kalamun Ki Bayi |  
miwah garwa wus sarêng pralaya |

mangkya jinajar sawane |  
saksana Ki Pangulu |  
Basarodin anggros tan wigih |  
andheprok anèng jogan |  
panangise asru |  
Sèh Mongraga lawan garwa |  
sigra nilap marang panêpèn ing wuri |  
mangkana kang tinilar ||

63. Wus tan nana ingkang dèn-sigèni |  
lir ambêdhah kang tirta bêbêgan |  
parêng karuna kabèhe |  
mangkana kang rumungu |  
para kadang santana sami |  
kang tugur nèng pandhapa |  
gumrudug lumêbu |  
mring wisma bela karuna |  
mulat ingkang layon karo dèn-tutupi |  
sasambat ngaru-ara ||

64. Jalu èstri sadaya wus prapti |  
giyuh umyung swaraning karuna |  
lir gêrah jro padalême |  
wus tan kêna binêndung |  
baya iku rêngganing lalis |  
sêdhêpe tinangisan |  
lêganirèng kalbu |  
pakurmate wong pralaya |  
satêmêne iku malah amêtêngi |  
margane anèng makam ||

65. Lamun nora akèh kang nangisi |  
anglairkên gêtuning wardaya |  
kagugah mring sungkawane |  
wau ta sang Mongluhung |  
nabda maring paman myang ari |  
dhuh aywa tinangisan |  
kang murwèng (n)don luhung |  
luhung nuli angruktiya |  
-ing pasucèn aywa kadawa anangis |  
gadgada kang liningan ||

Jilid 12 - Kaca : 283

66. Kèndêl dènnya sami anangisi |  
gya rumagang pra kadang lan putra |  
Mongraga wus wangsul age |  
marang panêpènipun |  
lawan garwa Ni Selabrangti |  
samyang tangat palilah |  
sakalih wus junun |  
ananêdha ing Hyang Sukma |  
sampurnaning ibu rama ingkang lalis |  
sinunga marga padhang ||

67. Lawan lêga jêmbaring pangaksi |  
dipun-eklas saciptaning driya |  
ruwat sagung kasmalane |  
cedanira ing kalbu |  
sinukcèkna ing dunya iki |  
ywa kongsi karahatan |  
lêkêting kalulun |  
kawuwusa pra santana |  
miwah putra rumagang ing kardi |  
sami mijil ing (n)jaba ||

### 719 Mijil

1. Ni Turida miwah Rarasati |  
gung sungkawèng batos |  
lawan sagung santana èstrine |  
nambut-karya sarwi dènnya nangis |  
kang waspa drês mijil |  
tarlèn sênggruk-sênggruk ||
2. Wênèh ana ingkang niba tangi |  
tangise (ng)galolo |  
kalèsèdan kêkitrang tangise |  
gugulungan galungsar anangis |  
ana ringik-ringik |  
kang ngiyêng angguguk ||
3. Langkung ramya swaranirèng tangis |  
sasolahe kang wong |  
santri Luci anabuh gêndhonge |  
têtêg kaping tiga kang tinitir |  
sung pratandha maring |  
sagung santrinipun ||
4. Lamun ana karya kang wigati |  
kapyarsèng sagung wong |  
gora andhar ngumandhang swarane |  
langkung gugup kang sami miyarsi |  
gupuh amiranti |  
nungsung wartanipun ||
5. Wus anduga lamun Kyai Bayi |  
praptanirèng layon |  
ninging tan nyana yèn sarêng Nyaine |  
Ni Malarsih ingkang bela lalis |  
marma sagung santri |  
duk myarsa sru ngungun ||
6. Sami (n)jêtung gumunne tan sipi |  
dadya dhêlog-dhêlog |  
wênèh ana kang asru tangise |  
ana ingkang mung (m)barêbês-mili |  
gêdrug-gêdrug siti |  
kèkèrog ambêkuh ||



7. Ketang sami sih trêsanirèki |  
(n)Jêng Kyai kang layon |  
mari-mirma dahat pangêmonge |  
maring para santri sadayèki |  
santri jalu èstri |  
tan wingang gégêtun ||
8. Dèrèng wontên ingkang nambut-kardi |  
saking anggung lamong |  
gya katungka ing têtêg unine |  
bêdhug masjid awal Subuh prapti |  
nulya Subuh sami |  
maring masjid agung ||
9. Mung amiji santri gangsal siki |  
ingkang nêngga layon |  
ngadhêp dupa kumêndhêng kukuse |  
mênyan madu cêndhana têngari |  
kayu garu minging |  
andêdêl ing kukus ||
10. Among pinèt parluning ngabêkti |  
rinancang kang Suboh |  
nulya wangsul sadaya ge-yage |  
byar raina marbangbang purwa brit |  
kumênjar kaèksi |  
nèng pucuking gunung ||
11. Bang-bang wetan sagung para santri |  
dinum karyaning wong |  
santri Luci lan karèrèhane |  
mèt piranti kinarya nucèni |  
kapat jêmbanganing |  
ingisènan ranu ||
12. Sabawaning wong kang nambut-kardi |  
jalu miwah wadon |  
tanpa ngucap ambêbêg waspane |  
silêp sêpi swaraning kang paksi |  
tan nana kang muni |  
kadya bela giyuh ||
13. Nèng wit-witan maksih samya mlangkring |  
lir ngungun tumonton |  
kwèh kukila angênês isthane |  
ambêdhodhog sinambi salisik |  
tan ngupaya bukti |  
andulu pijêtung ||
14. Anggarjita sagung para paksi |  
mulat mring sagung wong |  
ana paran iki ta wong akèh |  
maksih enjang samya nambutkardi |  
sinambi anangis |

tan nana amuwus ||

15. Baya Kyai Bayi angêmasi |  
marmane sagung wong |  
gung karuna iku saparanne |  
sruning trêсна marang (n)Jêng Kiyai |  
dènnira ngayomi |  
marang santrinipun ||
16. Barubahing Wanamarta dèsi |  
tyasira sagung wong |  
kadi datan antuk sasulihe |  
locitaning sagung para paksi |  
gya mèsat anêbih |  
ring pasabinanipun ||
17. Basarodin lawan katib kalih |  
anambut lalawon |  
ulêsira kang layon kalihe |  
tundha sapta lawon sami putih |  
wau kang parèstri |  
sêkar kang sinambut ||
18. Gugubahan myang sêkar kang sari |  
mlathi lan argulo |  
rarajangan kang pandhan wangine |  
kang kinarya isi lir tilamrik |  
kara-ulu guling |  
miwah isi kasur ||
19. Tan antara dangu wus miranti |  
pasucèning layon |  
kalih prangkat sanega prantine |  
nèng kumbaya bokor slaka sami |  
landha mêrang tuwin |  
toya sêkaripun ||
20. Kokosokan ingkang warni-warni |  
ron dalima kang nom |  
ron widara kumuning samane |  
tirta tawa nèng kalênthing kalih |  
minangka ngêdusi |  
siki sowangipun ||
21. Dhingklik panjang kang cakêt rinakit |  
sinandhing nèng kono |  
pan kinarya kadang linggihane |  
kang amangku jisime sinuci |  
wus pinatah sami |  
jalu èstrinipun ||
22. Jisim jalu ingkang ngupakardi |  
kadang priya kang wong |  
jisim èstri kang angrukti kabèh |

Jilid 12 - Kaca : 285

para kadang pawèstri wus prapti |  
sangkêp amiranti |  
samana gya rawuh ||

23. Sèh Mongraga lawan ingkang swami |  
sing panêpèn kulon |  
njênêngi yèku panyucinè |  
rama ibu kang tinuting pangling |  
sakèh kadang sami |  
nut parentahipun ||
24. Nulya dhawuh Ki Sèh Amongragi |  
marang ari karo |  
adhuh yayi punapi prantine |  
wus sanega kang kinarya suci |  
prayoga tumuli |  
sinucèna iku ||
25. Tur sandika ingkang rayi kalih |  
Jayèngrêsmi manggon |  
angling marang lilima pamanne |  
lah suwawi paman malbèng panti |  
angangkat Kiyai |  
rakanta karuhun ||
26. Ari gangsal ngangkat (n)Jêng Kiyai |  
Panukma nèng kulon |  
gya Panamar nèng tèpak ênggone |  
Ki Suwarja nèng lambung jinagi |  
Wiradhustha wêntis |  
Kulawiryia suku ||
27. Tan nyabawa kaangkat tumuli |  
wau ingkang layon |  
wusnya prapta nênggih ing unggyanne |  
pasiraman kang ngangkat gya linggih |  
ajajar nèng dhingklik |  
kang sawa pinangku ||
28. Ngungkang jêngku tumumpang nèng wêntis |  
ri gangsal kang caos |  
putra kalih anyirami age |  
Sèh Mongraga ingkang anuruhi |  
sing ulon lêstari |  
tumurun mring suku ||
29. Wali-wali dènnya anuruhi |  
nèng gayungira lon |  
Jayèngrêsmi lan Jayèngragane |  
kang ngosoki toya warni-warni |  
ron dalima tuwin |  
widara ronnipun ||

Jilid 12 - Kaca : 286

30. Lan kumuning sêkar toya wangi |  
warata kinosok |  
wus barêsih ing angga ujure |  
nulya Ki Sèh Mongraga muloni |  
kusuk lapal sukri |  
wului Allahu ||
31. Hu-akbaru mawantu kang warih |  
sing ulon kinocor |  
bibilasing tirta suci mangke |  
pinasatan lawan lawon putih |  
gya ingangkat sami |  
ring pulunanipun ||
32. Wong pipitu sutane pra ari |  
ngangkat ingkang layon |  
sinalahkên anèng busanane |  
pasrah marang Kiyai Basarodin |  
kang arsa ngulêsi |  
lawon tundha pitu ||
33. Gya sinumpêt sadaya lèng sami |  
lawan kapuk mawor |  
bubukaning candhana kayuning |  
gya binungkus wastra seta nuli |  
pipitu malipit |  
tinalèn pipitu ||
34. Ironing wastra tutup muka tuwin |  
tutup jaja karo |  
kang tinulis ing Arab sastrane |  
wus tarêtib sinêbaran sari |  
samana gya ganti |  
nênggih layonipun ||
35. Ni Malarsih ingangkat pra èstri |  
pipitu pra wadon |  
prapta prênah pinangku layone |  
paripeyan gangsal kang parèstri |  
siniraman nuli |  
mawarna kang ranu ||
36. Mujur ngetan sumalah ing jisim |  
kapat para wadon |  
mantu kalih wimbuh ing kadange |  
anggosok warata kang jisim |  
tiga kang nuruhi |  
kongsi sucinipun ||
37. Nyi Pangulu Basaruddin nuli |  
muloni kang layon |  
wusnya suci gya ingangkat age |  
wong pipitu sadaya pawèstri |  
miwah (m)busanani |

kalih Nyi Pangulu ||

38. Layon kalih sampun sami suci |  
pinasang amanggon |  
krêndha-sawa rinêngga kalihe |  
lurup sutra wastra seta adi |  
rinacut malathi |  
ginubah sadarum ||
39. Sèh Mongraga nulya anyalati |  
wau ingkang layon |  
para paman lan ipe makmume |  
samyak kadas sadaya miranti |  
nèng wetaning jisim |  
madhêp keblatipun ||
40. Anèng ulon prênah angimami |  
sipat pundhak layon |  
jèjèr kering kang makmum unggyanne |  
ngangkat niat imamnya rumiyin |  
usali-ngaladli |  
mayiti arbangu ||
41. Takbiratin lilahi tangali |  
allohu-akbar lon |  
gya Patekah binatin sarênge |  
kaping kalih takbirira sami |  
salawat (n)Jêng Nabi |  
nulya takbir têtlu ||
42. Salalahu ngalahi-salami |  
takbir salam mengo |  
ngiwa nêngên pan maksih adêge |  
gya dinongan sadaya ngamini |  
paragat salati |  
nulya sami mundur ||
43. Nulya pamit wau Sèh Mongragi |  
lan garwa sang sinom |  
ningit maring pasonyan dununge |  
wus salaman sadaya pra ari |  
pra paman anuli |  
wus nilap asamun ||
44. Ki Pangulu nulya ngatag aglis |  
arsa salat gupoh |  
Ki Panukma aris ing wuwuse |  
kang Pangulu yogyane puniki |  
salat janajahi |  
mangke bibaripun ||
45. Ing jam'ah kewala nèng masjid |  
saguning ponang wong |  
sasarêngan nênggih nyalatake |

Jilid 12 - Kaca : 287

wus sarujuk sadaya suwawi |  
kalawan wus mranti |  
gya ingangkat gupuh ||

46. Para kadang santana (n)Jêng Kyai |  
Wanamarta kang wong |  
kakêrigan umiringa kabèh |  
layonira Ki Bayi nèng ngarsi |  
ing wurine Nyai |  
karo layon laju ||
47. Gumarumung sadaya kang ngiring |  
salawatan alon |  
dhidhikiran samargi lampahe |  
wus sadhiya kaluwatnya kalih |  
nèng wurining masjid |  
prênah kidulipun ||
48. Lawan ingkang pangimamanèki |  
jinajar kang manggon |  
mujur ngalèr wau sakaliye |  
angulonkèn pangimaman sami |  
kang kulon Ki Bayi |  
wus sami kinubur ||

9 (Jayèngrêsmi nggêntosi kalênggahanipun Ki Bayi)  
Inkang katilar, putra sêpuh Jayèngrêsmi nggêntosi kalênggahanipun Ki Bayi.  
Sasampunipun sèwu dintênipun sawêg purun pindhah dhatêng dalêmipun Ki  
Bayi Panurta. Pangrèhing santri botên beda kalihan swargi ramanipun, kanthi  
trêsna asih, mila dipun sujuti. Paprentahan sadintên-dintênipun katindakakên  
dening Jayèngraga, tata titi tèntrêm.  
Kaca 288 - 292.

Jilid 12 - Kaca : 288

### 719 Mijil

49. Ingadanan sinarêng kakalih |  
kinamatan gantos |  
Basarodin arum ngrês swarane |  
katabêtan matrênyuhing ati |  
sadaya kang myarsi |  
kararantan wuyung ||
50. Ingurugan wau kubur kalih |  
mawa karas karo |  
kongsi mungkrug wau urugane |  
ingkang krêndha siningkirkên sami |  
sinêbaran sari |  
lir lurup angumbruk ||
51. Sarampunge dènnira ngurugi |  
Ki Pangulu manggon |  
lungguh anèng kubur antarane |  
dadaganing kang kubur kakalih |  
watara kapering |

gya talkim-irèku ||

52. Nutug tutug ucapirèng talkim |  
sadaya rumojong |  
angamini wau ing dongane |  
wus paragat sacaraning mayit |  
sadaya anuli |  
mundur wangsulipun ||
53. Mring pandhapa atata kang linggih |  
wau saguning wong |  
nulya mijil kang kandhuri gêdhe |  
dhudhulangang gotongang kandhuri |  
tinala maripit |  
jajar kapang kepeng ||
54. Kur-ungkuran tumpêngira sami |  
sinigar dadya ro |  
gya angingêr bêlah kakalihe |  
kukuluban kêbak angubêngi |  
lam-ulaman sami |  
mawarna atêpung ||
55. Nulya ngadêg wau Basaroddin |  
(n)dongani tumlawong |  
gumarênggêng aguyub amine |  
praptèng wêkas wau donga amin |  
anulya pra sami |  
ing kandhuri andum ||
56. Amoloni miwah nyapulahi |  
kang nadhah aroyom |  
dènnya wanting kukucur koboke |  
durung rêsik kasêlan nyowoki |  
tumpêngira nuli |  
rinurah pinuluk ||
57. Angucapah ingkang samya bukti |  
wau sakèhing wong |  
gya minuman kacu lalawone |  
binuntêlan arta suku tali |  
kêthip ingkang dadi |  
ing salawatipun ||
58. Wus warata antuk kacu sami |  
agêng aliting wong |  
jalu èstri datanapi lare |  
datan ana kaliwatan siji |  
nutug dènnya bukti |  
(n)dum barêkatipun ||
59. Gya binuntêl anèng kacu sami |  
kongsi ambareyot |  
nulya bubar sowangan ulihe |

- tan antara ing wanci nêngahi |  
 bêdhug masjid muni |  
 pra santri sumungsung ||
60. Inkgang adoh wismane tan kanti |  
 mantuk gya jumujog |  
 maring masjid ambêkta barkate |  
 ambalabar wong kang samya prapti |  
 (m)baludag surambi |  
 nêng ratar sor kayu ||
61. Wusnya sunat kang sukri wului |  
 sunat masjid kang wong |  
 nulya kutbah arum suwarane |  
 mangasiralira wa mukminin |  
 ingkang anèng jawi |  
 tan bisa arungu ||
62. Sawusira kutbah Basaroddin |  
 wacananira lon |  
 nêdha sakèh santri sadayane |  
 bar-jumungah pininta nyalati |  
 (n)Jêng Kyai lan Nyai |  
 kakalih kang lampus ||
63. Amiminta aksamaning Widdhi |  
 mrih wau sakaro |  
 ananggapi wau wong sakèhe |  
 nulya adan parlunira masjid |  
 tamat wusira glis |  
 samya salat parlu ||
64. Basaroddin ingkang angimami |  
 takbirira alon |  
 tundha-tundha ingkang nambungake |  
 anasibi kongsi praptèng (n)jawi |  
 mrih samya miyarsi |  
 parêng tindakipun ||
65. Paragating salat parlu masjid |  
 salamira karo |  
 sagunging wong nulya nyalatake |  
 ingkang mayit jalu lawan èstri |  
 rong rakangat sami |  
 rong salamira wus ||
66. Nulya bubar wau sakèh santri |  
 mring wisma ponang wong |  
 tan kawarna paragat parlune |  
 kang jama'ah lan layon kakalih |  
 wancinira lingsir |  
 wus sami anggambuh ||

## 720 Gambuh



1. Mangkana kang tinutur |  
Wanamarta nênggih krajan agung |  
sasedane Ki Bayi Panurta nguni |  
sarêng lawan garwanipun |  
putranira kang gumantos ||
2. Jayèngrêsmi pangayun |  
ambakoni ing pasantrènipun |  
analuri pamardine marang santri |  
kalangkung dènnira ngugung |  
marma sutrêsna sakèh wong ||
3. Mangkana pra tumênggung |  
siswanipun Ki Bayi sadarum |  
wus sinungan warta sedane (n)Jêng Kyai |  
marma kathah akikintun |  
panjurung ragating layon ||
4. Nanging datan winuwus |  
parincène wijanganing catur |  
mung Dipati Wirasaba kang maringi |  
kintaka palilahipun |  
nawala mangka wigatos ||
5. Lêstarinira turun |  
maring putra gumantya ing lungguh |  
mangagêngi guru ngaji ing pasantrin |  
dadya kang pangagêngipun |  
Jayèngrêsmi pinitados ||
6. Samana dadya bau |  
tuwanggana ing pasantrènipun |  
sabên ratri para santri kinèn ngaji |  
dadarusan Kur'anipun |  
sinunggata datan anggop ||
7. Nyamikan wantu-wantu |  
têngah dalu kandhurine mêtu |  
royom bukti para santri agêng alit |  
tan mêngdha ing sabên dalu |  
datan kêkurangan sugoh ||
8. Laminira winuwus |  
kongsi kawandasa dalunipun |  
pamungkasing kandhuri wilujêngnèki |  
kang tilar kadunyanipun |  
sumungku wau sagung wong ||
9. Kongsi petangan satu |  
arinira pinurwa kang lampus |  
pamumulèn winantu ing kang kandhuri |  
para santri rahabipun |  
angaji sucining batos ||

Jilid 12 - Kaca : 290

10. Tri ratri laminipun |  
 samya ngaji anèng (n)dalêmipun |  
 Kyai Bayi samana Ki Jayèngrêsmi |  
 dèrèng karsa ngalih malbu |  
 marang dalême kang layon ||
11. Sungkawanirèng kalbu |  
 dèrèng pulih maksih agagêtun |  
 sedanira kang rama miwah bu-nèki |  
 dèrèng wantala ing kalbu |  
 asru kararantan batos ||
12. Saking gênging panuwun |  
 kongsi pêndhak kapisan ingetang |  
 winangunan malih ingkang rudatin |  
 mumulih kandhurinipun |  
 angaji malih sagung wong ||
13. Dwi warsa pêndhakistanipun |  
 kang mumule angaji sadarum |  
 para santri sinunggata amênuhi |  
 rahabira tyas sumungku |  
 marang rèh wuri sang anom ||
14. Para paman angrapu |  
 sungkawaning pra putra linipur |  
 Jayèngrêsmi pinrih ngaliha tumuli |  
 mundhak kadadawa anggung |  
 amangun ingkang wirangwrong ||
15. Samana gya mituhu |  
 Jayèngrêsmi pindhah dalêm agung |  
 ambakoni sadaya santana sami |  
 ngayomi pra santrinipun |  
 duk prapta kang winiraos ||
16. Sèwu dina tinutup |  
 amumulèni layon wus tutug |  
 kèkahira sapi sadasa sinilih |  
 sadaya ingkang lalawung |  
 tan pinèt karyanirèng wong ||
17. Kinêtog kang susugun |  
 santri jalu èstri samya malbu |  
 pinrih ngaji kang wadon anèng ing wuri |  
 garwanira kang tinuduh |  
 lawan pra santana wadon ||
18. Ing pandhapa pra jalu |  
 santri ngaji sadaya gumuruh |  
 ingkang swara lir gêrah ngêbêki kuping |  
 arame umyung gumrumung |  
 gumrênggêng arum mring batos ||

Jilid 12 - Kaca : 291

19. Sabên raryyan anginum |  
 warna-warna pangunjukanipun |  
 wedang sêrbat pokak adulima mawi |  
 nyanyamikanira ngumbuk |  
 salayah cêpat wiyah wong ||
20. Rinayap nyamuk-nyamuk |  
 ginontoran wedang inum-minum |  
 nora lukak cèrètira dèn-êjogi |  
 kawandasa santrinipun |  
 ingkang piniji lalados ||
21. Parèstri ingkang tugur |  
 anèng pawon rumagang abikut |  
 ngraratèngi lah-olahan warni-warni |  
 tri ari dènnya anambut |  
 ramud sampat praptaning (n)don ||
22. Madya ratri gya mêtu |  
 gêgotongan kandhuri gung-ngagung |  
 sêkul wuduk kandhuri mawa pangiring |  
 ingkang lêmbaran markungkung |  
 ayam bèbèk banyak menthog ||
23. Nèng tabung kêmplung-kêmplung |  
 kimplah-kimplah santênira kanyut |  
 wus tinata pinarênca awaradin |  
 dinum ing sajuru-juru |  
 pinetang sagolong-golong ||
24. Basaroddin tinuduh |  
 andongani gadgada agupuh |  
 ngadêg pacak madhêp keblat andongani |  
 swara rum ngumandhang mulung |  
 paragat wangsul alunggoh ||
25. Ngacaran samya kêmbul |  
 amèt papan pra santri sadarum |  
 gogolongan mèt kancuh dènnira bukti |  
 ngucapah kokoh asêngkut |  
 lam-ulam cinarup awor ||
26. Sadaya sami nutug |  
 dènnya nadhah tan kêmba abikut |  
 takêr warêg wadhukira sami (n)jêmbling |  
 nulya cinarikan gupuh |  
 binarkat wuwungkus godhong ||
27. Wus sami bubar mantuk |  
 para santri jalu èstrinipun |  
 sasarêngan pra samya dènnira mulih |  
 samana wêkasing wuwus |  
 Wanamarta guru anom ||

Jilid 12 - Kaca : 292

## 721 Sinom

1. Nahan gantya kang winarna |  
kang anggung nahên wiyadi |  
Jayèngrêsmi Jayèngraga |  
sedaning rama lan wibi |  
samana kang gumanti |  
angrèh wong Wanamartèku |  
Jayèngrêsmi kang mangka |  
guruning sagung pra santri |  
jalu èstri pinardi ngaji sadaya ||
2. Anêtêpi sarakira |  
(n)Jêng Nabi Mustapa sami |  
anging paprentahan desa |  
tata-têntreming prakawis |  
Jayèngraga majibi |  
akarya pranatanipun |  
cara saraking Nata |  
sagung wong kang apapanti |  
laki-rabi cinarakakên agama ||
3. Miwah nut tataning praja |  
amrih widadaning jalmi |  
wasisira Jayèngraga |  
angrèh amirma sujanmi |  
tan nana kang rudatin |  
jrih-asih samya sumungku |  
wajib panatanira |  
caraning Wanamartèki |  
wimbuh arja satata rêngganing praja ||
4. Kunêng krajan Wanamarta |  
gantya kawuwusa malih |  
ingkang mahasêng sopana |  
mangkana Sèh Amongragi |  
lawan garwanirèki |  
ingkang kulinèng ngasamun |  
ningit nimpar ing wana |  
lalana puncaking wukir |  
sakarsanya ngidêri sapramudita ||

### 10 (Sèh Amongragi kalihan garwa Ni Selangbrangti)

V. Sèh Amongragi kalihan garwa Ni Selangbrangti ingkang wontên ing alam asamun gadhah osik kapengin jumênêng ratu, lajêng mèsat sowan Sultan Agung ing Mataram ingkang anamur jumênêng pandhita ing rêdi Telamaya jêjuluk Panêmbahan Nyakrakusuma Sidawakya. Gêgayuhanipun Sèh Amongragi sakalihan sagêd kalêksanan. Lumantar sami dados gêndhon jalêr èstri kadhahar Sultan Agung lan Pangeran Pêkik, nurunakên Sultan Amangkurat. Têmbenipun kaamuk dening kraman Trunajaya, kaplajêng dhatêng Banyumas dumugi sedanipun, kasêbut Amangkurat Têgalarum. Sèh Amongragi gadhah osik kapengin dados ratu, mila sakalihan lajêng sowan Pandhita ing rêdi Telamaya ingkang estunipun Kangjêng Sultan Agung anamur dados pandhita jêjuluk Panêmbahan Nyakrakusuma Sidawakya, suka pitulungan dhatêng para kawula alit dumugi para abdidalêm ingkang atekad wilujêng. Sadèrèngipun Amongragi ngaturakên tekading

manah, sang Pandhita sampun mangêrtos lan kaanggêp têka nyalênèh anggènipun mèri dhatêng kanugrahaning asanès, lan punapa botên prayogi jumênêng pandhita? Sèh Amongraga mantêp dhatêng tekadipun, nadyan sakit dumugining pêjah. Mila sang pandhita namung mituruti lan asung margi. Sèh Amongraga sakalihan supados dados gêndhon jalêr èstri. Punika dados sarana anggènipun badhe manunggal darah kalihan Sultan Mataram. Sasampunipun dados gêndhon, lajêng kalêbêtakên ing bumbung lan kabêkta kundur. Dumugi ing kraton Sri Sultan Agung nimbali Pangeran Pêkik sakalihan garwa Ratu Pandhansari. Gêndhon kadhahar dening Kangjêng Sultan lan Pangeran Pêkik. Têmbènipun Kangjêng Pramèswari pêputra kakung lan Ratu Pandhansari pêputra putri, lajêng kajodhokakên, wêkasan putra dalêm jumênêng ratu nggêntosi ramanipun kanthi asma Sultan Amangkurat. Nalika jumênêng ratu sampun kagungan putra kakung ingkang lajêng kajumênêngakên Pangeran Adipati calon anggêntosi ramanipun. Kaelokaning Pangeran, Sultan Amangkurat tumindak daksiya dhatêng para abdi lan kawula, midana lan midana pêjah. Mataram gègèr, saengga Pangeran Adipati damêl kraman ingkang dipun pandhegani Trunajaya. Mataram bêdhah, Sultan Amangkurat kaplajêng dhatêng Banyumas, kadhèrèkakên putra Pangeran Adipati lan rayinipun Pangeran Pugêr. Sang Pangeran Adipati botên purun ngrêbat Mataram, wasana Pangeran Pugêr ingkang tumandang lan sagêd mimpang yudanipun, wêkasan jumênêng ratu asma Sinuhun Pakubuwana. Sultan Amangkurat dumugi ing sedanipun kasarèkakên ing talatah Têgal, katêlah kasêbut Amangkurat Têgalarum. Titi tamat cariyosipun Sèh Amongraga ing dalêm Sêrat Cênthini.

Kaca 293 - 305.

Jilid 12 - Kaca : 293

### 721 Sinom

5. Mangkana osiking driya |  
yèn anggung mangkene iki |  
amung ngumbara lalana |  
tan yogya amulang ngèlmi |  
kalamun dadya jalmi |  
darbe pangawasa luhung |  
nuntuni sakèh janma |  
karya rahayuning bumi |  
pupuntone arsa umadêg narendra ||
6. Gadgadèng tyas kalihira |  
umêsat arsa papanggih |  
lawan (n)Jêng Sultan Mataram |  
Nyakrakusuma sang Aji |  
Mangkya nêdhêng mimidik |  
anèng sapucaking gunung |  
Telamaya kang arga |  
lor kulon Marbabu wukir |  
ananamur tan nana ingkang uninga ||
7. Kalamun kang mindha Tapa |  
anèng sapucaking wukir |  
sabên malêm ari Sukra |  
Kêmisnya Nata tinangkil |  
nêtêpi dadya Aji |  
sajêngkarira sang Prabu |  
mêmpên anèng jro tilam |

sajatinira niningit |  
mindha Tapa mumulang anèng ing ngarga ||

8. Nadyan kèh para punggawa |  
nayaka lawan bopati |  
sami samar pandulunya |  
tan nana anduga sami |  
kalamun (n)Jêng sang Aji |  
kang namur ana ing gunung |  
kinira tuhunira |  
sang Tapa ingkang sajati |  
apaparab Panêmbahan Nyakrasuma ||
9. Sidawakya arannira |  
wong desa ingkang ngaranni |  
kèh janma kang sami seba |  
warna-warna ingkang pinrih |  
wênèh ana sujalmi |  
nunuwun darbeya sunu |  
wênèh minta darajat |  
ana kang nuwun rijêki |  
lan usada sarupane kang lalara ||
10. Amung sang Rêsi tan arsa |  
paring sarana mring janmi |  
tuju têluh taragnyana |  
kang gêthingan samya jalmi |  
pinrih rukun prayogi |  
narima satitahipun |  
wênèh ana kang minta |  
ngèlmu rasa karsa jati |  
ngèlmu nyata kasampurnan kaprawiran ||
11. Kèh wadya punggawa Nata |  
bupati panèwu mantri |  
marêk maring padhepokan |  
ing Ngandongrukmi pra sami |  
nunuwun warni-warni |  
sinambadan sang Awiku |  
tan nana kang kacuwan |  
sagung kang nuwun sami |  
risang Tapa mung kalih cacantrikira ||
12. Wasta santri kalihira |  
pun Ngalim miwah pun Ngadil |  
rumêksa dhedhepokira |  
nèng dhepok dènnya papanti |  
wau santri kakalih |  
tyasira langkung sumungku |  
nèng wukir Telamaya |  
anyantrik marang sang Rêsi |  
datan wikan kalamun wau sang Nata ||

Jilid 12 - Kaca : 294

13. Para nayakaning praja |  
 kèh nuwun sarana sami |  
 kaprawiraning ngayuda |  
 amung sakêdhik kang mamrih |  
 sampurnaning dumadi |  
 kasunyatanirèng ngèlmu |  
 Ki Mênggung Wiraguna |  
 nyalênèh ingkang ingudi |  
 mrih siniyan dhumatêng ing Naranata ||
14. Panglocitane sang Tapa |  
 èsmu gumujêng ing galih |  
 dene iki ta wong tuwa |  
 apangkat bupati ngarsi |  
 amung minta dènsihi |  
 marang risang Maha-prabu |  
 nanging sang pindha Tapa |  
 tan masgul dènya paparing |  
 saciptanya sujanma tan nana cuwa ||
15. Andikanira sang Tapa |  
 kalamun sira mung mamrih |  
 sinihan dening Narendra |  
 baya gampang kang pinardi |  
 sira dipun-tabêri |  
 marêg maring sang Aprabu |  
 di-sumungku tyasira |  
 kumandêl marang sang Aji |  
 amituhu apa ing sadhawuhira ||
16. Dipun waspada ing karsa |  
 yèn bangkit nuju panggalih |  
 karênnanira sang Nata |  
 aywa kongsi nyulayani |  
 dipun-trêsna-a kadi |  
 maring sudarma satuhu |  
 sumungkêm trusing nala |  
 yayah mring Allah sayêkti |  
 aywa mênggèng nglakoni ayahanira ||
17. Abot ènthènging pakaryan |  
 tan nana agêng lan alit |  
 kabèh dhawuhing Narendra |  
 tan na rêmèh parlu ugi |  
 mungguh kabèh karsa ji |  
 inganggêpa sami parlu |  
 dipun-têmên ing karya |  
 aywa (n)daleya ing kardi |  
 di-lêgawa lara têkaning palastra ||
18. Tan susah mawi sarana |  
 sarat masrute sadawir |  
 kalamun wus nêtêpana |  
 kadya warahingsun iki |  
 sayêkti yèn dèn-sihi |

sira marang sang Aprabu |  
ywa sêmang-sêmang sira |  
sihira Sri Narapati |  
nora cuwa sira sumungkêm ing Nata ||

19. Ki Tumênggung Wiraguna |  
datan anyana sadami |  
lamun kang marah punika |  
tuhune Sri Narapati |  
kinira tuhu Rêksi |  
kang mumpuni sarwa putus |  
suka nulya pamitan |  
linilan mundur anuli |  
tan kawarna kang mundur saking ing ngarsa ||

Jilid 12 - Kaca : 295

20. Amarêngi titi sonya |  
ing wanci wus madya ratri |  
sang Tapa pribadi lênggah |  
anèng pacrabakan alit |  
wisma dêling sasiki |  
cagakira samya pêtung |  
ginanjêl sela seta |  
balunganira pring ori |  
pagêr plupuh wuluh ginapit ing pucang ||

21. Payon sruwa gaglamitan |  
kadya gimbaling rasaksi |  
sêmu wilis lumutira |  
katuwuhan warni-warni |  
bayêm latêng lan trêni |  
karo kombang samya manglung |  
rumambat ing papasan |  
bolu galing bondot kèksi |  
widasari sumlak seta sarinira ||

22. Amrik minging gandanira |  
kèntaring samirana ris |  
mulêg kadya buratwida |  
yayah gandaning apsari |  
tumurun sing swarga di |  
lalangên pucaking gunung |  
wangun tajug kang wisma |  
rong puluh pêcak pasagi |  
angarompyoh pindha sisinoming kênya ||

23. Suluring pakis ngarêmbyah |  
lung jangga kang mobat-mabit |  
katub dening samirana |  
isthane kadya kênya di |  
tangkis asta ing ngungsir |  
pinrêping priya mrih lulut |  
manêngkah-nêngkah jaja |  
katrêsaning driya langit |



sirating (m)bun kadya swanitaning kênnya ||

24. Kумыus ingkang gêng rêwèyan |  
sumirat kadya ngèpyuri |  
mring priya kang mriyêmbada |  
arsa mangrurahing sari |  
sumribiting kang angin |  
sung swara uswa winangun |  
sêsêg sinrêg asmara |  
lir kênnya katêmbèn rêsmi |  
jroning dhepok sidhêm tan nana sabawa ||
25. Kèh janma kang sami nimpar |  
tirakat marêg sang Yogi |  
anging anèng Panataran |  
wus samya kapati guling |  
galasah jalu èstri |  
natarira gasik adhum |  
kayoman dening wrêksa |  
nagapuspa angidêri |  
sêdhêng sêkar angambar-arum gandanya ||
26. Pucang marapit ing (n)jaba |  
sami mayang amêkari |  
mulêg gandanira kongas |  
kang katub maruta ririh |  
karya nyêming ati |  
kataman ganda rum-arum |  
mangkana sang Atapa |  
wus wikan sajroning galih |  
lamun arsa katamuwan ing utama ||
27. Anggung manungku ing karsa |  
pinêlêng sajroning galih |  
palaling Hyang kasêmbadan |  
wus purna pramana yêkti |  
katon risang Palinggih |  
ing ngarsa anèng tatamu |  
sakloron tamunira |  
priya kalawan pawèstri |  
cahyanira sang kalih nawang sasangka ||
28. Ririh uluk-salamira |  
winangsulan sami ririh |  
ngacaran lênggah satata |  
anèng klasa pandhan wangi |  
mangkana sang Ayogi |  
ris wijiling pambagya yu |  
rahayuwa kang prapta |  
rahayu ing ngarsa wuri |  
paran baya karaya-rayu panggih ||
29. Wus nulya ngulari paran |  
kumudu dahwèning jisim |

Jilid 12 - Kaca : 296

nyaruwe karya kang nistha |  
mèri karyaning acêplik |  
wong mudha sami kingkin |  
labêt saking tyasnya punggung |  
beda kang wus sampurna |  
panaul panak dumêling |  
têka (n)dadak lalayu karyaning jana ||

30. Lamun kamuktèning dunya |  
binujung anggung anêbih |  
kawibawan saminira |  
tan karya marêming galih |  
dadya têtêng prihatin |  
barubahing driyanipun |  
baya andrêng andadra |  
kalayu anandhang kingkin |  
sangsorarda wus mulya agolèk apa ||
31. Mangkana Sèh Amongraga |  
dupi miyarsa kang wangsit |  
sasmitanira sang Tapa |  
akarya rudahing galih |  
wus nyandhak kang ginusthi |  
tuhu risang pindha Wiku |  
waskitha saosiknya |  
wicaksanane sang Aji |  
saciptanya cinêda karya rubeda ||
32. Têmbunge para nujêmba |  
kang wus limpat ing pangèksi |  
sinamun wawangsonira |  
kacêtha sarasèng galih |  
Sèh Mongraga nanduki |  
kadhingin karsanipun |  
dadya ris aturira |  
sêmu nalangsa dera-ngling |  
dhuh sang Tapa kalèngane wus waspada ||
33. Saosike sagung titah |  
wus tan samara sayêkti |  
satuha Nata utama |  
Pandhita ingkang linuwih |  
marma bangkit nampèni |  
nurbuwah kukumahipun |  
nugrahanirèng Suksma |  
prabawa wus angimpuni |  
sahir kabir winêngku sajroning driya ||
34. Ing mangke prapta-manira |  
sakoloron lawan rabi |  
tuhu datan kalêmpitan |  
warananira Hyang Widdhi |  
sadaya wus kapusthi |  
nanging mangke kang kinayun |

- lamun paduka arsa |  
paring sarana sayêkti |  
ulun nêdya mangèstu darah paduka ||
35. Anambung datan sumêla |  
sabab paduka kaèsthi |  
pinèta dadya sarana |  
lantaranirèng dumadi |  
titah ingkang linuwih |  
mangsa kilapana tuhu |  
parasdyaning kasidan |  
paduka ing cipta-mami |  
mung sumarah sarèh paduka kewala ||
36. Sang Tapa mèsêm ing driya |  
dadya angandika aris |  
dhuh kisanak punapa-a |  
sanyata karsa puniki |  
mantêp cipta sayêkti |  
datan ajrih srananipun |  
tuhu sakit tinêmpah |  
tumama marang ing jisim |  
luwih lara laraning wong cuwa harda ||
37. Nanging maksih langkung lara |  
kadya angungudi dadi |  
dadinira mrih kasidan |  
dumadi janma utami |  
ingkang ginayuh ngèlmi |  
luwih sangsara pinangguh |  
nanging andrênging driya |  
datan rinasa kang sakit |  
yèn sanyata aywa sambat angrêsula ||
38. Mapan iku tinêmaha |  
saking karsanta pribadi |  
manira tan arsa-arsa |  
midana angsung sasakit |  
dosanira pinanggih |  
kukuming angga tumanduk |  
ing mangke karsanira |  
nêmaha arsa ngadoni |  
darah-ingong kalayu umadêg Nata ||
39. Iku tujune manira |  
amung arsa nambadani |  
punagi sajroning driya |  
singa ingkang nêdya apti |  
minta-sarayèng kami |  
sakawasa pan jinurung |  
amung wêling-manira |  
ajwa anunutuh benjang |  
mring manira manawa anêmu papa ||

40. Lan malih wêling-manira |  
 lamun wus sêmbada benjang |  
 jumênêng sri narendra |  
 ajwa kaduk nawung kibir |  
 amawas angruhuni |  
 ing pasthi dèrèng tumanduk |  
 sahir kabir lampahnya |  
 apan ta beda sakêdhik |  
 yèn ing batin dèrèng kêna pinidana ||
41. Kalamun wus babarira |  
 anèng pakartining lair |  
 iku sêdhênge tampiya |  
 pidananira sang Aji |  
 kalamun dèrèng kèngis |  
 kasamnadan tindakipun |  
 kalamun pinidana |  
 dede kukucahing Aji |  
 gagantungan anèng karsaning Pangeran ||
42. Sèh Mongraga duk miyarsa |  
 sakèh wulange sang Yogi |  
 sumanggêm sadayanira |  
 tan ana ingkang tinampik |  
 mangkana nauri aris |  
 pukulun sang maha Wiku |  
 sadaya dhawuh-tuwan |  
 sandika darma nglampahi |  
 wus tinêmah sakèh cobanirèng lampah ||
43. Malih muwus sang Pandhita |  
 marang tamune linuwih |  
 dhuh ki-sanak piyarsakna |  
 wêling-manira puniki |  
 manira wus udani |  
 putus-para ing pangawruh |  
 wahyu ingkang nubuwah |  
 katitik cahya kaèksi |  
 papantêse jumunênga kang pandhita ||
44. Nununtun agama mulya |  
 ngèlmu lair lawan batin |  
 wus datan ana kuciwa |  
 -para ing pamawas-mami |  
 nanging para ing mangkin |  
 têka (n)dadak kapiluyu |  
 mamêt wahyu kukumah |  
 apan arsa amumpuni |  
 wahyuning Hyang ginulung dadiya tunggal ||
45. Mèri bégjaning sasama |  
 winih saking panas sêrik |  
 lamun maksih nglabêtana |  
 kang rasa panas sak-sêrik |

Jilid 12 - Kaca : 298

dadya pamurung ugi |  
karan mungguhing ratu |  
sirna kamèrènira |  
sak-sêrik datan (n)darbèni |  
marmanira ing nguni manira karya ||

46. Ambêdhah mring ramanira |  
minulya (n)Jêng Sunan Giri |  
karana ana dosanya |  
nubuwahira kasilib |  
takabur ambêg êdir |  
sumêngguh angaku-aku |  
Asmane Kang Kawasa |  
amêngku kawasèng Aji |  
kang sinêbut Narendra Kalipatulah ||
47. Lamun Pangeran wus karya |  
wawakil Sri Narapati |  
pagene tan pinarcaya |  
ana malih kang ngayomi |  
nênggih ramanta nguni |  
kadya angakoni lugu |  
Pangeran kang kawasa |  
amêngku adil ing bumi |  
lah ta para surasane piyarsakna ||
48. Ing nguni ingkang ngong-patah |  
ambêdhah marang ing Giri |  
ipe-manira kawala |  
kang aran Pangeran Pêkik |  
mung sadarma lumaris |  
awit saking pakaningsun |  
marma ing mangkya para |  
ajwa andunungi sêrik |  
mring kaipe Pangeran Pêkik sanyata ||
49. Mungguh ta wahyu kukumah |  
sasangganing Narapati |  
suci ngadil lawan trêсна |  
marang sagunging dumadi |  
tan mawi mèrang-mèri |  
marang wahyuning tumuwuh |  
kalamun tan ngrubeda |  
marang jênênging Narpati |  
dènnira mrih adil ayuning bawana ||
50. Sang Nata wus apaparab |  
panêtêp agama suci |  
panuntuning janma mudha |  
amlasi marang kaswasih |  
tanapi amadhangi |  
pêpêtênge tyas puniku |  
marma mêngko manira |  
sisinglon umadêg Rêsi |

Jilid 12 - Kaca : 299

anèng arga mung murih angayomana ||

51. Saguning kang wadyabala |  
gung alit ingkang pra sami |  
kacingkrangan gêsangira |  
ing lair lawan ing batin |  
lêgawèng tyas nulungi |  
(ng)gwaningsun arsa mamayu |  
karya ayêming jana |  
warata ayu sabumi |  
yèn wus wikan para sami nyanggêmana ||
52. Sèh Mongraga duk miyarsa |  
sakèh dhawuhe sang Yogi |  
nalangsa atur mamêla |  
pukulun amba wus tampi |  
karsa-paduka sami |  
wus samapta badan-ulun |  
kalawan pun rubiyah |  
sumangga karsa sang yogi |  
tan (ng)grantêsa ing lara praptaning laya ||
53. Mara sumêdya anuta |  
sadhawuhira sang Yogi |  
kakalihnya wus sanega |  
sakarsa ulun tut-wuri |  
sang Nata angling aris |  
para wus pralêbdèng kewuh |  
ngarah amangun raga |  
angrasuk badan jasmani |  
anyipta-a malih jasmani sarana ||
54. Dadiya gêndhon samangkya |  
siji sèwang ingkang warni |  
apan dadya sarananya |  
manukma ring jasat-mami |  
para têmbea dadi |  
suta-manira kang jalu |  
ginadhang madêg nata |  
mijil saking pramèswari |  
rabinira dadiya gêndhon wanodya ||
55. Arsa sun-paringkên ika |  
ya marang Pangeran Pêkik |  
supadya darbeya suta |  
wanudya ayu linuwih |  
benjang dhaupa ugi |  
kadang nak-sanak puniku |  
para lan rabinira |  
dadya jatukrama malih |  
ing satêdhak mawor lan darah-manira ||
56. Gadgada sukaning driya |  
wau risang Amongragi |  
anolih mring rabinira |

sasmita arsa nêkani |  
tanggap ingkang liniring |  
sakala amalih lwujud |  
dadya gêndhon kalihnya |  
jalu lawan pawèstri |  
ingkang jalu sêmu krêsna gêng sirahnya ||

57. Kang èstri alit sirahnya |  
ing ngarsa pan sêmu abrit |  
waspada wau sang Nata |  
kang gêndhon cinandhak aglis |  
winadhahan anuli |  
saérosing bumbung wuluh |  
amung srêg lêbêtira |  
kalangkung pêtêng jroning pring |  
nging tan sambat waspada pamawasira ||

Jilid 12 - Kaca : 300

58. Saksana sang Wiku-tama |  
wancinira bangun enjing |  
sigra umêsat sakala |  
wus prapta sajroning puri |  
nulya Subuh sang Aji |  
paragat sunating Subuh |  
dhikir ratibanira |  
byar raina nuli mijil |  
Sri Narendra kasmaran mulat ing garwa ||

### **722 Asmaradana**

1. Bang-bang wetan sirat enjing |  
kumênnyar sunaring surya |  
kadya kancana babare |  
rame swaraning kukila |  
wijah-wijah mawarna |  
lir nambrama wijilipun |  
pandaming kang prabudita ||
2. Asri sabawaning paksi |  
kang samya andon karoja |  
ramya amyang pangocèhe |  
thilang cocak miwah jalak |  
kathik johan kêpodhang |  
paparêngan uninipun |  
paksi anggungan bêkuran ||
3. Bêrkutut ngayêr anèng wit |  
drêkuku arang anèng pang |  
sumêla thêruk bêkure |  
ramening cèthi jro pura |  
kang samya amèt toya |  
wênèh adus raub |  
kalawan mangun busana ||
4. Besusan angadi warna |  
kang sami arêbut endah |

- datan winarna solahé |  
wus watake para kênya |  
kang anèng jroning pura |  
karya asrining kadhatun |  
kang samya angendah warna ||
5. Kawuwusa Narapati |  
lênggah madyèng dhatulaya |  
ajajar lawan sorine |  
anulya dènnya anduta |  
cèthi kalih saksana |  
kinèn animbali gupuh |  
ing rayi Dyah Ratu Pandhan ||
6. Sakaliyan Pangran Pêkik |  
kinèn umanjing pura |  
cèthi kalih mundur lèngsèr |  
sang Nata malih ngandika |  
maring (n)Jêng Pramèsvara |  
dhuh yayi manira mundhut |  
pagènèn karya bakaran ||
7. Anglo padupan prayogi |  
lawan bumbu asêm uyah |  
ingulêg lawan brambange |  
(n)Jêng Ratu nulya dhawah |  
marang Nyi Mênggung Soka |  
sigra dènnira amundhut |  
tan dangu sumaos ngarsa ||
8. (n)Jêng Ratu matur wotsari |  
marang raka Sri Narendra |  
kadiparan ing karsane |  
paduka Nata mundhuta |  
pagènèn bumbunira |  
punapa ta karsanipun |  
dene tuhu nyala-wadya ||
9. Paduka duk wingi tampi |  
kang sêkar Wijaya-mulya |  
taksih rinimat ing mangke |  
punapa lamun adhahar |  
mawi bumbu binakar |  
dene kadya ulam tuhu |  
sang Nata ris angandika ||
10. Lah yayi pundhutna glis |  
kang sêkar Wijaya-mulya |  
saking Nusa Kambangane |  
jumênêng Ratu Kêncana |  
tan dangu wangsulira |  
ngaturkên cêmung cucupu |  
wadhahe Wijaya-mulya ||

Jilid 12 - Kaca : 301



11. Wus sumaos anèng ngarsi |  
 cinandhak dhatêng sang Nata |  
 binuka wau tutupe |  
 kang sêkar maksih katara |  
 wangsulkên tutupira |  
 sinalahkên anêng ngayun |  
 anulya ris angandika ||
12. Marang garwa Pramèswari |  
 dhuh yayi mundhut manira |  
 wedang kang pangunjukane |  
 pateyan sadhiyanana |  
 cangkir catur manawa |  
 arinira karo malbu |  
 kinarya kang pasunggata ||
13. Kasaru ingkang umanjing |  
 Ratu Pandhan marêk ngarsa |  
 sakaliyan lon sêmbehe |  
 sêmu gugup lèbêtira |  
 dene enjing wus tanpa |  
 timbalane sang Aprabu |  
 nulya wotsari mangarsa ||
14. (n)Jêng Ratu Pandhan turnya ris |  
 pukulun paraning karsa |  
 dene agita dhawuhe |  
 animbali maksih enjang |  
 maring amba kaliyan |  
 langkung kumêpyur tyas-ulun |  
 paran wigatining karsa ||
15. Manawi gêrah sang Aji |  
 dene maruput sih enjang |  
 duta tan sarèh lampahé |  
 mèsêm angling Sri Narendra |  
 arum wijiling sabda |  
 dhuh yayi (m)bok aywa gugup |  
 panggalih dèn-sarèhêna ||
16. Wruhanira sira yayi |  
 ratri sun-supêna miyat |  
 jalu-èstri wahyu kaot |  
 kang jalu nêdya adadya |  
 iku putra-manira |  
 tèmbe umadêga ratu |  
 dene ta ingkang wanodya ||
17. Prasabên arsa umanjing |  
 tèmbe dadya yoganira |  
 mijil wanita yêktine |  
 jinodho lan putraningwang |  
 marma iki manira |  
 animbali sira gupuh |

18. Arsa prasabên wak-mami |  
têmbe arsa bêbèsanan |  
aja na kongsi kasupèn |  
(n)Jêng Ratu Pandhan sakala |  
lêjar sumèhing nitya |  
dadya aris aturipun |  
pukulun sumanggèng karsa ||
19. Lamun ta tuhoning wangsit |  
bêgja kamayanan amba |  
antuk pratiknya sang Katong |  
arsa bêbèsanan mulya |  
punapa suminggaha |  
datan gumingsir satuhu |  
manira atadhah karsa ||
20. Mangkana wau sang Aji |  
ngandika malih pan sarya |  
angunus bumbung wuluhe |  
sinêlap anèng ing madya |  
Narendra ris ngandika |  
mring Pangran Pêkik ing ngayun |  
dhuh yayi ana wahana ||
21. Kang wujud wahyu kaèksi |  
iki rupane sanyata |  
gêgêndhon kalih warnane |  
siji sewang binuktiya |  
sira lawan manira |  
aywa kongsi ragu-ragu |  
manawa dadining sêdya ||
22. Bumbung sinuntak gya mijil |  
anèng bumbu asêm uyah |  
lawan barambang lalangèn |  
ing wadhah piring kancana |  
wau ta duk tumingal |  
Pramèswari lan (n)Jêng Ratu |  
mring gêndhon kagyat lumajar ||
23. Tanpa tata angabêkti |  
kesah dinadak sru gila |  
bubar sagung pawongane |  
lumayu akitrang-kitrang |  
kirig-kirig magila |  
datan wantala andulu |  
warnane gêndhon samana ||
24. Wau sang Nata kang kari |  
kalawan ipe-narendra |  
Pangran Pêkik nèng ngarsane |  
hèh yayi mangkya surupa |

iki gëndhon karonya |  
pawèstri kalawan jalu |  
kadadyan manungsa tama ||

25. Kang arsa umanjing siwi |  
sira kalawan manira |  
siji sèwang pangalabe |  
ingsun dhihin kang ngalappa |  
amiliha ingkang priya |  
Pangran Pèkik aturipun |  
amung sumangga karsendra ||
26. Sang Nata nulya anyapit |  
supit salakaning wangwa |  
kang gëndhon sinapit age |  
amilih gëndhon kang priya |  
sirah sinapit sigra |  
binakar ana ing latu |  
padupan sumaos ngarsa ||
27. Sasambate mêlas asih |  
molak-malik solahira |  
karêkêlan ing panase |  
dhuh Gusti langkung panasnya |  
kadi api naraka |  
baya tan kawawa ulun |  
nahên panasing pawaka ||
28. Nata angandika aris |  
lah paran ingsun wus mojar |  
marang sira sayêktine |  
wus nulya amamrih papa |  
saking kamurkanira |  
datan narima ing pandum |  
wruhanta sakèhing karsa ||
29. Samya anrang ing pangèsthi |  
ujarira wus prasètya |  
lara pati anut bae |  
pagene têka sasambat |  
amung gênining dunya |  
datan sapira kang apyu |  
tan paja api naraka ||
30. Mèh matêng pinanggung agni |  
kang gëndhon malih wacana |  
kararantan ing ature |  
dhuh Gusti lamun sambada |  
kaparêng ing karsendra |  
ulun arsa pindhah wau |  
marang ing Wijayamulya ||
31. Datan wantala wak-mami |  
nahên panasing pawaka |

Jilid 12 - Kaca : 303

- sang Nata ris andikane |  
 prayoga nanging tilara |  
 wujud gêndhon kang warna |  
 mring sêkar Wijaya-arum |  
 samana wus matêng sigra ||
32. Gêndhon dhinahar sang Aji |  
 anulya dhahar kang sêkar |  
 Wijaya-kusuma age |  
 wus anakma yitmanira |  
 wau Sèh Amongraga |  
 marang rahsane Sang Prabu |  
 mangkana gantya kocapa ||
33. Sang Nata maringkên nuli |  
 mring Pangran Pêkik saksana |  
 anglo kalawan gêndhone |  
 anulya sinapit sigra |  
 pinanggung nêng pawaka |  
 angiyêng tangis kaprungu |  
 sêsambat lir calapita ||
34. Angrês ingkang amiyarsi |  
 sasambatirèng wanodya |  
 kadya anandhang kaninne |  
 ananging sigra sinêngka |  
 nênggih pambakarira |  
 saksana gêndhon wus lampus |  
 nulya dhinahar wus têlas ||
35. Wus paripurnaning kardi |  
 sang Nata nulya dhadhawah |  
 kinèn ngundurêna age |  
 anglo miwah panjangira |  
 kantun ingkang pateyan |  
 kinèn animbali gupuh |  
 Pramèswari sigra prapta ||
36. (n)Jêng Ratu Pandhan tan kari |  
 kalih wus umarêk ngarsa |  
 Nata aris ngandikane |  
 lah pagene padha lunga |  
 lumayu kitrang-kitrang |  
 (n)Jêng Ratu nêmbah umatur |  
 pukulun atadhah duka ||
37. Saking tan wantala mèksi |  
 marang kakalih kang warna |  
 kang gêndhon langèn solahe |  
 anèng bumbu munggèng panjang |  
 kalihnya karêjotan |  
 amba karasa (n)jangkêrut |  
 kang angga kadya kasrêpan ||

38. Nuri ring angga waradin |  
datan datan sagêd angraosna |  
(n)Jêng Ratu Pandhan ature |  
tan prabeda lir mangkana |  
rasaning kang sarira |  
sang Nata ngandika arum |  
iya wus datan ngapa-a ||
39. Wus paripurna kang kardi |  
sira ro sami ngacaran |  
parêng angunjuk wedange |  
ing watara lênggahira |  
ari nulya liningan |  
kalilan wangsul akondur |  
wus nêmbah lèngsèr kalihnya ||
40. Ratu Pandhan Pangran Pêkik |  
undure saking jro pura |  
anggunng rarasan kalihe |  
sarwi ascaryaning driya |  
antuk dhawuh pratignya |  
arsa bèsanang ing pungkur |  
(n)dhèrèk nêrahkên narendra ||
41. Kawarna-a Narapati |  
ing ratri sare lan garwa |  
dadya Sori (ng)garbinine |  
Pangran Pêkik miwah garwa |  
Ratu Pandhan samana |  
adrênging driya salulut |  
wus (ng)garbini sasarêngan ||
42. Sinigêg wuryaning kawi |  
Sêrat Cênthini carita |  
makatên ing puwarane |  
rancaganing kang carita |  
babaring para putra |  
putra Nata mijil jalu |  
ginadhang gumnatyèng Nata ||
43. Ratu Pandhan ingkang siwi |  
mijil wanita yu-endah |  
pinacang awit timure |  
pinundhut anèng jro pura |  
praptèng mangsa diwasa |  
anulya putra dhinaup |  
atut rukun kalihira ||
44. Karya sukaning Narpati |  
miwah ibu Pramèswara |  
tanapi Ratu Pandhane |  
mantunira wus dinadya |  
Pangran-dipati nama |  
sasurude sang Aprabu |

agya gumantyèng Narendra ||

45. Sambada ing warna pêkik |  
duk Nata jumênêngira |  
sampun puputra priyane |  
wau risang Rajaputra |  
madêg Pangran-dipatya |  
mangkana wau sang Prabu |  
ngubalakên kaelokan ||
46. Kawaspadaning pangaksi |  
kèh wadya punggawanira |  
ingkang pinidana mangke |  
winawas darbe tyas cidra |  
wênèh ingkang culika |  
ana cêlak pêjahipun |  
ginege kukum Narendra ||
47. Saya dangu sang Narpati |  
adrêng dènya amidana |  
mamati mring punggawane |  
horêg sanagri Mataram |  
papatih lan nayaka |  
makêtêr tyas asmu giyuh |  
wingwrin karsane Narendra ||
48. Datan (n)dungkap ing karsa Ji |  
mangkana sang Rajaputra |  
ginubêl ing punggawane |  
kawêkèn pangrèhing tata |  
ajrih matur ing rama |  
dadya tyas karya panamun |  
amatah santananira ||
49. Trunajaya kang piniji |  
mangetan madêg karaman |  
sinung nawala karsane |  
angege ing rama Nata |  
saking èmênging driya |  
para bupati wetan sayuk |  
rinèh dening Trunajaya ||
50. Mangulon (m)bêdhah nagari |  
Mataram dadya bêdhahnya |  
sang Nata mangkya linggare |  
mangilèn marang Toyamas |  
lawan putra kalihnya |  
Pangran-dipati tut-pungkur |  
tan arsa kinèn ngrêbata ||
51. Nênggih ing Mataram nagri |  
dadya sumèrèn arinya |  
Pangran Pugêr wangsul age |  
angrêbat nagri Mataram |

Jilid 12 - Kaca : 305

anundhung Trunajaya |  
wus madêg jujuluk Prabu |  
(n)Jêng Sunan Pakubuwana ||

52. Anèng Mataram nagari |  
kawuwusa Sri Narendra |  
ingkang linggar ing lampaha |  
mung lawan putra sajuga |  
nênggih Pangran-dipatya |  
nèng Banyumas sang Aprabu |  
nandhang gêrah têkèng seda ||
53. Sumare nèng Têgalwangi |  
mangkana wêkasanira |  
ing nguni mangka wêlinge |  
(n)Jêng Sultan mindha Tapa |  
patraping kang Narendra |  
kukumira sang Aprabu |  
atilar pitungkasira ||
54. Midana wadya kang silib |  
dèrèng kababaring dosa |  
têmah karya ing gègère |  
dadya satru lawan putra |  
binêdhah Trunajaya |  
katiwang-tiwang sang Prabu |  
sedanira anèng paran ||
55. Titi tamat ingkang tulis |  
têlas ingkang cinarita |  
Sèh Mongraga lalakone |  
kongsi umadêg narendra |  
kendhang têkèng pralaya |  
karan Sunan Têgalarum |  
kapisah sumarenira ||

